Ханна Харнард

# Сениң Бийик шыңларыңа апарыўшы жол



Ханна Харнард

# Сениң Бийик шыңларына апарыўшы жол



*«Қудай Ийем — күш-қуўатым мениң:*
*Ол аяқларымды кийиктиң аяқлары сыяқлы жүйрик*
*қылып, мени бийик шыңларға алып шығады».*

*Ҳаббакук 3:19*

# АЛЛЕГОРИЯҒА СӨЗ БАСЫ

Бир күни азанда Палестинада, бизлердиң миссиямыз жайласқан қалада, бизлер ҳәр күни Мухаддес Китапты оқыйтуғын ўақтымызда, кишкене араб мийирбийке «Бүгинги күн нуры» деген китаптан Қосықлар қосығы китабындағы мына сөзлерди оқыды: «О, мениң сүйиклимниң даўысы! Мине, ол таўларда шапқылап, төбешиклерде секирип жүрип киятыр» (Қосықлар қосығы 2:8). Сол мийирбийкеден бул аяттың нени аңлататуғынын сорағанда, ол көзлерин аспанға тигип, бахытлы түр менен мыйық тартты да: «Бул — бизиң Қутқарыўшымыздың сүйиспеншилиги ушын жеңип өте алмайтуғын ҳеш қандай тосқынлық жоқ дегенди аңлатады. Қыйыншылықлар таўдай болса да, Ол ушын олар тегис жол менен барабар!» — деди.

Бизлер миссиямыздың үйи артындағы бағдан, Гаризим таўы етегинен жоқарыдағы жанбаўырда секирип жүрген таў ешкилерди тамашаладық. Олар сондай нәзиклик ҳәм епшиллик пенен тастан-тасқа секирер еди. Олардың ҳәрекетлери қуўаныштың ең әжайып мысалларын көрсетуғын еди.

Сүйиспеншилик Ийесин терең сүйиўши бизлер Оның изине ериўди, таўдай қыйыншылықлардан, сынақлардан ҳәм өмирдеги келиспеўшиликлерден қуўаныш ҳәм жеңис пенен өте алыў ушын күшке ерисиўди қатты қәлеймиз. Ийемизди сүйиўшилер барлық әўладларда жеңиске толы өмирдиң сырын билиўди шын жүректен аңсап келди.

Бул жер жизинде жасаған ўақтымызда, сүйиспеншилик ҳәм жеңистиң Бийик шыңларында жасаў мүмкиншилигине ийе болыў ушын бизлер ҳәмме нәрсени берген болар едик. Жаўызлық, матам, қайғы ҳәм барлық жаман нәрселерди жеңип шығыў ушын ҳәм оларды Қудайға мәңгиге даңқ ҳәм алғыс келтиретуғын қылып өзгертиў ушын, оларға минәсип тәризде қатнас жасаў тийис. Масихый болған бизлер Қудайдың балаларының өмиринде екинши дәрежели нәрселердиң болмайтуғынын билемиз. Ҳәтте, ең әдилсиз ҳәм жаўыз нәрселер де мәниссиз ҳәм ылайықсыз болса да, олардың болыўына Қудай жол қояды, бизиң Ийемиз ҳәм Қутқарыўшымыз бизлерде Өзиниң әжайып образын көрсетиўи ушын, оларға ылайықлы түрде қатнас жасаўымызға мүмкиншилик туўылады.

Қосықлар қосығы ҳәр бир адамның жүрегинде жасайтуғын тилекти, яғный Қудай менен биригип, Оның менен болатуғын минсиз ҳәм зыян тиймеген бирликти билиўди билдиреди. Ол бизлерди Өзи ушын жаратқан ҳәм Оны таппағанша, бизиң жүрегимиз тынышлық ҳәм қанаатланыўшылыққа ерисе алмайды.

Адамның тәбийғый сүйиспеншилигиниң некеде минсиз болып гүллеўи арқалы, Ийемиз айырым балаларының Өзи менен болған усы терең бирлигин билип алыўын қәлейди. Ал басқалар ушын Оның ерки олардың жалғыз ҳәм тәбийғый тилеги болған хожалық қурыў менен ата-ана болыў тилегинен толық ўаз кешип, Оның менен минсиз бирликке ийе болыўынан ибарат. Адамның жүрегинде беккем болып өскен сүйиспеншиликтиң усы сезими себепли, бизлер Қудайды сүйип, Оның менен бирге болыўды үйренемиз.

Биз өзимиздиң гүна ислеўди қәлейтуғын «мен»имизди қандай да бир ой жуўыртыўлар арқалы ямаса өз еркимизди атанақ ағашқа шегелеў арқалы өлтирмесек, жеңис

ҳәм сүйиспеншиликтиң Бийик шыңларына жете алмаймыз. Бирден бир жолы — бул ҳәр күн сайын болып атырған нәрселерди ҳәм сынақларды (Қудай жол қойып атырған нәрселерди) қабыл етиўди үйрениў болып табылады. Және де, бәрқулла қайта-қайта өз еркимизден ўаз кешип, Оның еркин қабыл етиўден ибарат болып есапланады. Бизлердиң ким менен жасап, ким менен жумыс ислеўимиз ҳәм өмиримизде болып атырған нәрселердиң ҳәммеси де Оның еркине байланыслы болады. Биз Оның еркин ҳәр сапары қабыл еткенимизде, бул қурбанлық бериўге айланады. Өзиңнен ҳәр ўаз кешкениң ҳәм Оның еркине бойсынғаның — бул сениң Бийик шыңларға қарай илгерилеўиң болып табылады. Ол Өзиниң ҳәр бир баласын сол Бийик шыңларға олардың усы дүньядағы өмири ишинде алып барыўды қәлейди.

Жаўызлықты қалай қабыл етип, оны қалай жеңиўге болады, қайғы ҳәм аўырыў менен танысып, ақыры олардың қымбатлырақ нәрсе болып өзгеретуғынын қалай түсиниўге болады? Бул китап Сүйиспеншилик Ийесин жаңадан билип, Оның менен үзилмейтуғын аўқам дүзиў ушын, қуўанышлы түрде бойсыныўға үйретеди. «Бийик шыңлар» ҳәм «кийик аяқлар» бул дүньядан кеткенимизден кейинги болатуғын аспандағы Бийик шыңларға емес, ал Қудайдың балаларының усы жерде ҳәм ҳәзир болатуғын (егер олар Қудай өзлери ушын таңлаған жолдан жүрсе ғана) даңқлы тәжирийбесин нәзерде тутады.

Мүмкин, Ийемиз бул аллегорияны Өзиниң ҳәзир Қайғы ҳәм Азап пенен жасап атырғанларды, қараңғылықта жүрип, жақтылықты көрмей, өзлерине жубаныш таба алмай атырғанларды, яғный өмир даўылларында қалған айырым сүйиклилерин жубатыў ушын қолланатуғын шығар. Бул оларға өмиринде болып атырғанлардан жаңа түсиник алыўға жәрдем бере алады. Себеби олар өтип

атырған барлық сынақлар — әжайып барыстың бир бөлеги. Усылар арқалы Ийемиз олардың өмиринде Даўыт ҳәм Ибрайымды қуўаныш пенен сөйлеўге мәжбүрлеген толғаныслардЫ ҳақыйқый қылады. Олар былай деген еди: «Ийем мениң аяқларымды кийиктиң аяқларындай қылып, мени бийиклерге шығарып қояды» (Забур 17:34).

# БИРИНШИ БӨЛИМ

«Кеште көз жаслар төгип...»

*Забур 29:6*



Биринши бап

# Бийик шыңларға мирәт

*Бул ўақыя Қорқақгүл деген қыздың өз ағайинлери Қорқынышовлардан қашып, «қорқынышты қуўып шығарыўшы минсиз сүйиспеншилик» бар болған Бийик шыңларға Бас Шопан менен бирге жеткени ҳаққында сөз етеди.*

Солай етип, бир неше жыллардан бери Қорқақгүл үлкен-үлкен сүриўлери Хорлық деп аталатуғын ойпатлықта жайылып жүретуғын Бас Шопанға хызмет ететуғын еди. Ол өз дослары Мийрим ҳәм Тынышлық пенен Тәшиўиш деген аўылдағы тыныш ҳәм кишкене ақ үйде жасайтуғын еди. Қорқақгүл өз жумысын сүйетуғын ҳәм Бас Шопанның кеўлинен шығыўды қатты қәлейтуғын еди. Ол сыртынан бахытлы болып көринсе де, жумысына кесент етип, өзине қыйыншылық әкелиўши нәрселердиң бар екенин билетуғын еди. Қорқақгүлдиң аяқлары соншелли қыйсық болғанлықтан, ол жийи-жийи ақсаңлап, жумыс ислегенде сүрнигип қала беретуғын

еди. Қорқақгүлдиң және бир үлкен кемшилиги бар еди: оның аўзы да қыйсық болып, сөйлегенде сөзи бузылып, бет-әлпети бүрисип туратуғын еди. Усындай кемшиликлерге ийе болған қыздың уллы Шопанға хызмет ететуғынын билетуғын көп адамлар таң қалып, ызаланыўы мүмкин екенин Қорқақгүл қапа болып, мойынлайтуғын еди.

Қорқақгүл өзиндеги усы кемшиликлерден азат болып, Шопанның көплеген басқа хызметшилери сыяқлы сулыў, қәдди-қәўмети келискен ҳәм күшли болыўды шын жүректен қәлейтуғын еди. Бәринен де бетер, ол Бас Шопандай болыўды аңсайтуғын еди. Деген менен, ол ҳеш қашан кемшиликлеринен қутыла алмайтуғындай көринип, сол нәрселердиң өз хызметине бәрқулла кесент етиўинен қорқатуғын еди.

Қорқақгүлдиң өмиринде булардан да үлкенирек бахытсызлық бар еди: ол Қорқынышовлар менен ағайин еди. Олар пүткил ойпатлық бойлап тарқалған болғанлықтан, оның олардан жасырыныўы мүшкил еди. Қорқақгүл жетим қыз болып, Жаманлықты алдын ала сезиўши деп аталатуғын бийшара апасының қолында тәрбияланған еди. Оның менен бирге апасының Қабағы үйилген ҳәм Ашыўшақ деген еки қызы, және Қоянжүрек деген улы да ойнап өскен еди. Қоянжүрек қатты мақтаншақ болып, Қорқақгүлдиң тынышын алып, оны азаплағанды жақсы көретуғын еди.

Хорлық ойпатлығында жасаўшы көплеген басқа хожалықлар сыяқлы, Қорқынышовлар да Бас Шопанды жек көрип, Оның хызметшилерине қарсы еди. Әлбетте, егер олардың хожалығынан бир адам Бас Шопанға хызмет етсе, бул оларды күшли ызаландыратуғын еди. Сонлықтан олар Қорқақгүлди «қутқарып», оны хызметин таслаўға мәжбүр етиўге тырысты.

Солай етип, күнлердиң биринде олар Қорқақгүлге мынадай шәрт қойды: ол тез күнлердиң ишинде ата-лас ағасы Қоянжүрекке турмысқа шығып, өз ағайинлери арасында жасаўы тийис еди. Егер ол буны өз ерки менен ислемесе, олар күш ислететуғынын айтып, оны қорқытты.

Әлбетте, бул ҳаққында тек ойлағанның өзинде Қорқақгүлди қорқыныш басты. Оның ағайинлери бәрқулла қорқыныш туўдыратуғын еди, ол елеге дейин олардың қорқыныш-айбатларына қарсы турыўды ҳәм оларға итибар аўдармаўды үйренбеген еди. Ҳеш қашан Қоянжүрекке турмысқа шықпайтуғынын қайта-қайта тәкирарлап, Қорқақгүл бир қысым болып отырған болып, оларды кетиўге мәжбүр етиў қолынан келмейтуғын еди. Сол себептен олардың сәўбети узаққа созылып кетти, ақыры олар кеткенде, кеш түскен еди.

Әйне усы ўақытта Бас Шопан өз сүриўлерин аўылдың шетиндеги үйреншикли әжайып ҳәўиз бенен сарқырама жанына алып баратуғынын есине түсирген Қорқақгүлдиң жаны жай тапқандай болды. Сол орынға ол да ерте азанда барып, Оның менен ушырасыўға, атқан жаңа күн бойынша Оның тилеклерин ҳәм буйрықларын билиўге әдетленген еди. Ал кешқурынлары болса, ол күн бойы ислеген ислери бойынша Оған есап бериў ушын, сол жерге баратуғын еди. Ҳәзир ҳәўиз бойында ушырасатуғын сол ўақыт болған еди. Қорқақгүл өзине Шопанның жәрдем беретуғынына, ағайинлериниң өзин урлап кетип, Оған деген хызметинен кетиўге (яғный, Қоянжүрекке турмысқа шығып, қорқынышлы қуллыққа түсиўине) мәжбүр етиўине жол коймайтуғынына исеними кәмил еди.

Көз жасларын сыпырмай, қорыққанынан еле қалтырап, Қорқақгүл үйиниң қапысын жапты да, ҳәўиз ҳәм сарқырама тәрепке жол алды.

Қорқақгүл аўылдан шығып, атыз арқалы жолға түскенде, кешки бийқәтер жақтылық Хорлық ойпатлығын алтын нурға бөлеп тур еди. Ал дәрьяның арғы жағындағы таўлар ойпатлықтың шығыс тәрепин қорған сыяқлы дөгереклеп, әлле қашан қызғыш түске енген еди. Таўлардағы терең ҳәм тар жыралар таң қаларлық ҳәм сырлы көлеңкелерге толған еди.

Бул бийқәтер кеш тынышлығының қоршаўында болған, қорқып қалған бийшара Қорқақгүл өзин ҳәўиз бойында күтип турған Шопанға жақынлап келди де, Оған өзиниң қорқынышлы жағдайы ҳаққында айтып берди.

Ол гүрриңин жуўмақлап болып:

— Мен не ислеўим керек? Буннан мен қалай қутыла аламан? Олар мени мәжбүрлеп, аталас әжағам Қоянжүрекке күйеўге берип жибериўи мүмкин-ғо, ақыры? Ўайўай! — деп жылап жиберди.

Турмысқа шығыў туўралы ойлағанның өзинде ол үмитсизликке берилип: «Атымның Қорқақгүл болғаны жетпегениндей, өмиримниң ақырына дейин Қоянжүректиң ҳаялы деген ат пенен жасайман ба? Яқ, булай ислей алмайман», — деди.

Шопан оған мүләйимлилик пенен:

— Қорықпа, сен Маған хызмет етесең-ғо. Егер сен Маған исенсең, олар сени өз қәлеўиңе қарсы турмысқа шығыўға мәжбүрлей алмайды. Бирақ сен ҳеш қашан ағайинлериң Қорқынышовларды үйиңе киргизбеўиң керек. Себеби олар сени Өз хызметине қабыл еткен Патшаның душпанлары болады, — деди.

Қорқақгүл жылап:

— Оҳ, мен билемен, билемен. Бирақ мен ағайинлеримди көрген ўақтымда ҳәлсиз болып қаламан ҳәм қанша тырыссам да, оларға қарсы тура алмайман. Ойпатлықта жасағаным себепли оларды көрмей тура алмайман. Оларды

ҳәмме жерде ушырата беремен. Ал енди болса, олар мени айтқаны менен жүргизежақ. Мен үйден бир өзим шыға алмайман да, өйткени олардың мени урлап кетиўинен қорқаман, — деди.

Қорқақгүл басын көтерип, ойпатлыққа, дәрьяға, батып баратырған қуяш себепли жақты болып турған әжайып таў шоққыларына қарады да, ҳәсирет пенен: «Мен бул Хорлық ойпатлығынан мәңгиге қашып кетип, Қорқынышовлар ҳәм басқа ағайинлер жете алмайтуғын Бийик шыңларға бара алсам еди!» — деди.

Қорқақгүл усы сөзлерди айтыўдан-ақ, Шопан оны қатты ҳайран қалдырып:

— Қорқақгүл, сениң усы сөзлерди айтыўыңды көп ўақытлардан бери күткен едим. Расында да, ойпатлықты таслап, Бийик шыңларға барыўың сениң ушын жақсырақ болар еди. Сени сол жерге Өзим жан деп алып бараман. Дәрьяның арғы жағындағы таўлардың етегинен баслап Сүйиспеншилик Патшалығы, яғный Мениң Әкемниң Патшалығының шегарасы басланады. Ол жерде ҳеш қандай қорқыныш болмайды, өйткени «минсиз сүйиспеншилик қорқыўды қуўып шығарады, себеби қорқыў жаза менен байланыслы болады», — деди.

Қорқақгүл таң қалып, Шопаннан көзлерин айырмай турды. Соңынан Оған:

— Бийик шыңларға кетип, сол жерде жасаў? Оҳ, қәнекей, мен солай ислей алсам еди! Соңғы айларда усы тилек мениң менен бирге болып, мен күни-түни ол туўралы ойлайман. Бирақ, бул мүмкин емес. Мен ҳеш қашан сол жерге жетип бара алмайман, өйткени мен ақсақпан, — деди.

Усы сөзлерди айтып болып, ол өзиниң қыйсық аяқларына қарады. Сонда ол өзин аяп, көзлери жасқа толып кетти. «Мына таўлар тик ҳәм қәўипли. Мениң еситиўим

бойынша, тек кийик ҳәм суўынлар ғана олар үстинде қәўипсиз жүре алады екен», — деп қосып қойды ол.

Шопан оған:

— Дурыс, Бийик шыңларға апаратуғын жол қыйын ҳәм қәўипли. Ол сондай болыўы да керек, өйткени сүйиспеншиликтиң душпаны болған ҳеш бир нәрсе ол жерге кирип, Патшалықты басып алмаўы тийис. Бийик шыңларда жасаўшыларға кийиктиң аяқлары зәрүр болады. Мен сондай аяқларға ийемен. Мен кийик ҳәм жас суўын сыяқлы жеңил ҳәм қуўанышлы түрде таўлар үстинде шапқылап, төбешиклер үстинде секирип жүре аламан, — деди күлимсиреп. Ол және сөзин даўам етип: — Бирақ Мен сениң аяқларыңды да кийиктиң аяқлары сыяқлы қылып, сени Бийик шыңларға алып шыға аламан. Сонда сен Маған еле де жақсырақ хызмет қыла алар едиң ҳәм душпанларың саған жете алмас еди. Сениң сол жерге барыўды көп ўақытлардан бери аңсайтуғыныңды еситип, қатты қуўандым. Алдын Өзим айтып өткенимдей, буны өзиң усыныс етиўиңди күткен едим. Сен сонда ғана Қоянжүрек пенен ушырасыўдан қутылар едиң, — деди тағы күлимсиреп.

Қорқақгүл Оған ҳайран болып қарап турды да:

— Мениң аяқларым кийиктиң аяқларындай болады? Бундай болыўы мүмкин бе? Сүйиспеншилик Патшалығының турғынлары бет-әлпети сықылсыз, аўзы қыйсық, кишкене ҳәм бийшара майыпқа қандай қатнаста болады екен? Ақыры, ол жерде ҳеш қандай кемшиликли ҳәм мини бар нәрсе жасамайды-ғо, — деди.

Шопан оған былай деди:

— Бул ҳақыйқат. Бийик шыңларда жасаўыңнан алдын сен өзгериўиң керек болады. Егер Мениң менен барғың келсе, аяқларыңды кийиктиң аяқларындай қылыўға жәрдем етемен деп ўәде беремен. Бийик шыңларға жақынлаған сайын ҳаўа тазарып, денеге күш берип, бек-

кемлеп барады. Және де, ол жерде шыпа бериўши әжайып булақлар бар. Сол булақларға шомылған адамлардың мин ҳәм кемшиликлери изсиз жоқ болып кетеди.

Бирақ Мен саған және бир нәрсе ҳаққында айтыўым тийис. Сениң тек аяқларың ғана кийиктиң аяқлары сыяқлы болып қалмай, сен басқа ат та қабыл етиўиң зәрүр. Себеби атың Қорқақгүл болған сен де Қорқынышовлар хожалығының ҳәр бир ағзасы сыяқлы Сүйиспеншилик Патшалығына кире алмайсаң. Солай екен, Қорқақгүл, сен пүткиллей өзгериўди ҳәм Сүйиспеншилик Патшалығының пуқарасы болғаныңнан соң, өзиң алатуғын жаңа атыңа сай болыўды қәлейсең бе?

Қорқақгүл басын ийзеп:

— Аўа, — деп жуўап берди.

Сонда Шопан және мыйық тартты да, кейин салдамлы түрде:

— Ең әҳмийетли болған және бир нәрсе бар. Жүрегинде сүйиспеншилик гүли ашылмаған ҳеш бир адамға Сүйиспеншилик Патшалығында жасаўға рухсат етилмеген. Қорқақгүл, сениң жүрегиңде Сүйиспеншилик гүли өсе ме? — деди.

Усы сөзлерди айтып турып, Шопан оған тигилип қарады. Қорқақгүл Оның көзлериниң жүрек төрине кирип баратырғанын ҳәм ишиндеги ҳәмме нәрсени өзинен де жақсырақ көрип турғанын сезди. Қорқақгүл көп ўақыт үнсиз турды, өйткени не айтарын билмейтуғын еди. Ол албырап, өзине тигилип турған көзлерге қарады ҳәм сол көзлердиң неге қараса, соны ашық-айдын көрсете алатуғын қәсийетке ийе екенин түсинди. Ол өз жүрегин сол көзлер қалай көрген болса, сондайлығынша көре алды.

Узақ үнсизликтен соң, ол былай деп жуўап берди:

— Мениң жүрегимде әпиўайы адамыйлық муҳаббатты бастан кешириўге деген күшли умтылыў бар деп ойлай-

ман. Және де, ҳәммесинен де бетер, мениң муҳаббатыма жуўап беретуғын бир адамды сүйиўди үйренгим келеди. Бул тилек дурыс ҳәм тәбийғыйдай болып көринсе де, ол Сен айтқан сүйиспеншилик емес шығар. Ол үндемей қалды, соңынан даўысы дирилдеп, сөзин былай даўам етти: — Шопан, мен биреўдиң өзимди сүйгенин ҳәм маған сүйсингенин қәлеймен. Деген менен, мен өзимде Сен айтқан сүйипеншиликти көрмей атырман. Улыўма айтқанда, Сендеги сүйиспеншиликке усайтуғын ҳеш қандай сүйиспеншиликти көрмей атырман.

Шопан оған:

— Олай болса, сениң жүрегиңе Сүйиспеншилик тұқымын егиўге рухсат етесең бе? Бийик шыңларға жетиў ўақытты талап етеди. Сениң аяқларың кийиктиң аяқлары сыяқлы боламан дегенше, Мен сениң жүрегиңе сол тұқымды ҳәзир ексем, ол өсип, Бийик шыңларға жетип бараман дегениңше, гүллеўге шамаласып қалады, — деди.

Қорқақгүл бир қысым болып:

— Мен қорқаман. Еситиўимше, егер биреўди ҳақыйқаттан сүйсең, сол адамға өзиңе жәбир берип, жүрегиңе жарақат салыўға жол қояды екенсең, — деди.

Шопан оның сөзин мақуллап:

— Аўа, солай. Сүйиў — бул сүйгениңниң бийлигине өзиңди тапсырып, оның алдында ҳәлсиз болып қалыў дегенди аңлатады. Қорқақгүл, сен жәбир көриўден қатты қорқасаң, солай емес пе? — деди.

Ол басын ийзеди де, қысынып:

— Аўа, мен буннан жүдә қорқаман, — деди.

Шопан әсте ғана:

— Бирақ сүйиў — сондай бахыт! Өзиңди сүймегенди сүйсең де, бул — бахыт болып табылады. Әлбетте, жәбир көриў де бар, бирақ ол сүйиспеншилик ушын әҳмийетли емес, — деди.

Күтилмегенде Қорқақгүлдиң басында Шопанның көзлери сыяқлы соншелли сабырлы көзлерди ҳеш қашан көрмегени ҳаққында ой пайда болды. Соның менен бирликте, сол көзлерде жүрекке от салыўшы бир нәрсе бар еди. Не ушын бундай екенин Қорқақгүл түсине алмады. Ол еле қорыққанынан бир қысым болып:

— Биреўдиң мени жақсы көретуғынына исенимим кәмил болмай турып, мен сол адамды ҳеш қашан жақсы көриўге бел байлай алмас едим. Егер мен Саған өз жүрегиме Сүйиспеншилик туқымын егиўге рухсат берсем, биреўдиң мениң сезимлериме жуўап беретуғынын ўәде ете аласаң ба? Егер булай болмаса, мен буған шыдай алмайман (негедур бул сөзлерди айтыўға уялғанлықтан, оларды шаққан-шаққан айтып таслады), — деди.

Шопанның оған қарап, сондай жумсақ ҳәм мүләйим түрде мыйық тартқаны соншелли, бул Қорқақгүлдиң жүрегине от салды.

Сонда Шопан оған исенимли түрде:

— Аўа, Қорқақгүл, ўәде беремен. Жүрегиңде Сүйиспеншилик гүли гүллеўге шамаласқанда, сен өзиңе жаңа ат қабыл етиўге таяр боласаң ҳәм сонда сени басқалар да сүйетуғын болады, — деди.

Қуўанышлы сезим оның пүткил барлығын толтырып жиберди. Бул ол ушын болыўы мүмкин емес нәрсе болып көринди. Бирақ, буны Шопанның Өзи ўәде етти-ғо. Ол алдаўы мүмкин емес, буған Қорқақгүлдиң исеними кәмил.

Қорқақгүл уялыңқырап, Шопанға:

— Илтимас, мениң жүрегиме Сүйиспеншиликти еге гөр, — деди.

Өзине дүньядағы ең уллы бахыт ўәде етилген болса да, Қорқақгүл еле қәдимги Қорқақгүл еди.

Шопан қойнына қолын суғып, бир нәрсе алып, оны алақанына салды да, Қорқақгүлге узатып:



— Бул — Сүйиспеншилик туқымы, — деди.

Қорқақгүл көриў ушын еңкейгенде қышқырып, артқа шапшып кетти. Шопанның қолында туқым болып, ол ушы сүйир тикенге уқсас еди. Қорқақгүл Шопанның қолларында тыртық ҳәм жарақат излери бар екенин бурын да байқайтуғын еди. Енди болса, ол Шопанның жайылған алақанындағы тыртық Сүйиспеншилик туқымы сыяқлы екенин байқады.

— Сыртқы көриниси бойынша, туқым ушқыр қусайды. Егер Сен оны жүрегиме ексең, аўырмай ма? — деп қорқып сорады Қорқақгүл.

Шопан мүләйимлилик пенен жуўап берип:

— Туқым соншелли ушқыр болып, ол жүдә тезлик пенен билинбей киреди. Бирақ Мен алдын ескертип өткенимдей, қандай да ўақыт ишинде сүйиспеншилик пенен жәбир шегиў бирге жүреди. Егер сен сүйиспеншиликтиң не екенин билгиң келсе, жәбир шегиўдиң де не екенин билиўиң тийис, — деди.

Қорқақгүл тикенге қарап, және артқа шапшып кетти. Соңынан Шопанның жүзине қарап, өзинше Оның сөзлерин қайталай баслады: «Жүрегиңде Сүйиспеншилик гүли гүллеўге шамаласқанда, сени басқалар да сүйетуғын болады». Бирден Қорқақгүл жаңа ҳәм ҳайран қаларлық батыллықты сезип, алға қарай адым атты да, жүрегин ашып:

— Илтимас, бул туқымды мына жерге, мениң жүрегиме еге гөр, — деди.

Шопанның жүзи қанаатланыўшылық пенен нурланып, қуўанышлы түрде:

— Енди сен Мениң менен бирге Бийик шыңларға жетип, Әкемниң Патшалығының пуқарасы бола аласаң, — деди.

Кейин Шопан тикенди оның жүрегине екти. Шопанның айтқанындай, тикен себепли өткир аўырыў пайда болды.

Бирақ тикен ишке тезлик пенен билинбей кирип кетти. Сонда бирден тәрийиплеп жеткизиў қыйын болған қандай да бир ләззет Қорқақгүлдиң пүткил барлығын бийлеп алды. Ол бундай нәрсени хеш қашан бастан кеширмеген еди. Бул сезим ҳәм аўырыў туўдыратуғын ҳәм ләззетли еди. Деген менен, онда ләззет көбирек еди. Қорқақгүл Шопанның: «Сүйиў — сондай бахыт!» — деген сөзлери ҳаққында ойлады, оның ақшыл-сары жақлары қызарып, көзлери жайнап кетти. Қыйсық аўзы қуўаныштан дүзиўленип, ол қызыл жүзли, көзлери жайнаған гөззалға айланды.

Қорқақгүл бақырып жиберип, Шопанның алдында дизе бүкти де, Оған:

— Рахмет! Сен қаншелли жақсы ҳәм сабырлысаң! Пүткил дүнья жүзинде Сеннен мийримлирек ҳәм жақсырақ ҳеш ким жоқ. Мен Сениң менен бирге таўға бараман. Мениң аяқларымды кийиктиң аяқлары сыяқлы қылатуғыныңа, мени, ҳәтте, мени Бийик шыңларға жеткизетуғыныңа исенемен, — деди.

Шопан оған былай деди:

— Мен сеннен де бетер қуўанышлыман. Сен өзиңди әлле қашан атыңды өзгертейин деп атырған адам сыяқлы тутып атырсаң. Деген менен, Мен саған және бир нәрсени мәлим етиўим тийис: душпанларыңның топылысынан аман болыўың ушын, таўлар етегине сени Өзим алып бараман. Бирақ, аржағына сени еки айрықша жолдасың гүзетип барады. Мен оларды сениң ушын таңладым. Олар саған тик ҳәм қыйын жерлерде жәрдем береди. Ҳәзирше сениң аяқларың аўырыў болып, ақсаңлап жүретуғын болғанлығың себепли, тез жүрип бара алмайсаң. Және де, Қорқақгүл, сен Мени бәрқулла көре алмайсаң. Бурын айтқанымдай, Мен таўлар ҳәм төбешиклерден шапқылап ҳәм секирип жүремен. Баста сен Маған жете

алмайсаң, бирақ кейин ала жететуғын боласаң. Солай болса да, есиңде сақла, Сүйиспеншилик Патшалығында әжайып байланыс тармағы бар: сен Мени қашан шақырсаң да, Мен сени есите аламан. Шақырған ўақтындаақ, жетип келиўге ўәде етемен. Таў етегинде сени Мениң еки хызметшим күтип турады. Мен оларға саған жол көрсетиўди буйырдым. Оларды Мен үлкен ғамхорлық пенен таңладым. Ҳәммеден де бетер олар сенде кийик аяқлардың қәлиплесиўине жәрдем бере алады. Сен оларды қуўаныш пенен қабыл етип, оларға өзиңниң жәрдемшилериң болыўға рухсат етесең-ғо, я?

Қорқақгүл дәрҳал жуўап берип:

— Әлбетте. Сениң ҳәммесин жақсы билетуғыныңа ҳәм Сениң таңлаўың бәрқулла дурыс екенине исенимим кәмил. Мен енди өзимди ҳеш қашан қорықпайтуғындай сеземен, — деди қуўанышлы түрде.

Шопан жаңа ғана өз жүрегине Сүйиспеншилик туқымын қабыл алып, Оның менен бирге Бийик шыңларға таяр турған кишкене қой бағыўшы қызға мүләйим ҳәм түсинген ҳалда қарап қойды. Ол қыздың жалғызлыққа толған жүрегиндеги шийеленискен ҳәмме нәрсени, оның өзин де айнада көргендей ап-анық көрип тур еди. Және де, жаңа атқа ылайықлы болып өзгериў узақ даўам ететуғын ис екенин Оннан басқа ҳеш ким жақсы билмейтуғын еди. Бирақ Ол буны қызға айтқан жоқ. Шопан кишкене сада Қорқақгүлдиң лаўлап жанған шекеси менен жайнаған көзлерине ҳәм бирден өзгерип кеткен жүзине қандай да бир мийримли жанашырлық пенен қарады.

Соңынан Шопан оған былай деди:

— Енди үйиңе барып, жолға таярлансаң болады. Жолға ҳеш нәрсе алма, тек үйиңди тәртипке келтирсең болғаны. Ҳеш кимге ҳеш нәрсе айтыўшы болма, өйткени Бийик шыңларға шегилетуғын сапар сыр тутылыўы зәрүр. Мен

саған тауға анық қашан кететуғынымызды ҳәзир айта алмайман. Деген менен, бул жақын арада болады. Мен келип, сени шақырғанымда, сен Мениң изиме ериўге таяр турыўың тийис. Саған мынадай бир қупыя белги беремен: Мен сениң үйиңниң қасынан өтип баратырып, шопанлар айтатуғын бир қосықты айтаман, бул саған белги болады. Қосықты еситиўден-ақ, сен дәрҳал шығып, белгиленген жерге барыўың ушын, Мениң изиме ериўиң керек.

Қуяш оттың жалыны сыяқлы қызыл түске енип батқан, шығыстағы таўлар қызғыш, сыя көк ҳәм сур думан менен қапланған ҳәм көлеңкелер созылып қалғанлықтан, Шопан Қорқақгүл менен хошласты да, Өз сүриўлерин қора тәрепке қарай айдап кетти.

Қорқақгүлдиң жүреги қуўаныштан қанасына сыймай, өзин енди ҳеш қашан қорқпайтуғындай сезди. Ол атызлар арқалы үйине қайтып киятырып, ески қосықлар жыйнағындағы шопанлар жийи-жийи айтатуғын бир қосықты айта баслады. Бурын бул қосық оған ҳеш қашан усындай жағымлы ҳәм жағдайға сай болып көринбеген еди.

*Қосықлар қосығы жағымлы жаңлар,*
*Оның сөзлери жаның рәҳәти,*
*Ҳәммесинен де әжайып болар,*
*Сүйиспеншилик Патшасын тәрийплеўши жыр.*
*Усы қосықты қаншама тиллер,*
*Сүйип атқарар қанша кеўиллер,*
*Алтын ыдыстағы май яңлы болып,*
*Сөзлери оның жүрекке жағар.*

*Шақырғыл мени, Сүйиклим Өзиң,*
*Сүйиспеншилигиңди сақлап жүректе,*
*Ерип бараман изиңе өзим.*
*Жалғыз Сенсең мениң таңлағаным,*
*Апарғыл үйиңдеги зыяпатыңа,*
*Жаныңда болып, даўысыңды еситиўден басқа,*
*Қуўаныш жоқдур өмиримде мениң.*

*Түрим сықылсыз болса да мениң,*
*Жек көрип қарамаң маған ҳеш бириң,*
*Патшалар Патшасының Өзи сүйеди мени.*
*Бурын гүнакар болсам да өзим,*
*Енди болдым аппақ қардан да таза.*

Усы қосықты айтып, Қорқақгүл биринши атызды кесип өтти де, келеси атыздың ортасына барғанда, туўры өзине қарай киятырған Қоянжүректи көрди. Бийшара Қорқақгүл! Ол бир қанша ўақытқа болса да, өзиниң жағымсыз ағайинлери ҳаққында умытқан еди. Минекей, солардың ишиндеги ең қорқынышлысы ҳәм жеркенишлиси болған Қоянжүрек ебетейсиз адымлар атып, оған қарай киятырған еди. Қорқақгүлди күшли қорқыныш басты. Ол оң жақ, шеп жағына қарап, жасырынатуғын орын таба алмады. Буннан тысқары, Қоянжүректиң анық өзине қарай киятырғаны ҳәм оның өзин көриўден-ақ адымын тезлеткени аттан анық белгили еди. Бир неше сәттиң ишинде-ақ, ол Қорқақгүлдиң жанында пайда болды.

Қорқақгүл қорыққанынан қалтырап кетти ҳәм жеркенгенинен шапшып түсти. Деген менен, бундай жағдайда оның қолынан тек усы ғана келетуғын еди. Оның қорыққанын көрип, аталас әжағасы үстинен күлиўди даўам етиўи сөзсиз еди. Егер әжағасын итибарға алмаў Қорқақгүлдиң қолынан келгенде ме еди, сонда Қорқақгүлдиң ашыўын келтириў оның да жанына тийип, өзине басқа талап излеген болар еди. Бирақ Қорқақгүл ҳеш қашан қорқынышты жеңе алмаған. Ол ҳәзир де өзин бийлеп алған қорқынышты жасырыўға күшсиз еди.

Қорқақгүлдиң қуўарып кеткен жүзи менен қорыққан көзлерин көрип, Қоянжүректиң оны азаплаўға деген қәлеўи артты. Қорқақгүл жалғыз болып, пүткиллей оның бийлиги астында еди. Қоянжүрек Қорқақгүлди услап алғанда, ол қорыққанынан қышқырып жиберди. Күтилме-

генде Қоянжүрек қолын жаздырды да, қул сыяқлы бас ийип, тәжим берди.

Сол мәҳәл олардың жанында билдирмей келип қалған Шопан турған еди. Мақтаншақ Қоянжүрек Оның қатал жүзине, нур шашқан көзлерине ҳәм қүдиретли қолына қысып турған шопан таяғына бир қарады да, таяқ жеген ийт қусап қаша жөнелди. Ол қашқанда да, аўыл тәрепке емес, ал тек қәўипсиз орын табыў мақсетинде қарама-қарсы тәрепке қарай қашып кетти.

Қорқақгүл жылап жиберди. Әлбетте, ол Қоянжүректиң қорқақ екенин ҳәм егер өзи дәрҳал Шопанды даўыслап шақырғанда, оның сол сәтте-ақ қашып кететуғынын билиўи керек еди. Ал енди болса, оның көйлеги жыртылған, жаңағы мақтаншақ услағаны себепли қоллары көгерип қалған еди. Деген менен, ол ушын ең жаманы да бул емес еди. Өзиниң ески атына ҳәм тәбиятына сай ис тутқаны себепли, ол уялып қалды. Ол булар әлле қашан өзгере баслады деп үмит еткен еди.

Қорқынышовларды нәзерге алмаў, буннан қала берсе, ҳәтте, оларға қарсы тура алыў, ол ушын мүмкин еместей болып көринетуғын еди. Қорқақгүлдиң Шопанға қараўға батылы жетпеди. Егер батылы жеткенде, Оның өзине қандай жанашырлық пенен қарап турғанын көрген болар еди. Және де, ол Сүйиспеншилик Ийесиниң соншелли мийрим-шәпәәтли ҳәм реҳимли екенин билмейтуғын еди. Басқалар сыяқлы, Қорқақгүл де ақылсызлық қылып қорыққаны ушын, Ол өзин жек көреди, деп шамалайтуғын еди. Сонлықтан ол уялып, мурнының астынан «рахмет» деп қойды.

Соңынан Қорқақгүл Оған қарамай, аўыл тәрепке қарай ақсаңлап жүрип кетти. Кетип баратырып, өкирип жылаўы менен: «Бийик шыңларға жетиўди әрман етиўден не пайда? Егер мени әпиўайы ғана нәрселер артқа қайтыўға

мәжбүр қылатуғын болса, мен ҳеш қашан оларға жете алмайман», — ден қайта-қайта тәкирарлай берди.

Деген менен, ол үйине, қәўипсиз жерге келип, өзин жақсы сезе баслады. Ал шай ишип, кешки аўқатты жегеннен кейин, оның тынышланғаны соншелли, бүгин сарқырама жанында болған ўақыяны еслей баслады. Бирден қыз өз жүрегине егилген Сүйиспеншилик туқымы ҳаққында таң қаларлық ҳәм қуўанышлы сезим менен еске түсирди. Бул ҳаққында ойлаўдан-ақ, сол күшли ләззет оның пүткил денесин бийлеп алып, ол рәҳәтли сезимлерге бөленди.

Қорқақгүл ишинен: «Сүйиў — бул сондай бахыт. Сүйиў — бул бахыт», — деп қайталады. Ол үйин тәртипке келтирип, бүгинги таң қаларлық күнде болған ўақыялардан шаршап, уйқыға жатты. Бирақ уйықлаўдан алдын, ол ески қосықлар жыйнағындағы мына әжайып қосықты өзинше айта баслады:

*Айтқыл сен, муҳаббатым,*
*Бағарсаң қай жерде падаларыңды?*
*Жәзийрама ыссы ўақтында,*
*Апарарсаң оларды қай жерлерге?*
*Достым, дем аларсаң өзиң қай жерде?*
*Сени табарман қай жерлерден мен?*
*Не ушын Сеннен басқаға,*
*Бурынлары жүргенмен ерип?*

*Мени сен тапқың келсе,*
*Маған апарыўшы жолды билмесең егер,*
*Онда сен, гөззалым Мениң,*
*Изле қойлар излерин.*
*Аңсат табарсаң олар арқалы,*
*Жүрип өттим сениң алдыңда,*
*Өзим сени тапқаным яңлы,*
*Мени де сен тап жоллар ақырында.*

Кейин Қорқақгүл түслерсиз, терең ҳәм тыныш уйқыға кетти.



# Қорқынышовлардың бастырып келиўи

Келеси күни Қорқақгүл таң азанда турды ҳәм өз қорқы-нышларының кеткенин сезди. Оның басына келген дәслепки ой мынадай еди: «Мүмкин, мен бүгин Шопан менен Бийик шыңларға кететуғын шығарман». Бул ой оны қуўандырғаны соншелли, ҳәтте, ол азанғы аўқатын зорға жеди. Жолға таярланып атырып, Қорқақгүл ерксиз қосық айта баслады.

Оның жүрегине Сүйиспеншилик туқымы егилгеннен бери, оның барлығының түпкиринен өз-өзинен қуўаныш қосықлары ағып шыға беретуғын болды. Ал бул жаңа бахыт ҳәм миннетдаршылықты ески қосықлар жыйна-ғынан алынған қосық пенен жақсырақ билдириўге бо-латуғын еди. Шопанлар өз қойларын бағып жүрип, сол қосықларды айтыўды жақсы көретуғын еди. Шопан берген әпиўайы тапсырмаларды орынлап жүрип, Қор-қақгүл де олардың арасындағы мына биреўин айтату-ғын еди:

*Енди Патша дастурханға отырғанында,*
*Әкелермен нардымды хош ийисли.*
*Әкел демесе де, мирра ҳәм камфораны,*
*Төгермен аяқларына кишипейиллик пенен.*
*Мениң шүкирлигим шексиз Оған,*
*Мен сыяқлы бийшараны сүйгени ушын.*

*Ерусалим қызлары!*
*Түрим қап-қара болса да мениң,*
*Қуяш күйдирсе де шатырлар үстин,*
*Сулайман Ибадатханасы турады еле.*
*Онда гүналар изи көринсе де,*
*Иши толы Мениң сүйиспеншилигиме.*

*Қара деп жек көрмең сизлер мени,*
*Анамның уллары минип ашыўға,*
*Қараўыллаўға қуўған мени қуяшта,*
*Жүзим бағларын өзлериниң.*
*Ҳәтте, гүзетпегенмен өз бағларымды,*
*Солардың гүзетинде турып күни-түни.*

*Егер Патшам болмағанында,*
*Киймес едим патшалық кийим,*
*Мүтәж күнлериме Ол,*
*Төкти мийримин сақыйлық пенен.*
*Гүналарымды жуўып, сүйди мени,*
*Өзи менен бирге болыўым ушын.*

Ананы-мынаны ислеп жүрип, Қорқақгүлдиң жүреги бирese қуўаныштан, бирese қорқыныштан дүрсилдеп кете берди. Бирақ жүрегиндеги тикен есине түсип кеткенде, ол және сол сырлы ләззетке бөленди. Демек, сүйиспеншилик ол ушын да, яғный өзиндей бийшара Қорқақгүл ушын да бар екен-дә! Ол Бийик шыңларға жетип барғаннан соң, өзин пәс қылыўшы сықылсызлығынан азат болып, гөззалға айланады ҳәм оның жүрегиндеги нәўше гүллеўге шамаласқанда, оның сүйиспеншилигине биреў сүйиспеншилик пенен жуўап береди. Деген менен, ол усы ҳаққын-

да ойлағанда, ойлардың ләззетине гүманлар араласатуғын еди. Ҳеш қашан бундай болыўы мүмкин емес, бул тек ғана сулыў түс болса керек!

«Бул ҳеш қашан болмаса керек деп қорқаман», — дейтуғын еди ол өз-өзине. Бирақ Шопан ядына түскенде, Қорқақгүлдиң жүреги және қуўанышқа толып, Ол киятырған жоқ па деп, әйнекке ямаса қапыға жуўырып бара берди.

Азан өтсе де, Шопан еле келмеди. Деген менен, күнниң ярымы өтиўден-ақ, Қорқақгүлдиң жағымсыз ағайинлери топарласып келип қалды. Қорқақгүл нениң не екенин түсине алмай турып, олар оған топыла кетти. Аяқ сеслери ҳәм жабырласып сөйлескен даўыслар еситилип, Қорқақгүл топарласқан апа-аға ҳәм аталас иниСиңлилериниң қоршаўында қалды. Бирақ олар арасында Қоянжүрек көринбеди. Кеше кешқурын ол қалай күтип алынғаны ҳаққында ҳәм ҳәммесинен бетер Қорқақгүлдиң көбирек оннан қорқатуғынын билгенликтен, олар оны бирге алып жүрмеген жақсы деп шешкен еди.

Олар Қорқақгүлдиң некеге деген қатнасын өзгертип, мүмкиншилиги болғанынша, оны үйинен алдап шығарып, өз үйлериниң бирине алып бармақшы еди. Және де, олар Қорқақгүл үйинде жалғыз қалғанда, ал Шопан Өз сүриўлери менен алыста болғанда, оған топылыс жасаўды ойлап қойған еди ҳәм оны жеңемиз деп үмит ететуғын еди. Қызды күндиз урлап кетиўдиң илажи жоқ еди, өйткени аўылда Шопанның көп хызметшилери болып, олар тезлик пенен қызға жәрдемге келген болар еди.

Деген менен, Қорқақгүлдиң ағайинлери оның батылсызлығын ҳәм ҳәлсизлигин билгенликтен, өзлери көп болса, оны қорқытып, өзлери менен бирге Қорқынышовлардың бийиниң үйине алып барыўды еплей аламыз

деп есаплайтуғын еди. Сол жерге бара қойса, Қорқақгүл пүткиллей олардың бийлигинде болар еди.

Олар менен бирге сол ғарры бий де бар еди. Ол Қорқақгүлге әкесиндей болып сөйлеп, өзлериниң жақсы ҳәм ҳақ нийетте келгенине исендирмекши болды. «Аўа, сениң бул неке бойынша қандай да бир қарсылық ҳәм екилениўлериң бар екенин билип, сени тынышландырыў ушын, олар туўралы пикирлеспекшимен. Сениң бир нәрселерди түсинбегениң ҳайран қалдыратуғын болғанлықтан, буны сөйлесип, аңсат шешип алыўға болар еди деп ойлайман. Ал егер келиспесе, өз қәлеўиң болмай турып, турмысқа шығыўыңа жол қоймайман», — деп мүләйимлилик пенен исендирди ол.

Бий сөзин тамамлағанда, басқалары бир-бирине жарысып, ҳәр түрли дәлиллерди келтирип, Қорқақгүлди исендириўге кирисип кетти. «Өз ағайинлериң менен көп ўақытлардан бери қатнасты үзгениң себепли, енди бизлердиң өзиңе деген сезим ҳәм нийетлеримиз бойынша сенде таң қаларлық түсиниклер пайда болғаны аттан анық. Негизинде, ўақтыңды көбирек бизлер менен бирге өткере басласаң, ақылға муўапық ис тутқан болар едиң. Сонда сениң бизлер туўралы қәте пикир жүргизип, бизлерди түсинбегениңди дәлиллей алған болар едик. Дурыс, тилекке қарсы, Қоянжүрек онша сымбатлы емес, ертеклердеги шахзадаға да уқсамайды ҳәм ис-ҳәрекетлери де қопал. Себеби ол еле некениң жақсы тәсирин басынан кеширип көрмеген. Некели өмирдиң жуўапкершилик ҳәм қуўанышлары оны тез өзгертип жиберер. Бизлер буны асығыслық пенен күтпектемиз. Бул өзгерислерге сен де үлес қоссаң, бул сен ушын абырай болар еди», — дести олар.

Бул қарақшылар топары тынбастан сөйлегенде, бийшара Қорқақгүл олар арасында бир қысым болып отырған

болып, аң-таң қалып, олардың сөзлерин зорға түсинер еди. Олар үмит еткендей, Қорқақгүл кем-кемнен албырап, қорқынышқа түсип бара берди. Солай етип, олар көп өтпей оны орынлап болмайтуғын мәселени орынлаўға, яғный Қоянжүректи жақсы тәрепке қарай өзгертиўге көндириўине аз қалып тур еди. Бирақ күтилмегенде сырт-қы бир нәрсе себепли ҳәммеси үзилиске түсти.

Олар Қорқақгүлдиң үйине киргенде, қапыны муқыят-лап жапқан, ҳәтте, тутқын қашып кете алмаўы ушын, оны илдирип те үлгерген еди. Сонда бирден Қорқақгүл қатты сүйетуғын ҳәм жақсы билетуғын шопан қосықларының бирин айтқан ер адамның даўысы еситилди. Соңынан сол қосықты айтып баратырған қосықшы да көринди. Бул — соқпақ бойлап кетип баратырған Бас Шопан еди. Ол Өз сүриўлерин суўғарыўға апаратыр еди. Ашық турған әйнек арқалы қосықтың сөзлерине қоса қойлардың маңыраған сеслери ҳәм олардың шаң туяқларының дүбири еситилди.

Шопан қосық айтып, Қорқақгүлдиң үйи жанынан өтип баратырғанда, басқа даўыс ҳәм сеслер бул тыныш жаз күниниң үнсизлиги ишинде тынып қалғандай болды. Үйдеги шаўқым бирден басылып, изинен үнсизлик басланды. Шопан мына қосықты айтып баратыр еди:

*Сүйиклимниң қәдирли даўысы,*
*Бәрқулла жүрегимде жасар.*
*Мине, Ол таў-төбелер аса,*
*Алдыға секирер, ушар.*

*Ол кийикке мегзес,*
*Шапқыр ҳәм күшли.*
*Кеўлим шадланып күлер,*
*Өйткени сыртта шақырады Ол:*

*Дейди гөззалым, тур, жаным,*
*Мениң изиме ер.*

*Қыс даўыллары тынған,*
*Жаўынларды да көрмеймиз биз.*

*Жайлаўларда гүллер ашылған,*
*Қуслар да сайрар қуўанып,*
*Қумырылар сайраған сестинен,*
*Байқаймыз елимизге бәҳәр келгенин.*

*Әнжирдиң нәзик бүртиклери де,*
*Гүллер шақаларда,*
*Сүйиклим менен шадланаман бирге,*
*Сениң көзлериң мени өзине тартар.*

*Қай жердесең, жаным мениң,*
*Сен бәҳәр сыяқлы әжайыпсаң!*
*Мен ушын тәнҳасаң, мыйық тарт өзиң,*
*Ҳаўазың қосық яңлы жаңлар.*

Үйинде отырып, усы қосықты тыңлаған Қорқақгүл Шопанның өзин таўға шақырып атырғанын жүреги езилип, түсинер еди. Бул Шопан айтқан сол сырлы белги еди. Усы белгини еситиўден, ол тезлик пенен жолға атланыўы тийис еди. Ал енди болса, ол өз үйинде қулпырылған ҳалда, Қорқынышовлардың қоршаўында отырған еди. Және де, ол Шопанның шақырығына жуўап бериў мүмкиншилигинен пүткиллей айырылған, ҳәтте, өзиниң жаман жағдайға түсип қалғанын қандай да бир белги арқалы билдириўге де шамасы жоқ еди.

Негизинде, Қорқақгүлде Шопанды шақырыў мүмкиншилиги болған да еди: қосық жаңа ғана басланғанда, ҳәмме аң-таң болып, үндемей қалды. Сонда Қорқақгүл Шопанды жәрдемге шақырмас па екен деп, олар демлерин ишине жутып, қатып қалғанын ол байқамаған еди. Егер Қорқақгүл буны ислегенде, олар тым-тырақай қашып кеткен болар еди. Бирақ ол қатты қорқып қалғанлықтан, бул мүмкиншиликтен пайдалана алмас еди. Ал кейин ала ҳәммеси кеш болды.

Сол ўақытта Қорқақгүл Оңбағанның аўыр қолы аўзын қатты жапқанын, соңынан басқалардың қоллары оны отырғышқа мықлап, услап турғанын сезди. Солай етип, Шопан шәртли қосықты айтып, әйнекке қараўы менен, оның үйиниң тусынан әсте өтип кете берди. Деген менен, Ол ҳеш қандай жуўап ала алмады.

Шопан алыслап кеткенде, Оның қосығының сести елес-елес еситилер, ал қойлардың маңырағаны еситилмей қалған болып, Қорқақгүл ес-түссиз жатқан еди. Қорқақгүлдиң аталас әжағасы оны өзиниң нәҳән қоллары менен буўындырып таслайын деп қалды. Олар жағдайдан пайдаланып, Қорқақгүл ес-түссиз жатқан ўақытта, оны алып кетиўди қатты қәлеген еди. Бирақ ҳәзир ҳәмме жумыстан қайтатуғын ўақыт болғанлықтан, бул жүдә қәўипли еди. Сонлықтан олар қараңғы түскенше, Қорқақгүлдиң үйинде қалып, соңынан аўзына шүберек тығып, оны алып кетиўди шешти.

Усыны жобаластырып болып, тутқын тезирек ояныўы ушын, олар оны кәтке жатқызды. Сол ўақыт ишинде Қорқақгүлдиң айырым апалары ҳәм сиңлилери азық-аўқаттың қайсысын өзлестирип пайдаланыўға болатуғынын көриў ушын асханаға кетти. Ер адамлар қонақ бөлмеде шегип отырған, ал Қабағы үйилген тутқынды қараўыллаў ушын жатақ бөлмеде қалдырылған еди.

Кем-кемнен Қорқақгүл өзине келип, жағдайын түсингенде, қорқыныштан тағы есин жойтып қояйын деди. Қоңсыларының ҳәммеси жумыста болғанлықтан, ол ҳеш кимди шақыра алмас еди. Бирақ ҳақыйқаттан да солай ма екен? Яқ, күн ол ойлағанынан да кеширек болып қалған еди. Өйткени ол бирден қоңсы үйде жасаўшы Қорқпасгүл ханымның даўысын еситип қалды. Бул сести еситип, Қорқақгүл тутқынлықтан қутылыў ушын, бар күшин жумсаўға тырысты.

Қабағы үйилген буны ҳеш күтпеген ҳәм оған ҳеш таяр емес еди. Ол есин жыйып үлгермей турып, Қорқақгүл кәттен ушып турды да, даўысының барынша бақырып: «Қорқпасгүл! Қорқпасгүл! Келип, маған жәрдем бер! Тезирек келе гөр» — деди.

Бул даўысты еситип, Қорқпасгүл бурылып қарағанда, Қорқақгүлдиң әйнекте көринип кеткен, қорқыныштан қуўарған жүзин ҳәм жалбарынып созған қолын көрди. Соңынан қыздың жүзи теңселип кетип, көзден ғайып болды ҳәм бирден әйнектиң перделери жаўып тасланды. Аты өзине сай болған Қорқпасгүл ушын бул жеткиликли еди. Ол жылдам ғана туўры қоңсысының үйине қарай жүрди де, үйге кириўге ҳәрекет етти. Бирақ қапының жаўық екенин, ал әйнектен ишке қарағанда, үйде толып отырған Қорқақгүлдиң ағайинлерин көрди.

Деген менен, Қорқпасгүл өзи «қарақшылар топары» деп ат қойған булардан ҳеш қорықпайтуғын еди. Ол әйнекке басын тығып: «Шығың бул үйден, дәрҳал биреўиңиз қалмай кетиң! Егер үш секунд ишинде шығып кетпесеңиз, мен Бас Шопанды шақыраман. Бул үй Оған тийисли. Сизлердиң усы жерде екениңизди көрсе, сонда Оннан көретуғыныңызды көресиз!» — деди.

Қорқпасгүлдиң сөзлери үлкен тәсир көрсетти. Үйдиң қапысы ашылып, Қорқынышовлар бир-бирине сүрнигип, жән-жаққа тым-тырақай қаша баслады. Қорқпасгүл өзине кеўли толған ҳалда мыйық тартып, олардың масқарашылық пенен қашып баратырғанына қарап турды. Олардың ең соңғысы кетип болғаннан соң, ол Қорқақгүлдиң үйине кирди. Қорқақгүл қорқыныш ҳәм қайғыдан қыйналған еди, ол әсте-ақырын Қорқпасгүлге болған ўақыяның ҳәммесин: қанша саатлар даўамында азап шеккенин ҳәм қараңғы түскенде, олардың өзин қалай урлап кетиўди шешип қойғанын айтып берди.



Қорқпасгүл ханым ушын қорқыныш сезими бийтаныс болғанлықтан, ол жаңағы қарақшылар топарын аңсат ғана қуўып жиберген еди. Өзин услап алмастан бурын ағайинлерине дәрҳал қарсылық көрсетпеген ақылсыз қызға Қорқпасгүл ханым кейимекши болып еди, бирақ ол қалтырып, жүзлери қуўарып, қорқыныштан көзлери бақырайып турған Қорқақгүлди көрип, ишинен: «Бир нәрсе деген менен не пайда? Бәрибир де ол басқаша жасай алмайды, себеби олардың бири-ғо. Қорқыныш оның қанында жайласқан, ишиндеги душпаннан жаманы жоқ. Мениңше, оған Шопаннан басқа ҳеш ким жәрдем ете алмайды», — деп ойлады.

Сонлықтан қалтырап турған қызға ақыл үйретиўдиң орнына, ол тек оның ийнинен қақты да, өзиниң аналық жүрегиндеги пүткил мийрим менен: «Қарағым, енди өзиңди қолға ал. Мен асханаға барып, бизлерге жақсылап шай демлеп келейин. Сен дәрҳал өзиңди жақсы сезе баслайсаң. Оҳ, жаңағылар бул жерге де кирипти-ғо. Бизлерге шәйнек қойып та кетипти», — деп, асхананың есигин ашып, столдағы дастурханды ҳәм асығыс қашып кеткен, шақырылмаған қонақлардың ешейин кешки аўқат ушын көрген таярлық излерин көрди.

«Ҳәй, қарақшылар тодасы сениң-ә», — деп тоңқылданды өзинше Қорқпасгүл ханым. Кейин олардың өзинен қалай қашқанын есине түсирип, кеўли толып, мыйық тартып қойды. Қорқпасгүл ханым менен Қорқақгүл бирге шай ишти. Ал қорқпайтуғын қоңсы апай бағанағы шақырылмаған қонақлардың изин шаққанлық пенен жыйнап болғанда, Қорқақгүл өзин толық қолға алған еди. Әлле қашан қараңғы түскен еди ҳәм не ушын Оның шақырығына жуўап бермегенин түсиндирип бериў ушын, Шопан менен ойласылған жерге барыўға да жүдә кеш болып қалған еди. Енди ол азанды күтиўи керек еди.

Солай етип, Қорқпасгүл ханымның мәсләҳәти бойынша Қорқақгүл уйқыға жатты. Өткен күнниң ўақыялары оны пүткиллей ҳалдан талдырған еди. Қоңсы ханым оның үстиндеги көрпени ғамхорлық пенен қымтап қойды да, бетинен сүйип, хошласты. Ол Қорқақгүлге қонып қала алатуғынын айтып, усыныс етти, бирақ оны үй-иши күтип отырғанын билгенликтен, Қорқақгүл бундай кең пейиллик пенен исленген усыныстан бас тартты. Деген менен, кетеринен алдын Қорқпасгүл оның кәтиниң қасына қоңыраў қойып, егер түнде бир нәрсе тынышын алса, қоңыраўды шалса болды, пүткил үй-иши менен жәрдемге жетип келетуғынын айтып, исендирди. Соңынан ол кетип қалды, ал Қорқақгүл үйинде бир өзи қалды.

Үшинши бап

# Түнде қашып кетиў



Бийшара Қорқақгүлдиң көзи илинбей, өз төсегинде жатырған еди. Ақыл-ойы ҳәм денеси соншелли жарақатланғанлықтан, ол бир қәлипте жата алмады. Түнниң ярымы аўған болса да, қыбыр-қыбыр етип, ана жақтан мына жаққа аўнай берди. Оның сана-сезиминиң жасырын мүйешлеринде күшли қәўетерлениў орналасып алған болып, бир нәрсени еске түсириўди урынғандай, бирақ ҳеш буны ислей алмайтуғындай еди. Ақыры ол уйқыға кетсе де, бул ой оған түсинде де тынышлық бермеди.

Бир ямаса еки саатлардан соң, Қорқақгүл кескин ҳәм қәўетерли жағдайда оянып кетип, бурын болмаған қандай да бир азапты сезди. Жүрегиндеги тикен шыдам болмастай дәрежеде сызлап, солқылдап тур еди. Бул аўырыў бир нәрсени тоқылдатып түсиндирип атырғандай болып түйилди. Буны ол бурын өзи албырағаны себепли түсинбеген еди. Соң бирден оның ядына бир нәрсе сап

ете қалды. Ол қайта-қайта: «Өзи ўәде еткендей, Шопан келип, мени шақырған еди. Ал мен Оны күтип алмадым ҳәм Оған ҳеш қандай жуўап та бермедим! Ол мени пикирин өзгерткен ҳәм Өзи менен кеткиси келмеген, деп шешкен болса не қыламан? Ол менсиз кетип қалған болса ше? Аўа, Ол мени усы жерге таслап, менсиз кетип қалған!» — деди.

Усы ойлар күшли тәсир жасады. Бул ол есине түсире алмаған нәрсе еди. Шопан өзине буйырған болса да, Оны не ушын күтип алыўға шықпағанын ол түсине алмады.

Өзи шақырыўдан-ақ, Қорқақгүлдиң изине дәрҳал ериўи кереклигин Шопан талап етип айтқан еди. Себеби Оның Өзи асығыс жумыс бойынша таўға барыўы керек еди. Ал Қорқақгүл сол күни кеште әдеттегидей суў бойына бара алмады.

Әлбетте, Шопан оны қорқып қалды деп, ойлаған болса керек. Бул дурыс болыўы итимал, өйткени Ол бир Өзи кетип қалды-ғо! Қорқақгүл муз болып, тислери қалшылдай баслады. Деген менен, оның ең үлкен бахытсызлығы — жүрегиндеги аўырыў болып, ол өзин туншықтырып атыр еди. Қорқақгүл суўықтан ҳәм қорқыныштан қалтырап, төсекте тикейип отырды. Егер Шопан оны таслап, Өзи кетип қалған болса, буны ол көтере алмайды.

Оған жақын жайласқан стол үстинде ески қосықлар жыйнағы жатыр еди. Қорқақгүл китапқа шыраның жақтысында нәзер таслап, оның өзиндей бир шопан қыз ҳаққында айтылған қосық жазылған бетте ашық турғанын байқады. Қосықа сол шопан қыз да Қорқақгүл сыяқлы сүүйиспеншилик шақырығына жуўап бере алмағаны, ал кейин сүйиспеншилиги кетип қалғанын түсингенде, ҳәммеси кеш болғаны туўралы айтылған еди.

Қорқақгүлге бул қосық ҳәмме ўақытта оғада қайғылы болып көрингенликтен, ол қосықты қыйналып айтатуғын

еди. Бирақ енди ол қосықтың сөзлерин қараңғыда ҳәм түнги жалғызлықта қайталап отырғанда, бул сөзлер оның бахытсыз ҳәм қорыққан жүрегиниң наласындай болып түйилди.

*Өз төсегимде Оны излеймен,*
*Жүрегим қәлеген инсанды.*
*Жанымда ҳеш ким болмағансоң,*
*Жолға түсемен асыға.*

*Узақ-алыс жолға атланаман,*
*Қала көшелерине шығып,*
*Өз сүйиклимди қайтарып,*
*Қәдирлимди әкелиў ушын.*

Усы жерге келгенде, китаптың басқа бетин ашыў керек еди. Бирақ Қорқақгүл буны ислемеди. Тосаттан ол алдында не болатуғынын билмеў сезимин көтере алмайтуғынын түсинди. Ол дәрҳал-ақ, Шопанның өзин ҳақыйқаттан-ақ таслап кетти ме, я яқ па, соны анықлап билмекши болды. Қорқақгүл тезлик пенен төсегинен суўырылып шықты да, қалтыраған қоллары айтқанын тыңлай алғанша жылдам кийинди. Соңынан ол сыртқы қапыны ашты. Қосықта айтылғандай, оны табыў ушын ол да «узақ-алыс жолға атланады». Және де, Ол өзин таслап кетти ме, соны анықлап билиўи тийис. Оҳ, бул нәрсе мүмкин болғанда ма еди! Бәлким, ол еле өзин күтип турған ҳәм және бир мүмкиншилик бермекши шығар?

Қорқақгүл қапыны ашып, түнги қараңғылыққа қарай адым атты. Бундай адамсыз көшеде жасырынып турған жүзлеген Қоянжүреклер де оны артқа қайтара алмас еди. Себеби оның жүрегиндеги аўырыў ҳәмме нәрсени, ҳәтте, қорқынышты да басып, алға жетеклер еди. Солай етип, таң атыўдан алдын болатуғын қараңғылықта Қорқақгүл Шопанды излеп, жолға шықты.

Шексиз далалар бетке қарай аўыл көшелери менен аяғын силтеп басқан Қорқақгүл ақсақлығы себепли тез жүре алмады. Ол кетип баратырып, ишинен сыбырлап: «О, Шопан, сүйиспеншилик пенен аўырыў бирге жүреди дегениңде, Сен қаншелли ҳақ едиң!» — деди. Жүрегине тикен егилиўдиң не екенин аз-маз болса да билгенде, ол буған келисим берер ме еди? Енди ҳәммеси кеш болды. Оның жүрегинде әлле қашан тикен бар еди. Және де, оның жүрегинде сүйиспеншилик ҳәм аўырыў да бар еди. Сонлықтан енди ол Шопанды қалай болмасын табыўы керек еди. Ақыры, Қорқақгүл ақсаңлап, ентигиўи менен жулдызлар жақтысында үнсиз ҳәм қыймылсыз турған қораға келди. Сол жерде сүриўди қараўыллаған бир-еки адам да бар еди. Жақынлап киятырған аяқ сеслерин еситип, олар жерден турып, кимниң киятырғанын көриў ушын сыртқа шықты.

— Кимсең? — деп сорады олар қараңғылық ишинен ҳәм Қорқақгүлдиң паныслар жақтысында аппақ болған жүзи менен қорыққан көзлерине ҳайран болып, тигилип қалды.

— Бас Шопан усы жерде ме? — деди Қорқақгүл демин үҳлеп шығарып. Ол зорға дем алып, ҳалықлаўы менен қораға сүйенди.

Қараўыл оған қызықсынып қарап:

— Яқ. Бүгин түнде ол бизлерге жол-жорық берип, сүриўлерди бизлерге таслап кетти. Ол қәдимгидей өзиниң таўға барыў кереклигин айтты, бирақ қашан келетуғынын айтпады, — деди.

Қорқақгүлдиң аўзына сөз түспей қалды. Ол ыңырсынып, қолларын жүрегине басты: қыялына жүреги тарс айырылып кететуғындай болып көринди. Енди не қылса болады? Ол кетип қалған! Ол Қорқақгүлди өзи менен кеткиси келмейди деп ойлап, күтпей, кетип қалған.

Үмитсизликтен қалтырап, Қорқақгүл шарбаққа сүйенди. Шопанның жүзин, таўға алып кетиўди усыныс еткенде Оның көзлериндеги мийрим ҳәм сүйиспеншиликти есине түсирди.

Қорқақгүлдиң басына, өзин жақсы түсинген, барлық қорқынышларын билген ҳәм оның менен бирге қыйналған адам таслап кетпейди, деген ой келди. Қорқақгүл басын көтерип, ойпатлыққа ҳәм алыслардағы шығыс таўларына ҳәм Бийик шыңларға қарады.

Шығыста жақтылықтың жиңишке сәўлеси көринди ҳәм Қорқақгүл жақын арада қуяш шығатуғынын билди. Бирден ол сол кеўилсиз қосықтың соңғы қатарын есине түсирди. Бул Қорқақгүл басқа бетин ашпаған сол китаптағы соңғы қатар еди. Жанындағы путаларда кишкене қус өз шырылдысын баслағанда, ол сол сөзлерди есине түсирди.

*Мине, мен көремен таң сәҳәрде,*
*Жүрегим излеген адамды.*
*Оның менен мәңги қаларман,*
*Бирге болыў тәғдиримизге жазылған.*

Қорқақгүл қалтырағанын қойып, өз-өзине: «Қойлар суўғарылатуғын жерге барайын, мүмкин, ол мени күтип турған шығар», — деди. Кейин ол қараўыллар менен бир-еки аўыз сөйлесип, қубла тәрепке қарай жол алды. Қорқақгүл бурын өзи Қоянжүрек пенен ушырасқан атыз арқалы қойларды суўғаратуғын қудық бетке кетти. Ол өзиниң ақсаңлағанын умытып, қудықты қоршаған алыс аўыллар тәрепке қарай жүре берди.

Таўлар үстиндеги аспан қызғыш түске ениўден, Қорқақгүл қуўанышлы түрде сылдырлап аққан суўдың сестин еситти. Алдыға қарай асығып баратырған ол жүрегинен қосық ағып киятырғанын байқады. Ол сол жерде еди! Ол қудық басында оған қарап турар, жүзинде таң нуры

жарқырар еди. Қорқақгүл сүрнигип кетип, оның аяқларына жығылды ҳәм оған:

— О, Ийем мениң, ўәде еткениңдей, мени Өзиң менен алып кет. Мени бул жерде қалдырма, — деди.

Сонда Ол Қорқақгүл тәрепке тез адым атты да, мийримлилик пенен:

— Мен сениң келетуғыныңды билер едим. Қорқақгүл, неге кеше кешқурын қойларды суўғаратуғын жерге келмедиң? Мен үйиңниң қасынан өтип баратырып, сени шақырғанымда, еситпеген бе единң? Мен саған бүгин қуяш шығарда жолға атланыўға таяр турыў кереклигиңди айтпақшы едим, — деди.

Ол сөйлеп турғанда, таўлардың уша басларында қуяш толық көтерилип, таўларды алтын түске бөледи.

Қорқақгүл еле Оның аяқларының түбинде дизерлеп отырып:

— Мен усы жердемен ҳәм Сениң менен қәлеген жағыңа бараман», — деди.

Сонда Шопан оның қолларынан услады да, олар таўға қарай жол алды.

Төртинши бап

# Жол басында



Әжайып күнниң ерте таңы атып, ойпатлық еле уйқыдан оянбағандай болып түйилетуғын еди. Тынышлықты тек сайдың қуўанышлы ағысы ҳәм қуслардың кеўилли сайраўы бузар еди. Шөпте шық жылтырап, дала гүллери маржан сыяқлы жарқырап турған еди. Қойыў қызыл, ақшыл қызыл ҳәм қырмызы реңли жабайы анемонлар айрықша әжайып түске енип, пүткил жайлаў бойлап өсип тур еди. Олардың кишкене ҳәм сулыў төбелери тикенлер арасынан көринип турар еди. Айырым ўақытлары Шопан менен Қорқақгүл ақшыл қызыл ҳәм қызғылт көк майда гүллердиң атаўы арқалы өтетуғын еди. Сол гүллер биримлеп қарағанда әҳмийетсиз болса да, бирге қосылып патшалар сарайындағы гилемлерден де әжайып болған гилем жаратып тур еди.

Бир күни Шопан еңкейип, қолларын әсте гүллерге тийгизди де, мыйығынан күлип, Қорқақгүлге:

— Өзиңди кишипейил тут, сонда Сүйиспеншилик сениң аяқларыңныӊ астында гүллерден гилем төсегенин көресең, — деди.

Қорқақгүл оған салдамлы түрде қарап:

— Мен тез-тез дала гүллери ҳаққында ойлайтуғын едим. Әлбетте, буншелли көп гүллердиң жердиң елсиз мүйешлеринде өсиўи таң қаларлық нәрсе. Оларды ҳеш ким көрмейди ҳәм ешки-сыйырлар да басқыламайды. Олар соншелли гөззаллық ҳәм нәзиклик бағышлаўы мүмкин, бирақ оларды кимге бере алады? Ҳәтте, оларды баҳалайтуғын адам да жоқ-ғо, — деди.

Шопанның Қорқақгүлге таслаған нәзери соншелли әжайып еди. Ол Қорқақгүлге әсте былай деди:

— Мениң Әкем ҳәм Мен жаратқан ҳеш бир нәрсе босқа кетпейди. Ал мына кишкене дала гүллери бизлерге сабақ бола алады. Оларды баҳалайтуғын ҳеш ким жоқтай болып көринсе де, олар өзлерин соншелли жағымлы ҳәм исенимли қылып көрсетеди. Сүйгениң сени сүймесе де, сениң сүйе бериўиң — қаншелли бахыт екенин билдиргендей болып, олар өз-өзине қуўанышлы қосық айтқандай болады.

Мен саған уллы ҳақыйқатлықты ашпақшыман, оны ҳәмме де түсине алмайды. Адамның жан дүньясындағы барлық әжайып нәрселер, оның уллы жеңислери ҳәм айтарлықтай жетискенликлери — булар бәрқулла ҳеш ким билмейтуғын ямаса аз билетуғын нәрселер. Адам жүрегиниң сүйиспеншиликке берген жуўабы ҳәм адамның «өзим» деген сезими үстинен сүйиспеншиликтиң ерискен жеңиси — бул Сүйиспеншилик терегиндеги гүл.

Дүньяға белгисиз болған жасырын, тыныш ҳәм әпиўайы өмирлер — Сүйиспеншиликтиң гүллери менен жемислери жетискенликке ерискен ҳақыйқый бағ. Бул бағ Сүйиспеншилик Патшасының сүйикли орны болып, Ол

сол жерде Өз дослары менен қуўанып, сейил етеди. Ҳақыйқаттан да, Маған хызмет етиўшилердиң айырымлары уллы ҳәм айқын жеңиске еристи, бул ушын адамлар оларды жақсы көреди ҳәм ҳүрмет етеди. Бирақ олардың уллы жеңислери ҳеш кимге белгисиз болған дала гүллерине мегзейди. Қорқақгүл, сен бул сабақты ҳәзир, бизлер төменде, ойпатлықта болған ўақтымызда үйренип ал, сонда сен тик жарларға жеткениңде, бул саған жубаныш болады. Ҳәмме қуслар қуўанышлы қосық айтпақта, жүр, бизлер де оларға қосылайық, ал қосық тақырыбын гүллер айтып берсин.

Солай етип, олар ойпатлық бойлап дәрья тәрепке кетти ҳәм биргеликте Шопанның ески қосықлар жыйнағындағы бир ески қосықты айта баслады. Олар бирге, гезек пенен айтты:

*Сарон розасы сыяқлыман,*
*Дала гүлиндеймен мен,*
*Лала тикени қәўипсиз болып,*
*Муҳаббат гөззал сениң менен.*

*Сениң муҳаббатың мен ушын мисли,*
*Тереклер ишиндеги алма тереги,*
*Мени қөлеңкең менен қорғап,*
*Бересең жемислер мазасын мол етип.*

*Мени сарайыңа алып кирдиң,*
*Сүйиспеншилик сырын ашып билдирдиң.*
*Дүнья ушын сүйкимсиз болғанға*
*Патшалық тажын кийдирдиң.*

*Қутқарың мени кеселден,*
*Жүрек уяттан өртенер.*
*Ҳаялы болып аталыўға оның,*
*Мен ылайықлы емеспен.*

*О, өтинемен, қызларым,*
*Тоғайлар саясындағы кийиклер,*

*Әзизим, тыныш уйықласын,*
*Оның муҳаббаты маған қуўаныш келтирер.*

Қосық айтып болып, Қорқақгүл ҳәм Шопан өзлери баратырған соқпақты кесип ағып турған сай жанына келди. Сай төменге қарай сылдырлап ағып турған болып, оның ағысының тез ҳәм қатты шуўылдағаны соншелли, әтираптағы пүткил ойпатлық оның шақалақ атқан сестине толған еди.

Сол ўақытта Шопан Қорқақгүлди ығал ҳәм тайғақ таслар арқалы өткизип атырған еди. Сонда Қорқақгүл оған былай деди:

— Мен ағып турған мына суўлардың не ҳаққында қосық айтып атырғанын қатты билгим келеди. Гейбир ўақытлары мен түнниң тыныш ўақтында өз төсегимде жатып, үйимдеги атыз жанынан ағатуғын кишкене сайдың сестин тыңлайман. Ол өз-өзине қайта-қайта әжайып ҳәм сырлы хабар жәриялағандай, кеўилли ҳәм бахытлы түрде сылдырлайды. Мениң нәзеримде, аққан барлық суўлар бәлент ҳәм анық, тыныш ҳәм жумсақ қылып, бир қосықты айтқандай болады. Мен суўлардың не айтқанын қатты билгим келеди! Олардың сести теңиз ҳәм дузлы суўдың сестинен парық қылады. Бирақ мен оларды түсинбеймен. Бул — белгисиз бир тил. Маған айтшы, Шопан, Сен суўлар өз жолы менен асығыс аққанда не ҳаққында қосық айтатуғынын билесең бе?

Шопан және мыйығынан күлди ҳәм олар бир неше ўақыт даўамында кишкене ағыс жанында үндемей турды. Сонда ағыс олардың өзин тыңлаў ушын тоқтағанына қуўанып, еле де қаттырақ ҳәм шадлырақ болып шуўылдағандай болып көринди. Тосаттан Шопанның қасында турған Қорқақгүлдиң қулақлары ашылып, суўлардың тилин әсте-ақырын түсине баслағандай болды. Олардың тилин, әлбетте, түсинип жетиў мүмкин емес. Мен

аўдарыўға урынып көрдим, бирақ бул пайдасыз. Өйткени суўлардың қосығын намаға түсириўге болады, бирақ оны сөз бенен айтып жеткизиў қыйынырақ соғады. Деген менен, ол шама менен мынадай еди:

СУЎЛАР ҚОСЫҒЫ

*Алға жуўырыўға еринбеймиз,*
*Ҳәр күни төменге қарай, төмен.*
*О, төмен қарай жылжыў қаншелли шадлық,*
*Жарысып бир-биримиз бенен.*

*Сүйиспеншиликтиң бул нызамын билемиз,*
*Бахытта да өзимизди пәс тутамыз.*
*Өзимизди бағышлаў әжайып,*
*Төменде тыныш ғайып болып.*

*Күни-түни шақырық тыңлап,*
*Шақырық пенен алға жуўырып,*
*Бийиклерден секиремиз биз,*
*Шайқымласып, төменге, ойпатлыққа асығамыз.*

*Бәрқулла төменге жуўырып,*
*Төменде болыўды қәлеймиз биз.*
*Бул қаншелли әжайып сезим,*
*Жоқарыдан төменге, қуяр жерге.*

Қорқақгүл аз-маз тыңлап: «Бул — жүдә сырлы», — деди де, бунның мыңлаған қуйылысқан сеслер, сылдырлы, бүлкилди, шалпылды ҳәм шуўылдыларға толы қайта-қайта тәкирарланыўшы қосық нақыраты сыяқлы екенин түсинди.

«Бизлерге еле де төмен ағыўға рухсат етиң», — дегендей, суўлар қуўанышлы қосық айтар еди. Себеби олар: «Бизлерди неге Бийик шыңларға шақырасаң, бунның мәниси не?» — дегендей, ең төмен жерге асығар еди.

Сонда Шопан:

— Бийик шыңлар — бул төменге, дүньядағы ең төмен жерге саяхат етиўге атланатуғын басланғыш майданы. Аяқларың кийиктиң аяқларындай болғанда, сен таўлар

бойлап шапқылап, төбешиклер бойлап секире аласаң. Сонда сен Мен сыяқлы Бийик шыңлардан жуўырып түсип, үлкен қуўаныш пенен өзиңди бағышлаўың, ал кейин және бийикликке миниўиң мүмкин. Сен бүркиттен де тез Бийик шыңларға көтериле аласаң. Өйткени тек Сүйиспеншиликтиң Бийик шыңларында ғана бизлер төменге қарай бағышланып, толық берилип умтылыўымыз ушын күшке тола аламыз, — деди.

Бул сөзлер Қорқақгүлге жүдә сырлы ҳәм таң қаларлық болып түйилди. Деген менен, енди оның қулақлары ашылғаннан соң, ол суўлардың қосығын түсине баслады ҳәм оны ҳәмме жерде еситетуғын болды. Сол қосықты олардың соқпағын кесип өтип, қасынан ағып турған барлық кишкене сайлар айтар еди. Және де, дала гүллери де усындай қосық айтар, бирақ басқа тилде, яғный гүллер тилинде айтар еди. Бул тилди де суўлар тили сыяқлы ақыл менен емес, ал жүрек пенен түсиниў керек еди. Сол қосықтың өз нақыраты болып, оны мың-мыңлаған гүллер ҳәр қыйлы муқамларда айтар еди.

*Басқаларға мийримли болыў,*
*Бизлер ушын орнатылған нызам.*

Буннан кейин, Қорқақгүлге әтирафтағы барлық кишкене қуслар да усыны айтып, сансыз муқамда шырылдап, сайрағандай болды. Бирақ бул қосықтың нақыраты бирдей болып, бәрқулла былай айтылатуғын еди:

*Қуўанышта жигер бар,*
*Жан Қудай менен болғысы келер,*
*Ал бахыт — бул сүйиў демек.*

Сонда Қорқақгүл бирден:

— Мен бурын ойпатлығымыздың сондай гөззал жер екенин ҳәм бул жерде соншелли көп қосықларды еситиўге болатуғынын билмеген едим, — деди.

Шопан күлип жиберип, былай деп жууап берди:

— Тек Сүйиспеншилик ғана жаратылғанлардың жүрегиндеги наманы, гөззаллықты ҳәм қуўанышты ҳақыйқаттан түсине алады. Мен еки күн алдын сениң жүрегиңе Сүйиспеншилик туқымын еккенимди умыттың ба? Ол әлле қашан саған өзиң бурын байқамаған затларды еситиўге ҳәм көриўге жәрдем ете баслады.

Қорқақгүл, сенде Сүйиспеншилик өскен сайын, бурын өзиң әрман етпеген көп нәрселерди түсинип барасаң. Сенде көплеген бийтаныс тиллерди билиў сыйы раўажланады ҳәм сен Сүйиспеншилик тилинде сөйлеўди үйренесең. Бирақ алдын Сүйиспеншилик әлипбесин үйренип, аяқларыңды кийиктиң аяқларындай қылып раўажландырыўың тийис. Сен усы еки нәрсени Бийик шыңларға баратуғын жолыңда үйренесең. Мине, бизлер ҳәзир дәрья бойындамыз. Дәрьяның арғы жағасында таўлар басланады. Бизлер ол жерде сени алып барыўшы еки адамды ушыратамыз. Олар сени күтпекте.

Қорқақгүл ишинен: «Дәрьяға тез жетип келип, әлле қашан таўларға жақынлағанымыз ҳақыйқаттан да әжайып ҳәм таң қаларлық болды», — деп ойлады. Ол Шопанның қолына сүйенди. Шопан Өз күши менен қоллап-қуўатлағанлықтан, Қорқақгүл ақсақлығын умытып, шаршаўды да, ҳәлсизликти де умытты. О, таўға баратуғын пүткил жол бойы өзин тек Ол алып жүрип, бул исти басқаларға тапсырмаса жақсы болар еди!

Қорқақгүл усыларды ойлады ҳәм Шопанға жалынып:

— Сениң Өзиң мениң менен бирге бармайсаң ба? Сен жанымда болсаң, мен күшлимен. Ҳәне де, мени Сеннен басқа ҳеш ким Бийик шыңларға алып бара алмайтуғынына исенемен, — деди.

Шопан Қорқақгүлге Өзиниң барлық мийримлилиги менен қарап, әсте былай деди:

— Қорқақгүл, Мен сен қәлеген нәрсени ислей алар едим. Бийик шыңларға көтерилиўге өзиңди жиберип қойғанша, сени Өзим алып бара алар едим. Бирақ егер Мен усылай ислесем, сениң аяқларың кийиктиң аяқларындай болмайды ҳәм сен Маған жолдас болып, бирге бара алмайсаң. Егер сен бул рет Бийик шыңларға Мен таңлаған адамлар менен бирге барсаң, аяқларың кийиктиң аяқларындай болады. Деген менен, саяхат жүдә узақ ҳәм айырым ўақытлары жүдә қыйын болып көриниўи мүмкин.

Соңынан сен Мениң менен бирге сейил етип, таўларды асып секириўиң, жоқары көтерилиўиң ҳәм ҳәп заматта төмен түсиўиң мүмкин. Буннан тысқары, егер Мен сени жоқарыға, яғный Бийик шыңларға ҳәзир, жүрегиңдеги Сүйиспеншилик туқымы еле кишкене ўақтында апарсам, сен Сүйиспеншилик Патшалығында жасай алмайсаң. Сен оның сыртында, душпанларың жасаўы мүмкин болған жерде қалыўың керек болады.

Билесең бе, олардың айырымлары таўлардың төменги жанбаўырларына келиўи мүмкин. Таўларға көтерилгениңде, оларды ушырататуғыныңа исенимим кәмил. Минекей, сонлықтан Мен муқыятлы түрде сен ушын ең жақсы ҳәм ең күшли еки жолдас таңлап қойыппан. Деген менен, сени исендирип айта аламан, Мен сеннен бир сәт те алыслап кетпеймен ҳәм сениң жәрдем сораған даўысыңды еситемен. Мен сениң менен бәрқулла бирге боламан. Бирақ сен Мени ҳәмме ўақытта көре алмаўың мүмкин. Мен саған ўәде беремен, енди болатуғын саяхат аяқларыңды кийиктиң аяқларындай қылыўға хызмет етеди.

Қорқақгүл қалтыраған даўыс пенен:

— Мен Бийик шыңларға жетип барғанымда, маған жаңа ат бересең бе? — деди.

Бирден ол әтирапындағы намаға итибарсыз болып қалып, оны және қорқыныш ҳәм жаман сезимлер бийледи.

Шопан оған жуўап берип:

— Аўа, әлбетте. Сүйиспеншилик гүли сениң жүрегиңде гүллеўге шамаласқанда, басқалар да сени сүйетуғын болады ҳәм сен жаңа ат аласаң, — деди.

Қорқақгүл көпир үстинде тоқтады да, басын бурып, өзи басып өткен жолға қарады. Ойпатлық жасыл ҳәм тыныш көринди, ал булар етегине жақынлаған таўлар бәлент ҳәм қорқынышлы қорған сыяқлы болып турды. Ол Тәшиўиш деп аталған өз аўылын қоршаған алыслардағы тереклерди көре алды ҳәм сүриў жайылған жайлаўдағы Шопанның бахытлы жәрдемшилерин көз алдына келтиргенде, бирден жүреги «шым» ете қалды. Және де, ол өзи жасаған тыныш ақ үйин де көз алдына келтирди.

Усы көринислер Қорқақгүлдиң көз алдына келгенде, көз жаслары шекелерин жуўып, жүрегиндеги тикен шаншып кетти. Бирақ ол дәрҳал Шопанға бурылып қарады да, Оған миннетдаршылық пенен:

— Мен Саған исенемен ҳәм Сен қәлеген ҳәмме нәрсени ислеймен, — деди.

Кейин Қорқақгүл басын көтерип, Оның жүзине қарады. Шопан мүләйимлилик пенен күлди де, оған ҳеш қашан айтпаған сөзлерин айтып:

— Қорқақгүл, сенде және бир жүдә сулыў қәсийет бар: сениң көзлериң соншелли исенимли. Ал исеним — дүньядағы ең әжайып нәрселердиң бири. Мениңше, сениң көзлериңде исеним нурланып турса, сен ҳаял патшаның көп гөззалларынан да сүйкимлирек болып көринесең, — деди.

Тез арада олар дәрьяның арғы жағында болып, төменги жанбаўырларға көтерилетуғын соқпақ болған таўлар ете-

гине жақынлады. Бул жерде үлкен жумалақ таслар ҳәмме жерде жайрап жатыр еди. Тосаттан Қорқақгүл соқпақ шетиндеги таслардың биринде отырған еки ҳаял сүлдерин көрди. Ҳаяллар жаўлыққа оранған еди. Қорқақгүл Шопан менен бирге сол жерге келгенде, ҳаяллар орынларынан турып, үнсиз бас ийди.

Сонда Шопан сыбырлап:

— Булар — саған ўәде етилген жол көрсетиўшилериң. Усы ўақыттан баслап, сен тик ҳәм қыйын жерлерден өткениңде, олар саған жолдас ҳәм жәрдемши болады, — деди.

Қорқақгүл оларға қорқыныш пенен қарады. Әлбетте, олар бийик ҳәм жүдә күшли болып көринетуғын еди, бирақ не ушын олардың жүзлери жабық екен? Қорқақгүл оларға қанша қараған сайын, олардан соншелли қорқа баслады. Олар жүдә үнсиз, күшли ҳәм сырлы еди. Олар неге сөйлемейди? Неге жыллы сөзлерди айтып, сәлемлеспейди?

Қорқақгүл Шопанға сыбырлап:

— Олар кимлер? Сен маған олардың атларын айтасаң ба? Олар неге мениң менен сөйлеспейди? Олар не гүңелек пе? — деди.

Шопан жүдә әсте сөйлеп былай деди:

— Яқ, олар гүңелек емес. Олар тек басқа тилде, саған еле таныс болмаған таўлы диалектте сөйлейди. Олар менен бирге саяхат етип, сен әсте-ақырын олардың тилин түсине баслайсаң. Олар жақсы муғаллимлер. Ҳақыйқаттан да, олардан жақсырағын табыў қыйын. Олардың атына келсек, Мен олардың атларын сениң тилиңде айтаман. Ал кейин ала олардың атларын өзлериниң тилинде билип аласаң. Соңынан Ол үнсиз турған биринши ҳаялды көрсетип: — Мынаның аты — Қайғы. Ал екиншиси оның егизи болып, аты — Азап, — деди.

О, бийшара Қорқақгүл! Оның шекелери қуўарып, пүткил денеси қалтырап кетти. Ол өзиниң сәл болмаса талып қалатуғынын сезип, жығылып қалмаў ушын, Шопанға асылды.

Сонда Қорқақгүл:

— Мен олар менен бирге бара алмайман. Бара алмайман! Бара алмайман! О Ийем, маған не ислеп атырсаң? Мен олар менен қалай саяхатқа шыға аламан? Бул мениң қолымнан келмейди. Таўларға апаратуғын жолдың өзи сондай қәўипли ҳәм қыйын екенин, оларға көтерилиў мениң бир өзиме мүшкил болатуғынын Өзиң айтқан едиң-ғо. Солай болса неге, Сен маған жолдас қылып Қайғы менен Азапты берип атырсаң? Мени беккемлеп, жигерлендириўи ушын ҳәм жолда жәрдем бериўи ушын, мениң менен бирге Қуўаныш пенен Тынышлықты жибере алмайтуғын ба едиң? Мен ҳеш қашан Сени усындай қылады деп ойламаған едим, — деп өкирип жиберди.

Бул сөзлерди еситип, Шопанның жүзинде таң қалыў белгиси пайда болды. Соң Ол жүзлери жабылған еки ҳаялға қарап, жүдә мүләйим ғана былай деди:

— Қуўаныш ҳәм Тынышлық. Өзиң ушын таңлаған жолдасларың усылар болар ма еди? Ядыңда ма, Мен сен ушын кимлерди жәрдемши қылып берсем, соларды қабыл етеуғыныңды айтып, ўәде берген едиң, себеби Мениң ең жақсыларын таңлайтуғыныма исенетуғыныңды айтқан едиң. Қорқақгүл, сен еле де Маған исенесең бе? Сен олар менен бирге барасаң ба, я ойпатлыққа, өз ағайин-туўғанларыңа ҳәм Қоянжүрекке қайтыўды қәлейсең бе?

Қорқақгүл шоршып кетти. Бундай шешим қорқынышлы болып көринди. Ол Қорқынышовларды жүдә жақсы билетуғын еди. Бирақ Қайғы ҳәм Азап оған болыўы мүмкин болған оғада жаман нәрседей көринди.



Сонда Қорқақгүл Шопанға қарап, Оған хеш гүманлана алмайтуғынын ҳәм Оған ериўди тоқтатып, артқа қайтып кете алмайтуғынын, өзиниң қалтыраған ҳәм бахытсыз жүреги менен Оны жақсы көретуғынын бирден түсинди. Ҳәтте, егер Ол мүмкин болмаған нәрсени талап етсе де, бас тарта алмайтуғынын түсинди.

Қорқақгүл Шопанға жалынышлы түр менен қарап:

— Артқа қайтқың келе ме дейсең бе? О Шопан, мен кимге бараман? Мениң пүткил дүнья жүзинде Сеннен басқа хеш кимим жоқ. Саған ериў жүдә қыйын болған жағдайда да, маған изиңе ериўге жәрдем бере гөр. Сени жақсы көриўге қуштар болғаным сыяқлы, Саған исениўге де жәрдем бере гөр, — деди.

Бул сөзлерди еситип, Шопан бирден басын көтерди де, күлип жиберди. Оның күлкисинде шадлық, салтанат ҳәм қуўаныш бар еди. Шопанның күлкиси олар турған тик жарларда жаңғырық болып жаңлады ҳәм пүткил таў дизбеклери Оның менен бирге күлип атырғандай болып түйилди. Жаңғырық кем-кем жоқарылап, тастан-тасқа, жартастан-жартасқа секирип өтип, ең жоқарыдағы уша басларға жетти ҳәм соңғы ҳәлсиз сеслер аспанға дейин барғанға қусады.

Күлкиниң соңғы шаўқымы әсте-әсте тынғанда, Шопанның жүдә жумсақ даўысы еситилип:

— «Сен пүткиллей әжайыпсаң, сүйиклим мениң, сенде жоқ хеш қандай гирбиң!» (Қосықлар 4:7) — деди. Соңынан Ол: — Қорықпа, Қорқақгүл, тек исен. Мен ўәде етемен, сен масқара болмайсаң. Ҳәзир оларды қабыл ете алмасаң да, Қайғы ҳәм Азап пенен бирге бар. Сен қыйын жерлерге барғаныңда, бир өзиңе қыйын болғанда, олардың қолларынан исенимли түрде тутсаң, олар Мен сени қай жерде көргим келсе, анық сол жерге алып барады, — деди.

Қорқақгүл қыймылдамай, Шопанға қарап турар еди. Шопанның жүзи енди бахыт ҳәм қуўаныштан нурланған еди. Бул басқалардың қутқарылыўы ҳәм азат болыўы себепли болған қуўаныш белгиси еди. Қорқақгүлдиң жүрегинде Шопанның бир избасары тәрепинен жазылған гимн сөзлери жаңлағанда, ол әстен ҳәм қуўанышлы түрде қосық айта баслады:

*Қайғы сағыныш, көз жас ҳәм айырыў әкелер,*
*Ийем, қайғыда Сениң менен бирге қуўанаман мен.*
*Егер олар менде болса, Саған жақынларман,*
*О Масих, Саған жақынларман мен.*

Қорқақгүл ишинен ойланып: «Меннен алдыңғылар да усы жол менен жүрген, ҳәтте, бул ҳаққында қосық та айта алған. Расында да, мен ҳәлсиз ҳәм қорқақ болғаным себепли, соншелли күшли ҳәм мүләйим болған Оның маған қарағанда садықлығы ҳәм қайырхомлығы азайып қалғаны ма? Ақыры, Өз шәкиртлерин қорқыныштан қутқарып, Бийик шыңларға апарыў Оған ең үлкен рәҳәт бағышлайды-ғо», — деди. Және де, ол өзине жол көрсетиўшилер менен бирге жолға қаншелли тезирек атланса, сол даңқлы Бийик шыңларға соншелли тезирек жететуғыны ҳаққында да ойлады.

Қорқақгүл жаўлық жамылған ҳаялларға қарап, алдыға қарай адым атты да, өзинде бурын болмаған батыллық пенен:

— Мен сизлер менен бирге бараман. Мәрҳәмат, маған жолды көрсетиң, — деди.

Бирақ Қорқақгүл, ҳәтте, ҳәзир де олардың қолынан услаўға өзин мәжбүрлей алмады.

Шопан және күлип жиберди ҳәм соңынан:

— Мен саған Өз тынышлығымды қалдыраман. Сенде Мениң қуўанышым толы болады. Саған Бийик шыңларға, яғный мына таўлардың уша басына апаратуғынымды ҳәм

масқара болмайтуғыныңды айтып, ўәде еткенимди умытпа. Ал ҳәзир «күн салқын болып, көлеңке серпилгенде қайтып кел, таў жарығындағы кийик ҳәм жас суўын сыяқлы бол» (Қосықлар 2:17).

Қорқақгүл не болғанын еле түсинбей турып, Ол соқпақ қасындағы үлкен тасқа, кейин басқасына, соң үшиншисине сондай тезлик пенен секирип кетти, ҳәтте, Оның қыймылларын Қорқақгүлдиң көзи илмей де қалды. Ол таўлардың жоқарысына қарай таў төбелериниң бириншихисинен екиншисине секирип, бир неше сәтлерден соң көзден ғайып болды.

Шопан улыўма көзге көринбей кеткенде, Қорқақгүл өзиниң еки жолдасы менен таўға көтериле баслады. Бул — жүдә қызықлы (егер буны ким көрген болса) көринис еди. Қорқақгүл ақсаңлап, Бийик шыңларға қарай жолға түсти. Ол бүрисип, илажы болғанша, жүзлери жабылған мына ҳаяллардан өзин алысырақ тутты. Олардың өзине қарай созылған қолларын байқамағандай болды. Бирақ буны көретуғын ҳеш ким болмады. Өйткени сизлер бир нәрседе исенимиңиз кәмил болсын, кийиктиң аяқларындай аяқларға ийе болыў — бул ҳеш ким тамаша қылмаўы керек болған сырлы ис.



Бесинши бап

# Менменлик пенен ушырасыў

Eң бастан-ақ таўларға апаратуғын жол Қорқақгүлдиң өзи көз алдына келтиргенинен де қыйынырақ болып көринди. Арадан онша көп ўақыт өткенине қарамай, ол қасындағы жолдасларынан жәрдем сораўға мәжбүр болды. Ол Қайғының ямаса Азаптың қолына ҳәр асылғанда, өзинде күтилмеген күшли аўырыўды сезди. Деген менен, Қорқақгүл олардың қолларын қатты қысқанда, оларда ҳәдден тыс күш барлығын билди. Қорқақгүлдиң өзи ҳеш өте алмайман деген жерлерден олар Қорқақгүлди көтерип, алып жүре алатуғындай көринетуғын еди. Ҳақыйқаттан да, олардың жәрдемисиз бул тосқынлықлар аяқларын шынықтырған күшли адам ушын да жеңип болмайтуғын тосқынлықлар еди.

Және аз-маз ўақыт өткеннен соң, Қорқақгүл Қайғы менен Азаптың жәрдемине тек тик жарлар, өз ақсақлығы ҳәм ҳәлсизлиги себепли емес, ал душпанлары себепли

де мүтәж екенин сезе баслады. Егер Қорқақгүл бир өзи шыққанда, душпанлары оны изге қайтыўға мәжбүр қылып, ҳәмме жерде оның алдынан шыға берип, саяхатты қыйын қылатуғынына Қорқақгүл таң қалған ҳәм буны қапа болып, түсинген еди.

Буған түсиник бериў ушын, бизлер артқа, Хорлық ойпатлығына қайтыўымыз ҳәм сол ўақытта ол жерде не болғанын көриўимиз тийис. Қорқақгүлдиң ойпатлықтан қашып кетип, өзлери қатты жек көретуғын Шопан менен бирге таўларға жол алғанын билген Қорқынышовлар хожалығының барлық ағзалары күшли ызаланды. Қорқақгүл бахытсыз ҳәм кишкене майып, мүшеси кемис бир адам болғанда, ағайин-туўғанларының оның менен жумысы да болған жоқ. Ал енди болса, Қорқақгүлдиң бир өзи айрықша деп табылып, Бийик шыңларда жасаўы ушын қабыл етилгени ҳеш шыдап болмайтуғын ис болып көринди. Мүмкин, еле оған уллы Патшаның сарайында хызмет етиўди де исенип тапсырар.

Хожалығындағылар Хорлық ойпатлығында еплеп күн көрип жүргенде, Қорқақгүлге усындай нәрселер несип еткендей, ол ким болыпты? Олардың өзлериниң таўларға барғысы келип атырған жоқ, ҳеш қандай да! Бирақ олар Қорқақгүлдиң усындай ислегенине шыдай алмайды.

Солай етип, Қорқақгүл бирден өз ағайин-туўғанларының көз алдында ҳеш нәрсеге турмайтуғын кишкене адамнан әҳмийетли адамға айланды. Оның тәғдири жақын ағайинлери болған тек Қорқынышовларды емес, ал узақ ағайинлерин де тынышсызландырды. Ҳақыйқаттан да, Қорқақгүлдиң кетип қалғаны Патшаның хызметшилеринен басқа ойпатлықтағы ҳәмме адамлардың қәҳәрин келтирди. Сонлықтан олар өзлери жек көретуғын Шопанның жобаларын бузыў ушын, Қорқақгүлди изге қайтарыў керек деп шешти.

Абырайлы ағайинлердиң барлығы үлкен кеңеске, яғный Қорқақгүлди тутып, оны ойпатлыққа қайтарыў бойынша, ең пайдалы усыл ҳәм жолларды талқылаў ушын жыйналды.

Ақыры Қорқақгүлдиң изинен биреўди жиберип, оны қайтыўға мәжбүрлеў тийис деген шешим қабыл етилди. Деген менен, Қорқақгүл Уллы Шопанның панасында болғанлықтан, оған күш көрсетиў мүмкин емеслигин де тил бириктириўшилер тән алатуғын еди. Демек, Қорқақгүлди алдап, өз қәлеўи бойынша үйине қайтарыўдың қандай да бир жолын табыў керек болды. Бирақ сол жолды қалай тапса болады?

Солай етип, олар Қорқақгүлдиң изинен алыс ағайини болған Менменликти жибериўди бир аўыздан мақул деп тапты. Олар Менменликти бир неше себепке байланыслы таңлаған еди. Бириншиден, ол тек күшли ҳәм ғайратлы болып қоймастан, сулыў ҳәм жас жигит еди. Ол қәлеген ўақтында ҳәдден тыс сүйкимли де бола алатуғын еди. Егер басқа усыллар табыссыз болса, Менменлик басқаларды өзине тартатуғын пүткил күшин екиленбестен иске салып, Қорқақгүлди Шопаннан кетиўге көндириў керекли гин Қорқынышовлар тастыйықлап айтты.

Буннан тысқары, бул жигит өз тәбиятына тән рәўиште жүдә менмен болып, ҳеш қандай сәтсизликке көнбес еди. Ол өз мақсетине ериспегенше, тәслим болмайтуғын еди. Ҳәммеге мәлим болғанындай, өзиниң жеңилгенин мойынлап, Қорқақгүлсиз қайтып келиў — Менменлик ушын ҳеш мүмкин емес нәрсе еди. Сол себептен ол усы исти мойнына алды ҳәм ҳәмме мәселениң дерлик шешилгенин билди.

Минекей, жолда бир неше күн жүрип, әсте, бирақ нық қәдем таслап, Қорқақгүл өзиниң еки жолдасы менен бир күни азанда киятырғанда, өзлерине қарай киятырған

Менменликке дус келди. Әлбетте, Қорқақгүл бул күтилмеген ушырасыўға таң қалды ҳәм оның тәшўишлениўи де бийкарға емес еди. Бул аталас ағасы оны бәрқулла жек көрип, адам есабына да алмайтуғын болғанлықтан, Қорқақгүл оны өзи менен сөйлеседи деп ойламады. Оны қәдимгидей менмен түрде қасынан өтип кетеди деп күткен еди.

Ал Менменлик оларға көринбестен бурын, оларды сыртынан бир неше саат бақлап турды. Қорқақгүлдиң қасында қорғайтуғын еки күшли жолдасы болыўына қарамастан, ол Қорқақгүлдиң қасында Шопанның болмағанына жүдә қуўанды. Сонлықтан олар ушырасқанда, Менменлик Қорқақгүлдиң қасына батыллық пенен, бирақ мүләйим түрде жақынлап келди ҳәм Қорқақгүлди таң қалдырып тоқтады да, оның менен сәлемлесип:

— Ал қарындасым Қорқақгүл, мине, сени де көрип турман. Изиңнен жетемен деп, ҳал-дәрманым қалмадығо, — деди.

Ақ кеўил Қорқақгүл оған:

— Қалайсыз, Менменлик әжаға? — деди.

Әлбетте, ол ақыллылық пенен ис тутып, ойпатлықтағы ҳеш бир ағайини менен сәлемлеспеўи, ҳәтте, тоқтап, сөйлеспеўи де керек еди. Бирақ көп жыл менсинбей келген адам өзине минәсип көрип сәлемлессе, қандай жақсы. Буннан тысқары, онда қызығыўшылық оянды. Менменликтиң орнында қорқынышлы ҳәм жеркенишли Қоянжүрек болғанда, Қорқақгүлди ҳеш ким тоқтатып, оның менен сөйлесиўге мәжбүрлей алмайтуғыны сөзсиз еди.

Менменлик салдамлылық пенен:

— Қорқақгүл, мен саған жәрдем бериў ушын, усы пүткил жолды басып өттим. Өтинемен, саған жәрдем бериўге рухсат ет ҳәм мени дыққат пенен тыңла, — деди де, сыпайылық пенен Қорқақгүлдиң қолынан услады



(олар өтип баратырған жолдың усы бөлеги онша тик болмағанлықтан, Қорқақгүл өз қолын Қайғы ҳәм Азаптың қолларынан жаздырып алған еди). Менменлик сөзин даўам етип былай деди: — Мениң әзиз қарындасым, сен бул әдеттен тыс саяхаттан ўаз кешиўиң ҳәм мениң менен бирге ойпатлыққа қайтыўың тийис. Сен өзиң түсип қалған ҳақыйқый жағдайыңды да, қорқынышлы келешегиңди де түсинип жеткен жоқсаң. Сени бул жарамсыз саяхатқа шығыўға көндиргенниң Өзи (Менменлик Шопанның атын атаўға өзин мәжбүрлей алмады) басқа да ҳәлсиз қурбанларды усылай жолдан урғаны менен белгили.

Қорқақгүл, егер сен қайсарлық етип, жолыңды даўам етсең, саған не болатуғынын билесең бе? Ол сулыў ўәделер берип, Өз Патшалығына апаратуғыны, сизлер ол жерде узақ ҳәм бахытлы жасайтуғыныңыз ҳаққында айтқанлары өтирик болып шығады. Ол сени таўлардың жабайы ҳәм шөл жерлерине алып барып, таслап кетеди ҳәм сонда сен мәңгиге масқара боласаң.

Бийшара Қорқақгүл қолын оның қолынан жаздырып алыўға ҳәрекет етти, себеби енди ғана оның келгендеги мақсетин түсине баслап, Шопанға деген тереӊ жек көриўшилигин байқаған еди. Деген менен, ол қолын қанша жаздырыўға тырысса да, Менменлик оны еле де қаттырақ қыса берди. Қорқақгүл бир нәрсени түсинип жетти: егер Менменликти тыңлай берсе, кейин қанша гүрессе де, оннан қутылыў қатты қыйын болатуғынын түсинди. Қорқақгүл Менменликтиң сөзлерин жек көрди, бирақ қолы оның қолында турғанда, Менменликтиң сөзлери жүдә исенимлидей болып көринди.

Усындай сөзлер Қорқақгүлдиң ойына да келип, жаңа Менменликтиң айтқанларын өзи де жүрегиниң түпкиринде ойламаған ба еди? Егер Шопан оны таслап кетпесе де (ол Шопанның өзин таслап кететуғынына исене

алмас еди), өзине Қайғы менен Азапты жолдас қылып берген Ол ағайинлериниң ҳәм таныcларының алдында масқара болыўына жол қоя алар ма еди (әлбетте, оған жақсы болыў ушын)? Қорқақгүл өзин ҳәммеге масқара қылмай ма? Оны Шопан нелерден өткизетуғынын ким биледи (бул да Қорқақгүлдиң пайдасы ушын болса да, көз алдына келтириў де қорқынышлы)?

Менменликке қолынан услаўға рухсат еткени — қорқынышлы ис екенин Қорқақгүл тосаттан аңлап қалды. Менменликтиң сөзлери айбат көрсететуғын бийликке ийе болып, оның қол тийгизгени арқалы сөзлери нышананы анық атып түсире алатуғын еди.

Менменлик Қорқақгүлге табынлылық пенен:

— Қорқақгүл, изиңе қайт. Еле кеш болмай турып, бул исти қой. Мениң дурыс айтып турғанымды сен жүрек төриңде түсинесең. Сен ҳәммеге масқара боласаң. Ўақыт барда, қоя ғой. Бийик шыңларда жасайсаң деп берилген өтирик ўәде усындай қымбатлы баҳа төлеўиңе тура ма? Сен жоқарыдан излеген Патшалық қандай өзи? — деди.

Өз еркине қарсы түрде ҳәм өзи Менменликтиң бийлиги астында болғанлықтан, Қорқақгүл оған:

— Мен Сүйиспеншилик Патшалығын излемектемен, — деди уялып.

Менменлик жылмыйып, Қорқақгүлге былай деди:

— Өзим де усылай ойлаған едим-аў. Жүрегиң қәлеген нәрсени излемектесең, солай ма? Ал енди айтшы, Қорқақгүл, сенде азғантай болса да ар-намыс бар ма, өзи? Өз-өзиңе саўал берип көрши, соншелли сықылсыз ҳәм көриксиз болғаның себепли, сени ойпатлықта ҳеш ким ҳақыйқаттан жақсы көрмейтуғыны рас-ғо. Бул — ашшы ҳақыйқат. Айтыўларына қарағанда, тек кемшиликсиз ҳәм минсиз сулыўлық ғана киргизилетуғын Сүйиспеншилик Патшалығында сен қәдирли бола аласаң ба?

Ҳақыйқаттан да, сен өзиң излеген нәрсени таба аламан деп ойлайсаң ба? Мен және бир мәртебе айтаман: яқ, сен буны билесең ҳәм сезесең. Ҳеш болмаса, шынлықты билип, бул исти қой. Еле кеш болмай турып, мениң менен бирге жүр.

Бийшара Қорқақгүл! Изге қайтыў тилеги ол ушын мүмкин еместей болып көринди. Бирақ сол ўақытта оның қолын Менменлик услап турғанлықтан, ол Менменликтиң ҳәр бир сөзиниң қорқынышлы ҳақыйқат екенин сезип, көз алдына Шопанның жүзи геўделенди. Ол өзине: «Мен сени масқара болмайтуғын жағыңа апаратуғынымды айтып, ант ишемен», — деп ўәде еткен ўақытта Шопанның нәзериниң қандай екенин көз алдына келтирди. Соңынан ол қандай да узақ ҳәм нур шашыўшы көринисти көргендей болып, Шопанның мүләйимлилик пенен былай тәкирарлағанын еситкендей болды:

*О, сен әжайыпсаң, сүйиклим мениң,*
*Кептер көзлериндей сениң көзлериң.*
*Сен пүткиллей әжайыпсаң, сүйиклим мениң,*
*Сенде жоқдур ҳеш қандай гирбиң.*

Қорқақгүл жәрдем сорап, таўлар тәрепке қарай: «Шопан, маған тезирек келе-гөр! Иркилмей келе-гөр, Ийем!» — деп қышқырып жибергенде, Менменлик не болғанын түсинип те үлгермей қалды.

Домалап түсип атырған таслардың сести еситилип, олардың қасында, соқпақта Шопан пайда болды. Оның жүзи қәҳәрли болып, қолындағы таяғы жоқары көтерилген еди. Бир таяқ тийиўден-ақ, Менменлик қатты қысып турған қолын жаздырды да, тасларға қағылып-сүрнигип, төменге қарай зынғып қашыў менен болды. Бир минуттан соң, ол көзден ғайып болды.

Шопанның даўысы жумсақ еди, бирақ оның ырғағында айыплаў анық билинип турған болып, Ол Қорқақгүлге:

— Сен неге Менменликтиң өзиңе жақын келиўине ҳәм қолыңнан уславына жол қойдың? Егер сен өз жәрдемшилериңниң қолынан услап жүргениңде, бул нәрсе ҳеш қашан болмаған болар еди, — деди.

Сонда Қорқақгүл биринши мәрте өз жолдасларына қарай еки қолын да созды. Олар да Қорқақгулдиң қолларын қатты қысты. Бирақ бул ҳеш қашан усындай азап-ҳәсиретли болған емес.

Солай етип, жоқарыға шығыўда, Қорқақгүл өзиниң биринши ҳәм әҳмийетли сабағын өзлестирип алды. Егер Менменлик пенен сөйлесиў ушын тоқтап, оның зәҳәрли нәсиятларын тыңласаң, буның үстине оған өзиңе қол тийгизиўге ҳәм қолыңнан уславға жол қойып берсең, кейин қайғыны көтериў қатты қыйынға соғып, жүрек дәртине уўайым да жамалатуғын екен. Буннан тысқары, Қорқақгүл ойпатлықтан кеткеннен бери, бундай қатты ақсаңлаған жоқ еди. Қорқақгүл жәрдем сорап бақырғанда, Менменлик оның аяқларын басып алған болып, енди аяқлары бурынғыдан да бетер ақсақ ҳәм ауырыў болып қалды.



# Шөлистанлық арқалы айланып өтиў

Менменлик пенен болған ушырасыўдан соң, Қорқақгүл өз жолдаслары менен бирге өз жолын даўам етти. Бирақ аяғының ақсаңлаўы күшейип кеткенликтен, ол тек әсте ғана жүре алатуғын еди. Деген менен, Қорқақгүл енди еки жолдасының жәрдемин көбирек өз қәлеўи менен қабыл етти. Аяғының азары азайғаннан соң, Қорқақгүл тезирек қыймылдай баслады.

Бир күни соқпақтың бурылыспасында төмен бетте созылып жатырған үлкен шөлистанлықты көргенде, ол қорққанынан ҳәм таң қалғанынан қатып қалды. Қумлы төбешиклер көз жетерликтей дәрежеде созылып атырған болып, бирде бир терек көринбейтуғын еди. Бул шөлистанлықтың бир тақылетлигин тек қум төбешиклердиң үстинде турған таң қаларлық пирамидалар бузатуғын еди. Олар ески, буўрыл, қараўсыз қалған ҳәм төнерген еди. Еки жолдасының төменге алып баратуғын тик соқ-

пақ арқалы түсиўге таярланып турғанын көрип, Қорқақгүл қорқып кетти.

Қорқақгүл орнында қатып қалды ҳәм жанындағыларға: «Ол жаққа барыўдың кереги жоқ. Шопан мени Бийик шыңларға шақырды. Әлбетте, бизлер жоқарыға баратуғын жолды табыўымыз тийис, бирақ төменге баратуғын жолды емес-ғо», — деди. Деген менен, төменге созылып атырған шөлистанлыққа қарай, олар Қорқақгүлге тик соқпақ арқалы излерине ериўди ымлап көрсетти.

Қорқақгүл оңға, соң солға қарады ҳәм бул исенимсиз болып көринсе де, жоқарыға барыў ушын олар жүре алатуғын басқа жол жоқ еди. Баратырған соқпағы бирден таўсылып, олардың жән-жағында дийўал сыяқлы тип-тик қыя таслар көтерилип турған болып, таслардың аяқ қоятуғын бирде бир орны жоқ еди.

«Мен ол жаққа түсе алмайман», — деп жиберди тәсирленген Қорқақгүл. Ол қорыққанынанөзин жаман сезди. «Шопан буны нәзерде тутқан болыўы мүмкин емес. Ҳеш қашан да! Ол мени жоқарыға, Бийик шыңларға шақырды. Бул — Ол айтқан ҳәмме нәрсеге қайшы келеди».

Сонда Қорқақгүл бәлент даўыс пенен ашынғанынан бақырып жиберди: «Шопан, маған келе гөр. О, Сен маған керексең! Маған жәрдемге келе гөр».

Сол ўақытта-ақ Шопан пайда болып, Қорқақгүлдиң қасына келип турды.

Қорқақгүл ҳәсирет пенен:

— Шопан, мен ҳеш нәрсени түсинбей атырман! Маған Өзиң берген жол көрсетиўшилериң мына шөлистанлыққа түсиўимиз кереклигин айтады. Олай болса, бизлер Бийик шыңларға қарама-қарсы болған жаққа бурылып кетемиз-ғо. Сен буны нәзерде тутпаған едиң-ғо, я? Сен Өз-Өзиңе қарсы бара алмайсаң-ғо. Бизлерге ол жаққа

барыўдың кереги жоқ екенин оларға айт, бизлерге басқа жолды көрсет. Шопан, Өзиң ўәде еткениңдей, бизлерди жолға сала гөр, — деди.

Шопан оған қарап, жүдә жумсақ түрде:

— Қорқақгүл, бул сол жолдың өзи-ғо. Сен ол арқалы төменге барыўың тийис, — деди.

Қорқақгүл бақырып жиберип:

— Яқ! Сениң бул айтып турғанларың рас болыўы мүмкин емес. Егер Саған исенсем, мени Бийик шыңларға апаратуғыныңды айтқан едиң-ғо. Ал мына соқпақ қарама-қарсы тәрепке апарады. Бул Сен ўәде еткен ҳәмме нәрсеге қайшы келеди, — деди.

Шопан оған:

— Яқ, қайшы келмейди, ал бул — ең жақсысы иске асыўы ушын, кейинге қалдырыў дегенди аңлатады, — деди.

Қорқақгүлдиң жүрегине биреў пышақ суққандай болды ҳәм ол Шопанға:

— Сонда не, мен төменге, ҳәмме ўақытта мына соқпақ бойлап, шөлистанлық арқалы сол жабайы жерге, улыўма қарама-қарсы тәрепке, белгисиз бир жерге кетиўим кереклигин айтпақшысаң ба? Не ушын? — деди.

Қорқақгүлдиң даўысында азаплы зарланыў ырғағы еситилди. Ол Шопанға және:

— Арадан айлар, ҳәтте, жыллар өтип, бул соқпақ таўға, артқа қайтыўы мүмкин. О Шопан, бул кейинге қалдырыў тек белгисиз ўақытқа дейин болады, демекшимисең? — деди.

Шопан үнсиз бас ийзеди ҳәм сонда Қорқақгүл дизе бүкти, ҳәтте, Шопанның аяғына жығылды. Қорқақгүлдиң кеўлиндеги қәлеўлеринен узақластырып, қашан қайтып әкелетуғынын да айтпай, Шопан оны басқа жаққаалып кеткен еди. Сонда Қорқақгүл шексиз болып көринген қум-

лы төбешиклерге, узақ-узақларға, яғный Бийик шыңларға апаратуғын жалғыз соқпаққа нәзер таслады. Ал дөгеректе тек шөлистанлықтан басқа ҳеш нәрсе жоқ еди.

Соңынан Шопан жүдә әсте даўыс пенен:

— Қорқақгүл, усы кейинге қалдырыўды қабыл етиўге қайыл болғандай, сен Мени жақсы көресең бе? Бул саған Мениң ўәдеме қайшы келтуғындай болып көринсе де, Мениң менен бирге сол жаққа, шөлистанлыққа түсесең бе? — деп сорады.

Қорқақгүл еле Шопанның аяғының қасында жатырған болып, жанды түршиктиретуғын дәрежеде өксиўи менен, көз жаслары арасынан жоқарыға, Шопанға қарады ҳәм Оның қолынан услады да, пүткил денеси қалтырап:

— Мен Сени жақсы көремен, Өзиң билесең-ғо, жақсы көремен. О, мени кешир, көз жасларымды тыя алмай атырман. Мен Сениң менен бирге шөлистанлыққа түсемен, егер Сен қәлесең, пүткиллей қарама-қарсы тәрепке де бараман. Буның не ушын керек екенлигин айта алмасаң да, мен Сениң менен бирге бараман. Өйткени Сен билесең, мен ҳақыйқаттан да, Сени жақсы көремен. Сен маған нени қәлесең, соны таңлаў бийлигине де ийесең, — деди.

Таң азан еди. Олардың үстинде ҳәм шөлистанлықтың үнсиз жазықлықлары үстиндеораққа уқсаған ай турған еди. Айдың жанында гәўҳар сыяқлы болып, таң жулдызы жарқырар еди. Сонда Қорқақгүл таўда өзиниң бириншы қурбанлық орнын қурды. Бул онша үлкен болмаған тас үйиндиси еди. Кейин Шопан еле қасында болғанда, Қорқақгүл қурбанлық орнына өзиниң қалтыраған, қозғалаңшы еркин қойды. Бир жақлардан кишкене от жалыны пайда болды ҳәм бир сәттен кейин орнында күлден басқа ҳеш нәрсе қалмады. Анығырақ айтқанда, Қорқақгүлдиң өзи күлден басқа ҳеш нәрсе қалмады деп ойлады. Бирақ

Шопан оған жақсырақ қараўды буйырды ҳәм сонда оның күлде әпиўайы домалақ тасқа уқсаған қара түсли тасқа көзи түсти.

Шопан Қорқақгүлге мүләйим ғана:

— Тасты өзиң менен бирге ал. Бул тас өзиң қурған қурбанлық орыннан ҳәм ол аңлататуғын барлық нәрседен естелик болады, — деди.

Қорқақгүл тасты күлден шығарып алды, оған дурыслап қараған да жоқ ҳәм бул қурбанлық орнын өмириниң ақырына дейин еске түсириў ушын естеликтиң жәрдеми керек емеслигин сезди. Ол орынды ҳәм биринши мәрте өз-өзинен қалай ўаз кешкенин умыта ала ма? Солай болса да, Қорқақгүл бойсынып, тасты Шопан берген кишкене сумкасына ямаса қалташасына салып қойды.

Солай етип, олар шөлистанлыққа қарай түсе баслады. Биринши қәдемлерден-ақ, Қорқақгүл пүткил денеси бойлап шийрин қуўаныш ҳәм тынышлық толқыны жуўырып өткенин сезди. Шопан оны Өзи баслап баратуғын болып шықты. Енди оның жолдаслары тек Қайғы менен Азап емес еди, ал Шопан да оның менен бирге еди. Қорқақгүл соқпақ бойлап түсе баслағанда, Шопан бурын Қорқақгүл ҳеш еситип көрмеген қосығын баслады. Қосық сондай татлы ҳәм жубаныш бериўши болып, Қорқақгүлдиң дәрти әсте-ақырын басыла баслады. Бул қосық кейинге қалдырылыўдың таң қаларлық себебин аз-маз болса да айтқандай еди. Шопан былай деп қосық айтар еди:

ЖАБЫҚ БАҒ

*Сен жабық бағсаң, муҳаббатым мениң,*
*Сол бағтың миийўесинен татыў мүшкил,*
*Бәҳәр кешикти, фонтан қурып қалды,*
*Дәркәрдур тири суў.*

*Арқа ҳәм қубла самалы!*
*Сизлер мениң бағымды оятыңлар,*

*Оннан бизлер тәреп ессин,*
*Бәҳәрдиң әжайып ийиси.*

Соқпақ жүдә тип-тик болса да, олар шөлистанлыққа таң қаларлық дәрежеде тез жетип келди. Қорқақгүлди Шопан сүйеп баратырғанлықтан, ол өз ҳәлсизлигин ҳеш сезбеди. Биринши күни кешқурын олар қумлы төбешиклер арқалы қандай да бир ылашықларға қарай жүрди. Ылашықлар үлкен пирамидалардың бириниң саясына салынған еди. Олар сол жерде түнеў ушын тоқтады. Қуяш батар мәҳәли батыс тәрепте аспан жалынлы қызыл түске енгенде, Шопан Қорқақгүлди ылашықлар беттен пирамидалар етегине апарды.

Ол Қорқақгүлге былай деди:

— Қорқақгүл, Бийик шыңларға баратуғын ҳәммеге шөлистанлық арқалы жүриўге туўра келди. Бул жолды Мысыр пеши, «қорқынышлы қара түнек» деп атайды (Жар. 15:12, 17). Олар бул жерде өзлери түсинип жетпеген нәрселерди де билип алды.

Усы жол менен биринши болып жүрген Мениң хызметшим Ибрайым болады. Бул пирамида Ибрайым қараған сол ўақытта-ақ буўрыл ҳәм ески еди. Соңынан көз жасын төккен ҳәм жүреги жаралы болған Юсуп келип, оған қарады да, ол да отлы пештен өтти. Сол ўақытлардан баслап, көп санлы адамлар усы жол менен жүрип өтти. Олар патшалық сырын билиў ушын келген еди. Ал енди сен де, усы жердесең, Қорқақгүл. Сен де усы қатарда турыпсаң. Бул — уллы абырай. Егер қәлесең, сен де өзиңнен алдын болғанлар сыяқлы қорқынышлы қара түнек ҳәм пештен өтесең. Ким усы пешке қарай төмен түссе, сол тамырында патша қаны аққан шахзада ҳәм патша қызлары сыяқлы өз жолын даўам етеди.

Қорқақгүл жоқарыға, аспан жийегинде ақшыл-қара болып көринген ҳәм бул адамсыз шөлде дизилисип

турған пирамидаларға қарады. Соның менен бирликте, олар Қорқақгүлге өзи көрген имаратлардың ишиндеги ең саўлатлысы болып көринди.

Бирден шөл қаяқтан келгени белгисиз болған адамларға толып кетти. Олар шексиз дизбек болып, шөл қасынан өтип баратыр еди. Мине, анаў белгисиз жерде биринши болып, бирден бир қуўғын қылынғанлар Ибрайым ҳәм оның ҳаялы Сара. Әнекей, анаў туўысқанлары тәрепинен қуллыққа сатылған ҳәм жарадар болған Юсуп. Ол әкесиниң үйин сағынып, көргени тек усы пирамида болған еди. Кейин Қорқақгүл бириниң изинен бири киятырған есап-сансыз адамларды көрди. Олар шөлистанлық бойлап үзликсиз ағыс сыяқлы ағып киятыр еди. Сонда сол дизбектеги соңғы адам Қорқақгүлге қолын созды. Қорқақгүл де оған қолын берди ҳәм енди ол да усы уллы дизбектиң бир ағзасы болып қалды. Сол мәҳәл ол мына сөзлерди анық еситти:

«Сен Мысырға барыўдан қорқпа. Мен ол жерде сениң урпақларыңнан уллы халық жаратаман. Мен сениң менен бирге Мысырға бараман ҳәм урпақларыңды усы жерге сөзсиз қайтарып алып келемен» (Жаратылыс 46:3, 4).

Кейин Қорқақгүл менен Шопан түнеў ушын ылашықларға қайтып келди. Азанда Шопан Қорқақгүлди оятып, даўам етип ертип кетти. Бирақ бул рет Ол пирамиданың дийўалындағы кишкене қапыны ашып, Қорқақгүлди ишке мирәт етти. Ол жерде қурылманың орайына алып баратуғын жер болып, сол жерден жоқарғы қабатларға көтерилген ийрек текше бар еди.

Сонда Шопан басқа қапыны ашты. Қапы биринши қабаттағы орайлық залдан дән сақлайтуғын телекке қусаған үлкен бөлмеге апаратуғын еди. Солай етип, олар ишке кирди. Ортадағы киширек кеңисликтен басқа ҳәмме жерде үлкен-үлкен болып үйилген ғәлле үйиндилери бар еди.

Сол жерде турған ер адамлар ҳәр қыйлы сорттағы дәнлерди түрли усылларда түйеклеп атыр еди. Соңынан олар дәнди тартқанда, биреўлериники майда, ал биреўлериники ири тартылған болып шықты. Сол жерде ҳаяллар да отырған болып, олардың ҳәр бириниң алдында тегис тесик тас бар еди. Олар бийдайдың ең жақсы сортларын тартып отыр еди.

Қорқақгүл оларды аз-маз бақлап болып, дән майдаланбағанша, оны дәслеп қағып, сабайтуғынын байқады. Соң дәнди женшип, тартатуғынын ҳәм ун жоқары сортлы нан писириў ушын жетерли дәрежеде майда болмағанша, бул барыс даўам ететуғынын көрди.

Шопан Қорқақгүлге жумсақ ғана былай деди:

— Дән не ушын қолланылатуғына қарай, оның ҳәр түрли сортларын тартыў усыллары да бир-биринен айырмашылыққа ийе екенин көрип турсаң ба? Соңынан Шопан сөзин жуўмақлап, мына аятты келтирди: — «Себеби олар укропты тисли қурал менен женишпейди, зирени арба дөңгелеги менен езбейди. Ал укропты таяқ пенен, зирени шыбық пенен езеди. Бийдай нан жабыў ушын ун қылынады, бирақ ол пүткиллей майдаланбайды. Арба дөңгелеги бийдай үстинен унтамай айдалады» (Ийш. 28:27, 28).

Қорқақгүл ҳаяллардың өзлериниң аўыр таслары менен дәнди майдалағанына қарап, майда ақ ун таяр боламан дегенше, бул барыстың узақ даўам ететуғынына дыққат аўдарды. Кейин ол Шопанның былай деген даўысын еситти: «Мен Өз халқымды майда унтаққа айландыраман, ол басқалар ушын нан болсын деп, оны Мысырға алып бараман. Бирақ есиңде тут, дәнди сабаған менен, ҳеш ким оны мәңгиге майдаламайды. Тек дән қолланыўға таяр болғанға дейин ғана майдаланып, унталады. Ийемиз усылай ислейди. Оның тәғдирлери таң қаларлық ҳәм даналығы уллы!» (Ийш. 28:29).

Соң Шопан Қорқақгүлди изге, орайлық залға апарды ҳәм олар сол жерден ийрек текше арқалы жоқарыға көтериле баслады. Келеси қабатта олар басқа кишкене бөлмеге кирди. Оның дәл ортасында үлкен ҳәм жалпақ, стол сыяқлы болған гүлалшы әсбабы тур еди. Сол жерде айланба әсбапта қандай да бир нәрсени ислеп атырған гүлалшы турған болып, ол айланба әсбапты айландырып, ылайдан ҳәр қыйлы буйымлар соғар еди. Гүлалшы ылайды кесип, кейин оны ийлеп, оған өз қәлеўинше форма берди. Ал ылай айланбада бәрқулла қыймылсыз жатырған болып, гүлалшының ҳәр бир ҳәрекетине қарсылықсыз бойсынар еди.

Олар усы көринисти гүзетип турғанда, Шопан былай деди: «Мен Мысырда да Өзимниң ең жақсы ҳәм сулыў ыдысларымды дөретемен. Өз жумысыма қайсы әсбапларды керекли деп билсем, соларды алып келемен (Ерем.18-бапқа қараң). Соңынан Шопан мыйық тартып, сөзин былай даўам етти: «Мен саған усы гүлалшы сыяқлы қатнас жасай алмайман ба? Сен Мениң қолымда гүлашының қолындағы ылай сыяқлысаң-ғо» (Ерем. 18:6 қараң).

Ең кейнинде Шопан Қорқақгүлди текше арқалы ең жоқарғы қабатқа апарды. Сол жерде пеши бар бир бөлме болып, сол пеште алтын тапланып, тазаланатуғын еди. Және де, пеште жонылмаған таслар ҳәм қурамында кристаллар болған нәрселер бар еди. Оларды қатты қыздырылған пешке салып, бир қанша ўақыт қойды. Пештен шығарып алғанда, олар жарқыраған қымбатбаҳа тасларға айланды. Олар ишинде жалын болғандай жарқырап тур еди. Қорқақгүл Шопанның қасында отқа қарап турғанда, Оның мына әжайып сөзлерин еситти: «Даўыл сабалаған, жубаныш таба алмаған қала! Сениң тасларыңды рубинге орнатып, тийкарыңды сапфирден саламан.

Әйнеклериңди де рубиннен қойып, дәрўазаңды ҳинжиден ҳәм пүткил дийўалларыңды қымбатлы таслардан қыламан» (Ийш. 54: 11, 12). Кейин Шопан былай деп қосып қойды: «Мениң ең сийрек гезлесетуғын қымбатлы тасларым ҳәм Мениң ең таза алтыным — Мысыр пешинде қаланғанлар». Соң Шопан мына қысқаша қосықтың бир қатарын айтты:

*Сениң жүрегиңди алып,*
*Оны таплайман, сүйип,*
*Оған Өз отымды саламан,*
*Мениң атанақ ағашым —*
*Сен ушын өлим көргенимнен береди дерек.*

Олар шөлистанлықта бир неше күн болғаннан соң, Қорқақгүл бурын өзи ҳеш қашан еситпеген нәрселерди билип алды.

Деген менен, бир нәрсе оған айрықша тәсир етти. Бул үлкен шөлистанлықта бирде бир терек, я бирде бир гүл өспеген болып, биресе ана жерде, биресе мына жерде тәртипсиз түрде собырайып көринген сур кактуслардан басқа, ҳеш қандай өсимлик те жоқ еди.

Соңғы күни азанда Қорқақгүл шөлистанда жасаўшылардың ылашық ҳәм шатырларының қасында сейил етти. Күтилмегенде, дийўалдың аржағындағы бир мүйеште ол алтындай сары реңли гүлди көрип қалды. Гүл жалғыз өсип тур еди. Суў қуйылған бактен ески труба шығып турған болып, трубада кишкене тесик бар еди. Сол тесиктен ара-тура суў тамшылар еди. Изли-изинен тамшылап турған суў бар жерде, кишкене алтын сыяқлы жарқыраған гүл өсип турған еди. Бул гүлдиң туқымы қаяқтан пайда болғанын Қорқақгүл биле алмады, себеби әтирапта қуслар да, өсимликлер де көринбеди.

Қорқақгүл усы жалғыз ҳәм гөззал кишкене гүлдиң қасында тоқтады. Гүл сондай үмит ҳәм батыллық пенен



суўдың жиңишке ағысына умтылып тур еди. Сонда Қорқақгүл гүлге:

— Ҳәй гүл, сениң атың ким? Мен ҳеш қашан сендей гүл көрмедим, — деди.

Кишкене нәўше гүл өзи сыяқлы алтындай даўысы менен жуўап берип:

— Мен минекеймен, қара! Мениң атым — Қуўаныш пенен қабыл етиўши, — деди.

Қорқақгүл пирамидада өзи көрген нәрселерди: қырмандағы ун тартыў, гүлалшының ысқырған айланба әсбабын ҳәм отлы пеш ҳаққында ойлады. Жалғыз бир өзи адамсыз шөлистанлықта өскен, кишкене алтын гүлдиң жуўабы Қорқақгүлди тәсирлендирип жиберип, жубанышқа бөледи. Қорқақгүл ишинен: «Ол мени өзим қәлемеген жерге алып келди. Мен де Оған қарап: „Мен минекеймен, қара! Мен Сениң Қуўаныш пенен қабыл етиўши кишкене хызметшиңмен“ — деймен», — деп ойлады. Соңынан Қорқақгүл еңкейип, гүлдиң қасындағы қумнан кишкене домалақ тасты алды да, оны сумкасына салып қойды. Ол сол сумкасында биринши қурбанлық орыннан алған тасты да сақлап жүр еди.



# Жалғызлық жағалаўларында

Шопан менен Қорқақгүл екеўи шөлдиң ыссы қумлары арқалы өтип, күнлердиң биринде күтилмегенде бир соқпаққа тап болды. Бул соқпақ олардың жолы өтетуғын тийкарғы жолды кесип тур еди. Шопан әсте Қорқақгүлге: «Бул — ҳәзир сен жүриўиң керек болған соқпақ», — деди. Бирақ олар Бийик шыңларды артта қалдырып, батысқа бурылып кетти. Тез арада олар шөлистанлықтың шетине жетип барып, үлкен теңиздиң жағасына шықты.

Сонда Шопан Қорқақгүлге былай деди: «Қорқақгүл, Мениң сени қалдырып, таўға қайтатуғын ўақтым келди. Сен өзиңди Меннен ҳәм Бийик шыңлардан алыстаман деп ойлаўың мүмкин, бирақ есиңде болсын, негизинде арамызда ҳеш қандай қашықлық жоқ. Мен шөлистанды ҳәм оның қумларын Бийик шыңлардан ойпатлыққа секиргендей қылып, кесип өте аламан ҳәм дәрҳал-ақ, саған жетип келемен. Сен Мениң сөзлериме исен ҳәм оларды ис

жүзинде қуўаныш пенен қоллан. Мениң қойларым даўысымды еситип, изиме ереди.

Қорқақгүл, Егер Маған садық болғың ҳәм Мениң сен ушын таңлаған жолым менен жүргиң келсе, сен бәрқулла Мениң даўысымды есите аласаң ҳәм оны таный аласаң. Деген менен, сен Мениң даўысымды еситкениңде, оған бойсыныўың керек болады. Және де, есиңде болсын, Мениң жолым менен жүриў қыйын ҳәм ақылсыз болып көринсе де, ол ҳәмме ўақытта қәўипсиз».

Усыларды айтып болып, Шопан Қорқақгүлге пәтиясын берди де, алыслап кете баслады. Ол шөлистанды жоқары секириўи менен кесип өтип, енди Қорқақгүлдиң арт бетинде болған Бийик шыңлар тәрепке қарай кетти.

Қорқақгүл өз жолдаслары менен сол уллы теңиздиң жағасы бойлап көп күнлер жүрди. Ол усы ўақытта дейин ҳақыйқый жалғызлықтың не екенин билмегендей еди.

Бурын өзи дослары менен жасаған ойпатлық изде, алысларда қалды. Ҳәтте, таўлар да көзге көринбей қалды. Пүткил дүнья жүзинде шөлистанның шексиз қумларынан басқа ҳеш нәрсе жоқтай болып көринди. Бир тәрептен шөлистанлық, екинши тәрептен муңлы ыңырсынған, ушы-қыйры жоқ теңиз бар еди. Ол жерде терек те, пута да, ҳәтте, шөп те өспей тур еди. Жаға бойлап ағаш сынықлары, шырмасқан ҳәм мүжирейген оғада көп, қоңыр суў өсимликлери, яғный водоросльлер жайрап жатырған еди. Төбеде қыйқырысып ушқан теңиз шағалаларынан ҳәм қум бойлап өз инлерине асығыс қашып кирип баратырған краблардан басқа, пүткил әтирапта бирде бир тири жан жоқ еди. Сол сәтте теңиз тәрептен тесип кететуғындай болып ысқырған, қанжардың соққысы сыяқлы өткир ҳәм суўық самал келди.

Усы күнлери Қорқақгүл өзиниң еки жолдасынан қолын жаздырмады ҳәм олардың жәрдеминде алға таң

қаларлық тезлик пенен илгерлей берди. Және де, таң қаларлығы сол, Қорқақгүлдиң жүриси де өзгерди. Ол ҳеш қашан усылай туўры ҳәм дерлик ақсаңламай тез жүре алмайтуғын еди. Ал шөлистанда оның пүткил өмиринде из қалдырған бир ўақыя жүз берди. Бул — ишки ҳәм сырлы из еди. Сырттан қарағанда, ҳеш ким айырмашылықты байқамады. Деген менен, бул ишки терең өзгерис болып, ол өмирде жаңа басқыш басланғанынан дерек беретуғын еди.

Қорқақгүл Мысырда болды, дигирман тасын, гүлалшының айланба әсбабын ҳәм пешти көрди. Булардың өзи енди басынан өткизиўи керек болған сынақлардың тымсалы екенин Қорқақгүл билетуғын еди. Қандай да бир ҳайран қаларлық тәризде Қорқақгүл бул жаңа билимди қабыл етип, оны мақуллай алды. Демек, ол усы нәрсени қабыл еткен екен, өзи ҳәм өзиниң өткен өмири арасында туңғыйық пайда болғанын жүрек төринде түсинип жетти. Анығырақ айтқанда, оның өзи ҳәм өткен өмири арасында өтип болмайтуғын туңғыйық пайда болған еди.

Артқа, өткен өмирине ҳәм таўлар арасындағы жасыл ойпатлыққа нәзер салып, Қорқақгүл ол жерде Шопанның басқа жумысшылары менен бирликте кишкене падасын бағып жүрген өзин көрди. Ол өз ағайин-туўғанларының алдында жарамсақланып, азанда ҳәм кеште Шопан менен ушырасыўға қудық басына баратуғын еди. Бирақ бул жат ҳәм таныс емес адам болып, Қорқақгүл өз-өзине: «Аўа, мен сондай едим, бирақ енди басқаман», — деди.

Қалай болғаны белгисиз, бирақ Шопанның айтқаны орынланды. Өйткени Мысыр пешине түсип, ол жерде Қабыл етиўши гүлди тапқанлар сол жерде өзгерип, маңлайларына патшалық мөрлери басылып шығады. Дурыс, Қорқақгүл өзиниң патшалық дәрежесин ҳеш сезбеди. Солай болса да, ол әлле қашан усы мөр менен

мөрленген болып, енди ҳеш қашан бурынғыдай бола алмас еди.

Сонлықтан Қорқақгүл ҳәр күн сайын Қайғы ҳәм Азап пенен Жалғызлық атлы уллы теңиздиң жағасы бойлап кетип баратырып, наразылық ҳәм қорқынышсыз жүрер еди. Ҳақыйқаттан да, кем-кемнен таң қаларлық нәрселер жүз бере баслады. Қорқақгүлдиң жүрегинде қандай да бир жаңа қуўаныш атлығып шыға баслады. Ол өзи усы ўақытқа дейин ҳеш түсинип жете алмаған нәрсени, яғный қоршаған тәбияттың гөззаллығын байқай баслады.

Қорқақгүлдиң төбесинде айланып ушқан шағалалардың қанатларындағы жылтыраған қуяш сәўлесине көзи түсип, жүреги ишки қуўаныштан тез-тезден тыпырлап кете берди. Олар алыстағы Бийик шыңлар төбесиндеги қардай аппақ нур болып жарқырап тур еди. Ҳәтте, Қорқақгүлде қапашылық пайда еткен шағалалардың жабайы, муңлы қыйқырықлары ҳәм суўлардың зарлы налышлары да (бул ҳайран қаларлық болса да) әжайып еди. Қорқақгүлде қандай жол менен болса да, қай жерлерде болса да, қашан болса да, ҳәмме қайғылардың мәниси ҳаққында сораўларға жуўап таба алатуғындай сезим пайда болды. Сол жуўап сондай әдил ҳәм әжайып болады, оны ҳеш кимге ҳеш қашан түсинип жетиў несип етпеген.

Қорқақгүл асығыс жуўырысқан кишкене краблардың еркеликлерин көрип, өзиниң жийи-жийи даўыс шығарып күлетуғынын байқай баслады. Қуяш ара-тура нурын шашса да, сур ҳәм түнерген теңиз өзгерип, әжайып болып қалар еди. Нур теңиздиң жасыл өркешлеринде ҳәм шашыраған көбиклеринде жарқырап, көк жийек түнги аспан сыяқлы көп-көмбек еди. Қуяш суўдың есер кеңисликлерин усылай жақты қылғанда, барлық қайғыларды қуўаныш басып кеткендей болып көринип, Қорқақгүл

өз-өзине: «Ол мени сынаса, мен алтын сыяқлы болып шығаман. Кеште көз жас төксем, азанда қуўаныш келеди», — деди.

Бир күни олар жағаның бийик жартаслар турған жерине келди. Бул жерде үлкен таслар да жайрап жатыр еди. Олар усы жерде өткелден өтиўи тийис еди.

Сол жерге орналасып алғаннан соң, Қорқақгүл жалғыз өзи гезе баслады. Ол жартасқа шығып алды да, төменге нәзер салды. Бул жартас жалғыз ҳәм кишкене қолтықта жайласқан болып, оның үш тәрепин де жартаслар қоршаған еди. Ал төменде болса, ағаш сынықлары менен шырмалысқан суў өсимликлеринен, яғный водорослльлерден басқа ҳеш нәрсе жоқ еди. Бул жердиң ҳайран қаларлық дәрежеде қаңырап атырғаны Қорқақгүлди таң қалдырды. Қолтық қаңыраған жүрек сыяқлы узақ тасқынды күтип жатырған еди ҳәм суў соншелли алысларға кетип, енди қайтып оралмайтуғындай болып көринди.

Қорқақгүлде усы жалғыз қолтықты және барып көриўге деген ҳайран қаларлық тилек туўылды. Деген менен, ол бир неше сааттан соң сол жерге қайтып келгенде, ол жердеги ҳәмме нәрсе өзгерип кеткен еди. Енди күшли ҳәм суўы мол тасқын толқынларды алға қарай ийтерип, өзиниң изинен жетелер еди. Қорқақгүл жартастың шетине қарап, сондай бос болып көринген қолтықтың лыққа толғанын көрди. Үлкен толқынлар ақырып, гүриллдеўи менен жартасларға урылып, ҳәр бир ойық ҳәм жарықларға кирип кетер еди.

Бул өзгеристи көрип, Қорқақгүл жартастың шетинде дизе бүкти де, сол жерде өзиниң үшинши қурбанлық орнын қурды. Ол: «О, мениң Ийем! Мени усы жерге әкелгениң ушын Саған миннетдарман. Көрип турсаң ба, мен мына қолтық сыяқлы қаңырап атырған болсам да,

Сениң ўақтыңды ҳәм Сүйиспеншилик ағысы мени лыққа толтырыўын күтпектемен», — деди. Соңынан ол жартас үстинде жатырған кварц ҳәм хрусталдың кишкене бөлегин алды да, өзи қасында алып жүретуғын сумкасына салып, бурын сумқасында болған затларға қосып қойды.

Бул жаңа қурбанлықтың қурылғанына аз-маз ўақыт өткеннен соң, Қорқақгүлди жәнe душпанлары қоршап алды. Алыстағы Хорлық ойпатлығында Менменликтиң өз қурбаны менен қайтыўын ағайин-туўғанлары күтип отырған еди. Арадан ўақыт өтип, ол қайтпағанлықтан ҳәм Қорқақгүл де көринбей кеткенликтен, Менменликтиң ис-ҳәрекети табыссыз болғаны, ал буны тән алыўға Менменликтиң өркөкиреклиги жол қоймағаны ҳәммеге мәлим болды. Сонда Қорқынышовлар Қорқақгүл ҳақыйқый Бийик шыңларға жетпей турып, яғный ол еле ағайин-туўғанларының қолы жете алатуғын дәрежеде болғанда, Менменликке тезлик пенен биреўди жәрдемге жибериў керек деп шешти.

Солай етип, жансызлар жиберилип, олар Менменликти таўып, оннан хабар әкелди. Және де, олар Қорқақгүлдиң таўларда емес, ал алыстағы Жалғызлық теңизиниң жағасында болып, таўларға пүткиллей қарама-қарсы болған тәрепте кетип баратырғанын хабарлады. Бул хабарлар күтилмегенде жағымлы ҳәм жигерлендириўши хабарлар болды. Усылай етип, Менменликке қандай жәрдем керек екени мәлим болды. Өкпе-гийне, Өкиниш ҳәм Өз-өзин аяў тезлик пенен Менменликке жәрдемге барыўы тийис деп шешилди. Олар Қорқақгүлди асығыслық пенен күтип отырған ағайин-туўғанларына қайтарыўға Менменликке жәрдем бериўи керек болды.

Әнекей, усы төртеўи Жалғызлық теңизиниң жағасына қарай жөнелди. Қорқақгүлге қорқынышлы ҳүжимлер

ўақтын басынан кешириўге туўры келди. Әлбетте, оның душпанларына Қорқақгүл бурынғы өзлери билетуғын Қорқақгүл емес екени анық болды. Олар Қорқақгүлге жақынлап бара алмады. Себеби Қорқақгүл Қайғы менен Азаптың қолынан беккем етип услап турған болып, олардың жәрдемин бурынғыға қарағанда көбирек қабыл ететуғын еди. Солай болса да, душпанлары Қорқақгүлдиң алдында пайда болды ҳәм өзлериниң жеркенишли сөзлерин қышқырысып айтып, оның үстинен күле баслады. Қорқақгүл қай жерге аяқ басса да, олар оның қарсы алдында пайда бола берди. Олар таслар арасында жасырыныў ушын көп жасырын орынларды таўып, Қорқақгүлге өзлериниң найзаларын ылақтыра баслады.

Менменлик ашыў менен қышқырып: «Мен саған айттым-ғо. Қәнекей, енди сен қаяқтасаң, кишкене ақмақ қыз? Бийик шыңлардасаң ба? Ҳеш қандай да. Билесең бе, Хорлық ойпатлығындағы ҳәмме бул ҳаққында билип, сениң үстиңнен күлип атыр. Кеўлиң күсеген нәрсени излеп атырсаң ба, я? Ол сени (өзим сени ескерткенимдей) Жалғызлық жағасында таслап кетти. Кишкене ақмақ қыз, ҳәй, сен неге мени тыңламадың, я?» — деди.

Кейин басқа жартастан Өкпе-гийне басын шығарды. Оның түри жүдә сықылсыз болса да, әбешийлигинде қандай да бир өзине тартыўшы нәрсе бар еди. Қорқақгүл оннан зорға дегенде көзин алды. Сонда Өкпе-гийне оған қышқырып былай деди: «Қорқақгүл, сен өзиңди соқыр ҳәм ақмақ қыз сыяқлы тутып атырғаныңды билесең бе? Изине ердим деген Шопаның ким өзи? Сеннен өзиңде бар болған ҳәмме нәрсени талап ететуғындай, Ол ким өзи? Сен берген ҳәмме нәрсени Ол алса, ал орнына ҳеш нәрсе бермесе, я. Сен неге Оған өзиң менен усындай қатнаста болыўға жол қойып атырсаң? Сонда не, сен



өзиңди қорғай алмағаның, Оннан Өз ўәдесин орынлаўды ҳәм сени дәрҳал Бийик шыңларға апарыўды талап ете алмағаның ба? Егер Ол буннан бас тартса, сен өзиңниң Оның изине даўам етип ериўиң бойынша барлық миннетлерден азат екениңди айт».

Соңынан Өкиништиң мысқыллап былай дегени еситилди: «Сен Оның райына қанша көп жығылсаң, Ол сеннен сонша көп талап ете береди. Ол саған жаўыз қатнаста болып, сениң садықлығыңнан пайдаланып атыр. Егер сен қасарысып, Оның изине ере берсең, онда Ол сеннен еле де көбирек нәрселерди талап етеди. Ол Өзиниң избасарларына, ҳәтте, нашар адамлар ҳәм балаларға да концентрацион лагерлерге ҳәм азаплайтуғын камераларға барыўға, азап шегип өлиўге жол қояды. Кишкене жылаўық, сен не усындай нәрселерге шыдай аласаң ба? Жақсысы, Ол сеннен еле де үлкенирек қурбанлықты талап етпестен бурын, бул исти қоя ғой. Ҳәзир, я кейин ала Ол сени қандай да бир атанақ ағашқа жиберип, сени сол жерде таслап кетеди».

Келеси гезекте сөзге Өз-өзин аяў қосылды ҳәм ол басқалардан да бетер болып шықты. Оның сөзлери сондай жумсақ ҳәм даўыс ырғағы сондай аянышлы болғанлықтан, Қорқақгүл пүткиллей жибисип, былбырап қалды.

Ол Қорқақгүлге сыбырлап былай деди: «Бийшара, кишкене Қорқақгүл, қандай аянышлы! Ҳақыйқаттан да, сен сондай садық болдың, Оның ҳеш бир өтинишин жерде қалдырмадың, ҳеш биреўин-аў. Ал Ол саған соншелли жаўыз қатнаста болмақта. Саған сондай қылса да, сен Оның өзиңди сүйетуғынына ҳәм растан-ақ, саған жақсылықты раўа көретуғынына исене аласаң ба?

Сен өзиңди аяўға толық ҳақылысаң. Ҳәтте, егер сен Ол ушын азап шегиўге қайыл болсаң да, ҳеш болмаса, бул ҳаққында басқалар билиўи тийис-ғо. Олар сениң

үстиңнен күлиўдиң орнына, сени аяўы керек. Ал олар ҳәзир сениң үстиңнен күлип атыр. Өзиң изинен ерген Адамға сени азап шегиўге ҳәм түсиниксиз болыўға мәжбүр етиў рәҳәт бағышлайтуғынға қусайды. Өйткени сен Оның райына ҳәр жығылғаның сайын, Ол сени жәбирлеп, сабаўдың жаңа жолларын таўа береди».

Өз-өзин аяўдың соңғы пикири қәте еди. Себеби «сабаў» сөзи Шопан пирамидадағы қырманда Қорқақгүлдиң қасында турғанда айтқан мына сөзлерин еслетти: «Дәнди сабаған менен, ҳеш ким оны мәңгиге майдаламайды. Дән тек қолланыўға таяр болғанға дейин ғана майдаланып, унталады. Ийемиз усылай ислейди. Оның тәғдирлери таң қаларлық ҳәм даналығы уллы!» (Ийшая 28:29).

Қорқақгүл усыларды еске түсиргенде, аўыр тас алып, оны Өз-өзин аяўға қарай ылақтырып жиберди. Бул оны таң қалдырып, қорқытып жиберди. Кейин ала Өз-өзин аяў өз жолдасларына: «Сонда мен қаймығып, қоян сыяқлы қашып қалмағанымда, сол мәстан қыз мени өлтирген болар еди», — деп қыйналып айтып жүрди.

Деген менен, ҳәр күни усындай ҳүжимлерге ушыраў оғада шаршатады. Қайғы менен Азап қолынан услап жүргенде, Қорқақгүл, әлбетте, қулақларын жаба алмағанлықтан, душпанлары қатты мазасын алатуғын еди. Ақыры қәўипли ўақыт та келип жетти.

Күнлердиң биринде Қорқақгүлдиң жолдаслары аз-маз қалғып кеткенде, ол ойланбастан, жалғыз өзи сейил етиўге шықты. Бул рет ол өзиниң сүйикли орны болған кишкене қолтыққа емес, ал басқа тәрепке кетти. Қорқақгүл жартаслар теңизге кириңкиреп, жүдә жиңишке ярыматаў пайда етип турған ҳәм тик жар менен тамамланыўшы жерге келди.

Қорқақгүл сол тумсықтың ақырына дейин барып, ушы-қыйыры жоқ теңиз кеңислигин тамашалап турды.

Бирден ол өзине қарай жақынласып, қоршап алмақшы болып турған төрт душпанын көрип, зәрреси ушып кетти. Сонда оның қатты өзгергени мәлим болды. Өйткени олар жақынлағанда, қорыққанынан талып қалыўдың орнына, Қорқақгүл (жүзи аппақ болып, қорыққаны көринсе де) ҳәр қолына бир тастан алып, үлкен жартасқа арқа сүйеп турып алды. Ол ақырына дейин қарсылық көрсетиўге шешим қабыллады. Қорқақгүлдиң бахтына олардың төртеўи бирден оған жақынлап келиўге сол жер жүдә тарлық ететуғын еди. Бирақ сонда Менменлик күшли шоқмарды алып, алға шықты.

Ол Қорқақгүлге қәҳәрли түрде: «Қорқақгүл, сол тасларды тасласаң да болады. Бизлер төртеўмиз ҳәм сениң менен қәлегенимизди ислей аламыз. Сен енди бизлердиң қолымыздасаң! Сен бизлерди тыңлап ғана қоймай, бизлер менен бирге жүресең де», — деди.

Қорқақгүл басын көтерип, аспанға қарады да (аспан бос болып көринсе де), даўысының барынша бақырып: «О, мениң Ийем, тезирек келип, мени қутқара гөр!» — деди.

Шопан сол ўақытта-ақ пайда болғанда, төрт жарамастың зәрреси қалмады. Шопан зыўылдаған тезлик пенен бағдар алды. Ол шақлары алдына қарап турған үлкен таў суўынынан да қорынышлы еди. Шопан Менменликтиң Қорқақгүлди услаған жерине қарай атланғанда, Өкпегийне, Өкиниш ҳәм Өз-өзин аяў қаймығып қалып, жерге ет-бетинен жығылып үлгерди. Шопан Менменликти ийнинен услады да, оны жоқарыға көтерип, айландырып жиберди. Оның ўай-ўайлап бақырған даўысы еситилгенде, Шопан оны тик жардан теңизге ылақтырып жиберди.

Қорқақгүлдиң кеўли жай таўып, үмит пайда болғанын сезди де, ентигип, Шопанға:

— О, Шопан, Саған рахмет. Сен қалай ойлайсаң, Менменлик ақыры өлдимекен? — деди.

Шопан оған жуўап берип:

— Яқ, бул жүдә исенимсиз, — деди де, төменге қарап, балық сыяқлы жағаға қарай жүзип баратырған Менменликти көргенде: — Әне оның өзи. Бирақ бүгин ол ҳеш қашан умытпайтуғын қулаўды басынан кеширди. Мениң билиўимше, ол еле бир қанша ўақыт ақсаңлап жүретуғын болады. Ал қалған үшеўи болса, қандай да бир пана жерге жасырынған болса керек. Мениң жақын жерде екенимди ҳәм сениң Мени шақыра алатуғыныңды билип, олар енди қайтып усылай сениң мазаңды алыўға батылы бармаса керек, — деп қосып қойды.

Сонда Қорқақгүл Шопанға:

— Шопан, маған айтшы, не ушын мен және Менменликтиң дузағына түсейин деп қалдым? Не ушын Өкпегийне, Өкиниш ҳәм Өз-өзин аяў узақ ўақыт даўамында мениң мазамды алыўға еристи? Мен Сени алдын шақырмаған едим, себеби олардың маған жақынырақ келиўге ямаса маған растан ҳүжим етиўге батылы жетпейтуғын еди. Бирақ олар өзлериниң жеркенишли сөзлери менен маған әсте билдирмей жақынлап келгенликтен, мен олардан қутыла алмай қалдым. Неге бундай болды екен? — деди.

Шопан мүләйимлилик пенен:

— Мениң ойымша, кейинги ўақытта сениң жолың жеңилирек болды, қуяш жарқырап турды ҳәм сен дем алыўға болатуғын жерге келген единң. Сен өзиңниң Мениң Қуўаныш пенен қабыл етиўши хызметшим екениңди азмаз ўақытқа умытып қойдың. Мениң сени артқы тәрептеги таўларға, Бийик шыңларға тезирек апарыўым кереклигин өз-өзиңе айта басладың. Егер сениң жүрегиңде Қабыл етиў гүлиниң орнына Шыдамсызлықтың ҳарам шөби өсетуғын болса, душпанларың бәрқулла үстиңнен жеңиске ерисе береди, — деди.

Қорқақгүл қызарып кетти. Шопанның Өз диагнозында қаншелли ҳақ екенин ол билетуғын еди. Оған ҳәзиргидей қуяш шығып, әтирaптағы ҳәмме нәрсе қуўаныштан ҳәм рәҳәттен жарқырап турғандай болып көрингеннен гөре, теңиз сур ҳәм түнерген болып турғанда сабырлы болып, жолдың барлық қыйыншылықларын қабыл етиў аңсатырақ еди. Ол Шопанның қолынан услады да, Оған:

— Сен ҳақыйқаттан да, ҳақсаң. Растан-ақ, Сениң өзимди усы жол менен көп ўақыттан бери жүргизип атырғаныңды ойлап, Сени ўәдеңди умыттың деп түсинип қалған едим. Соңынан Қорқақгүл Шопанға батыллық пенен қарады да: — Ҳәзир Саған шын жүректен айтып турман: Сен — мениң Шопанымсаң. Мен Сениң даўысыңды еситиўди ҳәм Саған бойсыныўды жақсы көремен. Сениң изиңе ериў маған қуўаныш бағышлайды. О Ийем, Өзиң таңла, ал мен бойсынайын, — деди.

Сонда Шопан еңкейип, Қорқақгүлдиң аяғы жанында жатырған тасты алды да, мыйығынан күлип, Қорқақгүлге:

— Мынаны сумкаңа салып, басқа тасларға қосып қой. Бул душпаның Менменликти жеңилиске ушыраған ҳалда көрген биринши күниңнен ҳәм жүрегиңдеги тилегиңди Мениң орынлайтуғынымды сабырлылық пенен күтетуғыныңды өзиң ўәде еткениңнен естелик болады, — деди.



Сегизинши бап

# Ески толқын кесиўшиде

Менменлик үстинен ерисилген жеңистен кейин бир неше күн өтти. Қорқақгүл ҳәм оның жолдаслары өз саяхатын уллы теңиз жағасы бойлап даўам етти. Күнлердиң биринде соқпақ күтилмегенде материктиң түпкир бетине қарай бурылып кетти. Сонда олар өзлериниң шөлистан менен жүзбе-жүз турғанын байқады. Шөлистанның арғы жағында таўлар болып, олар, әлбетте, еле көринбейтуғын еди. Қорқақгүл албырағанынан қалтырап, соқпақтың шығысқа қарай кететуғынын ҳәм өзлерин Бийик шыңларға апаратуғынын көрди.

Қорқақгүл қуўанғанынан шаппатлап жибериў ушын, қолын жолдасларынан жаздырып алды. Таўларға дейинги қашықлық қаншелли үлкен болыўына қарамастан, енди олар дурыс бағдар бойлап илгерлей берди. Олар үшеўи де шөлистан арқалы артқа қарай жөнелди. Деген менен, Қорқақгүл өз жолдасларын күтип отыра алмады

ҳәм сонлықтан хеш қашан ақсаңламаған адамдай болып, алға қарай жуўырып кетти.

Тосаттан соқпақ туўры мүйеш астында бурылып, таўлар бетке емес, ал улыўма басқа тәрепке, және қубла тәрепке, шөлистанлық таўсылып, қандай да төбешикли жерлер басланатуғын алыслар бетке бурылды. Қорқақгүл қорыққанынан еси кеткендей болып, силейип қатып қалды. Ол қалтырай баслады. Бундай болыўы мүмкин емес, мүмкин емес, Шопан және «яқ» деп, оны артқа қайтарғаны ма?

«Көп ўақытлардан бери әмелге аспаған үмит жүректи қыйнайды», — деп бурынғы заман данышпаны дурыс айтқан екен. Қорқақгүл таўларға соқпақ бойлап қуўанышлы түрде секириўи менен жуўырып кеткенликтен, Қайғы менен Азапты алысларда қалдырып кетти. Олар өзиниң изине жетип аламан дегенше, ол соқпақтың таўларға қарама-қарсы тәрепке бурылатуғын жеринде жалғыз өзи турды.

Сонда Қорқақгүлге жақын жердеги қумлы төбешиктиң артынан душпаны Өкиништиң сүлдери көринди. Оның аз-маз болса да ақылы киргенликтен, жақынырақ келе алмады. Өкиниш Қорқақгүлди және Шопанды жәрдемге шақырыўға мәжбүр еткиси келмеди. Сонлықтан ол бир жерде турып, Қорқақгүлге қарап, күле берди, күле берди. Бундай ашшы даўысты Қорқақгүл өмиринде еситип көрмеген еди. Өкиниш уўлы жылан сыяқлы: «Неге сен де күлмейсең, мениң кишкене ақмағым? Усындай болатуғынын өзиң де билген жоқ па единң?» — деди. Өкиниш усындай жеркенишли сөзлерин сөйлеп турғанда, пүткил шөлистанлық оның мысқыллаўының жаңғырығына толып кеткендей болды. Қайғы ҳәм оның туўысқаны Азап Қорқақгүлге жақынлап келди де, дым үндемей оның қасында турды. Қандай да ўақыт ишинде әтираптағы ҳәмме нәрсе аўырыў ҳәм қорқынышлы түнек

себепли қатып қалды. Күтилмегенде шөлистанлық бой-лап самал зуўылдап есип, олардың көзлерин шағылыс-тырып таслаған қум ҳәм шаңды булт сыяқлы көтерди.

Даўыл изинен пайда болған тынышлықта Қорқақгүл өзиниң өлпең, дирилдеген, бирақ жетерли дәрежеде анық болған даўысын еситти. Ол Шопанға:

— О, мениң Ийем, маған не айтпақшысаң? Сени қу-лың тыңлап тур, — деди.

Сол сәтте Шопан әлле қашан Қорқақгүлдиң қасында турған еди. Ол Қорқақгүлге:

— Руўхыңды түсирме. Қорқпа, бул — Мен боламан. Маған және бир қурбанлық орнын қур ҳәм онда өзиң-ниң пүткил еркиңди жандырылатуғын қурбанлық қылып бер, — деди.

Қорқақгүл бойсынып, қум ҳәм таслардан кишкене үйинди жыйнады (ол шөлистанлықта тек усыларды ғана таўа алатуғын еди). Ол және өз еркин топлады да, жы-лап турып, мыналарды айтты (өйткени Қайғы оған ке-лип, оның менен бирге дизе бүккен еди): «О Қудайым, мен Сениң еркиңди қуўанышлы түрде орынлайман».

Бир жақлардан, көзге көринбейтуғын жасырын жерден жалын пайда болды да, қурбанлық орнында тек күлдиң кишкене үйиндисин қалдырып, қурбанлықты жандырып жиберди. Кейин Шопанның даўысы еситилди ҳәм Ол: «Бул иркилис — өлимге апармайды, ал Қудайды даңққа бөлейди, Қудайдың Улының даңққа ерисиўине хызмет етеди», — деди.

Сонда көтерилген самал күлди ушырып алып кетип, қурбанлық орнында гедир-будыр ҳәм көриниси бойын-ша ең әпиўайы болған тас ғана қалды. Қорқақгүл оны қолына алды да, сумкасындағы басқа тасларға қосып қойды. Соңынан ол тик аяққа турды да, ҳәммеси бирге қубла тәрепке қарай жүрип кетти. Шопан оларды жақын

жерде жайласқан қумлы төбешиклердиң артында жасырынған Өкпе-гийне менен Өз-өзин аяўдан қорғаў ушын, олар менен бирге жолдың аз ғана бөлегин басып өтти.

Саяхатшылар материктиң түпкирине бурылып, изде қалған теңиз шөлистанлыққа кирип, үлкен теңиз тармағын пайда ететуғын жерге тез арада жетип алды. Толқынлар тасатуғын ўақыт болып, суўлар тезлик пенен көбейе баслады ҳәм бос жерлерди басып кетти. Деген менен, усы теңиз саласы арқалы көп санлы аркаға ийе болған тас қашысы қурылған болып, ол тәрепке узын топырақ үйиндиси арқалы барыўға болатуғын еди. Шопан Қорқақгүлди бул қашыға алып келди де, теңиз арқалы сол жол менен жүриўди буйырды. Шопан және бир мәртебе Өзи қурбанлық орнында айтқан сөзлерин айрықша қылып қайталады да, кетип қалды.

Қорқақгүл үйинди бойлап жүрип, өзиниң еки жолдасы менен бирге ески толқын кесиўшиниң жоқарысына келди. Олар өзлери турған бийик жерден артқы бетте жайласқан пүткил шөлистанлықты көре алатуғын еди. Бир тәрепте теңиз, ал екинши тәрепте сондай алыс ҳәм түсиниксиз болған таўлардың гүңгирт сүлдери бар еди. Олар соншелли гүңгирт болғанлықтан, жолаўшылар бир нәрсени анық көрип турғанына ямаса жоқ затты бар деп көрип турғанына толық исенимли емес еди.

Кейин олар алдыға қарап, өзлери киятырған үйинди менен жүриўди даўам етсе, тез арада пүткиллей басқа жерге барып жететуғынын көрди. Ол жерде тоғайлықлар өскен, бағлар ҳәм атызлар арасында жайласқан үйлери ҳәм ҳәўлилери бар төбешиклер ҳәм ойпатлықлар турған еди. Қуяш күшли жарқырап турған болып, сол толқын кесиўшиде, яғный жоқарыда олар қүдиретли самалдың пүткил күшин сезди. Самал зымыраған толқынларды еле де қаттырақ зымыраўы ушын айдап, сабалар еди.

Бул Қорқақгүлге аңшылар қуўған қайың ийтлер топарын еслетти. Толқынлар изли-изинен жуўырысып, секирисип, үйинди астында көтерилип, ақыратуғын, ал кейин шаўқымлы түрде жағаға урылатуғын еди.

Қатты қәҳәрленген самал ҳәм суўлар Қорқақгүлди қапсыра қолға алып, оны өмирдиң әжайып шарабы сыяқлы мәс қылғандай болды. Самал оның шекелерин сабалап, шашлары ҳәм кийимлерин тартқылар, оны сәл болмаса жерге қулатайын деп қалған еди. Қорқақгүл аяғында беккем турып, күшиниң барынша бақырды. Самал оның даўысын қақшып алды да, өзиниң гүўлеген ақырыўы менен оны басып, алыс-алысларға алып кетти. Қорқақгүл сол ески толқын кесиўшиде былай деп қышқырған еди: «Сонда өзимди қоршаған душпанларым үстинен мен үстин болар едим ҳәм Оның Мухаддес шатырына қосықларды қурбанлық ретинде әкелип, Ийем алдында алғыс-мақтаўлар айтар едим» (Забур 26:6).

Қорқақгүл усы сөзлерди айтып: «Шопанның душпаны болыў — жүдә жаман болса керек. Өйткени Оның душпанлары ҳәмме ўақытта жеңилиске ушырап, бәрқулла бийнесип болып қалады-ғо. Бәлким, олар, ҳәтте, ең ақылсыз ҳәм ҳәлсиз адамлар да Бийик шыңларға шығып, жеңилмес болатуғынын ҳәм оларға өзлериниң күши жетпейтуғынын көрип, ақылдан азатуғын болса керек. Мүмкин, бул олар шыдап болмайтуғын жағдай шығар», — деп ойлады.

Қорқақгүл үйиндиден түспей, және бир тасты алды да, Шопанның үйреткениндей, оны қымбатлы сувенирлер салынған сумкасына салып қойды. Усы рет бул тас — Оның жеңиси ҳәм Ол душпанларын жеңиўге қалай жол ашқаны ҳаққында естелик еди. Қорқақгүл Қайғы ҳәм Азап пенен бирге қашы бойлап жүриўин даўам етти ҳәм үйинди арқалы басқа тәрепке түсти де, тоғайға келди.

Шөлистанлық бойлап өткен узақ саяхаттан кейин өзгерген тәбият көриниси әжайып еди. Көп күтилген бәҳәр өз ўазыйпасына кирисип, әтираптағы ҳәмме нәрсени қысқы уйқыдан оятты: тереклер нәзик ҳәм жас жапырақ шығарып, бүртик жара баслады. Ана жер, мына жерде қоңыраў гүллер ҳәм жабайы анемонлар алаңы көринип, жасыл шөп қаплаған жаға бойлап бийнепше ҳәм примула гүллери өсип турған еди. Қуслар да сайрасып, бир-бирин шақырысар ҳәм искерлик пенен, берилген ҳалда өз уяларын қурар еди.

Қысқы өлимнен қайта ояныў дегенниң не екенин ҳеш қашан түсинбейтуғынын Қорқақгүл өз-өзине айтқан еди. Бәлким, усы гөззаллыққа көзин ашыў ушын, оған адамсыз шөлистанлық керек болған шығар. Қасында Қайғы менен оның туўысқаны киятырғанын бир қанша ўақытқа дерлик умытқандай болып, Қорқақгүл тоғай бойлап жүрип киятыр еди.

Қорқақгүл нәзерин қаяққа аўдарса да, тереклердиң жайылған жапырақлары, уя қурған қуслар, секирген тыйынлар ҳәм ашылған гүллер, ҳәмме-ҳәммеси бир нәрсени айтып, бир-бири менен айрықша тилде сәлемлесип, өзлерине тән болған ҳәрекетке кирисер еди. Олар қуўанышлы түрде: «Көрип турсызлар ма, ақыры қыс өтти! Иркилис өлимге емес, ал Қудайдың даңқы ушын болды. Бундай әжайып бәҳәр ҳеш қашан болған жоқ еди!» — деди.

Сол ўақытта Қорқақгүл қанында әжайып толғанысты сезди, өзине жүрегинде бир нәрсе өсип, жаңа өмирге умтылғандай болып көринди. Бул сезим соншелли қуўанышлы еди, бирақ онда қандай да бир аўыртатуғын нәрсе де болып, Қорқақгүл нениң көбирек екенин түсине алмады. Ол Шопанның өз жүрегине еккен Сүйиспеншилик тұқымы ҳаққында ойлады. Қорқақгүл бир жағынан қорқып, бир жағынан сабырсызлық етип, сол тұқым та-

мыр жайып, әлле қашан өсип атырғанын көрмекши болды. Сонда ол көп жапырақларды, ал балдақтың ушында дерлик ғумша деп атаўға болатуғын кишкене тығыз бир нәрсени көрди.

Қорқақгүл бул нәўшеге қарап турғанда, оған күтилмеген ой келди. Ол Шопанның: «Сүйиспеншилик гүли гүллеўге таяр болғанда, сени басқалар да сүйетуғын болады ҳәм сол жерде, Бийик шыңларда жаңа ат аласаң», — деген сөзлерин есине түсирди. Ол еле усы жерде, олардан соншелли узақта... Аўа, бурынғыдан да бетер узақта. Жақын арада да сол жерге жетип барыўға ҳеш қандай мүмкиншилик болмайды. Шопанның ўәдеси қалай орынланар екен. Қорқақгүл усыларды ойлағанда, оның көзлеринен және жас тамшылады.

Сиз Қорқақгүл жылаўды жақсы көреди екен, деп ойлап қалыўыңыз мүмкин. Бирақ умытпаңлар, Қайғы оның жолдасы ҳәм устазы еди. Қорқақгүлдиң көз жаслары жасырын төгилетуғынын айтып өтиў тийис. Өйткени Қорқақгүл шыққан бул таң қаларлық саяхат ҳаққында оның душпанларынан басқа ҳеш ким билмейтуғын еди. Жүрек өзиндеги қайғыны жақсы биледи. Бизлер Даўыт сыяқлы ойларымыз бенен жубанатуғын ўақытлар болады. Ал көз жасларымыз ыдысқа салынады ҳәм бизлерди қайғы жоллары менен алып Жүриўши бирде бир көз жасымызды умытпайды.

Қорқақгүл онша узақ жыламады. Дерлик дәрҳал ол қандай да бир таң қаларлық жылтырақ нәрсени байқап қалды. Ол тигилип қарағанда нени көргенин билесиз бе? Ол өзи шөлистанлықтағы пирамида жанында тапқан алтын гүлдиң анық көширмесин көрген еди. Гүл таң қаларлық жол менен қайта отырғызылған болып, енди Қорқақгүлдиң жүрегинде өсип тур еди. Қорқақгүл қуўанғанынан қышқырып жиберди ҳәм сонда мүрттәй

ғана гүл басын ийзеп, алтындай даўысы менен: «Маған қара, мен минекеймен. Мен Қуўаныш пенен қабыл етиўшимен ҳәм сениң жүрегиңде өсип турман!» — деди.

Қорқақгүл күлди де, оған: «Аўа, әлбетте, мен умытып кеткен екенмен-ғо!» — деди. Соңынан Қорқақгүл сол жерде, тоғайда дизерлеп отырды да, тасларды үйип, үстине қурғақ шақаларды қойды. Сизлер байқаған болсаңыз керек, қурбанлық орны сол ўақытта қолыңда болған ҳәр қандай материалдан қурыла береди. Кейин Қорқақгүл бул рет қурбанлық орнына нени бағышлаўды ойлап, екиленип қалды. Ол Сүйиспеншилик бүртигиндеги түртийип турған кишкене нәрсеге, ғумшаға нәзер таслады. Соң Қорқақгүл алдыға қарай еңкейип, қурбанлық орнына өз жүрегин қойды да: «Маған нәзер тасла, мен Сениң Қуўаныш пенен қабыл етиўши кишкене хызметшиңмен ҳәм мениң жүрегимде болған нәрселердиң ҳәммеси Сеники», — деди.

Бул ретте де жалын пайда болып, шақаларды жандырып жиберген болса да, балдақтағы ғумша солайынша қалды. Қорқақгүл ой жуўыртып: «Оны усынғандай, жүдә кишкене шығар», — деп ойлады. Деген менен, қандай да бир әжайып нәрсе жүз берди: Қорқақгүлдиң жүрегине жалын ушқыны киргендей болып, сол ушқын жыллы нур менен жарқырап турғандай еди. Қурбанлық орнындағы күлдиң арасында және бир тас жатыр еди. Ол сол тасты алып, басқаларына қосып қойыўы тийис еди. Солай етип, Қорқақгүл көтерип жүрген сумкада алты естелик тас бар еди.

Өз жолын даўам етип, саяхатшылар тез арада тоғайдың шетине жетип келди. Сонда Қорқақгүл қуўанғанынан қышқырып жиберди. Ол жерде оларды ким күтип турған еди деп ойлайсызлар? Ол — Шопан еди. Қорқақгүлдиң аяқларына қанат питкендей болып, ол Шопан тәрепке жуўырып кетти.

Қорқақгүл қатты қуўанып, Шопанға:

— Сәлем бердик, Саған мың-мың рет сәлем! Шопан, мениң жүрегимниң бағында көп нәрселер өсип кетти деп ойлайман ҳәм олардың ҳәммеси Сеники, оларға қәлегениңше пайдалансаң болады, — деди.

Шопан Қорқақгүлге:

— Мен саған бир хабарды айтыў ушын келген едим. Қорқақгүл, сени бир жаңа нәрсе күтип тур. Сол хабар мынадай: «Енди сен Мениң не ислейтуғынымды көресең», — деди.

Қорқақгүлдиң жүзи қызарып, қуўанғанынан қалтырап кетти. Қорқақгүл өз жүрегиндеги нәўше ҳаққында еске түсирди. Ол гүллеўге таяр болғанда, өзиниң Бийик шыңларға көтерилип, Сүйиспеншилик Патшалығына кириўге тайын болатуғыны туўралы ойлады.

Қорқақгүл Шопанға: «О Шопан, Сен мениң Бийик шыңларға шығыўым кереклигин нәзерде тутып атырсаң ба? Ўақыт болды, я, солай ма? — деп, усыларды ойлағанның өзинде ол зорға дем ала баслады.

Қорқақгүлдиң нәзерине Шопан басын ийзегендей болып көринди, бирақ Ол бирден жуўап берген жоқ. Шопан Қорқақгүлге қарап турған еди, Оның жүзине нәзер салып, ҳеш нәрсени билип болмайтуғын еди.

Сонда Қорқақгүл Шопанның қолынан тутты да, Оған төменнен жоқарыға қуўанышлы түрде қарап:

— Ҳақыйқаттан да, Сен усыны нәзерде тутып атырсаң ба? Мени тез арада Бийик шыңларға апаратуғыныңды айтпақшымысаң? — деди.

Бул рет Шопан жуўап берип:

— Аўа, — деди де, таң қаларлық күлки менен сөзин даўам етип: — Енди сен Мениң не ислейтуғынымды көресең, — деди.



# «Дәрт» атлы уллы жартас

Кейин ала Қорқақгүл өзлери келген сол елдиң атызлары, бағлары ҳәм бийик емес төбешиклери арасында сейил етиў ушын кеткенде, кеўли жайнап тур еди. Енди оған Қайғы ҳәм Азаптың өзи менен бирге болғаны да, яғный ҳәммеси бәри бирдей көринди. Оның жүрегинде олардың жақын арада өзине пүткиллей жолдас болмайтуғынына деген үмит оянды. Өйткени Қорқақгүл таўларға және жақын келгенде, олар екеўи өзине Бийик шыңларға миниўге жәрдем береди ҳәм сонда ол олардың жәрдемине енди қайтып мүтәж болмайды. Және де, өзлери киятырған соқпақтың да төбешиклер арасы менен ийреңлеп, еле де қублаға қарай баратырғаны оны тәшиўишлендирмейтуғын еди. Себеби ол бул жолдың тез арада артқа, өзи жүдә аңсаған шығыстағы таўларға апаратуғынын айтқан Шопанның ўәдесин алған еди.

Көп өтпей, соқпақ төбешиклер жоқарысына қарай көтериле баслады.

Минекей, күнлердиң биринде саяхатшылар күтилмегенде ең бийик төбешиктиң өркешине жетип келди ҳәм қуяш шығыўдан өзлериниң нәҳән ҳәм кең болып жайылған үйиндиниң үстинде турғанын көрди. Олар шығысқа, қуяш шығатуғын тәрепке қарады ҳәм Қорқақгүл қуўанғанынан қышқырып, шүкирлик билдирди. Жақын аралықта, үйиндиниң ең түпкиринде өткир ушлы миналалары ҳәм ушқыр ушлары бар уллы дийўал сыяқлы болып көтерилген таўлар анық көринип тур еди. Олар таң нурында ақшыл қызыл ҳәм алтын тәризли болып түйилди. Сонда Қорқақгүл ҳеш қашан бундай әжайып нәрсе көрмегени ҳаққында ойлады.

Қуяш жоқары көтерилип, аспандағы реңлердиң сәўлеси өшкенде, Қорқақгүл ең бийик жерлердиң қарға бүркелгенин көрди. Олар соншелли аппақ ҳәм жарқыраған болып, қараған адамның көзин қамастыратуғын еди. Қорқақгүлдиң көз алдында Бийик шыңлар тур еди. Ҳәммесинен де жақсысы, олар киятырған соқпақ шығысқа қарай бурылып, туўры таўларға алып баратуғын еди.

Төбешик басында Қорқақгүл дизе бүгип, тәжим етти. Сол сәтте басып өтилген жолда болған барлық дәрт ҳәм иркилис, пүткил азап ҳәм сынақлар алдындағы жарқыраған салтанат пенен салыстырғанда ҳеш нәрсе еместей болып көринди. Және де, оған өзиниң жолдаслары да бирге мыйық тартып турғандай болып түйилди. Қорқақгүл тәжим етип, қуўанып болғаннан соң, орнынан түргелди ҳәм олар үшеўи үйинди арқалы жолға атланды. Олар алдыға қарай таң қаларлық тезлик пенен жүрип кетти, себеби соқпақ тегис еди. Болып атырған нәрселерге зорға дегенде исенип, олар таўға жақынлап киятырғанын көрди. Таўлардың етеги еки адым жерде еди.

Жақынлап келген сайын, Қорқақгүл таўлардың тиклигине ҳайран қалмаўға илажи жоқ еди. Бизиң саяхат-

шылар қанша жақынлаған сайын, таўлар соншелли жетип болмайтуғындай болып көринди. Бирақ саяхатшылар оларға жүдә жақын келгенде, өзлери жолын даўам ететуғын қандай да бир ойпатлық, я жыра, я өткел табылып қалатуғынына Қорқақгүл өзин исендирди. Әлбетте, жоқарыға көтерилетуғын жол қаншелли тик болса да, мақсетке жетиў ушын оған ҳәммеси бәри бир еди. Сол күнниң кешки ўақтына жақын олар таўлар етегине жетип келди. Олар киятырған соқпақ адам шыға алмайтуғын жартастың тийкарына алып келип, сол жерде таўсылды.

Қорқақгүл тоқтап қалды ҳәм көзлерин қатты ашып, нәзер таслады. Ол қаншелли көп қараған сайын, оның түсинбеўшилиги соншелли күшейип бара берди. Соңынан ол қалтырай баслады. Себеби алдындағы пүткил таў дизбеги нәҳән тас дийўалдай болып түйилди. Ол соншелли бийик болып, Қорқақгүл оның басын көриў ушын артқа шалқайтқанда, басы айланып кетти. Тик жартаслар оның жолын бөгесе де, соқпақ туўры оларға алып келип, усы жерде үзилип қалды. Бул жерде соқпақты басқа жаққа алып барыўшы бирде бир белги жоқ еди. Бул адам мине алмайтуғын ҳәм тип-тик тас дийўалға көтерилгендей ҳеш мүмкиншилик жоқ еди. Оларға изге қайтыўға туўры келген еди.

Ҳайран қалған Қорқақгүл жағдайдың пүткил қорқынышлы тәрепин түсинип жеткеннен соң, Азап оған тас дийўалды нусқап көрсетип, қолынан тутты. Жақын жерде жайласқан жумалақ тас үйиндисиниң арғы жағынан еркек кийик көринди. Оның изинен урғашы кийик те көринип, олар екеўи бул тип-тик жартас арқалы көтериле баслады.

Олар үшеўи қарап турғанда, Қорқақгүл өзин жаман сезип, мийи айланып кетти. Ол биринши болып баратырған кийиктиң тик жар бойлап ийрек-ийрек болған тар ҳәм

шектен тыс тип-тик соқпақ арқалы көтерилип баратырғанын көрди. Айрым жерлерде кишкене дүңкийген жерлер болып, айрым жерлерде тегис емес текшелер бар еди. Деген менен, Қорқақгүл соқпақтың кесилип қалған жерлери де бар екенин байқады.

Сонда бундай жерлерди кийик узын аралыққа секириўи арқалы серипппели тәризде басып өтип, жоқарыға ушты. Урғашы кийик бәрқулла оның қасында болып, жеңил ҳәм сондай гөззал ҳәрекет етип, оған избе-из ерип отырды. Ол тири жан қаншелли дәрежеде қорқпай ҳәрекет ете алғанынша ҳәрекет етти. Солай етип, усы екеўи минсиз көркемлилик ҳәм исеним менен тип-тик жартастың үсти менен көтерилип, ақыры жоқарыда көзден ғайып болды.

Қорқақгүл бетин қолы менен жаўып, усы ўақытқа дейин болып көрмеген қорқыныш ҳәм жүрегиндеги қәўетер менен әсте-ақырын тасқа отырды. Соң ол өзиниң еки жолдасының қолынан тутқанын сезип, олардың былай деген даўысын еситти:

— Қорқақгүл, қорқпа. Бул басы жаўық көше емес, бизлерге артқа қайтыўға туўры келмейди. Мына тип-тик жартас арқалы жоқарыға апаратуғын жол бар. Кийиклер бизге оны аттан анық қылып көрсетип берди. Солай етип, бизлер бул жол менен жүрип, жоқарыға шыға аламыз.

Қорқақгүл бақырып жибериўден сәл қалып:

— Оҳ, яқ, яқ. Бул соқпақтан улыўма жүрип болмайды. Бәлким, кийик оны басып өте алар, бирақ бирде бир адам баласының буны ислеўге күши жетпейди. Мен ҳеш қашан ол жерге мине алмайман. Мен мына қорқынышлы тасларға басымнан дүс төмен қулап, шыл-пәрше боламан, — деўи менен бақырып жылап жиберди. Соң сөзин даўам етип: −Бул мүмкин емес, улыўма мүмкин емес. Мен бундай жол менен Бийик шыңларға жете алмайман,

демек, мен ол жерге ҳеш қашан бара алмайман, ҳеш қашан, — деди.

Сонда Қорқақгүлдиң еки жолдасы оған және бир нәрсе демекши болды. Бирақ ол қулақларын жаўып алды ҳәм оның көзлеринен және жас тама баслады. Әнекей, Шопанның Қорқақгүли адам мине алмайтуғын жартастың етегинде отыр, ол қорқыныштан қалтырап, түскинликке түсиўи менен не қыларын билмей қалды ҳәм өзинше: «Мен буны ислей алмайман, ислей алмайман! Мен ҳеш қашан Бийик шыңларға жетип бара алмайман», — деди. Буннан аянышлырақ аўҳалды көз алдымызға келтириў қыйын еди. Бирақ ең жаманы алдында еди.

Қорқақгүл ҳалдан тайып, бүрискен ҳалда жерде жатырғанда, домалаған таслардың шықырлағанын ҳәм тарсылдағанын еситти ҳәм оған жақын жердеги бир даўыс:

— Ҳа, ҳа! Мениң кишкене аталас қарындасым! Минекей, бизлер ақыры ушырастық. Енди өзиңди усындай жағымлы аўҳалда қалай сезип атырсаң? — деди.

Қорқақгүл көзин ашып, өзиниң Қоянжүректиң жеркенишли жүзине қарап турғанын байқады.

Қоянжүрек жылмыйып, сөзин былай даўам етти:

— Маған мынадай ой келди, аўа, менде бизлер еле де қосыла аламыз деген ой пайда болды. Сен не, кишкене ақмақ қыз, меннен қутыламан деп ойлап қалдың ба? Яқ, Қорқақгүл. Сен — Қорқынышовлардың бирисең ҳәм буннан ҳеш жаққа қашып қутыла алмайсаң. Және де, сен, мениң кишкене қәдирли ақмағым, маған тийислисең. Мен сени аманлықта үйиңе қуўыстырыў ушын ҳәм сениң ендигиден былай ҳеш жаққа қашып кетпеўиңди бақлап жүриў ушын келдим.

Қорқақгүл Қоянжүректиң күтилмегенде пайда болғанына қатты ҳайран болып, не қыларын билмей қалған еди. Ол ҳаплығып:

— Мен сениң менен бирге барыўдан пүткиллей ўаз кешемен, — деди.

Қоянжүрек жылмыйып күлип былай деди:

— Бул сениң жумысың. Қәдирли қарындасым, мына жартасқа қара. Саған жоқарыда жақсы болады, дурыс па? Қорқақгүл, қара, саған қаяқты көрсетип атырман. Көрип турсаң ба, жоқарыға апаратуғын жолдың ярымында шығыңқы кишкене жер бар ҳәм сол жерден жарылған жер арқалы жартастың арғы жағына секириў керек. Қорқақгүл, көз алдыңа келтирип көр, сен секирип, ҳаўада салбырап қаласаң, сырғанақ тасқа асыласаң, бирақ сен оған асылып бир минут та тура алмайсаң. Туңғыйықтағы сол сықылсыз ҳәм пышақ сыяқлы өткир тасларды көз алдыңа келтирип көр. Сол таслар сени баўырына алып, тилим-тилим қылыўға таяр тур. Сонда сениң күшиң кетип, бийикликтен қулайсаң.

Қорқақгүл, сезип турсаң ба, қандай жақсы, я? Усы көринисти жақсырақ түсиниўге тырыспа. Бул — соқпақ таўсылатуғын көп жердиң бири. Сен қаншелли бийигирек көтерилген сайын, мениң кишкене ақмағым, қулаў да соншелли қорқынышлы болады. Кәнекей, таңла, сен сол жаққа, өзиң жете алмайтуғын ҳәм набыт болатуғын жаққа барғың келе ме, я үйге қайтыўды, яғный мениң кишкене хызметшим болыўды қәлейсең бе? Сонда таўларда оның жаңғырған жаўыз күлкиси еситилди.

Қорқақгүлдиң еки жолдасы оған мүләйим түрде, бирақ желкесинен силкип:

— Қорқақгүл, өзиңе ким жәрдем бере алатуғынын сен билесең. Сен Оны шақыр! — деди.

Қорқақгүл оларға жабысып алды ҳәм және өкирип жылап:

— Мен Оны шақырыўға қорқаман. Егер Оны шақырсам, Ол маған усы жолдан, мына қорқынышлы ҳәм

әбеший жолдан жүриўди буйырады деп, мен қатты қорқаман. Мен өзимди мәжбүрлей алмайман. Оҳ, енди не қылыўым керек, не?

Қайғы ол бетке еңкейип, жүдә мүләйим түрде, бирақ қатаңлылық пенен:

— Қорқақгүл, сен Оны шақырыўың тийис. Оны ҳәзирақ шақыр! — деди.

Қорқақгүлдиң тислери бир-бирине урылып, шақырлап ҳәм дирилдеп:

— Егер Оны шақырсам, Ол маған қурбанлық орнын қурыўды буйырады. Мен бул рет ондай қыла алмайман, — деди.

Қоянжүрек жеңиске ерискен түр менен күлип, Қорқақгүлге қарай адым атты. Бирақ Қорқақгүлдиң еки жолдасы Қоянжүрек пенен оның қурбаны арасында турып алды. Азап Қайғыға қарап, оған мақуллаў мәнисинде бас ийзеди. Буған жуўап ретинде Азап белбеўиндеги илиўли турған кишкене, бирақ жүдә өткир пышақты алды да, Қорқақгүлдиң бүкирейген денесине еңкейип, оған суғып жиберди. Қорқақгүл аўырыўдан қышқырып жиберди. Соңынан ол усы үшеўиниң алдында ҳәлсизлигинен пүткиллей үмитсизленип, соқпақ өзин тик жардың етегине әкелген ўақытта ислеўи керек болған исти иследи. Ҳәзир оған қатты уят болса да, күтилмеген жағдайлар себепли буны ислеўге мәжбүр болды. Қорқақгүл қышқырып:

— О, Ийем! Мени қоймай атыр! Мени жақлай гөр. Қорқынышларым мени бийлеп алды ҳәм мен тик қараўға да қорқаман, — деди.

Жүдә жақын жерден Шопанның:

— Саған не болды, Қорқақгүл? Не болды? Жигерлен, бул Мен, қорқпа! — деди.

Шопанның даўысы сондай қуўанышлы еситилип, сол даўыста соншелли күш болып, ийнениң ушындай да



айыплаў мәниси жоқ еди. Шопанның қасында болғаны өзин жанландырып, күш-қуўат ҳәм батыллық берип атырғанын сезди.

Қорқақгүл орнынан турып отырды ҳәм Шопанға қарады. Сонда ол Шопанның мыйығынан күлип турғанын, ҳәтте, өзиниң үстинен күлип отырғанын көрди. Ал Шопанның көзлеринде айыплаў мәниси жоқ еди. Күтилмегенде Қорқақгүл өз жүрегинде алдын көп адамлар айтқан мына сөзлер жаңғырып турғанын еситти: «Қорқынышта болғанларға Ийемиз мийрим-шәпәәтли». Қорқақгүл Шопанға қарап турғанда, кеўлинде шүкиршилик сезими толып кетти ҳәм өзин қысып турған қорқыныш кеткендей болды. Қорқақгүлди қуўаныш бийлеп, жүрегинде сыңғырлаған булақ сыяқлы болған мына қосық жаңлады:

*Мениң сүйиклим — ең әҳмийетли,*
*Мың-мыңлағанлар арасында.*
*Тең келмес оған ҳеш ким.*
*Ол пүткиллей әдил.*
*Сүйиклим мениң ең нәзик,*
*Күшли Ол ҳәммеден де.*

Шопан және:

— Маған айтшы, не болды? Сен неден қорқып қалдың? — деди.

Қорқақгүл сыбырлап:

— Шопан, Сениң мен ушын таңлаған жолларың сырттан қарағанда жүдә қорқынышлы ҳәм өтип болмайтуғындай болып көринеди. Мен оған қарасам, мийим айланып, есимнен танайын деп қаламан. Сол жол менен кийиклер ҳәм қуралайлар жүре алады. Деген менен, олар мен сыяқлы ақсақ ҳәм қорқақ емес-ғо.

Шопан күлимсиреп:

— Бирақ, Мен саған Хорлық ойпатлығында нени ўәде еткенимди есиңе түсир, Қорқақгүл, — деди.

Қорқақгүл таң қалғандай түр билдирди. Оның жүзи қызарып кетти, бирақ аз-маздан соң өз қәлпине келди.

Сонда Қорқақгүл сөз баслап:

— Сен айтқан един... деп тоқтап қалды ҳәм және даўам етип: — О Шопан, Сен мениң аяқларымды кийиктиң аяқларындай қылатуғыныңды ҳәм Бийик шыңларға апаратуғыныңды айтқан един, — деди.

Шопан қуўанышлы түрде жуўап берип:

— Бирақ, кийиктиң аяқларындай аяқларға ийе болыўдың жалғыз жолы — бул кийиклер жүретуғын мынадай жолдан жүриў болып табылады, — деди.

Қорқақгүл қалтырап кетти ҳәм Шопанға уялып нәзер таслады да:

— Егер мен мына соқпақ пенен жүриўим тийис болса, онда кийиктиң аяқларындай аяқларға ийе болыўды қәлемейтуғын шығарман, — деди зорға ғана.

Шопанды ҳеш толық билип болмайды: Ол таң қалмады да, ашыўланған да жоқ. Буның орнына Ол және күлип жиберди ҳәм Қорқақгүлге қуўанышлы түрде:

— Яқ, сен қәлейсең, Қорқақгүл. Мен сени жақсырақ билемен. Негизинде, сен буны жүдә аңсайсаң ҳәм Мен саған кийиктиң аяқларын ўәде етемен. Ҳақыйқаттан да, Мен сени усы жерге, таўлар айрықша тип-тик, кийиклер ҳәм таў ешкилери жүретуғын соқпақтан басқа соқпақ болмаған жерге арнаўлы түрде алып келдим. Булардың ҳәммеси ўәдемниң орынланыўы ушын болды. Мен саған ең соңғы ушырасыўымызда не деген едим? — деди.

Қорқақгүл жуўап берип:

— Сен «Енди сен Мениң не ислейтуғынымды көресең», деген един — деди де, Шопанға айыплағандай болып қарап: — Бирақ Сениң бундай ислейтуғының он уйықлап түсиме де кирип шыққан жоқ еди. Мени кийиклер менен

таў ешкилеринен басқа адам мине алмайтуғын тип-тик жартасларға алып келесең деп ойламаған едим. Мен кийикке қарағанда медузаға көбирек уқсайман. Бул оғыры, жүдә оғыры болды, — деди.

Қорқақгүл айтыўға сөз таба алмай қалды ҳәм соңынан қатты күлип жиберип:

— Аўа, бул жүдә келиспеген ҳәм биймәни нәрсе болды! Бул ақылсызлық! Ендиги жағында Сеннен не күтсе болады? — деди.

Сонда Шопан да күлип жиберип:

— Мен ерси нәрселерди жақсы көремен. Билесең бе, ҳәлсизлик күшке, қорқыныш исенимге, бузылған нәрсе минсиз нәрсеге айланып баратырғанын көриў Маған үлкен рәҳәт бағышлайды. Ҳәзирги сәтте медузаның таў ешкисине айланыўынан басқа ҳеш нәрсе Маған үлкен рәҳәт бағышлай алмайды. Бул — Мениң исим, — деди де, жүзи қуўанышқа бөленди. Соң Ол даўам етип: — Бир нәрсениң екинши нәрсеге айланыўы, мысалы Қорқақгүлдиң... деп, күлип жиберди де: — Бирақ, Қорқақгүлдиң неге айланатуғынын бизлер кейинирек көремиз, — деди.

Бул — ҳақыйқаттан да, әжайып көринис болды. Жақында ғана қорқыныш ҳәм үмитсизлик ҳүким сүрип турған жерде Қорқақгүл менен Шопан адам мине алмайтуғын қыя тастың етегиндеги тасларда отырып, дүнья жүзиндеги ең күлкили ҳәзилди еситкендей болып күлип отыр еди.

Шопан Қорқақгүлге:

— Енди, Мениң кишкене медузам, сеннен таў ешкисин шығара алатуғыныма ҳәм сени мына тик жардың төбесине шығара алатуғыныма исенесең бе? — деди.

Қорқақгүл жуўап берип:

— Аўа, — деди.

Шопан оннан:

— Маған усыны ислеўге рухсат етесең бе? — деп сорады.

Қорқақгүл Шопанға:

— Аўа. Егер Сен усындай ақылсызлықты ҳәм биймәни нәрсени ислемекши болсаң, рухсат етпеўге бола ма? Әлбетте, болмайды.

Шопан оған:

— Сен Мени жоқарыға көтерилген жолында масқара болыўыңа жол қояды деп ойлайсаң ба? — деди.

Қорқақгүл Шопанға қарады да, өзи алдын ҳеш қашан айтпаған сөзди айтып:

— Ҳәтте, сондай болса да, мен қарсы болмайман деп ойлайман. Шопан, тек бул Сениң қәлеўиң бойынша болып, Сениң еркиң менде орынлансын. Қалғанлары әҳмийетли емес, — деди.

Қорқақгүл еле сөйлеп турғанда, әжайып нәрсе жүз берди. Жартастың фонында еки айқулақ көринди. Олар иймейген түс алып, тек кийиклер ҳәм таў ешкилери жүретуғын таў көринисин қаплап кетти. Бул сондай сулыў ҳәм айрықша болып, Қорқақгүл қуўанғанынан ҳәм ҳайран қалғанынан, аўыр дем ала баслады. Деген менен, ол және еле де әжайып бир нәрсени көрди, яғный Шопан өзи менен сөйлесип турғанда, Қайғы менен Азап шетке шығып, соқпақтың жанында турды. Ал айқулақтың ушы жер менен ушласқан жерде айқулақтың бир ушы Азапқа, екинши ушы Қайғыға тийип турған еди.

Айқулақтың жарқыраған сәўлесинде жабыў жамылған усы екеўи соншелли өзгерип кеткен болып, Қорқақгүл оларға бир минуттан артық қарап тура алмады. Өйткени олардың нуры көзди қамастыратуғын еди.

Сонда Қорқақгүл бурын мүмкин еместей болып есапланған бир нәрсени иследи. Ол жартастың етегинде дизе

бүгип, қурбанлық орнын қурды ҳәм оған өз еркин, қәўетер ҳәм қорқынышларын қойды. От өшкенде, Қорқақгүл күлдиң арасынан басқаларынан үлкенирек ҳәм домалағырақ, қара ҳәм шетлери ушқыр, бирақ басқа ҳәр тәреплеме әпиўайы болған тас таўып алды.

Қорқақгүл сол тасты сумкасына салып қойды да, орнынан турып, Шопанның ендиги буйрықларын күтти. Қорқақгүлдиң жүрегинде Шопан бул қорқынышлы жоқары көтерилиўде өзи менен бирге болып, шөлдегидей алып жүреди деген үмит бар еди.

Деген менен, Шопан буны ислемеди.

Буның орнына Ол Қорқақгүлди жартастың тийкарына алып келип, оған былай деди:

— Қорқақгүл, минекей, енди сен растан-ақ Бийик шыңлар етегине жетип келдиң ҳәм ҳәзир сениң саяхатыңның жаңа басқышы басланады. Сен жаңа сабақларды өзлестирип алыўың тийис.

Өзим сени алып келген бул жартас таўлар дизбегиниң бас бетинде туратуғынын айтыўым керек. Ол усы жерден еки тәрепке қарай толық созылып, еле де түпкерирек барады. Ол ҳәмме жерде сондай тик болып, ҳәтте, бул жерден де тигирек. Буннан да қорқынышлырақ жартаслар бар. Олар: Масқарашылық, Жек көриўшилик, Қуўдалаў ҳәм т.б. Деген менен, усылардың бирде биреўин басып өтпей турып, Бийик шыңларға апаратуғын жолды таўып, Сүйиспеншилик Патшалығына барыў мүмкин емес. Ал мынаў — Мен сениң ушын таңлаған жартасым.

Бул жерге киятырған жолыңда, сен «Қуўаныш пенен қабыл етиў» деген сабақты өзлестирип алдың. Бул Сүйиспеншилик әлипбесиниң «А» деген биринши ҳәриби болады. Енди сен «Б» деген ҳәрипти үйрениўиң тийис. Сен Дәрт деген жартасқа жақынлап келдиң. Өзиңниң

мына жартастың жанбаўыры бойлап жоқарыға көтерилген жолыңда әлипбениң бул ҳәрибин ашып түсинесең деп, Мен үмит етемен ҳәм сеннен усыны күтемен. Және де, сен сол ҳәрипти есиңде сақлап қалып, оны «А» ҳәриби сыяқлы ис жүзинде қолланасаң. Ядыңда тут, Дәрт пенен ушырасыўдан ҳәм оны басып өтиўден қашып қутыла алмасаң да, егер сен Сүйиспеншиликке қарай көтерилиўде екинши сабақты жақсы өзлестирип алсаң, онда саған ҳеш бир нәрсе зыян тийгизип, жоқарыға көтерилиўиңде жарақатлай алмайды.

Усыларды айтып, Шопан айрықша салтанат ҳәм мийримлилик пенен Қорқақгүлдиң басына қолын қойып, пәтиясын берди. Кейин Ол Қорқақгүлдиң жолдасларын шақырып алды. Олар дәрҳал жетип келди. Соңынан Шопан Өз қолы менен жартастағы жарықтан арқан алып, жоқарыға көтерилмекши болған үшеўин қосып байлады. Алдында Қайғы, ортада Қорқақгүл, ал изинде Азап баратыр еди. Қорқақгүл аяғы тайып кетип, қуласа да, басқалар оны сүйеп, арқанның жәрдеминде аман сақлап қалар еди.

Ақырында Шопан қолын созып, бир жақлардан ишинде жүрек тамшылары болған кишкене шийше алды да, оны Қорқақгүлге берди. Шопан Қорқақгүлге оннан дәрриў аз-маз ишиўди ҳәм жоқарыға көтерилгенде мийи айланса ямаса өзин жаман сезсе, оны пайдаланыўды буйырды. Шийшеге жабыстырылған қағазда: «Мийрим ҳәм жубаныш Руўхы» деп жазылған еди. Қорқақгүл шийшеден бир-еки тамшы ишип, күшке толғаны соншелли, ол еле де жүрек төринде қорқынышты сезсе де, ҳәзир-ақ жоқарыға көтерилиўди баслаўға таяр болды.

Кеш ақырынлап баратыр еди. Жаз мәўсими болғанлықтан, қараңғы түсиўге еле еки-үш саат ўақыт бар еди. Шопан оларға дәрҳал жолға атланыўды буйырып: «Түн

боламан дегенше, Бийик шыңларға жетип барыў ҳеш қандай мүмкин емес. Деген менен, жоқарыда бул жерден көринбейтуғын үңгир бар. Сизлер сол жерде дем алып, тунди толық қәўипсиз жағдайда өткизиўиңизге болады. Қорқақгүл, егер сен усы жерде, жартастың етегинде қалсаң, душпанларың саған жасырын келип, жаманлық ислеўге тырысады. Деген менен, бул соқпақ бойынша олар сениң изиңнен бара алмайды. Сен жоқарыға көтерилген сайын, олар саған жете алмайтуғын болып қалады. Мен анық исенемен, сен жоқарыға жетип барғаныңда, олар менен және ушырасасаң», — деди ескертти.

Шопан усы сөзлерди айтып, оларды қоллап қуўатлағандай болып күлип қойды да, кете баслады. Қайғы дәрриў жартас арқалы ийреңлеп көтерилген, кишкене ҳәм тар болған биринши турған шығыңқы жерге көтерилди. Оған Қорқақгүл, кейин Азап та ерди. Солай етип, олар жоқарыға көтериле баслады.

Оныншы бап



# «Дәрт» жартасына шығыў

Жоқарыға көтерилиўди баслап, Қорқақгүл негизинде бул соқпақтың өзи ойлағандай оншелли қорқынышлы емес екенлигин байқағанда, таң қалды ҳәм терең миннетдаршылық билдирди. Деген менен, ол өзиниң күшли жолдасларына қосылып арқан менен беккем етип байланғанын билип, тыныш еди.

Және де, өзи жаңа ғана ишкен мийрим ҳәм жубаныш Руўхының кәраматлы дәриси Қорқақгүлди ҳәлсизликтен ҳәм басы айланғанынан қутқарды. Қорқақгүл ең ишинде усылардан көбирек қорқатуғын еди. Оннан қала берсе, олар көтерилгенде, ярым сааттай ўақыт ишинде айқулақ олардың төбесинде тур еди. Шопан әлле қашан көзден ғайып болған болса да, Қорқақгүл Оны еле қасында турғандай сезди.

Жүдә әҳмийетли болмаған жағдайда, Қорқақгүл төменге қарамаўға тырысты. Бирақ күнлердиң биринде жолдың басында, қыйын болған орынлардың биринде

оған жартастағы кишкене текшеде отырып турыўға туўры келди. Сол ўақытта Қайғы қармаланып алдыға жүрер, ал Азап артқы тәрепте күтип тур еди.

Анық сол ўақытта Қорқақгүл төменге қарады ҳәм сонда Шопанның ол жерде түнеўге рухсат етпей, жоқарыға көтерилиўди буйырғанына ҳақыйқаттан да үлкен шүкирлик билдирди. Төмендеги таста оның бес душпаны отырған болып, олар буларды бақлап, кек ҳәм қәҳәр менен қарап тур еди. Қорқақгүл қарап, Өз-өзин аяўдың (ол қасындағы жолдасларына қарағанда бәрқулла қәўипсизирек ҳәм сықылсыз көринетуғын еди) еңкейип, ушқыр тас алғанын ҳәм оны бар күши менен ылақтырып жибергенин көрди. Бахтына Қорқақгүл жүдә бийикте еди, бирақ сонда да тастың бир бөлеги оған тийип кетейин деди. Қайғы арқанды әсте тартып, енди алдыға жүриўге болады деген белги бергенде, Қорқақгүлдиң жүреги жай тапты.

Жоқарыға көтерилгеннен соң да, душпанлары менен ушырасыўы мүмкин екенин айтып, Шопанның өзин ескерткенин Қорқақгүл есине түсирди. Деген менен, душпанларының жоқарыға, Дәрт атлы жартасқа қалай көтериле алатуғынын Қорқақгүл көз алдына келтире алмады. Мүмкин, ол жерге апаратуғын басқа жол болыўы итимал.

Солай етип, үш саяхатшы кем-кемнен жоқарыға көтериле баслады. Төмендеги ойпатлыққа жартастан түскен көлеңке узын-узын болып бара берди. Шөл ҳәм уллы теңиз үстинде қуяш отлы шар сыяқлы болып төменлей баслады. Саяхатшылар өзлери көтерилген бийикликтен батыс теңизин көре алды. Олар сол теңиздиң жағасында узақ ўақыт саяхат еткен еди.

Олар жүрген соқпақ узын-шубай болып, жартас арқалы кем-кемнен жоқарыға көтериле баслады. Соқпақ унырап, ҳәтте, айырым жерлерде үзилип қалса да, жолдың

онша қыйын емес екенин байқаған Қорқақгүлдиң кеўли жай тапты. Ҳәтте, Қоянжүрек қатты қыйын болады деген жер де ондай болып шықпады.

Қараңғы түспестен бурын сол жерге жетип барып, Қорқақгүл соқпақтың растан-ақ үзилип қалғанын байқады. Бирақ жартастың жарық жерине тахтай салынып, жартасқа қағылған темир ҳалқа арқалы арқан өткерилген болып, бул тар көпирден өткен ўақытта сүйеў бола алатуғын еди. Бундай жәрдемди қабыл етиў кийиклер ушын масқарашылық болса керек. Олар бир секириўи менен бундай терең жерлерден аңсат өте алатуғын еди. Өзине исеним беретуғын усындай сүйеў болыўына қарамастан, Қорқақгүл Қоянжүректиң өзине айтқан нәрселерин еске түсирмеўге ҳәм олар ҳаққында ойламаўға тырысты. Көз алдына келтирилген көринислер ҳақыйқый нәрселерден қорқынышлырақ болып, өзин көбирек қорқытатуғынын Қорқақгүл өзиниң ашшы өмир тәжирийбесинен жақсы билетуғын еди.

Қорқақгүл тахтай арқалы жақсы өтип, төменнен ҳеш билинбеген жүдә тар ҳәм шығыңқы жерге шығып алды. Сонда оларға өткелдиң Шопан айтқан жери, кишкене үңгир тап болды. Олар сол жерде түнеўи тийис еди.

Қорқақгүлдиң кеўли жай тапты ҳәм шүкиршилик сезими менен үңгирге кирди де, жән-жағына қарай баслады. Үңгирдиң ишинен төменге қарап, мийди айландыратуғын аяқ астындағы тереңликти көриў (үңгирдиң дүзилиси сондай еди) мүмкин емес еди. Бирақ әтирaптағы кеңислик, шөлистанлық ҳәм өзлериниң арт бетиндеги узақ теңиз жақсы көринетуғын еди. Сонда ҳәмме нәрсени таза ҳәм гүмис нурға бөлеп, ай шықты ҳәм қараңғы тартқан аспанда биринши жулдызлар жымыңласа баслады. Үңгирдиң ишинде биреўлер тегис тас қалдырған болып, олар әпиўайы стол ҳәм отырғыш ретинде хызмет етти. Ал жердеги

мүйеште үсти-үстине жыйналған қой терилеринде жатып, дем алыўға болатуғын еди.

Үңгирдиң кирер аўзына жақын жерде кишкене сарқырама суў болып, бизиң саяхатшыларымыз оған гезек пенен барып, жуўынып алды. Соңынан Қайғы ҳәм Азап жоқарыға көтерилерден алдын Шопанның жартастың етегинде өзлерине берген еки түйиншигин шығарды. Түйиншиклердиң ишинде нан, қурғақ мийўелер ҳәм ғоза бар еди. Саятшылар тойып алды, кейин шаршап, уйқылап қалды ҳәм ҳеш қандай түс көрмеди.

Қорқақгүл қуяштың биринши нурлары менен оянып, орнынан турды да, үңгирдиң шығар аўзына жақынлады. Бул ерте суўық таңның сәўлесинде өзиниң алдында пайда болған қайғылы көринис оны қорқытып жиберди. Ол көз жиберип қарағанда, теңизге дейинги бос тегисликтен басқа ҳеш нәрсе жоқ еди. Қорқақгүлдиң басында жартаслар әўдийип турған болып, ал аяқ астында ушқыр тисли таслар бар еди. Олар басып өткен тоғайлы ел көзден ғайып болды. Көзге көринип турған үлкен жер майданында Қорқақгүл бирде бир терек көрмеди, тек ара-тура қуўраған путалар көзге тасланды. «Қандай қаңырап атырған бослық. Ал мына төмендеги таслар да сондай жаўыз болып, өзлериниң үстине түскен ҳәмме нәрсени майып етип, жоқ қылғысы келип турғандай еди. Бул адамсыз шөлде ҳеш нәрсе өспейтуғындай болып көринетуғын еди.

Сол ўақытта Қорқақгүл жоқарыға, төбесиндеги жартасларға қарады ҳәм таң қалып, қуўанғанынан ырғып түсти. Ара-тура бир-еки тамшы суў тамып турған кишкене жарықта мирттай болған жалғыз нәўше жасырынған еди. Оның бир-еки жапырағы ҳәм балдағы болып, өзи бир тал шаштай жиңишке еди. Балдақта қып-қызыл бир гүл болып, қуяштың биринши нурларында ол от сыяқлы жанып турған еди.

Қорқақгүл бир қанша ўақыт гүлге, оған өсиўге хеш мүмкиншилик бермей турған дийўалға ҳәм тар жарыққа тигилип қарады. Гүл бәри бир де нурға қарай ашылған еди. Қорқақгүл гүлдиң пүткиллей жалғыз екени ҳаққында ойлады. Гүлдиң тамырын ҳәр тәреплеме жалаңаш тас қысқан болып, жапырақлары қамалған жеринен зорға шыға алар еди. Деген менен, гүл гүллеп, өзиниң кишкене жүзи менен қуяшқа бурылып, қуўанышлы жалын сыяқлы жанып тур еди. Қорқақүл оған қарап, шөлде сорағанындай: — Гүл, сениң атың ким? Өйткени мен, ҳақыйқаттан да, сендей гүл көрмедим, — деди.

Сол ўақытта қуяш қып-қызыл жапырақларды сыйпалағанда, олар бурынғыдан да бетер жарқырап кетти ҳәм Қорқақгүл мынадай деп сыбырлаған даўысты еситти:

— Мениң атым — Ҳәмме нәрсеге шыдай алыўшы, бирақ биреўлер мени Кеширим деп те атайды.

Сонда Қорқақгүл Шопанның мына сөзлерин есине түсирди: «Жоқарыға көтерилген жолыңда, Сүйиспеншилик әлипбесиниң келеси ҳәрибин ашасаң. Сен оны дәрҳаллақ қоллана басла».

Қорқақгүл кишкене гүлге қарады ҳәм оннан және:

— Сени неге булай атайды? — деп сорады.

Сонда Қорқақгүл және ҳәр түрли сеске дөнген күлкини ҳәм нәўшениң сөйлегенин еситти:

— Мени барлық жолдасларымнан айырып, үйден қуўып жиберди. Соң мени усы жерге әкелип, мына тас қамақханаға қамап таслады. Бирақ бул мениң қәлеўим бойынша емес, ал басқалардың ис-ҳәрекети менен болды. Олар мени бул жерге таслап, өзлериниң ислериниң жемисин жыйнаўға қалдырды.

Мен ҳәммесине шыдадым ҳәм солып қалмадым. Сүйиўди де тоқтатпадым ҳәм Сүйиспеншилик маған жартастан шығыўға жәрдем етти. Сонда мен усы жерден



өз Сүйиспеншилигимнен, қуяштың жүзине туўры қарай алдым. Мине, көрдиң бе! Енди мениң ҳәм мениң Сүйиспеншилигимниң арасында ҳеш нәрсе жоқ, бул әтирапта мени Сүйиспеншилигимнен узақластыра алатуғын да ҳеш нәрсе жоқ. Қуяш маған нурын шашып, қуўаныш бағышлайды. Қуяш мен айырылған ҳәмме нәрсениң орнын басып, маған исленген барлық жаманлықты умыттырды. Пүткил дүнья жүзинде мендей кеўли тоқ ҳәм мийирман гүл жоқ. Себеби мен өз Сүйиспеншилигиме ана сүтинен айырылған бала сыяқлы қарайман ҳәм Оған: «Аспанда Сен барсаң. Сен мениң менен бирге болсаң, маған жер жүзинде ҳеш нәрсе керек емес», — деймен.

Қорқақгүл төбесиндеги жылтыраған жалынға қарап, жүрегинде күншилликке уқсаған қумарлықты сезди. Ол өзиниң не қылыўы кереклигин билетуғын еди. Қорқақгүл гүл өскен жартастың қасындағы тар соқпақта дизе бүкти де: «О Ийем мениң, минекей, мен — Сениң ҳәмме нәрсеге шыдай алыўшы кишкене хызметшиңмен», — деди.

Сол ўақытта оның төбесиндеги гүлдиң тамырын қысып турған тастың бир бөлеги сынып кетип, аяқларының жанына түсти. Қорқақгүл тасты алды да, оны әлпешлеп, сумкасындағы басқа жети тасқа қосып қойды ҳәм кейин үңгирге қайтып келди. Қайғы ҳәм Азап өзлеринде болған нан, кишмиш ҳәм ғоза менен оны күтип отыр еди. Соңынан олар Ийемизге шүкирлик билдирди де, аўқатланып болып, өзлерин арқан менен байлады да, жоқарыға көтерилиўди даўам етти.

Тез арада олар тайғақ ҳәм тик жерге келди. Сонда Қорқақгүл биринши мәрте жығылып қалды. Оның аяғы тайып, ушқыр таслардың шети оны жырып кетти. Еле де Қорқақгүл өз жолдасларына арқанлар менен беккем етип байланған еди. Қорқақгүлдиң мийи айланып кетти ҳәм ол қатты қорқып, сәл болмаса есинен танып қалайын

деди. Егер ол арқан менен байланбағанында, соқпақтан тайып, төмендеги жартасларға түсип, шыл-пәрше болар еди. Усындай ойлар себепли Қорқақгүл қатты ҳаўлығып, тек жерге жатып, өз жолдасларын жәрдемге шақырыўға ғана күши жетти.

Алдында кетип баратырған Қайғы дәрҳал арқанды күшлирек тартты ҳәм Азап Қорқақгүлге жақынлап келип, оны қушақлады да, қатал түрде:

— Шопанның өзиңе берген тамшы дәрисинен аз-маз иш», — деди.

Қорқақгүл өзин жүдә жаман сезди ҳәм ол қорқып, тек Азаптың қушағында жатып, аўзы менен дем алыўға ғана ҳалы жетти. Ол Азапқа:

— Мен шийшениң қаяқта екенин билмеймен. Оны излеў ушын, мен, ҳәтте, қыймылдай алмайман да, — деди.

Сонда Азап ҳәлсиз қыздың қойнына қолын тығып, ол жерден шийшени алды да, Қорқақгүлдиң аўзына бир неше тамшы тамызды. Бир қанша ўақыттан соң, Қорқақгүлдиң жүзине қан жуўырып, ол өзине келе баслады. Бирақ ол еле қыймылдай алмайтуғын еди. Қорқақгүл мийрим ҳәм жубаныш Руўхынан және уртлады да, өзиниң күшке толғанын сезди.

Кейин Қайғы Қорқақгүл еки бүгилип атырған жерге қайтып келип, қыз қолы менен услай алатуғын дәрежеде арқанды әсте қысқартты ҳәм олар және жоқарыға көтерилиўди баслады. Қорқақгүл өзи жығылған ўақытта еки дизесинен қатты жарадар болғанлықтан, ақсаңлаўы менен жолын даўам етти. Ол тынбай ыңқылдап, үзликсиз тоқтай берди. Қорқақгүлдиң жолдаслары оның менен жүдә сабырлы болыўға тырысты, бирақ олар асығыўы тийис еди. Өйткени қараңғы түспестен бурын жартасқа жетип алмаса, түнеў ушын басқа үңгир жоқ еди.

Ақыры, Азап Қорқақгүлге еңкейип, оннан:

— Бүгин үңгирден кетип, жалғыз өзиң жүргениңде, не иследиң? — деп сорады.

Қорқақгүл ҳайран болып қарады да, кейин уялғанынан қызарып кетип:

— Мен бурын ҳеш қашан көрмеген гүлимди тамашаладым. Ол жартастағы сарқырама суўдың қасында өсип тур екен, — деди.

Азап Қорқақгүлден мүләйимлилик пенен:

— Ол қандай гүл еди? — деп сорады.

Қорқақгүл оған өлпең даўыс пенен жуўап берип:

— Ол — ҳәмме нәрсеге шыдай алыўшы гүл еди. Бирақ айырымлар оны Кеширим деп те атайды екен, — деди.

Қорқақгүл бир қанша ўақыт үндемей қалып, өзи қурған қурбанлық орнын еске түсирди ҳәм өмиринде Сүйиспеншиликтиң бул жаңа ҳәм қыйын ҳәрибин қолланбайтуғынын түсинди. Сонда ол:

— Егер дизелериме мына жүрек аўырыўға берилетуғын тамшы дәриден бир неше тамшы тамызсам, жақсы болмас па екен? — деди.

Қайғы ҳәм Азап бир аўыздан жуўап берип:

— Кел, сынап көрейик. Бул — әжайып пикир, — дести.

Олар сол жүрек дәрисинен Қорқақгүлдиң дизелерине аз-маз тамызғанда, қан дәрриў тоқтап, ашығаны ҳәм аўырғаны қойды. Қорқақгүлдиң аяқлары бурынғыдай, яғный ағаштай болып, ол еле қатты ақсаңлаўға мәжбүр еди. Бирақ оның жолдаслары алдыға тезирек жүре берди.

Түски аўқаттан кейин, кешке жақын олар әлле қашан сол қорқынышлы жартастың басында болып, жас қарағайға тап болды. Соқпақтың қасындағы үлкен емес төбешиклерде жасыл шөп ҳәм голубика өсип тур еди. Ал адам мине алмайтуғындай болып көринген соқпақ растан-ақ артта қалды. Олар дем алыў ушын тоғайдағы көк шөп

басқан төбешиклердиң бирине отырып, өзлерине жақын жерде қосық айтқан мына даўысты еситти:

*Мениң минсиз муҳаббатым,*
*Сенде бирде бир мин жоқ.*
*Таўлар басына барайық,*
*Әжайып таңды көриўге.*
*Мирра таўына биз шығамыз,*
*Фимиам төбешигине де.*
*Сол жерде нур шашар пәклик,*
*Сая ҳәм думанларды қуўып.*
*Мениң менен жүр, әзизим,*
*Ливан төбесине шығамыз.*
*Түнерген Сенирди тамашалап,*
*Ермон ҳөм Аманды көремиз.*
*Арысланлар жасырынар бул жерде,*
*Қапланлар да қараңғыда.*
*Бирақ жарқыраған нур болар,*
*Қудай бизге берген жерде.*

Сонда тереклер арасындағы жолдан оларға қарай Шопан киятыр еди.

Он биринши бап



# Қәўип ҳәм Ҳәсирет тоғайларында

Олар Шопан менен сондай қуўанышлы түрде сәлемлести! Ал Шопан олардың жанында отырып, оларды жартасқа көтерилгени менен кеўилли түрде қутлықлады. Соңынан Шопан Қорқақгүлдиң жығылған ўақытта алған жарақатларына мүләйимлилик пенен қолларын қойғанда, ол дәрҳал шыпа тапты. Сонда Шопан оларға келеси жолы туўралы айта баслады:

— Енди сизлер мына таўларды етеклеринен баслап, қарлы төбелерине дейин қаплап турған тоғайлар арқалы жүриўиңиз тийис. Бул — жол қыйын, бирақ сизлер жолда тез-тез таўдағы баспаналарға тап боласыз. Булар — Қәўип ҳәм Ҳәсирет тоғайлары болып, оларда қарағайлар сондай бийик болып өсип, бир-бирине жақын жайласқанлықтан, соқпақ жүдә қараңғы болып көринеди. Усы жердеги таў етеклеринде жийи-жийи даўыл болып турады, бирақ солай болса да, сизлер алдыға

илгерилей бериң. Есиңизде болсын, Мениң ерким менен баратырған жолыңызда сизлерге ҳеш нәрсе зыян жеткизе алмайды.

Соншама қыйыншылықлардан ҳәм тик жерлерден, адам мине алмайтуғын жартастан табыслы түрде өтсе де, Қорқақгүл елеге дейин өз атына сай еди. Аўа, бул растан-ақ солай еди! Шопан «қәўип» ҳәм «ҳәсирет» деген сөзлерди айтып болмай турып-ақ, ол және қатты қалтырай баслады.

Қорқақгүл өзинше: «Қәўип ҳәм Ҳәсирет тоғайлары» деп аянышлы даўыс пенен тәкирарлады да:

— Оҳ Шопан, Сен мени қаяққа апаратырсаң? — деди.

Шопан оған дәрҳал:

— Бийик шыңларға апаратуғын жолдың келеси басқышына, — деп мийримлилик пенен күлип қойды.

Бийшара Қорқақгүл ыңырсынып:

— Сен мени сол жаққа апара аласаң ба екен, билмедим! Сениң елеге дейин мениң менен әўере болып, нийетиңнен қайтпағаныңа ҳайранман. Мениң аяқларым бәрқулла қыйсық болған, ҳәтте, Сен де оларды кийиктиң аяқларындай қыла алмайтуғын қусайсаң, — деди.

Қорқақгүл усыларды айтып, өз аяқларына үмитсизлик пенен қарады. Сол ўақытта оның аяқлары қәдимгиден де қыйсығырақ болып көринди.

Сонда Шопан салмақлы түрде:

— Мен алдайтуғындай адам емеспен. Маған қара, Қорқақгүл. Мени өзиңди алдайды деп ойлайсаң ба? Мен айтып болып ислемеймен бе? Ўәде етип болып, орынламайман ба? — деди.

Қорқақгүл Шопанның даўысының ырғағы себепли ҳәм өзи тәбияттан еле Қорқақгүл болғаны себепли селк ете қалды. Ол Қәўип ҳәм Ҳәсирет тоғайларының қандай болатуғынын көз алдына келтирип көрмекши болды. Ол

буны ислемеўи керек еди, өйткени оның ойларында пайда болған көринис қуўанышлы емес еди, сонда да ол сабырлылық пенен жуўап берип:

— Аўа, маған өтирик сөйлейтуғындай, Сениң адам емеслигиңди ҳәм маған ўәде еткениңди орынлайтуғыныңды да билемен, — деди.

Шопан және жумсақ ҳәм мүләйим сөйлеп:

— Олай болса, Қорқақгүл, Мен сени қәўип ҳәм ҳәсирет арқалы жүргиземен. Бирақ сен қорқпаўың тийис, себеби Мен сениң менен бирге боламан. Мен сени өлим қараңғылығы басқан ойпатлық арқалы алып жүрсем де, қорқпаўың керек, өйткени Мениң таяғым ҳәм Мениң ҳасам сени тынышландырады, — деди.

Шопан және былай деп даўам етти:

— «Түндеги қорқыныштан, күндиз ушқан оқ жайдан, қараңғыда жүрген бәледен, күн ортасында жоқ қылатуғын қырғыннан қорқпайсаң. Сениң қасыңда мыңлағаны, он мыңлағаны қулайды, бирақ саған жақынламайды». Өйткени Мен сени Өз панамда сақлайман, қанатым астында сен қәўипсиз боласаң.

Шопан усы сөзлерди даўысындағы сүўретлеп бериў қыйын болған мийримлилик пенен айтты.

Сонда Қорқақгүл Шопанның аяқларының қасында дизе бүгип, және бир қурбанлық орнын қурды да:

— Аўа, мен Өлим қараңғылығы басқан ойпатлық пенен жүрсем де, жаўызлықтан қорқпайман, себеби Сен мениң менен биргесең, — деди.

Кейин Қорқақгүл өзин суўық тер басқанын ҳәм тислери сақырлап атырғанын сезди де, Шопанның жүзине тик қарап:

— Өйткени Сен алдайтуғындай адам емессең, өзгерип кететуғындай адам баласы емессең. Сен айтып болып ислемейсең бе? Ўәде етип болып, орынламайсаң ба? — деди.

Шопан жубаныш бергендей болып күлди де, Өзиниң еки қолын да Қорқақгүлдиң басына қойып:

— Мәрт бол, аўа, мәрт бол ҳәм қорқпа. Қорқақгүл, буның қалай болатуғынын ҳеш қашан көз алдыңа келтириўге тырыспа. Маған исен, өзиң қорқатуғын жерге барып жеткениңде, олардың өзиң көз алдыңа келтиргениңе ҳеш қусамайтуғынын көресең. Жартасқа көтерилиўде де усындай болған еди. Сени ескертип қойыўым керек, Мен алды беттеги тереклер арасында жасырынып турған душпанларыңды көрип турман. Егер сен Қоянжүрекке өзиңниң ойларыңды бийлеп алыўға жол қойсаң, онда қорқыў керек емес жерде қорқып, қалтырап, азап шегетуғын боласаң, — деди.

Усыларды айтып болып, Шопан Қорқақгүл дизерлеп отырған жерден және бир тас алды да, оны сумкасындағы естелик тасларға қосып қойыў ушын Қорқақгүлге берди. Соңынан Шопан Өз жолы менен кетти. Ал Қорқақгүл өз жолдаслары менен тоғайлар арқалы жоқарыға апаратуғын соқпақ пенен жол алды.

Сонда олар өзлери тоғайға кирер-кирместен-ақ, тереклер арасынан Өз-өзин аяўдың жарамас ҳәм жеркенишли түрин көрди.

Өз-өзин аяў аўзы-аўзына тиймей сөйлеп:

— Маған қара, Қорқақгүл, бул жүдә ақылсызлық. Яғный, мениң айтайын дегеним, Ол кейин ала не қылмақшы? Усындай бийшара, ақсақ ҳәм қорқақ адам болған сени тек батыр ҳәм күшли еркеклер ғана көтере алатуғын сондай сынақларға салыў деген не өзи? Сениң Шопаның растан-ақ Қоянжүректен де бетер жаўыз екен-ғо, — деди.

Ол сөзин таўысыўдан-ақ, Өкпе-гийне басын көтерип, ашыўланыўы менен былай деди:

— Буған ҳеш қандай себеп те жоқ-аў. Өйткени тоғайды айланып өтетуғын басқа жақсы жол бар. Сол жол

сени қар басқан таў төбелерине туўры апарады ҳәм сен арқайын бул керексиз қәўиплерден қутыласаң. Ҳәмме усы жол менен жүреди-ғо, саған неге бул мүмкин емес? Сен Оған бул жол менен жүрмейтуғыныңды айт ҳәм сени әпиўайы жолға түсириўин Оннан талап ет. Бул жол тек азап шегиўшилер ушын, ал сен, мениң әзизим, буған ҳеш келиспейсең.

Кейин Қоянжүрек пайда болып, Қорқақгүлге ҳийлекерлик пенен бираз қарап турды да, жек көриўшилик пенен:

— Сен не, өзиңди кишкене қаҳарманға айланаман деп ойлайсаң, солай ма? Қәўип тоғайлары арқалы қосық айтып өтежақсаң-ғо, я! Қорқақгүл, сен қышқырып, өкириўиң менен жуўмақлап, өмириңниң ақырына дейин аўыштай болып қаласаң, сондай болмайман деп, мениң менен бәсекилесе аласаң ба? — деди.

Оннан кейинги гезекте Өкиниш сөз баслады. Ол басқа бир теректиң артынан басын шығарды да, мазақлап сөйлеп:

— Оны сондай қылады деп айтқан жоқ па едим? Сен өз ўазыйпаңа садық қалып, келеси қорқынышлы сынақтан өткениңде, Ол және басқа, жаңа биреўин таярлап қояды, — деди.

Кейин сөзге Менменлик қосылып (ол еле қатты ақсаңлап жүрген болып, сол себепли жүдә ашыўлы еди):

–Ол сени пүткиллей масқара қылмағанша, тыншымайды. Ол сениң қымбатлы бойсыныўшылығыңа солай ериседи, соған Өзи қатты қуштар! Ол сени езип таслайды ҳәм ҳәмминиң алдында шерменде қылады, — деди.

Қорқақгүл ҳәм оның жолдаслары оларға жуўап бермей ҳәм дыққат аўдармай, жолларын даўам ете берди. Қорқақгүл олардың сөзлерин еситкенде, өзиниң бурынғыдан бетер ақсаңлайтуғынын байқап қалды. Ол қатты

албырап, не ислерин билмей қалды. Егер Қорқақгүл оларды тыңласа, ақсаңлап баслайтуғын, ал егер қулақларына бармақларын тықса, өзиниң еки жолдасының қолларынан тута алмай қалар, яғный, сүрнигип ямаса аяғы тайып кетер еди.

Сонлықтан саяхатшылар усы мәселени талқылап алыў ушын бир минутқа иркилди. Азап белбеўине илдирип қойған өзиниң дәрилер салынған кишкене қутысын ашты да, ол жерден пахта алып, Қорқақгүлдиң қулақларына пахтаны беккем етип тықты. Бул онша қолайлы болмаса да, күткен нәтийжени бере алды. Бирақ бул ўақытша еди. Өйткени сол бес жарамас Қорқақгүлди өзлерин тыңлаўға мәжбүр ете алмайтуғынын көрип, Қорқақгүлге бақыра бериўге тез арада шаршағанлықтан, оны келеси ретке дейин тынышына қойды.

Дәслеп тоғай онша қорқынышлы болып көринбеди. Себеби ол жерде, жоқарыдағы таўларда ҳаўа таза ҳәм тетиклендириўши болып, сол ҳаўа менен дем алғанларды тетик ҳәм таза қылар еди. Қуяш жарқырап турған болып, Қорқақгүл жаңа ҳәм таныс емес толғанысты сезди ҳәм таң қаларлығы сонда, ол саяхаттан рәҳәтленди.

Көз алдыңызға келтирип көриң, Қорқақгүл ақсаңлап, Қәўип тоғайы арқалы жүрсе де, қорқыныш сезген жоқ. Бул көп ўақытқа дейин даўам етти, яғный үлкен қара бултлар кем-кемнен аспанды қаплап алғанға шекем созылды. Қуяш бултлар арасына жасырынып алды. Алысларда гүлдирмама гүркиреп, тоғай иши қараңғы ҳәм жүдә тыныш болып қалды. Бирден аспанда шақмақ шағып, алды бетте, усы үш саяхатшыдан онша узақ емес жерде «ларс» етип үлкен терек қулап түсти. Соңынан және биреўи, кейин және биреўи қулай берди. Минекей, даўыл өзиниң бар қәҳәри менен олардың әтирапында күшейе баслады. Гүлдирмаманың гүркиреўи, шақмақтың жар-

қыраўы ҳәм ҳәр тәрептен шытырлы еситилип, тоғай ыңырсынып, қалтырап, қыйралып атырғандай болды.

Және бир таң қаларлығы сол, Қорқақгүл қулап атырған ҳәр бир теректиң сестинен денесиниң қалтырап дирилдегенин сезсе де, негизинде қорқпады. Яғный, ол я ҳаўлығыў, я қашып кетиў тилегин, я ҳақыйқый қорқынышты да сезбеди. Өйткени ҳәмме ўақытта өзине өзи: «Сениң әтирапыңда мыңлаған, он мыңлаған адамлар қуласа да, саған жақынлай алмайды. Себеби Мен сени пәрлерим менен жаўаман ҳәм сен Мениң қанатларым астында қәўипсиз боласаң», — деген сөзлерди қайталады. Даўыл еле күшли болған ўақытта, Қорқақгүлди қандай да бир таң қаларлық ҳәм әжайып түйилген, еле өзинде болып көрмеген тынышлық бийледи. Ол өзиниң еки жолдасы менен жүрип киятырып, өз-өзине: «Мен өлмеймен, ал өмир сүрип, Ийемиздиң ислерин жәриялайман», — деди.

Ақыры даўыл азайа баслады, гүлдирмаманың гүриллдиси пәсейиңкиреп, ўақытша тынышлық орнады. Үш ҳаял кийимлерин ҳәм шашларын кептирип алыў ушын тоқтап, өзлерин тәртипке келтириўге тырысты. Олар усылар менен бәнт болғанда, олардың қасында және Қоянжүрек пайда болды. Ол бар күши менен бақырып:

— Билесең бе, Қорқақгүл, даўыл тек ўақытша ғана тоқтады. Ол таўларды айланып шығып, қайтып келеди. Мен әлле қашан гүлдирмаманың гүркилдегенин еситип турман, ол жақынлап келмекте ҳәм бурынғыдан да күшлирек болады. Қорқпастан, бул соқпақ арқалы изиңе жуўыр. Даўыл және басланбастан бурын ҳәм өзиң набыт болмай турып, бар күшиң менен жуўырып, мына қорқынышлы тоғайдан шығып ал. Сениң еле аман қалатуғын мүмкиншилигиң бар, — деди.

Қорқақгүлдиң шашларынан еле суў сорғалап, юбкасы аяқларына ебетейсиз түрде жабысып турған болып, ол

ҳеш ким күтпегенде: «Маған қулақ салыңлар. Мен өзиме бәрқулла қышқыра беретуғын мына жигитке артық шыдай алмайман! Сизлердиң екеўиңизден де өтиниш, маған жәрдем бериңлер», — деди.

Қорқақгүлдиң жолдаслары киятырған жолында биринши мәрте күлип жиберип, тереклер артына жасырынып турған сол бесеўине қарай таслардı боратты. Бир неше минуттан соң, душпанлар көзден таса болды. Кейин саяхатшылар алдында турған ағаш үйди көрди. Үй оларға тап ҳәзир күшейиўге таяр турған даўылдан қорғаўды усыныс етип турғандай еди. Олар сол панаға қарай асығып, үйдиң өзлеринен алысырақ жерде жайласқанын байқады. Үйге жетип барған олар қапының илгишин ашпақшы болғанда, ол аңсат-ақ ашылып кетти ҳәм олар кеўли толып, ишке кирди. Сақ болыў керекилигин ойлап, еле ҳеш ким ҳеш нәрсени түсинбей турып, Азап тез қапыны жапты да, оны иштен илип қойды.

Келеси сәтлерде олардың душпанлары қапыны тарсылдатып:

— Ҳәй, тезлик пенен қапыны ашып, бизлерди ишке киргизиңлер. Даўыл басланып киятыр. Бизлерди бүйтип усы жерде қалдырып, өлимге дуўшар еткендей, сизлер сондай жаўыз бола алмайсызлар-ғо, — деди.

Қорқақгүл қапыға жақынлап келди де, оның тесигинен өзине Қоянжүректиң берген кеңесин қышқырып:

−Қорқпастан, бул соқпақ арқалы изиңизге жуўырыңлар. Даўыл және басланбастан бурын ҳәм өзиңиз набыт болмай турып, бар күшиңиз менен жуўырып, мына қорқынышлы тоғайдан шығып алыңлар. Сизлердиң еле аман қалатуғын мүмкиншилигиңиз бар, — деди.

Қапының артында дәслеп түсиниксиз ғарғыс сөзлер, кейин узақлап кетип баратырған аяқ излериниң сести еситилди. Бул рет кеңес дурыс берилгендей көринди.

Даўыл бурынғыдан да бетер қәҳәрли ҳәм қорқынышлы болып қайтып келди. Бирақ үй оларды жаўынн менен қулаған тереклерден исенимли етип қорғап тур еди. Олар паналаған үй жаўын-шашыннан қорғаў ушын жақсы бейимлестирилген болғанлықтан, төбеден бирде бир тамшы өтпеди.

Олар бөлмедеги кишкене асхана текшесиниң қасында турған моржалы, алды ашық пеш турғанын байқады. Ал текшеде шәйнек ҳәм бир неше кесе турған еди. Азап пешке от жағып атырғанда, Қайғы әйнектиң сыртындағы суў ағатуғын наўаға шәйнекти тутып, оны жаўын суўына толтырды. Қорқақгүл дийўалға қағылған шкафқа жақынлап келип, ол жерде жейтуғын нәрселер бар ма екен деп көрмекши болды. Оның үмити пушқа шықпады ҳәм ол текшеден ыдыслар менен консервилерди ҳәм ашытылмаған нанлар салынған үлкен жалпақ табақты тапты.

Солай етип, арадан онша көп ўақыт өтпеген еди ҳәм далада еле даўыл күшейип, гүркиреп турған еди. Ал бизиң үш саяхатшымыз шытырлаған оттың қасында отырған ҳалында кем-кемнен жылынып, өзлериниң ызғар кийимлерин кептирди ҳәм ыссы қакао ишип, аўқатланды. Самалдың күшли улып, ҳәр ескенинен үй қалтырап, қозғалып турса да, иши тынышлық ҳәм рәҳәтке толы еди.

Қорқақгүл ҳайран қалып, бул ҳақыйқаттан да, жолындағы ең бахытлы ҳәм тыныш мәрўиртлер екени ҳаққында ойлады. Булар үшеўи үйдиң басқа бөлегинде жыйналып турған матрасларға жайғасып отырып алғаннан кейин, Қорқақгүл өзинше әсте қайталап: «Ол мени Өз пәрлери менен жаўады ҳәм Оның қанатлары астында қәўипсиз боламан», — деди.

Қорқынышлы даўыл еки-үш күн даўам етти. Бирақ усы ўақыт ишинде саяхатшылар үйди паналап, тыныш

дем ала алды. Олар отын әкелиў ушын, тек узаққа созылмайтуғын тыныш ўақытларда ғана сыртқа шығатуғын еди. Пана излеп келген басқа адамлар пеште ыссылықты сақлаў ушын, олар отынларды қурғатып, жыйнап қойды. Үйде көп консервилер ҳәм ашытылмаған нанлар бар еди. Олар Шопанның хызметшилериниң бири ўақты-ўақты менен үйге келип, азық-аўқат әкелип турған болыўы мүмкин деп шамалады.

Өзи ушын тыныш болған бул күнлерде, даўыл еле гүўилдеп турғанда Қорқақгүл өз жолдасларын жақсырақ билип алды ҳәм олардың тилин кем-кемнен түсине баслады. Қандай да бир түсиниксиз тәризде Қорқақгүл олардың өзине тек жәрдем етип, жол көрсетиўи ушын Шопан бекиткен жолдаслары болып қалмай, өзи ушын ҳақыйқый дос болып баратырғанын түсинди. Буннан тысқары, енди ол жолдасларына басқаша қатнаста болып, қоршаған әтирaптың сулыўлығы ҳәм қуўанышына бейимлирек болып баратырғанын сезди.

Қорқақгүлдиң сезимлери қандай да бир әжайып тәризде күшейип барды ҳәм бул оған өмириниң ҳәр бир сәтинен ләззет алыўға мүмкиншилик берди. Және де, өзиниң жолдаслары еле де Қайғы ҳәм Азап болыўына қарамастан, ол жийи-жийи түсиндирип болмайтуғын қуўаныш ҳәм қанаатланыўшылық сезетуғын еди. Қорқақгүл пештеги оттың жақты жалынына қарағанда, я аспаннан сылдырлап суў аққанын еситкенде, үйде орнаған парахатшылық пенен тынышлықты анығырақ сезгенде, әйнектен тереклердиң ийилгенин, олардың шақаларын тез көшип баратырған бултлардың ямаса шақмақ шаққан аспан фонында тамашалағанда усылай болатуғын еди. Ол бултлардағы сәўле арқалы тыныш жарқырап турған таң жулдызына таң атпастан көп ўақыт бурын қарағанда, я даўыл қайтадан күшейместен алдын тынышлық ҳүким

сүрген ўақытта қустың бәлент ҳаўаз бенен қуўанышлы түрде сайрағанын еситкенде де, усындай туйғыларға ийе болатуғын еди.

Бундай сәтлерде қоршаған тәбият Қорқақгүл менен таў диалектинде сөйлесетуғын еди ҳәм Қорқақгүл бул тилди әдеттен тыс әжайып деп тапты. Қорқақгүл ушын бул сондай әжайып болып, ҳәтте, базы бир ўақытлары көзлерине қуўаныш көз жаслары айлана берди, ал жүреги айтып түсиндириў қыйын болған қуўанышқа толып кетти.

Бир күни азанда даўыл гүўилдеп, тоғайда бурынғыдан бетер қутырып турғанда, Қорқақгүл Қайғының пештиң жанында отырып, әсте қосық айтып отырғанын көрди. Қосықтың сөзлери сол таўлы диалект тилинде болып, Қорқақгүл оны кем-кемнен түсинип киятыр еди. Мен сизлерге қосықтың ең жақсы аўдармасын келтиремен, бирақ, әлбетте, бул қосық ана тилинде еле де шырайлырақ, себеби ол тоғайдың сеслери менен намасына толы еди. Сол қосық мынаў еди:

*Сениң аяқларың қаншелли сулыў ҳәм дүзиў,*
*О, Патшаның қызы!*
*Олар жанбаўырларда шуўласқан ҳәм жуўырысқан суўлардан да жылдам,*
*Таўларда ҳеш қандай таў ешкиси, кийиклер де жоқ,*
*Сениң изиңнен секирип, шаршамай зымырайтуғын.*

Сонда Қорқақгүл:

— Тоқта, Қайғы. Мен сени қосық айта алады ҳәм қандай да бир қосықларды биледи деп ойлаған жоқ едим, — деди.

Қайғы әсте жуўап берип:

— Буны мен өзим де билмейтуғын едим. Бирақ бизлер бул жерге тоғай арқалы киятырғанымызда, мениң басымда сөзлер ҳәм нама пайда болды, мен соларды айтып атырман, — деди.

Қорқақгүл оған:

–Маған сениң қосығың унады. Ол маған мениң аяқларым да кийиктиң аяқларындай болатуғын ўақытты еске түсирип, жубаныш берди. Ал қосықтың намасы жағымлы ҳәм шадлы болып түйилип, мен қуўанғанымнан секиргим келип қалды, — деди.

Өзиниң ақсаңлаған аяқларында секире алатуғынын ойлағанда, Қорқақгүл күлип жиберди ҳәм кейин өзиниң жолдасынан өтинип:

— Маған усы қосықты үйрет, өтинемен, үйрет, — деди.

Солай етип, Қорқақгүл қосықты ядлап алмағанша, Қайғыға қосықты бир неше рет қайталаўға туўры келди. Соңынан Қорқақгүл бөлмеде былай-былай жүрип, қосықты өзинше айта баслады ҳәм өзиниң таўларда кийик сыяқлы шапқылап, Шопан сыяқлы жартастан-жартасқа секирип жүргенин көз алдына келтирди. Оның аяқлары кийиктиң аяқларындай болатуғын күн келгенде, Шопан қаяққа барса да, Оның изине ерип бара алатуғын болады. Өзиниң ойларында пайда болған көринис сондай әжайып болып, ол енди усының ҳақыйқаттан иске асатуғын ўақтын тыныш күте алмайтуғын болып қалды.

Он екинши бап

# Қараңғылықта



Ақыры, даўыл әсте-ақырын тынды, таўлардағы шаўқым тоқтап, саяхатты даўам ететуғын ўақыт да келди. Деген менен, ҳаўа райы толық өзгерди. Даўыл тоқтаған болса да, оннан кейин ҳаўа бултлы болып, бийикликлерди қаплаған тығыз думан қалды.

Бизиң қаҳарманларымыз жолға атланғанда, думан сондай қойыў болып, соқпақтың еки тәрепиндеги тереклер зорға көринетуғын еди, ҳәтте, олар елестей болып, ҳақыйқый еместей еди. Ал тоғайдың қалған бөлеги көзден толық ғайып болып, суўық ҳәм ызғар перде менен жаўылғандай болды. Жер жүдә тайғақ ҳәм патас еди. Бурынғыдай, соқпақ жоқарыға онша тик жол менен көтерилмейтуғын болса да, бир неше саатдан соң, Қорқақгүл өзиниң гүлдирмаманың гүрилдисин, ҳәтте, шақмақ себепли бөлек-бөлек болып, қорқынышлы түрде шатырлап қулаған тереклерди аңсап атырғанын сезди.

Ол қаншелли қорқақ болыўына қарамастан, өзинде жолдағы сынақлар менен қыйыншылықларға қуўаныш пенен жуўап беретуғын бир нәрсениң бар екенин түсине баслады. Зеригиў менен бир тәризлиликке қарағанда, оларды көтере алыў аңсатырақ еди. Дурыс, қәўип оны толғандырып, ҳаўлықтыратуғын еди. Ҳәтте, адамды адастыратуғын мына думан арқалы болатуғын зериктириўши жолдан гөре, басты айландыратуғын туңғыйық өзине көбирек унайтуғынын түсинип, Қорқақгүл таң қалды. Даўылдың қәўипли екени оған қандай да дәрежеде жигер берди. Ал ҳәзир оның алдында тек күн сайын кеўилсиз, узыннан-узақ шаршататуғын жол ғана бар еди. Қорқақгүлдиң әтирапында таўлардың үстинде турған ақ думаннан басқа ҳеш нәрсе болмай, қуяш сәўлесиниң ҳеш қандай нуры да жоқ еди.

Ақыры, Қорқақгүл шыдамы таўсылғанынан жарылып кетейин деп:

— Бул зериктиретуғын ҳәм түнерген думан ҳеш қашан таўсылмай ма? — деди.

Исенесиз бе, сол ўақытта жүдә таныс болған даўыс, яғный Өкпе-гийнениң даўысы тезлик пенен жуўап берип:

— Яқ, таўсылмайды. Буннан тысқары, енди жасырыў бийпайда болып, бул шексиз даўам етеди. Таўға қанша жоқарылап, көтерилгениң сайын, думан соншелли қойыўласып бара береди. Саяхатыңның соңына дейин сен тек усыны ғана күте аласаң, — деди.

Қорқақгүл өзин ҳеш нәрсе еситпегендей қылып көрсетти. Деген менен, сол даўыс және даўам етип:

— Қорқақгүл, сен байқадың ба, өзиң жүрип киятырған соқпақ ҳеш таўға көтерилмей атыр-ғо. Сен жоқарыға апаратуғын жолдан адастың ҳәм енди бир жерде айланып жүрсең, — деди.

Қорқақгүл буған дыққат аўдармады, бирақ бунның рас екенин ол тән алмаўға илажи жоқ еди. Олар ҳеш таўға көтерилмей, тек оның етегинде биресе төмен, биресе жоқарыға ҳәрекет ете берди. Бирақ төменге қарай бурылыўлар көбейди. Олар таўға көтерилиў ушын ҳақыйқаттан да кем-кемнен таўдан түсип киятырған болыўы мүмкин бе? Мына думанда ҳеш нәрсе көринбейтуғын еди ҳәм сонда Қорқақгүл өзиниң жол таба алмай атырғанын түсинди. Ол жолдасларынан бул бойынша не ойлайтуғынын сорады. Олар қысқа жуўап берип (өйткени ол Өкпе-гийнени тыңламаўы тийис еди), өзлериниң Шопан көрсеткен жолда екенин ҳәм ҳеш кимге оларды бул жолдан қайтарыўға жол қоймайтуғынын айтты.

Қорқақгүл қатаңлық пенен:

— Думанда жолдан адастық, деп ойламайсыз ба? Шопан бизлерге соқпақты жоқарыға апарады деп еди, ал бул ондай емес-ғо. Мына жол таўдың жанбаўыры бойлап өтеди-ғо. Жоқарыға апаратуғын буннан да туўрырақ жол болыўы тийис, бизлер оны думанда байқамай қалған шығармыз, — деди.

Оған жуўап ретинде ҳеш қандай жағдайда да Өкпегийнениң сөзлерин тыңламаў кереклиги айтылды.

Күтилмегенде Өкиништиң анық сөйлеген даўысы еситилди:

— Пүткиллей басқа жаққа алып баратуғын соқпақ бойлап өжетлилик пенен жүре бериўдиң орнына изге қайтып көрерсең?

Қайғы менен Азап буған ҳеш қандай дыққат аўдармады. Бирақ тилекке қарсы, Қорқақгүл дыққат аўдарды ҳәм бурынғыдан да бетер ашыўланып:

— Мениңше, сизлер жаңағы усынысқа дыққат аўдарыўыңыз тийис. Мүмкин, изге қайтып, дурыс жолдан адасқан болсақ, соны көриў абзалырақ шығар. Дурыс,

бир жерде айланып жүре бергеннен не шығады? — деди.

Буған олар жуўап берип:

— Егер бизлер айланып жүрген болсақ, ақырында адасқан жеримизге қайтып келемиз. Сонда егер дыққатлырақ болсақ, адасқан соқпағымызды көре аламыз. Ондай жағдай Өкпе-гийнениң өз ойы емес, ал тек ҳақыйқат болса ғана жүз береди, — деди.

Думан арасынан Өз-өзин аяўдың сыбырлысы еситилип, ол:

— Оҳ, бийшара. Сени усындай өжетлерге бекиткени қандай аянышлы! Өзиң ойлап көр, сен қаншама ўақтыңды босқа жибердиң. Ҳәр күн сайын салпылдап жүргениң жүрген, буның бәри пайдасыз. Сен әлле қашан Бийик шыңларға миниўиң керек еди-ғо, — деди.

Қорқақгүлдиң душпанлары қоршап турған қараңғылық арасынан оған сыбырлаўды даўам ете берди. Ҳәммеси еле де гүңгирт болып көринди. Әлбетте, Қорқақгүл оларды тыңламаўы тийис еди. Бирақ думан сондай албыратып, жол соншелли зеригерли болғанлықтан, оның еркине қарсы болса да, олардың сөзлерин жүрегинде мақуллап атыр еди.

Азап олардың кишкене топарын қайтпастан алдыға жетелей берди, ал Қайғы да сол тәризде ис тутқанлықтан, артқа қайтыўға ҳеш қандай мүмкиншилик жоқ еди. Қорқақгүл бурынғыға қарағанда жийи-жийи ақсаңлап, тайып, сүрнигe берди. Сол себептен ол тил алмайтуғын болып қалып, оның менен қыйын еди. Дурыс, Қорқақгүл ҳәр мәртебе сүрниккенде, ҳүждан азабын сезип, өзин кешириўди жолдасларынан зарланып, жалынышлы түрде өтинетуғын еди. Деген менен, ол тез арада және қайтадан сүрниге беретуғын еди. Улыўма алғанда, бул бахытсыз ўақытлар еди. Қараңғылық жайылып кетиўдиң орнына

бурынғыдан да тығызырақ, суўығырақ ҳәм гүңгиртирек болып баратырғандай көринди.

Ақыры күнлердиң биринде күндизги ўақытта Қорқақгүл соқпақ бойлап сүйрелип киятырған (буны басқаша атаў қыйын) болып, үсти-басы кир, ҳөл, қайта-қайта жығыла бергенликтен патас еди. Сонда ол қосық айтыўды шешти.

Бизлер бурын бул ҳаққында айтпаған едик, бирақ Қорқақгүл сулыў жүзге ийе болмағанындай, жаңғырған ҳаўазға да ийе емес еди. Дурыс, ол қосық айтқанды жақсы көретуғын, егер Шопан өзи менен бирге айтса, Оған қосылып қосық айтатуғын еди. Буны ол онша жаман ислемейтуғын еди. Бирақ ол бир өзи қосық айтыўға ҳәрекет еткенде, нәтийжеси өкинишли болып шыға беретуғын еди. Думан сондай қойыў болғанлықтан, Қорқақгүл өзине дем жетпей атырғанын сезди. Ол бир нәрселерди қылыў кереклигин, яғный кеўил көтериўге ҳәм өзиниң изинен қалмай атырған мына елес-елес еситилген даўысларды басыўға ҳәрекет етиў кереклигин шешти.

Ағайин-туўғанларында өзиниң онша жағымлы емес даўысының үстинен күлиўге мүмкиншилик туўылатуғынын ойлаўдың өзи оған жағымсыз еди. Бирақ Қорқақгүл солай болса да тәўекел етпекши болды. Ол өз-өзине: «Егер мен жүдә қатты айтсам, олардың не айтқанын есите алмайман» — деди. Сол ўақытта оның есине түскен жалғыз қосық бир ўақытлары өзине Қайғы үйреткен қосық еди. Қосық жағдайға пүткиллей туўры келмесе де, Қорқақгүл дирилдеген даўысын көтерип, былай деп қосық айта баслады:

*Сениң аяқларың қаншелли сулыў ҳәм дүзиў,*
*О, Патшаның қызы!*
*Олар жанбаўырларда шуўласқан ҳәм жуўырысқан*
*суўлардан да жылдам,*

*Таўларда ҳеш қандай таў ешкиси, кийиклер де жоқ,*
*Сениң изиңнен секирип, зымырайтуғын шаршамай.*

Қорқақгүл еле қосық айтып турғанда, суў сепкендей тынышлық орнап, душпанларының бәлент ҳәм мысқыллаған даўыслары толық тынып қалған еди. Қорқақгүл өзөзине: «Бул жақсы пикир. Олардың не айтқанын еситпеў ушын, буны алдынырақ еске түсириўим тийис екен. Қулағыңды пахта менен жаўғаннан гөре, усындай усыл анағурлым жақсырақ екен. Мен исенемен, аўа, ҳақыйқаттан да исенемен, алдымдағы думан арасында кишкене болса да сәўле бар. Қандай әжайып! Мен және усы қосық қатарын айтаман», — деди де, өз айтқанын иследи.

Сонда Қорқақгүлдиң қасында: «Аўа, Қорқақгүл. Мен бул қосықты бурын еситпеген едим. Сен оны қаяқтан үйрендиң?» — деген даўыс еситилди.

Қорқақгүлге қарай кең адым атып, қанаатланыўшылық пенен мыйық тартып, Шопан киятыр еди. Бул гүңгирт таў соқпағы бойлап өзлерине қарай Шопанның киятырғанын көрген Қорқақгүлдиң пүткил қуўанышын сөз бенен жеткизип бериў мүмкин емес еди. Әтирап сонша ўақыт даўамында қорқынышлы думан менен қапланған болып, олар неге қол тийгизсе де, ҳәммеси суўық ҳәм жабысқақ еди. Ал енди болса, Шопанның келиўи менен думан тез жайылып, ақыры булт арасынан ҳақыйқый қуяш нуры көринди. Оны саяхатшылар көп күнлер ишинде биринши мәрте көрип тур еди.

Қорқақгүл суўық демин алып, Шопанға:

— Оҳ, Шопан, — деп, Оның қолынан услады да, қайтып ҳеш нәрсе сөйлей алмай қалды.

Ҳақыйқаттан да, Қорқақгүл Шопанды енди қайтып көрмеймен деп ойлаған еди.

Шопан үшеўине қарап күлди де, және бурынғы сөзин қуўанышлы түрде қайталап:

— Маған айтшы, Қорқақгүл, сен бул қосықты қаяқтан үйрендиң? — деди.

Қорқақгүл жууап берип былай деди:

— Маған оны Қайғы үйретти. Шопан, мен оны ҳеш қосық билмейди, деп ойлаған едим. Бирақ бул қосықтың сөзлери де, намасы да оған бизлер тоғай арқалы тауға көтерилип баратырғанда келген қусайды. Мен Қайғыдан қосықты үйретиуди сорадым, себеби... Мен өзимниң сада екенимди билемен, бирақ бул қосық мени Сениң аяқларымды кийиктиң аяқларындай қылатуғын уақтың ҳаққында ойлауға мәжбүрлейди ҳәм мен сонда сүрнигип, қуламайтуғын боламан.

Қорқақгүл солай деди де, өзиниң дақ тийип, кирлеген көйлегине уялып қарап қойды.

Шопан бурынғыдан да мүләйимлирек етип:

— Сениң қосық айтқаныңа қууанышлыман. Мениңше, бул қосық айрықша жағымлы қосық. Ҳақыйқаттан да сондай. Мен оған және бир қатарды қосыуды ойлап турман, — деп, мыйық тартып күлип қойды. Сонда Шопан дәрҳал-ақ, сол қосықтың намасына салып, мына сөзлерди қосық қылып айта баслады:

*Билеклери ҳәм бөкселери маржан дизбегиндей,*
*Епшил уста оларды шебер жарата алған.*
*Пүткил сарай ишинде таба алмассаң бундай қәдди-қәўметти,*
*Наз етип жүрип, ақ қуў киби жанымда келесең жүзип.*

Қорқақгүл Шопанға:

— О, Шопан Сен бул қатарды қаяқтан алдың? Оның сөзлери Қайғы үйреткен намаға жүдә туўры келеди екен, — деди.

Шопан оған және мийримлилик пенен күлди де:

— Бул сөзлер тап жаңа ғана, сениң изиңнен соқпақ бойлап киятырғанымда, Мениң ойыма келген еди, — деп жууап берди.

Бийшара Қорқақгүл! Ол өзиниң бурынғыдан да бетер әбеший түрде сүрнигип, жығылғанын билетуғын еди. Қорқақгүл қызарып кетти. Ол ҳеш нәрсе айтпай, Шопанға айыплағандай болып қарады.

Сонда Шопан жүдә мүләйим түрде оған былай деди:

— Қорқақгүл, Мен сениң ҳәзирги жағдайыңды емес, ал Өзим сени Сүйиспеншилик Патшалығына алып барып, сенде усы саяхат себепли пайда болған дақлар менен патаслықлардан азат болған жағдайыңды көретуғынымды сен растан-ақ елеге дейин түсинбегениң бе? Егер Мен изде жүрип, жолдың сен ушын оғада қыйын екенин, аяғың тайып кетип, жығылып, азап шегип атырғаныңды байқасам, онда бул Маған сениң Өзим менен бирге Бийик шыңларда секирип, шапқылап жүре алатуғыныңды еске түсиреди. Саған Қайғы үйреткен қосыққа қосып, сен Мениң қатарымды да үйренип, айтқың келе ме?

Қорқақгүл және Шопанның қолынан услап, миннетдаршылық пенен:

— Аўа. Әлбетте, мен оны үйренип аламан ҳәм мениң үстимде қыйналып ислеп атырған устаның шебер қолы ҳаққында қосық айтаман, — деди.

Сол ўақытқа келип, думан пүткиллей серпилип, ығал тереклер менен шөплер қуўанышлы нур шашып, күшли жарқыраған қуяш сәўлесинде таўланып турды. Олардың үшеўи де Шопанның аз-маз отырып, дем алыўды ҳәм қуяш нурында жылынып алыўды айтқан усынысын миннетдаршылық пенен қабыл етти. Қайғы ҳәм Азап Шопан болған ўақытта ислейтуғын исин ислеп, шетке шықты да, Оны Қорқақгүл менен жеке сөйлесиў ушын қалдырды.

Қорқақгүл өзиниң қараңғылықта адасып көп жүргени ҳаққында гүрриң етти: Өкпе-гийне, Өкиниш ҳәм Өз-өзин аяўдың жанына тийгени, өзиниң қорыққаны ҳәм үшеўи

соқпақтан бурылып кетип, адасып жүргени ҳаққында айтып берди.

— Растан-ақ, Мени сизлерди ескертпей турып, ҳәтте, сол нәрсениң алдын алмай турып, адасыўыңызға жол қояды деп ойладыңыз ба? — деп өлпең даўыс пенен сорады Шопан.

Қорқақгүл Оған қапалы түр менен қарап қойды да, суўық демин алып:

— Маған Өкпе-гийне ҳәм басқалары бақырған ўақытта, мен ҳәр қандай болмағыр затларға исениўге таярман, — деди.

Шопан күлип, Қорқақгүлге:

— Жақсысы, сен қосықшы болыўың керек еди. Сонда душпанларыңның не айтқанын еситпеген болар едиң. Қайғы ҳәм Азаптан сорап көр, олар және басқа қосықларды билмей ме екен. Билсе, саған үйретсин. Қорқақгүл, сен қалай ойлайсаң, олар жақсы жол көрсетиўшилер ме екен? — деди.

Қорқақгүл Шопанға салдамлы түрде қарап, басын ийзеди де, былай деди:

— Аўа, жүдә жақсы. Мен ҳеш қашан бундай болыўы мүмкин деп ойлаған жоқ едим. Шопан, ҳәтте, мен оларды қандай да дәрежеде жақсы көрип қалдым. Мен оларды биринши мәрте көргенимде, олар мени қорқытып жиберген еди. Олар соншелли суп-сур болып көрингенликтен, оларды мениң менен қопал қатнаста болады ҳәм мениң өзимди қалай сезгениме қарамай, өзлери менен сүйреп алып кетеди деп ойлаған едим. Мен буннан қатты қорыққан едим. Бирақ олар негизинде маған жүдә жақсы қатнаста болды. Мениңше, олар Сениң маған деген мүләйимлилигиң менен сабырлығыңды көргеннен кейин ғана, маған мүләйим ҳәм сабырлы болыўды үйренген шығар.

Кейин Қорқақгүл миннетдаршылық пенен сөзин даўам етип былай деди:

— Оларсыз мен ҳеш нәрсе ислей алмаған болар едим. Мендей кишкене сықылсыз ҳәм майып биреўге олардың жәрдем бергиси келетуғыны таң қаларлық нәрсе. Олар мени растан-ақ Бийик шыңларға апарыўды, буны тек Сен тапсырма бергениң ушын емес, ал олардың өзлери мендей қатты қорқақ бир қыздың өзгерип, Бийик шыңларға жетиўимди қәлегени ушын ислейди. Билесең бе, Шопан, бул мениң оларға деген сезимлеримди пүткиллей өзгертти. Мен оларға енди қорқыныш пенен емес, ал маған жәрдем еткиси келген досларыма қарағандай қарайман. Билемен, бул күлкили еситилетуғын шығар, бирақ мен олардың мени ҳақыйқаттан да жақсы көретуғынын ҳәм мениң менен бирге өз қәлеўлери менен барғысы келетуғынын арасында сеземен.

Қорқақгүл сөзин таўысып, Шопанға қарады да, Шопанның күлип жиберейин деп турғанын байқап, ҳайран болды. Бир неше минут Шопан үндемей турды да, Қорқақгүлдиң жолдасларын жақсырақ көрип алыў ушын, оларға қарай бурылды. Сонда Қорқақгүл де оларға қарады.

Қайғы менен Азап бир шетте отырған болып, өзлерине биреўлердиң қарап турғанын байқамай, алыстағы таўларға, Бийик шыңлар тәрепке қарап отырған еди. Олар жаўлығын шешти, бирақ Қорқақгүл бәри бир де олардың жүзлерин көре алмады. Өйткени олар Қорқақгүл менен Шопанға арқасын қаратып отырған еди. Олар енди бурын Қорқақгүлди биринши рет таўдың етегинде күтип турған жериндегиге қарағанда күшлирек ҳәм узынырақ болып көринди. Бул Қорқақгүлди таң қалдырды.

Сол ўақытта оларда айрықша салтанат болып, таң қаларлық инта бар еди. Олар өз ара сөйлесер, бирақ даўыслары дым әсте еситилгенликтен, Қорқақгүл олардың

не ҳаққында сөйлесип атырғанын түсине алмады. Бул мүмкин бе? Аўа, мүмкин! Негизинде, олар күлип отыр еди! Қорқақгүл олардың қуўанышлы нәрсе ҳаққында сөйлесип отырғанына исенимли еди.

Шопан оларға үндемей қарап турды да, кейин және Қорқақгүлге бурылды. Оның көзлери күлип тур еди, бирақ Ол салдамлы түрде:

— Аўа, дурыс, Қорқақгүл, сен ҳақсаң. Мениң нәзеримше, олар өзлерине тапсырылған тапсырмаға қуўанып отырғандай. Мүмкин, ҳәтте, өзлери хызмет ететуғын адамға байланып қалғандай, — деп, Өзи де күлип жиберди.

Қайғы менен Азап және жүзлерин жаўды да, не болып атырғанын билиў ушын, бурылып қарады. Бирақ Шопан оларды жолға атландырмастан бурын бир нәрсе айтпақшы болды.

Шопанның жүзиндеги күлки кетип, Ол жүдә салдамлы түрде:

— Сениң Маған өзиңди толық исенип тапсырғаныңдай, Мени жақсы көре аласаң ба? — деди.

Қорқақгүл өзин Шопан жаңа сынақларға таярлағанын сезгенде өзине тән болған түр менен Шопанға нәзер салды да, батылы бармай:

— Шопан, билесең бе, мен Сени ҳақыйқаттан жақсы көремен. Сени өзимниң кишкене суўық жүрегим жақсы көре алғанынша сүйемен. Сени жақсы көретуғынымды ҳәм қалай жақсы көретуғын болсам, сондай дәрежеде Саған исениўди де қәлейтуғынымды билесең. Мен Сени жақсы көрип, Саған көбирек исениўди қатты қәлеймен, — деди.

Шопан Қорқақгүлге:

— Дүнья жүзиндеги ҳәмме адам Мениң сени алдап атырғанымды айтқан жағдайда да, Маған исенесең

бе? Мен сени ҳәмме ўақытта алдап атырған болсам не қыласаң? — деди.

Қорқақгүл пүткиллей түсинбей, Шопанға таң қалып қарады да, былай деди:

— Аўа, исенемен. Өйткени Сениң алдай алмайтуғынына исенимим кәмил. Сениң мени алдаўың мүмкин емес. Сениң маған ислеўди сораған нәрсең мени жийи-жийи қорқынышқа салады. Бирақ мен ҳеш қашан Сен туўралы гүманлана алмайман. Мен Сеннен емес, ал өзимнен қорқаман. Ҳәтте, пүткил дүнья жүзи Сениң мени алдағаныңды айтса да, мен буның мүмкин емес екенин билемен. О, Шопан өтинемен, мени Сен туўралы екиленеди деме. Ҳәтте, мен жүрексиз, қорқақ ҳәм жеркенишли түрде ҳәлсиз болсам да, мениң Саған исенетуғынымды билесең. Мениң исенимим кәмил, жолдың ақырында: «Сениң мийрим-шәпәәтиң мени мәртебели қылды», — деп айта аламан.

Шопан бир қанша ўақыт үндемей турды да, соңынан жүдә нәзиклик ҳәм аяўшылық пенен Өзиниң аяғы жанындағы Қорқақгүлге қарады да, оғада өлпең даўыс пенен:

— Қорқақгүл, Мен сени ҳақыйқаттан да алдаған болсам ше, онда не болады? — деди.

Енди үндемей қалыў гезеги Қорқақгүлге келди. Қорқақгүл Оның сөзлерин түсиниўге ҳәм не деп жуўап бериў кереклигин ойлап табыўға ҳәрекет етти. Онда не болады? Мүмкин, Қорқақгүл енди ҳеш қашан Оған исене алмайтуғын ҳәм Оны жақсы көре алмайтуғын шығар? Мүмкин, ол өзиниң орынланбаған әрманы менен қалып, Шопан жоқ дүньяда жасаўға туўры келетуғын да шығар? Өзи исенген, алдаўы мүмкин емес болып көринген адамнан алданғанын билиў ҳәм Оны жойтыў қалай болар екен?

Сонда бирден Қорқақгүл өкирип жылап жиберди ҳәм аз-маздан кейин Шопанның жүзине туўры қарап:

— Ийем мениң, егер Сен мени алдай алсаң, мәрҳәмат. Бул ҳеш нәрсени өзгертпейди. Мен еле тири екенмен, Сени жақсы көриўим тийис. Мен Сени сүймей жасай алмайман, — деди.

Шопан Қорқақгүлдиң басына қолларын қойып, оған ҳеш қашан көрсетпеген мүләйимлилик ҳәм жумсақлық пенен қол тийгизди де, Өзине Өзи қайталағандай болып:

— Егер қолымнан келсе, Маған оны алдаўға рухсат берилген, — деди де, басқа ҳеш нәрсе демей, бурылып, кетип қалды.

Сонда Қорқақгүл өзи турған жерде жатырған кишкене ҳәм муз сыяқлы суўық тасты алды да, оны сумкасына салып қойды. Соңынан қалтырап, Қайғы ҳәм Азапқа қосылды да, саяхатын даўам етти.



Он үшинши бап

# Жоғалтыўлар ойпатлығында

Таўдағы думан жайылып, қуяш жарқырап турған болып, бизиң қаҳарманларымызға жол енди оншелли жағымлы ҳәм аңсат болып көринбейтуғын еди. Соқпақ оларды еле жоқарыға емес, ал таў жанбаўыры бойлап алып баратыр еди. Деген менен, күнлердиң биринде жолдың бурылысында, олардың көз алдында кең ойпатлық пайда болды. Оларды таң қалдырғаны сол, өз саяхатының басында болғанындай, Қорқақгүлге Мысырға барыўға туўры келгенинде, соқпақ таўдың жанбаўыры бойлап туўры төменге, ойпатлыққа қарай кететуғындай еди.

Олар үшеўи де тоқтап қалды ҳәм бир-бирине, соң төменге, ойпатлыққа ҳәм ол таўсылған жерге қарады. Бул жанбаўырға көтерилетуғын минерлик те Дәрт жанбаўырына көтерилетуғын минерлик сыяқлы тип-тик еди. Сонда олар түсиў ҳәм миниў үлкен күш-ғайрат талап етип қоймай, көп ўақытты та алатуғынын көрди.

Қорқақгүл бул көриниске қарап турып, сол сәтте өзи усы саяхатта басынан кеширген сынақлардың ишиндеги ең қатал ҳәм ең жаўыз болған сынақты басынан кеширди. Растан-ақ, ол және усындай қорқынышлы түрде жолдан бурылып кетиўи керек пе? Сол ўақытқа келип, олар бурынғыға қарағанда еле де бийигирек көтерилген еди. Ҳақыйқаттан да, егер олар баратырған соқпақ жоқарыға қарай бурылғанда, олар сөзсиз тез арада әлле қашан қарлы төбеде болып, шыпа бериўши булақлар аққан Бийик шыңларға жақынлаған еди. Ол жерде бирде бир душпан оларға жете алмаған болар еди.

Ал ҳәзир болса, бунның орнына соқпақ оларды еле де алысырақ жерге, Хорлық ойпатлығы сыяқлы терең болған ойпатлыққа қарай алып баратуғын еди. Енди олар узақ ҳәм шаршататуғын саяхат даўамында ерискен бийикликти қолдан шығарыўы тийис болды. Олар ҳеш қашан жоқарыға көтерилмегендей ҳәм сонша көп қыйыншылықлар менен сынақларды басып өтпегендей, ҳәммесин жаңадан баслаўына туўры келген еди.

Қорқақгүл төменге, ойпатлықтың түпкирине қарағанда жүреги тоқтап қалды. Саяхат даўамында биринши мәрте Қорқақгүл өзине өзи: «Мүмкин ағайин-туўғанларым ҳақ шығар, бәлким мен Шопанның изине ермеўим тийис пе еди, көп нәрселерди талап етип, мүмкин болмаған нәрселерди ислеўди сораған, өзимнен ҳәмме нәрсени тартып алғанның изине қалай ериўге болады?» — деген сораўларды қойды. Ал Бийик шыңларға жетиўге келетуғын болса, Қорқақгүл ҳәзир төменге түссе, саяхат даўамында ерискен барлық нәрсесин жойтып қояды ҳәм Хорлық ойпатлығынан саяхатқа атланған ўақтынан да бетер мақсетинен алысырақ болады.

Бир кеўилсиз ҳәм қорқынышлы минут ишинде Қорқақгүл артқа қайтыўды ҳәм енди Шопанға ермеўди ойлап

турған еди. Даўам етип Шопанға ериўдиң мәниси жоқ. Өйткени оны ҳеш ким мәжбүрлеп атырған жоқ-ғо. Ол бул таң қаларлық соқпақ бойлап өзиниң еки жолдасы менен тек Шопанның қәлеўи усындай болғаны ушын кетип баратыр еди. Бул Қорқақгүлдиң өзи жүриўди қәлеген жол емес еди. Енди ол өзи ушын өзи таңлай алады. Сонда оның барлық қыйыншылықлары таўсылып, ол өз өмирин Шопансыз, өзи қалай қәлесе, солай басқара алатуғын еди.

Усы қорқынышлы мәрўиртлер ишинде Қорқақгүл қорқыныш туңғыйығын, изине ерип, исениўге ҳәм жақсы көриўге болатуғын Шопансыз өмирди көргендей болды. Сонда өзиниң қорқынышлы «мен-мен»инен басқа ҳеш ким, ҳеш қандай Шопан болмайды. Сол ўақыттан баслап, Қорқақгүл туўры дозаққа қарағандай болды. Өзине келип, Қорқақгүл қатты шыңғырып жиберди (буны басқаша айтыў мүмкин емес).

Сонда Қорқақгүл қышқырып:

— Шопан! Шопан! Шопан! Маған жәрдем ете гөр! Сен қаяқтасаң? Мени таслап кетпе! — деди.

Аз-маздан соң, оның пүткил денеси қалтырап, қайта-қайта өкирип жылаўы менен

Шопанның қолынан услап тур еди. Ол және Шопанға:

— Шопан, Сен қәлегениңди ислеп, қәлегениңди сораўыңа болады, тек Сеннен кетип қалыўыма жол қойма. Мениң Сеннен жүз бурып, Сени таслап кетиўимнен сақлай гөр ҳәм изиңе ерип барыўыма жәрдем ете гөр, — деди де, даўам етип Оған асылыўы менен: — Егер мени алдап, ўәдеңди бузыўды қәлесең, усылай ислеўиң мүмкин, рас, ислей ғой. Тек мениң Сеннен кетип қалып, изиме қайтыўыма жол қоймағайсаң! Бул жол соншелли ерси көрингенликтен, мен оның растан-ақ ҳақыйқат жол

екенине зорға исендим, — деди де, ол және өкирип жылап жиберди.

Шопан Қорқақгүлди орнынан турғызды да, Өз қолы менен оның көз жасларын сүртип, күшли ҳәм қуўанышлы даўысы менен былай деди:

— Қорқақгүл, Сениң изиңе қайтыўың ҳаққында сөз болыўы да мүмкин емес. Сени Мениң қолымнан ҳеш ким, ҳәтте, өзиңниң қалтыраған жүрегиң де тартып ала алмайды. Бурын Мениң саған не дегеним ядыңда жоқ па? Мен: «Бул иркилис өлимге емес, ал Қудайдың даңққа бөлениўине хызмет етеди», — деген едим-ғо. Сен өзиң жаңа ғана өзлестирген сабағыңды умытып қалған жоқсаң-ғо, я?

Және де: «Мениң не ислейтуғынымды сен ҳәзир түсинбейсең, бирақ кейин түсинип аласаң». Қойларым Мениң даўысымды еситип, изиме ереди. Бул жол өзиңе ерси болып түйилсе де, оның менен жүриў сен ушын пүткиллей қәўипсиз. Ал енди Мен саған бир ўәде беремен: «Артыңнан: „Оңға, я солға аўып кетсеңиз, мына жол менен жүриңлер“, — деген сөзлерди еситесең».

Шопан бир қанша ўақытқа үндемей қалды. Қорқақгүл Шопан Өзи менен болғанлықтан миннетдар болып, жеңил тартқаны себепли не айтарын билмей, еле Шопанға тығылып тур еди. Соңынан Шопан даўам етип:

— Сен усыларға шыдай аласаң ба? Өзиңниң Бийик шыңларға болған саяхатың даўамында ерискен нәрселериңниң ҳәммесин жойтып, олардан айырыла аласаң ба? Кеширим соқпағы бойлап Жоғалтыў ойпатлығына апаратуғын усындай жолды Мен сен ушын таңлағаным себепли оған түсе аласаң ба? Маған даўам етип исенип, Мени даўам етип жақсы көре аласаң ба? — деди.

Қорқақгүл еле Шопанға асылып турыўы менен, көп ўақытлар бурын анық усындай сынақларға түскен бир

ҳаялдың сөзлерин шын жүректен қайталады: «Сени таслап кетиўге мени мәжбүр етпе. Сен қай жерге барсаң, мен де сол жерге бараман, Сен қай жерде болсаң, мен де сол жерде боламан. Сениң халқың мениң халқым, сениң Қудайың мениң Қудайым болады» (Рут 1:16 ). Ол тоқтап қалып, аз-маз иркилип турды да, кейин сыбырлаўы менен сөзин даўам етип былай деди: «Сен қай жерде дүньядан көз жумсаң, мен де сол жерде өлип, жерленемен. Егер де мен өлимнен басқа бир себеп пенен сеннен айырылсам, мени Жаратқан Ийе жазаласын» (Рут 1:17).

Солай етип, Жоғалтыў ойпатлығына түсетуғын жолдың басына және бир қурбанлық орны қурылды. Қорқақгүлдиң еле өзи менен алып жүрген сумкасындағы тасларға және биреўи қосылды. Соннан соң, олар ҳәммеси бирге төменге қарай жолын даўам етти. Олар жүрип киятырғанда, Қорқақгүл өзиниң еки жолдасының былай деп әсте қосық айтқанын еситти:

*Сүйиклиң қаяққа барар?*
*Ол ҳаяллар ишинде гөззалы,*
*Туўрыға ма, я бурылып кетер?*
*Екеўлеп излейик оны.*

Қосықтың келеси куплетин Шопанның Өзи айтты:

*Минекей, Сүйиклим барар,*
*Хош ийисли гүллер өскен бағқа,*
*Ол лилиялар, бағлар бүркенген жерде,*
*Табармыз оны сол жерден биз.*

Ал соңғы еки куплетин Қорқақгүлдиң өзи айтты. Оның жүреги соншелли қуўанышқа толғанлықтан, ол хош ҳаўаз болмаса да, даўысы басқалар сыяқлы жаңлап еситилди:

*Мен де Оған ердим,*
*Гүллер ҳәм жемислер өскен жерге,*

*Ийискеў ушын әнар гүллерин,*
*Ҳәм бағлардың аңқыған ийисин.*

*Бирден жүрегимде қуўаныш лаўлап,*
*Умтылдым алға қарай.*
*Жаным қус яңлы пәлпеллеп ушар,*
*Себеби күтер мени Оның Өзи!*

Тип-тик болыўына қарамай, ойпатлыққа қарай болған түсерлик жеңил болып шықты. Қорқақгүл Шопанның кеўлинен шығыўды ҳәм Оны қуўантыўды шын жүректен қәлегенликтен, усылай болған шығар. Шопансыз өмирди көз алдына келтирип көргенде, ол қатты қорқып кеткен еди. Қорқақгүл енди өзиниң хеш қашан бурынғыдай бола алмайтуғынын сезди. Бирақ ол жүрек төринде көбирек Шопан ўәде еткен нәрселерди емес, ал Шопанның Өзин аңсайтуғын еди. Ол ҳәммесинен бетер Шопанға ериўди қатты қәлейтуғын еди.

Басқа қәлеўлер оны күшли толғандырып, албыратыўы мүмкин еди. Ал енди өз жүрегин Шопаннан басқа хеш ким толтырып, қанаатландыра алмайтуғынын ол терең түсинди. Қорқақгүл өз-өзине: «Негизинде, тек Оны сүйип, Ол буйырған нәрселерди орынлаў ғана әҳмийетли болып, басқалар оншелли әҳмийетли емес. Ҳәмме ўақытта сүйиў — бул азап шегиўден ибарат. Сүйиспеншилик — бул қайғы болып есапланады. Бирақ Оны сүйиў — бәри бир де әжайып. Егер Мен сүйиўди тоқтатсам, демек мен өлип қаламан», — деди.

Солай етип, алдын айтылғанындай, олар ойпатлыққа тез жетип келди. Таўлардың таза ҳәм тетик ҳаўасынан кейин, ойпатлық баста қапа қылыўшы сезимлерге бөлесе де, ол айрықша сулыў ҳәм тыныш орын болып шықты. Ойпатлық жүдә жасыл болып, оның қасында тыныш ағып турған дәрьяның жағасы да, ойпатлықтың далалары да гүллерге бүркенген еди.

Бирақ бир қызық жери сол, төмендеги Жоғалтыў ойпатлығында Қорқақгүл өзин басқа орынларға қарағанда көбирек дем алғандай, тынышланғандай ҳәм кеўли жай тапқандай сезди. Оған жанындағы жолдаслары да өзгерип кеткендей болып көринди. Олар бурынғыдай Қорқақгүлди қолынан услап киятырған болса да, олардың қол тийгизгени енди Қорқақгүлге жәбир бермейтуғын еди. Олар Қорқақгүлдиң қасында екенине қуўанып киятырған қурдаслары сыяқлы ғана еди.

Және де, олар бәрқулла қосық айтатуғын еди. Айырым ўақытлары бул қосықтың тили олардың Қорқақгүлге үйреткен қосығының тилинен пүткиллей басқаша еди. Бирақ Қорқақгүл оларға сөзлердиң мәнисин түсиндирип бериўди өтиниш еткенде, олар тек күлип, басларын шайқайтуғын еди. Жоғалтыў ойпатлығында үш жолаўшы айтқан көп қосықлардың бири мынадай болып, бул қосық та Қорқақгүл сондай жақсы көретуғын ески қосықлар жыйнағынан еди:

*Сен — Сүйиклимсең, сүйерсең мени өзиң,*
*Сениң сулыўлығың менде болыўы,*
*Сендеги бирден бир әрман.*
*Мухаддес оттың күши менен*
*Тазалағанда пүткиллей мени,*
*Орынлансын әрманың Сениң.*
*Далаларға, Суйиклим, бирге барармыз,*
*Дақыллар орылыўын күткен жерге.*
*Ал бағда бирге баслармыз,*
*Керексиз шақаларды кесиўди.*
*Өз исиңди көрсет, ислер Устасы,*
*Сыйлар өз жемисин бағлар да.*

*Аңқыған хош ийисти ийискеймиз,*
*Шақалар да гүллеўин баслар,*
*Тереклер сулыў көриниске енип,*
*Тамыр жайып, бийик болып өскен,*



*Шийрин мийўелеримди өзимниң,*
*Берермен сүйиклиме жеўге.*

Деген менен, Қорқақгүл таўларға ҳәм ойпатлықтың арғы жағына қарағанда, өзлериниң сол жаққа қалай шыға алатуғынын көз алдына келтире алмады. Шопан қанша қәлесе, өзиниң ойпатлықта сонша күтип жүриўи кереклигин, бирақ сонда да кеўли жай-парахат болатуғынын сезди. Қорқақгүлге бир нәрсе ғана айрықша жубаныш беретуғын еди. Өзи қайта-қайта жығылып, ақсаңлап жүрген таўлардағы қыйын ҳәм тайғақ жолдан соң, Қорқақгүл бул жасыл далалар бойлап сүрникпей, өзиниң аўыртатуғын жараларын, тыртықларын ҳәм денесиндеги уйып қалған жерлерин сезбей жүре алатуғынын сезди.

Булардың бәрине Қорқақгүл ҳайран қалатуғын еди, өйткени ол Жоғалтыў ойпатлығында тур еди. Ҳақыйқаттан да, ол еле ҳеш қашан Бийик шыңлардан буншелли алыста болған жоқ еди. Бир күни ол Шопаннан бул ҳаққында сорады. Ең жақсысы, Шопан өзлери менен бирге жийи-жийи сейил етип, бул жердиң Өзи жақсы көретуғын ҳәм тез-тез келип тураутуғын жер екенин күлип турып айтты.

Шопан Қорқақгүлдиң сораўына:

— Қорқақгүл, сениң бул ойпатлықты қәдирлей баслағаныңа қуўанышлыман. Мениңше, өзиң жоқарыда берген қурбанлығың себепли ғана, сен өзиңди жақсы сезип атырған болсаң керек, — деди.

Бундай сөзлерден албырап қалған Қорқақгүл:

— Бирақ Өзиң бер деп буйырған басқа қурбанлықларды бергенимнен соң, әдетте жол қыйынырақ, сынақлар көбирек болғандай көринетуғын еди-ғо, — деди.

Шопан және мыйығынан күлди де, әсте сөйлеп, қурбанлықлардағы ең әҳмийетли нәрсе — бул олардың мүмкин емес нәрселерди әмелге асыратуғын қәсийети барлығын,

бунының Қорқақгүлге тынышлық ҳәм алға илгерилей алып келгенин атап өтти. Қорқақгүл Шопан өзине сөйлеп турғанда, тигилип, қызық қылып қарағанын байқап қалды. Шопанның көз қарасында таң қаларлық нәзиклик болса да, онда және өзи алдын көрмеген бир нәрсениң де бар екенин байқады. Бирақ сол нәрсениң не екенин түсине алмады. Қорқақгүл сол нәрсениң еки нәрседен, аяўшылық (яқ, бул сөз онша орынлы емес), анығырағы уллы мийримлилик ҳәм тайсалмас ғайратлылықтан ибарат екени туўралы ойлады.

Қорқақгүл буны түсингеннен соң, өзин Шопан Бийик шыңларға шақырмастан алдын, Хорлық ойпатлығында Шопанның бир хызметшисиниң айтқан мына сөзлерин есине түсирди: «Сүйиспеншилик — әжайып нәрсе. Соның менен бирликте, ол қорқынышлы да. Сүйиспеншилик өз сүйиклисинде ҳеш қандай ылайықсыз ҳәм бузық нәрселерди қалдырмаў ушын, батырлық пенен қорқынышлы түрде ҳәрекет етеди».

Қорқақгүл усыларды есине түсиргенде, дирилдеўи менен: «Мениң Өзи қәлегениндей адам болмағанымша, Ол ҳеш қашан кеўли толмайды, — деп ойлады. Қорқақгүл еле Қорқақгүл болғанлықтан ҳәм еле өз атын өзгертиўге таяр емес болғанлықтан, ол қорқыныш пенен: «Қызық, Ол ендиги жағында не ислемекши, бул аўыртпай ма екен?» — деп пикир жуўыртты.

Он төртинши бап

# Майланыў орны



Шопанның ойлап қойған келеси иси растан-ақ әжайып еди. Сол сөйлесиўден көп өтпей-ақ, соқпақ ойпатлық бойлап ийреңлеп, айланшық болыўы менен, оларды арғы беттеги таўдың етегине алып келди. Бул жердеги таўлар «Дәрт» жартасына қарағанда еле де тигирек ҳәм бийигирек болып, дийўал сыяқлы көтерилип тур еди. Деген менен, Қорқақгүл өзиниң еки жолдасы менен усы жерге жетип келгенде, кишкене үйдиң жанында өзлерин Шопан күтип турғанын көрди. Сонда, оҳ, кәрамат Қыя таслар бийигирек ҳәм тигирек болған анық сол жерде олар канат жолын тапты. Бул канат жолы усы жерден узақтағы бийик жерге дейин керилген еди. Полат трosларда еки адам отырыўға болатуғын орынлықлар асылған болып, оларда туўры шыңларға қарай аңсат ҳәм ҳеш қандай күш жумсамай-ақ ушып кетиўге болатуғын еди. Дурыс, жер үстинде соншелли бийикте әсте жүзип жүретуғын мына

ҳаўа орынлықлары сырттан қарағанда ҳәлсиз болып көрингенликтен, Қорқақгүлдиң мийи айланып, ҳаўлығып қалды. Бул қорқынышқа салатуғын туңғыйық үстинен көтерилиў ушын, ол ҳеш қашан өз қәлеўи менен усы орынлықлардың биреўине отыра аламан деп ойлаған жоқ еди. Ол жерде аяқ қоятуғын тек бир кишкене ғана орын болып, жығылған жағдайда услап қалатуғын басқа ҳеш нәрсе жоқ еди.

Деген менен, бундай сезимлер дәрҳал-ақ өтип кетти. Өйткени Шопан күлимсиреп:

— Қорқақгүл, екеўмиз биринши турған орынлықларға отырайық, ал Қайғы менен Азап келеси орынларды ийелейди. Сен тек орынлыққа исениўиң тийис, сонда ол сени толық қәўипсиз жағдайда жоқарыға, Мениң сени жибергим келген жериме апарады. Сен тәрептен ҳеш қандай ис-ҳәрекет талап етилмейди, — деди.

Қорқақгүл адым атып, орынлықлардың бирине отырды. Сонда Шопан да оның қасына жайғасты. Қорқақгүлдиң еки жолдасы келеси еки орынлықты ийеледи. Бир минуттан соң, олар бурын соншелли адам жете алмайтуғындай болып көринген Бийик шыңларға қарай бир тегис ҳәм туўры жол алды. Саяхатшылар тек дем алып, әжайып көринистен заўықланыўы керек болды. Ара-тура орынлықлар шайқалып турса да, олардың ҳеш бириниң мийи айланбай, төмендеги ойпатлық кишкене жасыл паласқа қусап қалмағанша, кем-кемнен бийигирек көтерилип бара берди. Ал әтирапта Сүйиспеншилик Патшалығының минараларға уқсаған жылтыраған төбелери бой тиклеп тур еди. Көп өтпей, олар өзлери басқа тәрептен таў арқалы жетип келген жерден де бийигирек жерге көтерилди де, жолларын даўам етип кете берди.

Олар канат жолының ақырына жетип келип, орынлықларынан турғанда, жүдә сулыў жерге келди. Қорқақгүл

бундай сулыў жерди ҳеш қашан көрмеген еди. Бул еле Сүйиспеншилик Патшалығының Бийик шыңлары болмаса да, бизиң саяхатшыларымыз шегара жерлерге жақынлап қалған еди. Олардың дөгерегинде гүллерге бүркенген әжайып Альп жайлаўлары созылып жатырған еди. Сылдырлап аққан кишкене дәрьялардың бойында калужница өсип, ал жерди кишкене сары гүллер, биринши гүллейтуғын гүллер, бийнепше ҳәм ақшыл қызыл примула гүллери қаплаған еди. Көк аспан астындағы пүткил дала бойлап ҳасыл таcларға қусаған горечавка гүллери жарқырап тур еди. Олар патшалар кийиминдеги қымбатлы таслар сыяқлы еди.

Алысларда қардай аппақ болған төбелер минаралар сыяқлы бой тиклеп тур еди. Олар бултсыз аспанға көтерилген сапфир ҳәм пируза шыңлардай еди. Қуяш күшли жарқырап турғанлықтан, гүллер оның нурының салтанатын қабыл етиў ушын жерден өсип шығып, ашылғанын көриўге болатуғын еди. Барлық тәрептен сыйырлар менен ешкилердиң қоңыраўларының сеслери еситилип, ҳаўа көп қуслардың сайраған даўысына толып кетти. Бирақ олар үстинен жалғыз ғана қүдиретли даўыс жаңлап, пүткил дөгеректи толтырып жиберди.

Бул күшли сарқырама суўдың даўысы болып, ол үлкен жартастан бурқасынлап ағып тур еди. Сарқырамадан саўдырап аққан суўлар Бийик шыңлардың өзинен ағып тур еди. Ол соншелли гөззал болып, Қорқақгүл ҳәм оның жолдаслары айтыўға бирде бир сөз таба алмай қалды. Олар таўдағы тикенли тереклердиң аңқыған таза ҳәм хош ийисинен терең дем алып турды.

Алдыға қәдем атып баратырып, қандай да бир сулыў гүлге қол тийгизиў ушын ҳәм тынық сайдың суўына қол салыў ушын, саяхатшылар ҳәр адымда тоқтап, солар бетке еңкейе берди. Ал гейбир ўақытлары олар өзлерин

қоршаған әжайып нәрселердиң ортасында қуўанғанынан күлип турды. Шопан оларды бойлары шама менен белге келетуғын хош ийисли шөплер өскен ығал жайлаўлар арқалы қүдиретли сарқырамаға алып келди.

Соңынан саяхатшылар жартастың етегине келди. Олар салқын саялы жерде турып, бетлерине суў тамшыларының шашырағанын сезди. Шопан бул жерде тоқтаўды ҳәм жоқарыға қараўды буйырды. Қорқақгүлдиң тулғасы қүдиретли жартаслардың қасында кип-кишкене болып қалды ҳәм ол басын шалқайтыўы менен Бийик шыңлардан күшли ағып турған шексиз ағысқа қарады. Ол ҳеш қашан бундай әжайып ҳәм таң қаларлық нәрсени көрмегени ҳаққында ойлады. Төмендеги тасларға урылыў ушын ағып турған суўлар шыққан шығыңқы жартастың бийиклиги Қорқақгүлди қорқытып жиберди. Гүркиреген сарқыраманың етегинде шыққан даўыс ҳеш еситилмейтуғын еди. Және де, сарқырама үлкен ҳәм қорқыныш туўдырыўшы мәниске ийе еди. Ол сөз бенен айтып жеткизиў қыйын болған дәрежеде гөззал еди.

Қорқақгүл сарқыраманы тыңлап турғанда, уллы гармонияның пүткил толылығын, пүткил оркестрди еситип турғанын түсинди. Сарқырама төменде, алыслардағы Хорлық ойпатлығында қосық айтқан барлық кишкене сайлардың сол қосығының дәслепки намасын ойнап турған еди. Енди қосықты мың-мыңлаған даўыслар еле де избе-излик ҳәм келисимли түрде атқарар еди. Төмендеги ойпатлықта ҳеш ким ҳеш қашан бундай нәрсени еситкен жоқ. Деген менен, бул сол қосық еди:

*Бийиклерден секиремиз биз,*
*Шаўқымласып, төменге, ойпатлыққа асығамыз.*
*Бәрқулла төменге жуўырып,*
*Төменде болыўды қәлеймиз биз.*

Қорқақгүлдиң қасында Шопанның:

— Қорқақгүл, уллы суўлардың төменге қарай қулап ағыўы, олардың өзлерин умытып, өзлерин бағышлаўы туўралы не ойлайсаң? — деген даўысы еситилди.

Қорқақгүл аз-маз қалтырап:

— Мениңше, бул ҳәм әжайып, ҳәм қорқынышлы. Мен ҳеш қашан бундай нәрсени көрген емеспен, — деп жуўап берди.

Шопан оннан:

— Не ушын қорқынышлы? — деп сорады.

— Олардың секириўи тийис болған бийиклик соншелли қорқынышлы-ғо. Олар сондай жерден төменге секирип, тасларға урылыўы керек. Мен бул нәрсеге қарай алмайман, — деди Қорқақгүл.

Шопан оған және:

— Жақсысы, қарағаның абзал. Бир тамшы суўдың жартастың шетинен қулаўынан баслап ултанға жетемен дегенинше ўақтын көзлериң менен бақлап көр, — деди.

Қорқақгүл айтылғанды ислегенде, ҳайран болғанынан аўзын ашып қалды. Суў тамшылары жартастың шетинен қулап, қуўаныштан жан кирген қанатлы жанзатларға айланды. Олар қуўанғанынан өзлерин толық умытып, бағышланар еди. Қорқақгүл өзин айқулақтың қанатларында пәлпеллеп ушып түсип киятырған, ушып киятырып, шадланып қосық айтып атырған периштелер топарына қарағандай сезди. Қорқақгүл қарап тура берди, қарап тура берди. Соңынан ол:

— Олар бул исин дүньядағы ең жақсы ис деп есапласа керек. Төменге өзиңди таслаў — тәрийиплеп жеткизиў қыйын болған қуўаныш пенен шадлыққа берилиў демекке уқсайды, — деди.

Шопан толғанған даўыс пенен:

— Сениң буны байқағаныңа қуўанышлыман. Бул — Сүйиспеншилик Патшалығының Бийик шыңларынан ағатуғын Сүйиспеншилик сарқырамасы. Сен олар менен

және ушырасасаң. Маған айтшы, сууўлар төмендеги тасларға урылғанда қуўанғанын тоқтата ма? — деди.

Қорқақгүл және Шопан көрсеткен жаққа қарап, суў ағыслары қанша пәс тамған сайын, олар қанатлары менен ушып түскендей болып, жеңил ғана түскенин көрди. Суўлар төмендеги тасларға жетип барып, барлығы бирден уллы бирлик пенен таслар арасында айланған күшли ағысты пайда етти.

Олар күлип, қуўанышлы түрде кем-кемнен төменге, жайлаўлар арқалы келеси туңғыйыққа, ары қарай келеси жерге асығып бара берди. Сол жерден олар төмендеги алыс ойпатлықларға түсти. Олардың жолындағы ҳәр бир тосқынлық оны айланып өтиўге деген және бир әжайып мүмкиншилик болды. Ҳәмме жерде күлген ҳәм салтанат қурған суўлардың сести еситилди.

Сонда Шопан Қорқақгүлге былай деди:

— Олардың бул секириўи растан-ақ қорқынышлы көринеди. Деген менен, өзиң көрип турғаныңдай, суўдың өзи буны ҳеш қорқынышлы деп есапламайды. Ол екиленип, артқа қайтып атырған жоқ, ал қуўанып, қосық айтпақта. Себеби бул ҳәрекет ол ушын тәбийғый болып есапланады. Өз-өзин бағышлаў — бул өмир. Суўдың бирден бир тилеги — еле де төменлеп ағып, өзин толық бағышлаўдан ибарат. Көрип турғаныңдай, оның усындай умтылысы алдында сондай қорқынышлы болып көринген тосқынлықлар пүткиллей күшсиз болып, бул оларға еле де қуўаныш бағышлайды.

Усыларды айтып болды да, Шопан Қорқақгүл менен оның жолдасларын қуяш нурына бөленген далаға әкелип, сол жерде бир неше күн жақсылап дем алыўды ҳәм саяхаттың соңғы бөлегине таярланыўды буйырды.

«Саяхаттың соңғы бөлеги» деген сөзлерди еситкен Қорқақгүлдиң қуўаныштан аяқлары қалтырап баратырғанын

сезди. Буннан тысқары, Шопанның Өзи усы ўақыт ишинде олар менен бирге болып, бир саатқа болса да, оларды таслап кеткен жоқ. Шопан оларға өзлери баратырған Патшалық туўралы көп айтып берди. Ол қай жерге барса да, аўзынан мийрим төгилип, хош ийисин тарқатып турды. Қорқақгүл сол жерде жан деп бир өмирге қалған болар еди. Ол өзиниң қыйсық аяқлары, бир жаққа аўған аўзы ҳәм қорқақ жүреги болмағанда, Бийик шыңларға жетиўди ойламаған да болар еди.

Деген менен, қуяш бәрқулла шыға бермей, Бийик шыңлар менен шегаралас жерлерде қараңғы күнлер де болып туратуғын еди. Сонда думан жарқыраған төбелерди перде сыяқлы қылып толық қаплайтуғын еди. Егер бизиң саяхатшыларымыз оларды алдын көрмегенинде, бул таў төбелериниң ҳақыйқаттан да бар болып, олардың жақын жерде, думан ҳәм бултлардың артында жайласқанын исенимли түрде тастыйықлай алмаған болар еди.

Солай болса да, ўақты-ўақты думан арасында жақтылық көринип туратуғын еди. Сонда ашық әйнекте көрингендей аппақ бир нәрсе пайда болып, жоқ болып кеткен төбелер жалт етип көринип кетип: «Қорқпаңлар, бизлерди көрип турмаған болсаңыз да, ҳәммемиз усы жердемиз», — дегендей болатуғын еди. Кейин тағы думан қойыўланып, аспан әйнеги жаўылып қалатуғын еди.

Күнлердиң биринде Шопан Қорқақгүлге былай деди:

— Сен және жолға атланғаныңда, этирапыңды күшли думан қаплап, ҳаўа бултлы болады. Өзиң Бийик шыңларда көрген нәрселериңниң ҳәммеси түс ямаса елес болып көриниўи мүмкин. Бирақ сен ҳақыйқатлықты көрдиң-ғо, ал оны жасырмақшы болған думан елес болып табылады. Сен өзиң көрген нәрселерге беккем исен. Ҳәтте, Бийик шыңларға баратуғын жол анық емес болып көринип, өзиңниң дурыс жолдан жүргениң бойын-

ша гүман туўылса да: «Артыңнан: „Оңға, я солға аўып кетсеңиз, мына жол менен жүриңлер“, — деген сөзлерди еситесең», — деген ўәдени есиңде сақла. Мениң Өзим араласпағанымша, бойсыныў соқпағы менен алға қарай жүре бер. Ҳәтте, ол сени өзиңди Мен жибергениме исениў қыйын болған жерлерге алып барса да, алға жүрип кете бер.

Қорқақгүл думан қапламастан бурын өзиң көрген ҳәмме нәрсени ядыңда тут. Бийик шыңлардың алдында екенине ҳеш қашан гүманланба. Не болыўына қарамастан, Мен Өзим ўәде еткенимдей, сени сол жерге апаратуғыныма толық исен.

Шопан Өз сөзин таўысқанда, думан пердеси арасында және жақты пайда болып, жолаўшылар үстинде көк аспанды жийеклеп турған Бийик шыңлардың төбелериниң биреўи жарқырап көринди.

Думан пердеси тағы жаўылыўдан алдын, Қорқақгүл еңкейип, аяғы астында өскен горечавка гүллериниң бир нешесин көргенлеринен естелик ретинде терип алды. Ол өз-өзине: «Олар растан-ақ Бийик шыңлардың төменги жанбаўырларында өскен. Бийик шыңлар және көринбей қалса да, бул олардың сол жерде, өз орнында екенинен дерек береди.

Олардың сол жерде өткизген соңғы күнинде Шопан әжайып бир нәрсе иследи. Ол Қорқақгүлди бир шетке шығарды да, оны Бийик шыңлардың бириниң төбесине, яғный Сүйиспеншилик Патшалығына апарды. Ол Қорқақгүлди бийик, жарқыраған аппақ төбеге көтерди. Сол төбе әтирапындағы басқа төбелер алдында уллы тахт сыяқлы бой тиклеп тур еди.

Таўдың басында турып, Қорқақгүлдиң алдында Шопанның түр-түси өзгерип кетти. Сонда Қорқақгүл Оның ҳақыйқаттан ким екенин билип алды. Ол бул туўралы

жол бойы шамалап келген еди. Қорқақгүлдиң алдында Сүйиспеншилик Патшасының Өзи, яғный пүткил Сүйиспеншилик Патшалығының ҳүкимдары турған еди. Ол тазалығынан аппақ болып жарқыраған көйлек кийген болып, ал көйлегиниң сыртынан сыя түр, көк ҳәм қызыл реңли, алтын ҳәм ҳасыл таслар менен сырылған шапан кийген еди. Оның басында патшалық тажы бар еди. Қорқақгүл Оған тәжим етип, аяқларының қасына отырды. Бирақ Қорқақгүлге қарап турған көзлер — Шопанның көзлери еди. Қорқақгүл Оны жақсы көрип, изине ерген ҳәм жоқарыдағы Бийик шыңларға келген еди. Оның көзлери бурынғыдай мүләйимлилик ҳәм кишипейилликке толған болып, оларда күш, ерк ҳәм бийлик жарқырап тур еди.

Ол Қорқақгүлге қолын созды да, оны ҳеш нәрсе айтпастан көтерип, пүткил әтирапты алақанда турғандай қылып тамашалаўға болатуғын ең бийик төбелердиң бирине алып келди. Қорқақгүл Шопанның қасында турып, өзин жүдә бахытлы сезди. Қорқақгүлге пүткил Сүйиспеншилик Патшалығы ҳәм алыс-алыслардағы төменде тегисликлер, ойпатлықлар, уллы теңиз бенен шөлистанлық көринип тур еди. Қорқақгүл Хорлық ойпатлығын да таныгандай болды. Ол сол жерде соншама көп ўақыт жасаған ҳәм Шопан менен таныскан еди. Бирақ бул көп ўақытлар бурын болғанлықтан, оған басқа өмиринде болғандай болып түйилди.

Қорқақгүлдиң ҳәмме тәрепин Бийик шыңлардың қар басқан төбелери қоршаған еди. Ол усы таўлардың барлығының пүткиллей тип-тик екенин көрди. Бираз жоқарырақ жерде олар тоғайларға бүркенген болып, оларды Альп жайлаўларының жасыл шөплери ҳәм қарлар қаплаған еди. Қорқақгүл қай жаққа қараса да, ҳәмме жерде усы ўақытқа тән болған ақ гүллер өсип тур еди.

Гүллердиң ярым ақшыл жапырақлары қуяш нурында аппақ болып жарқырап тур еди.

Ҳәр бир гүлдиң өзегинде сап алтыннан исленген тождай нәрсе болып, олар ҳаўаны Қорқақгүлге пүткиллей таныс болмаған хош ийиске толтырып тур еди. Гүллердиң кишкене жүзи ҳәм алтын тажы төменге, ойпатлықларға қараған еди. Гүллер соншелли көп болып, ҳеш бир адам олардың санын анықлап бере алмас еди. Олар «көп гүўалардың топары» сыяқлы төменде не болып атырғанын көриў ушын еңкейип қарағандай еди. Патша Өз жолдаслары менен қай жерге барса да, бул гүллер аппақ болып, олардың аяқлары астында ийилип жатар еди. Соңынан олар және шадлы, дақ түспеген, бурынғыдан да бетер хош ийис таратыўшы болып бой тиклейди.

Шопанның Қорқақгүлди алып келген ең бийик шыңында сап алтыннан исленген қурбанлық орны бар еди. Ол қуяшта сондай жарқырап турғанлықтан, Қорқақгүл оған қарай алмай, көзин басқа жаққа аўдарды. Деген менен, ол орында от жанып, хош ийис тарқатыўшы түтинниң бурқырап турғанын сезди.

Сонда Патша оған дизе бүгиўди буйырды да, алтын қысқыш пенен қурбанлық орнынан көмирдиң шоғын алды да, оны Қорқақгүлге тийгизип: «Минекей, бул сениң аўзыңа тийгеннен соң, нызамсызлығың алып тасланып, гүнаң жуўылады», — деди (Ийшая 6:7).

Сондай әжайып ҳәм қорқынышлы болған жақты жалын Қорқақгүлди тесип өткендей болды. Қорқақгүл есинен танып қалып, кейин не болғанын ядына түсире алмады.

Ол өзине келгенде, Шопанның өзин қолына көтерип баратырғанын билди. Олар және шегара бөлиминиң төмен бетиндеги жанбаўырларда еди. Қорқақгүлдиң алдында бурынғы Шопан турған еди: ҳәзир Оның патшалық шапаны ҳәм тажы жоқ болса да, көзлери айрықша күш



ҳәм бийлик пенен нурланып тур еди. Таў шоққылары олар үстинде минаралар сыяқлы бой тиклеген болып, төменде ҳәмме нәрсени думан ҳәм булт қаплаған еди.

Шопан Қорқақгүлдиң жетерли дәрежеде күшке енгенин көрип, оның қолынан услады да, олар екеўи биргеликте төмендеги ақ думан тәрепке қарай жол алды. Олар думан арасында тереклери зорға көринип турған кишкене тоғай арқалы жүрди. Әтирапта сес-семир болмай, тек жерге тамып турған суўдың сести еситилип тур еди. Олар тоғайдың ортасына жетип барғанда, тынышлықты думан себепли көринбей турған қустың сайрағаны бузды. Қус таза, анық ҳәм жүдә жағымлы қылып, изли-изинен шырылдаған даўыс шығарып, сайрай берди. Бул даўыслар бәрқулла тәкирарланыўшы, соңы қысқа күлкиге уқсайтуғын жиңишке шырылдаў менен жумақланыўшы бир сести қурайды деп ойлап қалыўға болатуғын еди. Қорқақгүлге қус былай деп қосық айтқандай болды:

*Ол жеңди, ура!*
*Ол жеңди, ура!*

Тоғай қуўанышлы сайраған даўысларға толып кетти, ал Шопан менен Қорқақгүл суў тамшылаған ығал тереклер арасында турып, оларды тыңлады.

Сонда Шопан Қорқақгүлге:

— Қорқақгүл, сен Мен өзиңди апаражақ болған Патшалыққа көз қыйығыңды таслап көрдиң. Ертең сен жол көрсетиўшилериң менен бирге өзлериңизди сол жерге алып барыўшы жолға атланасызлар, — деди.

Соңынан Шопан даўысындағы айрықша мүләйимлилик пенен сондай әжайып сөзлерди айтқанда, Қорқақгүл өз қулақларына исенбеди. Шопан оған былай деди:

— Күшиң аз болса да сөзимди орынлап, атымнан ўаз кешпедиң. Қара, душпанларыңды саған тапсыраман.

Оларды саған келиўге ҳәм сениң аяғыңа бас урыўға мәжбүр етип, оларға Мениң сени сүйетуғынымды көрсетемен. Мен жылдам келемен. Тажыңды ҳеш ким алып қоймаўы ушын, өзиңде бар нәрсеге беккем бол. Жеңип шыққанды Қудайымның Ибадатханасының үстини қыламан. Сол адам ол жерден ҳеш қашан шықпайды. Оның үстине Қудайымның атын ҳәм Өзимниң жаңа атымды жазаман (Аян 3:8–12).

Анық сол ўақытта Қорқақгүл батыллыққа ийе болып, бурын өзи ҳеш қашан бере алмаған саўалын берди. Қорқақгүлдиң қолы Шопанның алақанында турған болып, ол Шопаннан:

— Ийем, маған Өзиң берген ўәдеңди орынлайтуғын ўақтың тез арада келе ме, усыны билгим келеди, — деди.

Шопан жумсақ ғана, уллы қуўаныш пенен жуўап берип:

— Аўа, сол ўақыт тез арада келеди. Батыл болып, бахытлы болыўға ҳәрекет ет. Егер сен өзиң ушын белгиленген жол менен алға қарай жүрсең, онда тез арада ўәде етилгенди аласаң ҳәм Мен сениң жүрегиңдеги тилегиңди орынлайман. Енди аз-маз ғана күтиўиң керек, Қорқақгүл, — деди.

Солай етип, олар думан қаплаған тоғайда турған еди. Қорқақгүл қуўаныштан тыпырлап, ҳеш нәрсе айта алмады. Ол тек дуўа етип, басынан кеширгенлери аян ба, я ҳақыйқаттан да болды ма, деп түсине алмады. Шопанның жүзинде таң қаларлық нәрсе пайда болған еди, бирақ Қорқақгүл оны көрсе де, не екенин түсине алмас еди. Себеби ол өз бахтына өзи ҳайран болғанлықтан, Шопанға қараған да жоқ еди. Ығал тереклердиң бийик шақаларында пичуга деген қус еле өзиниң: «Ол жеңди. Ура! ура! ура!» — деген қуўанышлы қосығын айтып тур еди.

Арадан аз-маз ўақыт өткеннен соң, Шопан менен Қорқақгүл төменде, Қайғы өз туўысқаны менен оларды күтип турған далаларда турған еди. Жолды даўам ететуғын ўақыт да жетип келди. Бирақ Шопан оларға пәтиясын берип, Өз жолына түсиў ушын бурылғанда, күтилмегенде Азап ҳәм Қайғы Оның алында дизе бүгип, кишипейиллик пенен:

— Соңғы бир неше күн ишинде бизлер дем алып, күш топлаған жер қандай жер еди? — деп сорады.

Шопан әсте жуўап берип:

— Бул — Мен Өз сүйиклилеримди жерлеўге таярлаў ушын майлаўға алып келетуғын жер еди, — деди.

Қорқақгүл бираз алдынырақта кетип баратырғанлықтан, бул сөзлерди еситпеди. Ол өзинше қайта-қайта: «Шопан маған: „Батыл болып, бахытлы болыўға ҳәрекет ет. Енди аз-маз ғана күтсең, Мен сениң жүрегиңдеги тилегиңди орынлайман“, — деди», — деп тәкирарлай берди.



Он бесинши бап

# Ағыслар

Олар жүрип баратырған соқпақ туўры жоқарыға, яғный Бийик шыңларға емес, ал таў жанбаўыры арқалы бир тегис болып көтериле берди. Әтираптағы ҳәмме нәрсе еле думан менен қапланған болып, думан бурынғыдан да аз-маз қойыўласқан еди. Саяхатшылар үндемей жүрип келе берди: олардың ҳәр бири өз ойлары менен бәнт еди. Қорқақгүл жақында ғана өзине Шопан берген ўәде ҳаққында ойлады. Шопан оған: «Жылдам келип, сениң жүрегиңдеги тилегиңди орынлайман», — деген еди. Қайғы менен Азап өзлериниң Шопанға хошласарда берген сораўына алған жуўабы ҳаққында ойлап баратырған болыўы итимал. Анық усындай болды ма, айтыў қыйын, себеби олар дым үндемей кетип баратыр еди. Қорқақгүл еки жолдасының жәрдеми бурынғыдан мүләйимлирек ҳәм мәжбүрий емес екенин байқай баслады.

Кешке жақын олар соқпақтың шетинде турған ағаштан соғылған үйге жетип келди. Қапыда Шопанның жасы-

рын белгиси болғанлықтан, олар усы жерде дем алып, түнеў кереклигин түсинди.

Ишке кирип, олар бул жерде тап жаңа ғана биреўдиң болғанын дәрҳал-ақ байқап қалды. Ошақта от лаўлап жанып, аўқат ысытатуғын шығыңқы орында шәйнек турған болып, онда суў қайнап атыр еди. Дастурхан үш адамға жайылған болып, онда нан ҳәм мийўелер бар еди. Олардың бул жерге келиўин күтип, оған жақсылап таярланған көринеди. Бирақ олардан бурын келген адамның усы жерде болғанын билдиретуғын ҳеш қандай белги жоқ еди. Олар үшеўи де жуўынып, дастурхан әтирапына отырды ҳәм Ийемизге шүкирлик билдирип, аўқатланыўға киристи. Соңынан шаршағанлықтан, дем алыўға жатып, уйықлап кетти.

Қорқақгүл тосаттан оянып кетти. Ол өзиниң қанша ўақыт уйықлағанын анық биле алмады. Дала еле қараңғы еди. Оның жолдаслары қасында тыныш уйықлап атырған еди. Бирақ Қорқақгүл өзин ким шақырғанын билетуғын еди. Ол үндемей тыңлап турды да, кейин өзин:

— Қорқақгүл, — деп шақырған даўысты еситти.

Сонда Қорқақгүл:

— Мен мындаман, Ийем, — деп жуўап берди.

Даўыс оған:

— Енди Өзим сени Бийик шыңларға барыў ушын изиме ериўге шақырғанымда, өзиңе берген ўәдемди ал. Және де, адамларға тән болған сүйиспеншиликке деген умтылыўды да қабыл ет. Мен сениң жүрегиңде Өз сүйиспеншилигимди еккенимде-ақ, ол сол жерде өсип шыққан еди. Сен таўларға, Өзим саған көрсететуғын жерге көтерил де, сол жерде Маған жандырылатуғын қурбанлық бер, — деди.

Узақ даўам еткен үнсизлик болып, кейин қараңғыда Қорқақгүлдиң қалтыраған даўысы еситилди. Ол:

— Ийем, мен Сени дурыс түсиндим бе? — деди.

Даўыс оған:

— Аўа. Енди қапының аўзына кел. Мен саған қаяққа барыў кереклигиңди көрсетемен, — деди.

Қорқақгүл үнсиз орнынан турды да, қасындағы жолдасларын оятпай, қапыны ашып, сыртқа шықты. Әтирафтағы ҳәмме нәрсени еле думан қаплаған еди. Думан ҳәм булт қаплаған таўлар да ҳеш көринбей қалған еди. Қорқақгүл алысқа көз таслағанда, бир жерлердеги думан жайылып, кишкене әйнекке уқсаған бир нәрсе пайда болды. Онда ай ҳәм бир жулдыз жарқырап тур еди. Олардың туўры үстинде гүңгирт нурын шашып, ақ төбе көтерилип турды. Төбениң етегинде сол шығыңқы тас болып, оннан уллы сарқырама атлығып шығып, төмендеги жанбаўырларға умтылып ағып баратыр еди. Тек бир ғана шығыңқы жартас көринип турған болып, төменде ҳәмме нәрсени думан қаплаған еди.

Сонда сол даўыс еситилип:

— Белгиленген жер — усы, — деди.

Қорқақгүл жән-жағына нәзер салды да:

— Аўа, Ийем. Минекей, мен — Сениң қулыңман. Мен Сен қәлеген ҳәмме нәрсени ислеймен, — деди.

Қорқақгүл қайтып жатпады, ал таң атыўын күтип, қапының аўзында турды. Енди оған сарқыраманың даўысы пүткил дөгеректи толтырып жибергендей көринип, оның дүрсилдеген жүрегинде гүркиреп турғандай еди. Сарқырама Қорқақгүлдиң ҳәр бир денесиниң мүшесинде жаңлап, қайта-қайта: «Енди Өзим саған берген ўәдемди ал. Және де, адамларға тән болған сүйиспеншиликке деген умылыўды да қабыл етип, оларды жандырылатуғын қурбанлық қылып бер», — деп турғандай еди.

Таңның биринши шуғлалары түсе баслағанда, Қорқақгүл өз жолдасларының үстинде еңкейип: «Тезлик пе-

нен жолға атланыўымыз керек. Мен уллы сарқырама туңғыйыққа қарай атлығып ағатуғын жерге көтерилиўим тийис екенлиги ҳаққында буйрық алдым», — деди.

Олар дәрҳал турды да, азанғы аўқатты асығыс түрде жеп, жолға атланды. Соқпақ таў жанбаўыры арқалы туўры жоқарыға, сарқыраманың гүлдирмама сыяқлы гүркиреген даўысы шыққан тәрепке апаратуғын еди. Деген менен, сарқыраманың өзи пүткил әтирапты еле қаплап турған булт ҳәм думан себепли көринбей турған еди.

Арадан бир неше саат өтсе де, олар еле жоқарыға көтерилип, ал соқпақ кем-кемнен тик болып баратырған еди. Алыста гүлдирмаманың гүркирегени еситилип, думан пердеси арасынан шақмақ шақты. Олар күтилмегенде соқпақтың жоқары тәрепинде жуўырып баратырған, тасларда дүбирлеген ҳәм тайған аяқ сеслерин еситти. Олар тоқтап қалып, жуўырып баратырғанларды өткизип жибериў ушын жартасқа тығылды. Сонда гүңгирт тартқан думан арасынан дәслеп Қорқыныш, кейин Өкиниш, олардан соң Өкпе-гийне ҳәм Өз-өзин аяў көринди.

Олар жуўырмаса өмирине қәўип туўатуғындай болып, тез жуўырып баратыр еди. Үшеўине жетип алған олар: «Артқа! Тезлик пенен артқа қайтыңлар! Алдыңызда қар көшежақ! Пүткил таў жанбаўыры да ҳәзир қыйралатуғындай болып силкинип тур! Өмириңизди сақлап қалыңлар! Жуўырыңлар! — деп бақырды.

Олар жуўапты күтпей, тапырласып, жанбаўыр бойлап төменге қарай жуўырып кетти.

Пүткил саяхат даўамында биринши мәртебе албырап қалған Азап пенен Қайғы:

— Енди не қыламыз? Үйге қайтып, қар көшкини тоқтап, даўыл тынғанша тоқтап турайық па? — деди.

Қорқақгүл өлпең, бирақ исенимли даўыс пенен:

— Яқ. Бизлерге артқа қайтыўға болмайды. Мен уллы сарқырама туңғыйыққа қарай атлығып ағатуғын жерге көтерилиўим тийис екенлиги ҳаққында буйрық алдым, — деди.

Қорқақгүл оларды турғызып, бирге жүриўге шақырғаннан бери биринши рет сөйлеп турған еди. Сонда оларға жақын жерде даўыс еситилип: «Соқпақтың қасында сениң ушын таярлап қойылған орын бар. Даўыл тынғанша, сол жерде күтип тур», — деди.

Оларға жақын жердеги тик жартаста кишкене үңгир бар еди. Үңгир сондай пәс болғанлықтан, оған жерге дейин ийилип кириў керек еди. Ал үңгирдиң ишинде тек бүкирейип отырыўға ғана болатуғын еди. Олар қатар отырып, бир-бирине тығылды. Сонда күтилмегенде олардың үстинде қорқынышлы ҳәм қәҳәрли даўыл басланды. Таўларда гүлдирмаманың гүркирегени, таслардың қулаўы ҳәм қар көшкини жаңғырық болып жаңлады. Шақмақ тынбастан шағып, күйдиретуғын жалын сыяқлы жерге түсе берди.

Және де, жаўын жаўып, ағыс сыяқлы ақты, самал есип, пүткил дөгерек қалтырап, силкинип, қыйралып атырғандай болып көринбегенше, усылар таўларда даўам ете берди. Тип-тик қыя таслардан бурқаснылаған суў ағып, олар үңгирге кирер аўыздағы таслардан түсип, үңгирди суў дийўалы менен толық жаўып таслады. Бирақ бизиң үш қаҳарманымыз отырған үңгирдиң ишине бир тамшы да суў тамбады.

Даўыл тыныўдың орнына күшейип баратырғандай болып көринди. Олар өзлери паналаған жерде көп ўақыт болғаннан соң, Қорқақгүл үндемей, қойнынан өзи менен бәрқулла бирге алып жүрген тери сумканы шығарды. Ол етегине тегис таслардан ҳәм басқа да таслардан ибарат болған үлкен емес таслар жыйындысын төкти де,

оларды көзден өткизе баслады. Олар өз жолында қурған қурбанлық орынлардан алынған естелик таслар еди. Қудықтың қасында Шопан менен бирге турып, Оған жүрегине сол тикенди егиўге рухсат еткеннен баслап, ҳәзир даўылдың тыныўын күтип тар үңгирде бүкирейип отырғанға дейинги ўақыт ишинде усы таслар жыйналған еди. Қорқақгүлде сол ўәдени қурбанлық қылып бериўден басқа ҳеш нәрсе жоқ еди. Оның бар үмити сол ўәдеден ибарат болып, сол ўәде ғана оған бул саяхатқа шығыўға күш берген еди.

Қорқақгүл таслардың усы кишкене үйиндисине қарап, өз-өзине кеўилсиз түрде: «Оларды тасласам ба екен? Олардың ҳәммеси де мен усы жаққа киятырғанымда, Ол берген ҳеш нәрсеге турмайтуғын ўәделер-ғо», — деди. Соңынан Қорқақгүл өзиниң муздай бармақлары менен биринши тасты алды да, Шопанның қудық басында айтқан биринши сөзлерин қайталады: «Мен сениң аяқларыңды кийиктиң аяқларындай қылып, сени Бийик шыңларға алып шығаман» (Ҳаб. 3:19). Қорқақгүл бул тасты узақ ўақыт услап турды да, кейин асықпай: «Мениң аяқларым кийиктиң аяқларындай болған жоқ. Бирақ мен өзим әрман етип де көрмеген бийикликлерде турман. Егер мен усы жерде, жоқарыда өлсем, не болыпты? Мен бул тасты таслап жибермеймен», — деди.

Қорқақгүл сол тасты және сумкасына салып қойды ҳәм екиншисин алды. «Мениң не ислеп атырғанымды сен ҳәзир түсинбейсең. Бирақ соңынан түсинип аласаң» (Юхан 13:7). Қорқақгүл жылап турып: «Солай болса да, бул сөзлердиң биринши бөлеги дурыс. Ал екинши бөлеги дурыс па, яқ па, ким билсин. Яқ, мен бул тасты таслап жибермеймен», — деди.

Қорқақгүл үшинши тасты алды. «Бул өлим менен жуўмақланбайды, ал Қудайдың уллыланыўы ушын бола-

ды (Юхан 11:4). «Өлим менен жуўмақланбайды? Ол: „Бул ўәдени жандырылатуғын қурбанлық қылып бер„ — десе ме? Мен бу тастан айырыла алмайман», — деди де, оны сумкасына салып, төртинши тасты алды. «Бийдай нан жабыў ушын ун қылынады, бирақ пүткиллей майдаланбайды» (Ийш. 28:28). «Мен бул тастан айырыла алмайман, — деди де, оны орнына салып қойды ҳәм кейин бесинши тасты алды. «Мен саған усы гүлалшы сыяқлы қатнас жасай алмайман ба?» — дейди Ийемиз» (Ерем. 18:6). Қорқақгүл: «Аўа», — деди де, тегис тасты сумкасына салып қойды.

Алтыншы тасты алып, Қорқақгүл өзинше былай деди: «Даўыл сабалаған, жубаныш таба алмаған қала! Сениң тасларыңды рубинге орнатып…» (Ийш. 54:11, 12). Бирақ ол даўам ете алмай, өкирип жылап жиберип: «Мен қалай оннан айырыламан?» — деп өзине өзи саўал берди де, тасты сумкасындағы басқа тасларға қосып қойып, жетинши тасты алды. «Мениң қойларым даўысыма қулақ асады ҳәм олар Мениң изиме ереди» (Юхан 10:27). Буны да таслап жиберейин бе? Ҳақыйқаттан да, мен жол бойы Оның даўысын еситтим бе екен?

Сонда Қорқақгүл Шопанның усыны айтқан ўақытта жүзи қандай екенин көз алдына келтирди де, тасты қайтадан сумкасына салып атырып: «Мен оны сақлап қояман. Мен оннан қалай айырыла аламан?» — деди де, сегизинши тасты шығарды. «Енди сен Мениң не ислейтуғынымды көресең… (Шығыў 6:1). Қорқақгүл өзине адам мине алмайтуғындай болып көринген қыя тасты ҳәм Шопанның өзин төбеге алып келгенин еске түсирип, тасты басқа тасларға қосып қойды да, тоғызыншы тасты алды. «Қудай алдайтуғындай адам емес. Ол айтып болып, ислемей ме? Ўәде берип болып, орынламай ма? (Санлар 23:19).

Қалтыраған Қорқақгүл усы тасты услап, узақ ўақыт отырды. Ақыры, ол: «Мен Оған бериўим мүмкин болған бирден бир жууапты берип: „Егер мени алдай алсаң, алдаўың мүмкин„ — деген едим», — деди.

Соңынан Қорқақгүл муздай суп-суўық болған тегис тасты сумкасына салып қойды да, сумкасынан оныншы тасты шығарды. «Артыңнан: „Оңға, я солға аўып кетсеңиз, мына жол менен жүриңлер“, — деген сөзлерди еситесең» (Ийшая 30:21). Сонда Қорқақгүл дирилдеп кетти, бирақ дәрҳал былай деп қосып қойып қойды: «Күшиң аз болса да сөзимди орынлап, атымнан ўаз кешпедиң. Тажыңды ҳеш ким алып коймаўы ушын, өзиңде бар нәрсеге беккем бол» (Аян 3:8, 11).

Қорқақгүл оныншы тасты да сумкасына қайтарып салып қойды да, көп ўақытлардан кейин үңгирдеги жерде жатырған әбеший бир тасты алды да, оны басқаларға қосып қойып атырып былай деди: «Минекей, Ол мени өлтирип атыр, бирақ мен үмит етемен» (Аюп 13:15). Қорқақгүл сумкасын байлап қойып атырып: «Ҳәтте, пүткил дүнья жүзи олардың ҳеш нәрсеге арзымайтуғынын айтып, мени исендирмекши болса да, мен олардан айырыла алмайман», — деди.

Қайғы ҳәм оның туўысқаны Қорқақгүлдиң қасында отырып, оның етегиндеги тасларды биримлеп көзден өткизиўин дыққат пенен бақлады. Олар екеўи де таң қаларлық түрде мырс етип күлип қойды да, жеңил артып, миннетдаршылық билдиргендей болып, бир аўыздан: «Жаўын жаўып, дәрьялар тасып, самал есип, бул үйди соққылады, бирақ ол жартас үстине салынғанлықтан қуламады» (Матта 7:25).

Сол ўақытқа келип, жаўын тынды. Суў ағыслары жартасларды енди баспайтуғын болып, тек жеңил думан ғана қалды. Алысларда гүлдирмаманың гүркирегени ҳәм

селдиң ақырғаны тоқтады. Олар үңгирден басын шығарып, төмендеги бир алыс жерлерден, думанның арасынан қуслардың жаңлаған қуўанышлы сайрағанын еситти. Сол қус баяғы Бийик шыңлардың етегиндеги ығал тоғайда сайраған пичуга деген қустың туўысқаны болыўы мүмкин, ол былай деп сайрады:

*Ол жеңди, ура!*
*Ол жеңди, ура!*

Усы таза ҳәм анық сеслер оларға, жоқарыға еситилип, Қорқақгүлдиң жүрегиндеги муз жибип, кем-кемнен ерий баслады. Кишкене шопан қыз таслар салынған сумкасын ишинде бийбаҳа ғәзийне бардай қолына қысты. Қорқақгүл оны жоғалған деп есаплаған еди. Ол еки жолдасына: «Даўыл тынды. Енди бизлер жолды даўам етиўимиз тийис», — деди.

Деген менен, усы жерден баслап соқпақ жоқарыға қарай бирден таўдың жанбаўыры бойлап бурылып кетти. Ол сондай туўры ҳәм тик болып, Қорқақгүл алға қарай тек еңбеклеп, төрт аяқлап илгерлей баслады. Усы пүткил ўақыт ишинде ол қанша жоқарыға көтерилген сайын, өзиниң сонша Бийик шыңларға жақынлап баратуғынынан, оның үстине күшлирек болып, азырақ сүрнигетуғынынан үмит еткен еди. Бирақ керисинше болды.

Олар жоқарырақ көтерилген сайын, Қорқақгүл өзиниң күшсиз болып баратырғанын билди. Ол қанша ҳәлсиз болған сайын, сонша тез-тезден сүрниге берди. Қорқақгүл өз жолдасларына керисинше болып атырғанын түсинди. Олар қанша жоқары көтерилген сайын, сонша күшлирек ҳәм қуўанышлырақ болып көринди. Бул жақсы еди, өйткени оларға Қорқақгүлди тез-тез көтерип алып жүриўге туўры келди. Ал Қорқақгүл сонешелли

шаршаған ҳәм ҳалдан тайған болып көринди. Усы себептен олар жүдә әсте-ақырынлық пенен илгерилей берди.

Екинши күни олар таўдың жанбаўырында үлкен емес шуқырдың кишкене тегислик пайда еткен жерине келди. Бул жердеги сай жартастан булақ болып атлығып, кишкене сарқырама болып, жыра бойлап төменге қарай ағып тур еди. Олар өткел жасамақшы болғанда, сол даўыстың: «Жол бойындағы булақтан суў ишип, күш топла», — дегенин еситти.

Сол жердеги таслар арасынан аққан сайға еңкейип, Қорқақгүл аўзын суўға толтырды. Бирақ ол суўды жутыўдан-ақ, бир қатты ашшы дәмди сезип, буған шыдамай, суўды аўзынан шығарып таслады. Қорқақгүл булақтың қасында дизерлеп, аўзы менен бир неше секунд ҳаўа жутып турды. Соң шөккен үнсизлик ишинен жүдә тыныш ҳәм жумсақ қылып: «Ийем, мен бул кеседен ишким келмейди, ише алмайман да», — деди.

Сонда сол даўыс: «Сол Мерра сайының қасында бир терек өседи. Сен оннан бир шақаны сындырып алып, шақаны суўға тасласаң, суў мазалы болып қалады», — деди.

Қорқақгүл былай-былай қарап, тикенекли кишкене теректи көрди. Оның тик бойы жарылған болып, ҳәр тәрепинен атанақтың кесе ағашы сыяқлы тек бир шақадан өсип тур еди. Шақалар толығы менен узын ҳәм өткир тикенлер менен қапланған еди.

Азап алға қарай адым атты да, тикенли теректиң шақасының бир бөлегин тислеп сындырып алды да, оны Қорқақгүлге әкелип берди. Қорқақгүл оны алды да, суўға таслап жиберип, ишиў ушын және суўға еңкейди. Жандырып жибериўши ашшы дәм енди кеткен еди. Суў мазалы болып қалмаса да, Қорқақгүл оны ише алды. Бирақ ол тез шөлин қандырды да, суўдың шыпалы екенин

билди. Себеби Қорқақгүл дәрҳал-ақ өмир бериўши күшке толғанын сезди. Мерра суўлары қасында ол өзиниң соңғы он екинши тасын алып, оны сумкасына салып қойды.

Бизиң саяхатшыларымыз аз-маз дем алғаннан соң, өз жолын даўам етти. Бир қанша ўақыт Қорқақгүл өзин анағурлым күшлирек сезип, жол еле де тигирек болып қалған болса да, бурынғыдай ҳәлсиз ҳәм жәбир шеккен болып көринбеди. Бул жүдә жубаныш беретуғын еди ҳәм усы ўақытқа келип, оның жүрегинде бир ғана тилек бар еди. Бул тилек — белгиленген жерге жетип барып, күши барда өзине берилген буйрықты орынлаўдан ибарат еди. Үшинши күнге келип, саяхатшылар таўларға нәзер салып, алыстағы жерлерди, уллы жартас ҳәм сарқыраманы көрди. Солай етип, олар тас соқпақ арқалы жоқарыға қарай думан арқалы жол жүрип, түсте белгиленген жерге жетип келди.

Он алтыншы бап

# Таўлардағы қәбир



Соқпақ Қорқақгүлди ҳәм оның жолдасларын үңирейген туңғыйық шетине әкелип, сол жерде бирден кесилип қалды. Ал жыра қәбир сыяқлы ҳәмме тәрепти толтырып турды ҳәм оларды даўам етип илгерилеў мүмкиншилигинен айырды. Бул жыра соншелли қалың думан менен қапланған болып, оның тереңлиги көринбейтуғын еди. Және де, оның аржағында не бар екени де көринбейтуғын еди. Ол қәбирдиң үлкен кегирдеги сыяқлы оларды жутып жиберетуғындай болып созылып турды. Қорқақгүл бир неше сәт бул жерди даўыс көрсеткен орын ба екен деп, ойланып турды. Деген менен, саяхатшылар жарықтың шетинде тоқтап, күшли ағыстың шаўқымлы сестин еситти. Қорқақгүл өзлериниң уллы сарқыраманың шығыңқы жериниң қасында турғанын түсинди ҳәм бул сол белгиленген жер еди.

Сонда Қорқақгүл өзин баслап киятырғанларға қарап, әсте:

— Енди не қыламыз? Бизлер арғы жаққа секирип өте аламыз ба? — деди.

Олар жуўап берип:

— Яқ, бул мүмкин емес, — деди.

— Онда не қыламыз? — деп сорады Қорқақгүл.

— Бизлер төмендеги жыраға секириўимиз керек, — деп жуўап берди олар.

Қорқақгүл дәрхал келисим берип:

— Әлбетте. Мен дәслеп анық усылай ислеў кереклигин түсинбеген едим, — деди.

Кейин өз саяхаты даўамында соңғы мәртебе (хәтте, ол сол ўақытта буны билмесе де) Қорқақгүл еки жолдасынан жәрдем алыў ушын, қолларын оларға қарай созды. Сол ўақытқа келип, Қорқақгүл соншелли жәбир шеккен хәм хәлсиз болғанлықтан, олар Қорқақгүлдиң қолынан услаўдың орнына жақынлап келди де, оны қолтығының астынан сүйеди. Сонда Қорқақгүл пүткил денеси менен оларға сүйенди. Усы тәризде ол Қайғы хәм Азапқа сүйенип, төмендеги үңирейген туңғыйыққа қарай секирип жиберди.

Олар секирген жер терең еди. Егер Қорқақгүл бир өзи болғанда, секирген ўақытта үлкен жарақат алған болар еди. Деген менен, оның жолдаслары сондай күшли болғанлықтан, бул секириў арқалы олар хеш жәбир көрмеди. Олар Қорқақгүлди еки жағынан сондай жеңиллик пенен сүйеп киятырғанлықтан, олар жумсақ ғана жерге түсти хәм Қорқақгүлдиң үсти тек аз-маз жырылып, көгерген болды. Ал жырада сондай қойыў думан болғанлықтан, хеш нәрсе көринбейтуғын еди. Сонлықтан олар әсте-ақырынлық пенен, қармаланып, алға илгерилей берди. Бирден олардың алды бетинде жалпақ хәм узын тастың сүлдери көринди. Олар тасқа жақынлап барып, оның қурбанлық орны екенин билди. Орынның арт бетинде

түр-бийнеси зорға көринетуғын, сүлдер сыяқлы болған биреў тур еди.

Сонда Қорқақгүл әсте: «Бул — сол орын. Мен усы жерде өз қурбанлығымды бериўим тийис» — деди. Қорқақгүл қурбанлық орнына жақынлап келип, дизе бүкти де, мүләйимлик пенен: «О, Ийем. Сен маған келип, Өзиң буйырғаныңдай, жандырылатуғын қурбанлықты бериўге маған жәрдем етесең», — деди.

Бирақ пүткил саяхат даўамында биринши мәртебе ҳеш жуўап болмады ҳәм Шопан да көринбеди.

Қорқақгүл дизерлеп, пүткиллей жалғыз ҳалында, суўық думан ишинде, көлеңкелер ойпатлығындағы мына таслап кетилген қурбанлық орнының қасында турған еди. Қорқақгүлдиң есине өзи Жалғызлық теңизиниң жағасында гезип жүргенде, бурын-бурынлары Өкиниш айтқан мына сөзлер түсти: «Ерте ме, кеш пе, Ол сени таўлардағы адамсыз жерге дейин апарғанда, сени қандай да бир атанақ ағашқа жибереди де, сол жерде таслап кетеди».

«Өкиниш қандай да бир мәнисте ҳақ еди», — деп ойлады Қорқақгүл. Деген менен, Қорқақгүлдиң өзи изине ерип, өзи жақсы көргенниң ерки қандай ҳәм не екенине қарамастан, оны орынлаў ҳақыйқаттан да әҳмийетли болған бирден-бир нәрсе екенин түсиниўге Өкиниш соншелли надан, ал Қорқақгүл соншелли ақылсыз еди. Бир ҳайран қаларлық жери соннан ибарат, Қорқақгүл сол жерде, қурбанлық орнының бас бетинде еңкейгенде, ол таслап кетилген ҳәм қорғаўсыз болса да, сондай қыйын ўақытта да оның душпанларының сол жерде екенин билдириўши ҳеш қандай сес те, белги де жоқ еди.

Бийик таўларда жайласқан қәбир Бийик шыңлар менен шегаралас жерде жайласқан болып, Менменлик, Өкиниш, Өкпе-гийне, Өз-өзин аяў, ҳәтте, Қорқыныш ушын

да қол жетпес жер еди. Қорқақгүл пүткиллей басқа дүньяда еди, өйткени оның душпанлары төменге, сол қәбирге өзлерин ҳеш қашан таслай алмас еди. Ол сол жерде еңкейгенде, ҳеш қандай өкиниш де, үмит те сезген жоқ. Сол ўақытта аспаннан бир периште пайда болып, қурбанлық бериў бийкар етилгенин айтпайтуғынын ол анық билсе де, онда қорқыныш та, артқа қайтыў сезими жоқ еди.

Қорқақгүл уллы ҳәм тереӊ тынышлықтан басқа ҳеш нәрсени сезбеди ҳәм онда тек Ол буйырған нәрсени орынлаў тилеги ғана бар еди. Себеби Ол буны өтиниш еткен еди.

Үңгирде болған ўақтында Қорқақгүлдиң жүрегин толтырған өткир жалғызлық сезими енди жоқ еди. Оның жүрегинде Шопанның еркин орынлаўға деген күшли тилек лаўлап жанар еди. Ал қалғанлары өлип, күлге айланған еди.

Аз-маз күтип (Ол еле келе қойған жоқ еди), Қорқақгүл қолын созды да, соңғы күш жумсаўы арқалы өз жүрегинде өскен адамыйлық тәбийғый сүйиспеншилик ҳәм тилекке умтылып, оларды суўырып тасламақшы болды. Ол қол тийгизиўден-ақ, азаплы аўырыў ҳәр бир нервин ҳәм клеткасын тесип өткенин сезди. Қорқақгүл бул тамырлардың тереңге өсип кеткенин, өзиниң пүткил барлығын толтырып, шырмалып қалғанын күшли өкиниш пенен түсинди. Ҳәтте, ол қалған пүткил күшин оларды суўырып таслаўға сарпласа да, олардың ҳеш бир жери бүлк етпеди.

Сонда Қорқақгүлде қорқыныш ҳәм албыраўшылыққа жақын сезим пайда болды. Ол Шопан сораған нәрсени ислей алмас еди. Ақыры, қурбанлық орнына жақынлап барып, Қорқақгүл Оның еркине бойсыныўға күшсиз болып қалды. Ол усы көтерилиўде өзине жолдас болғанларға бурылып қарап, олардан жәрдем сорады. Өзи ислей алмаған нәрсени ислеў, яғный жүрегинен сол нәўшени суўырып алып таслаў ушын олардан жәрдем бериўди

өтинди. Бирақ Азап пенен Қайғы биринши мәртебе басларын шайқап: «Бизлер сен ушын қолымыздан келген ҳәмме нәрсени иследик. Деген менен, буны ислей алмаймыз», — деди.

Сонда қурбанлық орнының аржағындағы анық емес сүлдер алдыға қарай адым атып: «Мен усы қурбанлық орнының руўханийимен. Егер қәлесең, мен оны жүрегиңнен суўырып, алып таслайман», — деди.

Қорқақгүл дәрҳал оған қарай бурылды да: «О, рахмет. Сеннен өтинемен, солай ислей гөр», — деди.

Руўханий жақынлап келди де, Қорқақгүлдиң қасында турды. Думанда руўханийдиң сүлдери анық емес болып, булдырлап тур еди. Қорқақгүл өтинип сораўды даўам етип: «Мен — сондай қорқақпан. Аўырыў мени саған қарсы турыўға мәжбүр етеди деп қорқаман. Қозғала алмаўым ушын, сен мени қурбанлық орнына байлап қоя аласаң ба? Ийемиздиң ерки орынланғанда, мен қарсылық көрсетким келмейди», — деди.

Думан қаплаған жырада бир неше сәтке тынышлық орнады. Соң руўханий жуўап берип: «Сен жақсы айттың. Мен сени қурбанлық орнына байлап қояман», — деди де, Қорқақгүлдиң аяқ-қолларын байлап таслады.

Руўханий байлап болғаннан соң, Қорқақгүл ҳеш көзге көринбей турған Бийик шыңларға нәзер таслады да, думанға қарай әсте: «Оҳ Ийем, қара! Минекей, мен Өзиң жиберген жердемен ҳәм Сен буйырған нәрсени ислеп атырман.Сен қай жерде дүньядан көз жумсаң, мен де сол жерде өлип, жерленемен. Егер де мен өлимнен басқа бир себеп пенен сеннен айырылсам, мени Жаратқан Ийе жазаласын», — деди.

Бурынғыдай, қәбирде болған тынышлық орнаған еди. Ҳақыйқаттан да, Қорқақгүл өз үмитлериниң қәбиринде болып, ол еле өзине ўәде етилген кийик аяқларына ийе



емес ҳәм еле Бийик шыңларға жетпеген болып, бул ўәдени енди қурбанлық орнына қойыўы керек еди. Әнекей, бул узақ ҳәм азаплы саяхат оны қандай жерге әкелди! Өзин Бийик шыңларға қарай жол алыўға мәжбүр еткен бул ҳәлсиз ўәдени қурбанлық орнына қоймастан бурын, Қорқақгүл былай деп тәкирарлады: «Қудай Ийем — күшқуўатым мениң: Ол аяқларымды кийиктиң аяқлары сыяқлы жүйрик қылып, мени бийик шыңларға алып шығады» (Ҳаббакук 3:19).

Руўханий өзиниң полаттай қолларын Қорқақгүлдиң жүрегине қойды. Сонда жыртылған ҳәм жарылған нәрсениң сести еситилип, өзиниң есап-сансыз түбир ҳәм қан тамырлары менен адамға тән сүйиспеншилик сыртқа шықты.

Руўханий оны аз-маз ўақыт қолында услап турды да: «Аўа, ол алып таслаңыў ушын писип жетилисти, оның ўақты келди. Ҳеш бир түбир үзилип, иште қалған жоқ», — деди.

Усыларды айтып болып, руўханий адамға тән сүйиспеншиликти қурбанлық орнына таслап жиберди де, оның үстинде қолларын жайып турды. Сонда алысып кетип, от пайда болды. Ол қурбанлық орнын қақ айырғандай болды. Усыннан соң, күлден басқа ҳеш нәрсе қалмағандай болды. Қорқақгүлдиң жүрегине терең етип егилген сүйиспеншиликтен де, бул узақ ҳәм таң қаларлық саяхатта Қорқақгүлдиң жолдаслары болған азап ҳәм қайғыдан да ҳеш нәрсе қалмады. Қорқақгүлди пүткиллей рәҳәт ҳәм тынышлық сезими бийлеп алды. Ақыры, қурбанлық берилди ҳәм енди ҳеш нәрсе ислеў керек емес еди. Руўханий Қорқақгүлди шешип алғанда, ол қурбанлық орнындағы күлге еңкейди де, миннетдаршылық пенен: «Орынланды», — деди.

Соңынан пүткиллей ҳәлсизленип, Қорқақгүл уйықлап қалды.

# ЕКИНШИ БӨЛИМ

«...Азанда қуўаныш келеди»

*Забур 29:6*



Он жетинши бап

# Шыпа бериўши булақлар

Қорқақгүл уйқыдан турғанда, қуяш әлле қашан әл аспанда турған еди. Қорқақгүл қандай да бир үңгирде жатырғандай еди. Ол үңгирден сыртқа қарады. Әтираптағы ҳәмме нәрсе жарқыраған қуяш нурына бөленген болып, ҳәр бири салтанат пенен сәўленип тур еди. Қорқақгүл ойларын бир жерге жәмлеў ушын ҳәм қай жерде екенин түсиниў ушын, және аз-маз жатты.

Қуяш нурлары түскен тас үңгир тыныш, жыллы, және нард, ладан ҳәм мирраның мазалы хош ийисине толған еди. Әсте-ақырын Қорқақгүл хош ийистиң өзин жаўып турған таўардан шығып турғанын түсинди. Қорқақгүл таўарды ысырып таслады да, түргелип отырып, әтирапына сер салды. Сонда ол өзи басынан кеширген нәрселердиң ҳәммесин есине түсирди.

Қорқақгүл өзиниң еки жолдасы менен жоқарыдағы таўларда жайласқан думан қаплаған үңгирде болғанын, кейин қурбанлық орнының қасында руўханий жүрегинен

адамға тән сүйиспеншиликтиң гүлин алып, оны жағып жибергенин есине түсирди. Усыларды еске түсирип, Қорқақгүл өзиниң көкирегине қарағанда, оны хош ийисли нәрселерге сиңдирилген бир бөлек таўар қаплағанын көрди. Усы таўардан шыққан хош ийис пүткил үңгирди толтырып жиберген еди. Қорқақгүл таўарды қызығыўшылық пенен көтерип қарағанда, жарақаттан ҳеш қандай из қалмағанына таң қалды. Ҳеш қандай тыртық да болмай, ҳеш жери аўырмай, ҳеш нәрсе тынышын алмай тур еди.

Қорқақгүл әсте түргелди де, сыртқа шықты, аз-маз турып, әтирапына қарай баслады. Жақында ғана қалың думан қаплағаны себепли ҳеш нәрсе көринбей қалған жыра енди жақты қуяш нуры менен жарқырап тур еди. Ҳәмме жерде жумсақ ҳәм жас шөплер, аспанды қаплаған жулдызлар сыяқлы болған горечавка ҳәм маржанға уқсаған басқа кишкене гүллер өсип тур еди. Жартаслар бойында топырақ үйиндилери болып, оларда ийисли чабрец, лишайник ҳәм мирт өскен болып, ҳәммесин шық қаплаған еди.

Жыраның орайында, үңгирден алыс болмаған жерде узын тастан исленген қурбанлық орны тур еди. Қорқақгүл оған байланған еди. Бирақ енди қуяш нурының жақтысында Қорқақгүл оның гүллер ҳәм көк шөпке бүркенгенин көрди. Дөгеректе ана жер, мына жерде кишкене қуслар секирип жүрген еди, олар шөплердеги шық суўын төгип, қуўанышлы түрде сайрасар ҳәм өз қанатларын тазалар еди.

Қуслардың бири қурбанлық орнына отырды да, жаңғыртып, шадлы түрде сайрап жиберди. Бирақ ең жақсысы ҳәм әжайып болғаны сол, тастан исленген қурбанлық орнынан тап-таза ҳәм уллы дәрья ағып тур еди. Дәрья тас бөгетлерге қарай йошып ағып, арман қарай жыра бойлап

жартастағы шығыңқы тасқа барды да, оннан шаўқымлы ҳәм күшли қуўаныш пенен түсе берди. Қорқақгүл уллы сарқырама суўдың тийкарында турған болып, енди ол сарқыраманың сағасы өзин руўханий байлап қойған қурбанлық орнынан басланатуғынын билип алды.

Қорқақгүл бир қанша ўақыт әтирапына қарап турып қалды. Оның жүреги қуўанғанынан қанасынан шығып кетейин деп тур еди. Бул қуўанышты сөз бенен айтып жеткизиў мүмкин емес еди. Қорқақгүлди сүўретлеп бериў қыйын болған әжайып дүнья қоршаған еди. Үңгирде ол жалғыз өзи еди. Руўханий де, оның жолдаслары Азап пенен Қайғы да көринбейтуғын еди. Үңгирде қыбырлаған тири жанзаттан Қорқақгүлдиң өзинен басқа, сайрасқан кишкене қуслар менен гүллер арасында ушып жүрген гүбелеклер ғана бар еди. Жоқарыда бултсыз аспан көк-көмбек болып, Бийик шыңлардың аппақ төбелери жарқырап тур еди.

Қорқақгүл жаңа аўҳалға үйренгеннен соң ислеген биринши ҳәрекети — оның қурбанлық орнының астынан ағып турған дәрьяға қарай адым атыўы болды. Дәрья оны ерксиз өзине тартты. Қорқақгүл дәрьяның жағасына дейин барып, еңкейди де, тап-таза суўға қолын тықты. Суў муздай болып, Қорқақгүлдиң пүткил денеси қуўаныштан тыпырлап, жыбырлап кетти. Ол бир сәт те егленбестен, өзиндеги зығырдан исленген кийимди шешип таслап, суўға түсти. Қорқақгүл ҳеш қашан бундай әжайып нәрсени басынан кеширген емес. Бул өмир булағы болып аққан ағысқа ғарқ болыў менен барабар еди. Қорқақгүл суўдан шығыўдан-ақ кеўип қалды ҳәм басынан аяғына шекем ден-саўлық ҳәм рәҳәт сезимине бөленгендей болды.

Қорқақгүл көк шөп басқан жағада турып, бирден төменге қарап жибергенде, енди аяқларының қыйсық

ҳәм әбеший емеслигин, ал пүткиллей дүзиў ҳәм минсиз формаға ийе болып, көк шөп үстинде аппақ болып турғанын көрип, аң-таң болды.

Сонда Қорқақгүл Шопанның өзине Бийик шыңларда тез аққан шыпа бериўши булақлар ҳаққында айтып бергенин есине түсирди. Ол жағымлы толғаныстан қалтырап, және қайтадан сууға түсти де, тып-тынық сууларға басын тығып, бетин жууды. Кейин ол таслар арасынан айна сыяқлы тыныш ҳәм тегис болған кишкене қолтықты тапты. Қорқақгүл суудың қасында дизерлеп турып, сууға еңкейгенде, өз түрин көрди. Ҳақыйқаттан да, әбеший ҳәм қыйсайған аўыз жоқ болып, жүзи кишкене баланың жүзиндей тыныш ҳәм таза болып қалған еди.

Кейин Қорқақгүл жыра бойлап сейил етиўге шықты ҳәм жанбаўырларда жабайы қулпынай, голубика ҳәм басқа тоғай жемислери өсип турғанын байқады. Қорқақгүл усындай жемислердиң бир уўысы ҳақыйқый аўқат сыяқлы тойдырып, күш беретуғынын билип алды.

Соңынан Қорқақгүл өзи төменге секирген қыя тастың шетине барды да, ол жерде узақ ўақыт турып, төменге қарай тез ағып баратырған сууды тамашалады. Суудың шаўқымлы қуўанышы басқа барлық сеслерди басып кетти. Қорқақгүл суудың бетинде қуяш нурлары ойнап, алыстағы төменде, өзин Шопан апарып, олар бир ўақытлары сарқырама бойында ушырасқан Альп жайлаўлары көгерип турған еди. Қорқақгүл өзиниң рәҳәт, уллы ишки тынышлық ҳәм қанаатланыўшылыққа бөленгенин ҳәм бул нәрселер қызығыўшылық, жалғызлық ҳәм күтиўди шығарып жибергенин сезди.

Қорқақгүл ҳеш келешек ҳаққында ойламайтуғын еди. Ол ушын жоқарыдағы таўларда жасырынып, тыныш жырада болыўдың өзи жеткиликли еди. Оның қасында өмир дәрьясы ағып турған болып, Қорқақгүл узақ даўам

еткен саяхаттан кейин дем алып, күш топлай алар еди. Көп өтпей, ол көк шөп қаплаған жағада жатып, уйықлап кетти. Уйқыдан турып, ол және дәрьяда шомылып алды. Сол тәризде узын ҳәм тыныш күн де мазалы түстей болып өтип кетти. Қорқақгүл дем алды, шомылды, жемис жеп ҳәлленди, кейин және уйықлады.

Ақыры, көлеңкелер узайғанда, батыста қуяш шығып, қарлы төбелер қызғыш ҳәм алтын нурларда таўланды. Қорқақгүл үңгирге қайтып келип, хош ийисли таўар арасында жатып, уйықлап қалды. Ол руўханий өзин дем алыўға жатқызған биринши түндегидей қатты уйқыға кетти.

Он сегизинши бап



# Кийик аяқлар

Үшинши күни, еле жүдә қараңғы болғанда, Қорқақгүл күтилмегенде оянып кетип, тик аяғына турды. Оның пүткил денеси қуўаныштан дирилдеп кетти. Ол биреўдиң өзиниң атын айтып шақырғанын еситпеди. Ҳеш қандай даўыс еситилмеген болса да, ол өзин шақырып атырғанын билди. Оның қулақларына сырлы ҳәм жағымлы шақырық еситилди. Бул шақырықтың ол өзи үңгирде биринши мәртебе оянғаннан бери Күткенниң шақырығы екенин билди. Қорқақгүл хош ийис таратқан жазғы түнге қарай адым атты. Аспанда таңғы жулдыз жарқырап, шығыста таңның биринши шуғласы көринди. Қорқақгүлге жүдә жақын жерде жалғыз қус бир ғана анық ҳәм таза сес шығарды. Көк шөпти тербетип, жеңил самал есип өтти. Тынышлықта уллы сарқыраманың шаўқымлы сести анық еситилди.

Минекей, жоқарыда Қорқақгүлди тесип өтетуғын шақырық және еситилди. Таң нурының шуғласында турып, ол шыдамсызланып күтиў менен дөгерегине қарады.

Оның денесиниң ҳәр бир клеткасы усы шақырыққа жуўап бериўге умтылды. Қорқақгүл өз аяқларының таўларға шапқылап барыўды қәлеп, сызлап турғанын сезди. Бирақ жырадан шығатуғын аўыз қәне? Оның бийик ҳәм тип-тик жанбаўырлары ҳәмме тәрептен жерге перпендикуляр болып көтерилген еди.

Сонда Қорқақгүл шығатуғын аўызды излеп, албырап турғанда, көк шөп қаплаған үйинди артынан таў суўыны пайда болды, ал оның изине ерип, урғашы суўын киятыр еди. Анық «Дәрт» жартасының етегинде болғандай ўақыя жүз берди. Қорқақгүл қарап турғанда, суўын тастан исленген қурбанлық орнына қарай секирип, күшли ҳәм узаққа секириўи арқалы жарықтың ең шетиндеги шығыңқы жерге барып жетти. Кейин ол сериппели ырғыйўы менен тип-тик жанбаўыр арқалы жоқарыға көтериле баслады.

Қорқақгүл бир сәт те екиленип турмады. Ол сол ўақытта-ақ, тастан исленген қурбанлық орнында болып, кейинги сәтте жартастағы шығыңқы жерге жетип алды. Кейин суўынлардан қалмайын деп, қуўанышлы секирип, ырғыйўы менен қыя тас арқалы жоқарыға умтылды. Ал алдында кишкене гүмис шөккиш сыяқлы болып, суўынның аяқлары тасларға урылып баратыр еди.

Бир неше сәттен кейин олар үшеўи де жыраның жоқарысында болды. Қорқақгүл жоқарыға қарай таўлардың жанбаўыры арқалы шапқылап, шақырық шыққан төбеге бара берди. Шығыстағы қызғыш нур жақты болып, таўлардың басындағы қар жылтырап, жанған оттай болып турды. Қорқақгүл қуўанышлы түрде тастан-тасқа секирип ҳәм ырғып жүргенде, таўлар артынан қуяштың биринши нурлары көринди. Ол сол жерде, төбеде күшли, салтанатлы ҳәм уллы болып тур еди. Ол Қорқақгүлге қолларын созып, оны шақырды ҳәм шын

жүректен күлип: «Сен кийиктиң аяқларына ийе болдың, енди бул жерге секир!» — деди.

Қорқақгүл соңғы мәрте және бир ырғып ушыўы менен Оның қолларынан услады да, ең жоқары төбеде, Оның қасында болды. Олардың әтирапында минаралар сыяқлы болып, төбелери бултларға тутасқан қар басқан таўлар тур еди. Ол таж ҳәм патшалық кийим кийген еди. Ол Қорқақгүлди Бийик шыңларға апарып, оған алтыннан исленген қурбанлық орнындағы шоқты тийгизгенде, Оны анық усындай түрде көрген еди. Бирақ сонда Оның түри уллылық ҳәм салтанат себепли қатал еди. Ал енди болса, Оның түри Қорқақгүл көз алдына келтирип те көрмеген, ҳәмме нәрседен артық болған қуўаныш пенен нурланып тур еди.

Қорқақгүл Оның алдында үнсиз дизе бүккенде, Ол Қорқақгүлге:

— Ақыры, ақыры, сен усы жердесең. Көз жас төгетуғын түн өтип кетти, азанда қуўаныш келди, — деди де, Қорқақгүлди көтерип, сөзин даўам етти: — Сен өзиңе ўәде етилгенди алатуғын ўақтың келди. Мен енди сени ҳеш қашан Қорқақгүл деп атамайман, — деп, күлип жиберип былай деди: — Мен онда жаңа ат, оның Қудайының атын жазып қояман. «Қудай Ийе — қуяш ҳәм қалқанның өзи. Ол мийрим ҳәм салтанат береди. Ҳақ болып жүргенлерди ийгиликсиз қалдырмайды» (Забур 83:12).

Ол және:

— Сениң атың мынадай болады: бүгиннен баслап, сен Мийрим-Салтанат деп аталасаң, — деди.

Қорқақгүл еле ҳеш нәрсе айта алмай, қуўаныш, миннетдаршылық, ҳүрмет сезими себепли ҳәм ҳайран қалғанлықтан аўзына сөз түспей турған еди.

Ол және даўам етип:



— Енди Сүйиспеншилик гүлине ҳәм ўәдеге келсек, сол гүл гүллесе, сени де сүйетуғын болады, — деди.

Мийрим-Салтанат биринши мәртебе сөйлеп, мүләйимлик пенен:

— Ийем ҳәм Патшам, мениң жүрегимде Сүйиспеншилик гүли гүллемейди, өйткени ол жоқ. Гүл Сениң буйрығың бойынша жағып жиберилген ҳәм қурбанлық орнындағы күлге айланған, — деди.

Ол соншелли мүләйимлилик ҳәм қуўаныш пенен және күлип жиберди. Бул қыз ушын қыйын нәрсе еди. Ол қызға:

— Сүйиспеншилик гүли жоқ? Мийрим-Салтанат, бул таң қаларлық нәрсе-ғо. Олай болса, сен бул жерге қалай келип қалдың? Сен Бийик шыңларда, Сүйиспеншилик Патшалығының өзинде турсаң-ғо. Жүрегиңди аш, ол жерде не бар екенин көрейик, — деди.

Оның сөзлерине бола, қыз жүрегин ашқанда, олардың әтирапындағы ҳаўа жүдә шийрин ийиске толып кетти. Оның жүрегинде бир өсимлик болып, өсимлик аппақ гүллерге бүркенгенликтен, оның формасы менен сүлдерин анықлап көриў қыйын еди. Сол гүллерден хош ийис шығып тур еди.

Мийрим-Салтанат таң қалып, шүкирлик билдиргенликтен, жеңил дем алғандай сес шығарды да:

— Ийем ҳәм Патшам, ол сол жерде қаяқтан пайда болған? — деди.

Ол күлип жуўап берип:

— Оны Мениң Өзим ектим-ғо. Мен оны төмендеги Хорлық ойпатлығындағы қойлар суўғарылатуғын қудықтың қасында, Мениң менен Бийик шыңларға баратуғыныңды ўәде еткен сол күнде еккен едим-ғо. Бул гүл — формасы тикенге уқсаған тұқымнан өнген гүл, — деди.

Қыз Оған:

— Ийем, ҳаў, онда мен қурбанлық орнына байланып турғанымда, руўханий жүрегимнен суўырып алып таслаған өсимлик қандай өсимлик еди? — деди.

Ол қызға:

— Мийрим ҳәм Салтанат, сен қудықтың қасында жүрегиңе үңилгениң ядыңда ма? Сен сонда ол жерде Мениң сүйиспеншилигимниң жоқ екенин, ал тек Сүйилиўге деген қәлеў атлы өсимликтиң бар екенин билген едиң, — деди.

Қыз ойланып турып басын ийзеди.

Ол сөзин даўам етип:

— Мениң сениң жүрегиңнен суўырып таслаған нәрсем — адамға тән сүйиспеншилик еди. Ҳақыйқый Сүйиспеншилик сениң жүрегиңди толтырып, ол жерде өсиўи ушын, оны толығы менен жулып алып таслайтуғын ўақыт келди, — деди.

Қыз аң-таң болып:

— Оны суўырып таслаған Сен бе едиң? О, Ийем ҳәм Патшам, сол руўханий Сен бе едиң? Ҳәтте, Сени өзимди таслап кетти деп ойлағанымда да, Сен бәрқулла сол жерде ме едиң? — деди.

Ол басын ийди. Сонда қыз Оның қолларын өз алақанына салды. Оның өз жүрегине тикен формасындағы туқымды еккен қоллары тыртық басқан, мықлы қоллар еди. Сол қоллар қыздың пүткил дәртине себепши болған сүйиспеншиликти суўырып алып таслаған еди. Қыз усы қолларды сүйип, оларды көз жаслары менен жуўды.

Сонда Ол қызға:

— Ал енди сол ўәдеге келсек, жүрегиңде Сүйиспеншилик гүллегенде, сени және басқалар сүйетуғын болады, — деди де, қыздың қолынан услап былай деди: — «Минекей, Мен саған Өз сүйиспеншилигимди жаўдырдым, сен Меникисең. Аўа, Мен сени мәңгилик Сүйис-

пеншилик пенен сүйдим ҳәм сонлықтан саған иззет көрсеттим» (Еремия 31:3).

Соңынан Ол және:

— Мийрим-Салтанат, киятырған жолыңда жыйнаған естелик тасларды салған сумкаңды бер, — деди.

Қыз Оған сумкасын берди. Сонда Ол қызға қолларын жайып турыўды ымлап көрсетти де, қыз солай ислегенде, кишкене сумканы ашып, ишиндегилерди оның алақанына төгип жиберди. Қыз және аң-таң болғанынан ҳәм қуўанғанынан өзи жолда жыйнап келген әпиўайы, онша көзге тасланбайтуғын тегис таслардың орнында, қолында әжайып ҳәм қымбатбаҳа таслар жарқырап турғанын көргенде бақырып жиберди. Таслар жүдә қымбат ҳәм жүдә сулыў еди. Жарқыраған таслардың жақтысына көзлери қамасып турған қыз Оның қолында сап алтыннан исленген бир дөңгелек нәрсениң бар екенин көрди.

Сонда Ол: «О, даўыл сабалаған ҳәм жубаныш таба алмаған сен! Сениң тасларыңды рубинге орнатып…»

Дәслеп Ол қыздың алақанындағы ең ири ҳәм ең сулыў таслардың бири болған сапфир тасын алды. Ол ашық аспан сыяқлы жарқырап турған усы тасты алды да, оны алтын дөңгелектиң орайына орналастырды. Соңынан от сыяқлы қып-қызыл рубин тасын алып, сапфирдиң бир тәрепине, ал зумрат тасын екинши тәрепине орнатты. Кейин Ол қалған он еки тасты алып, оларды тажға орнатты да, тажды қыздың басына кийдирди.

Сол сәтте Мийрим-Салтанат даўылдың тоқтаўын күткенде өзи паналаған үңгирди есине түсирди. Сонда ол бул тасларды керек емес деп есаплап, оларды таслап жиберейин деп еди. Ал енди олар басындағы тажда салтанатлы түрде жарқырап тур еди. Және де, ол сол ўақытта өзин бул исти ислеўден тоқтатқан мына сөзлерди де есине түсирди: «Тажыңды ҳеш ким алып қоймаўы ушын,

өзиңде бар нәрсеге беккем бол». Айтайық, егер ол сол тасларды керек емес деп таслап жибергенинде, өзиниң Оның ўәдесине деген исенимин де жойтқан болар ма еди? Өзиниң Оның еркине бойсыныўға деген шешиминен де ўаз кешкен болар ма еди? Ондай жағдайда Оны алғыслап, даңққа бөлейтуғын ҳеш қандай таслар да болмай, ол да таж кийиў бахтынан айрылған болар еди.

Қыз Оның сүрниге беретуғын бийшара Қорқақгүлди басқарған, ақыл-нәсият берген, қорғаған ҳәм аман сақлаған адамгершилигине, сүйиспеншилигине, мүләйимлилигине ҳәм сабырлылығына ҳайран қалды. Оның усы қәсийетлери Қорқақгүлди артқа қайтып кетиўге жол қоймай, оны барлық сынақларынан өткизип, ҳәзир даңққа еристирген еди. Қыз Оның және сөйлеп баслағанын еситти ҳәм Оның жүзиндеги күлки бурынғыдан да қуўанышлырақ еди.

Сонда Ол былай деди: «Ҳәй қыз, тыңла, қара ҳәм қулақ сал, өз халқыңды ҳәм әкеңниң үйин умыт. Патша сениң сулыўлығыңды күсейди, өйткени Ол сениң Жаратқан Ийең, сен Оған бас ий. Патшаның қызының пүткил даңқы ишинде болады. Оның кийимлерине алтын сырылған, ол ала-шубар кийимде Патшаға алып барылады. Изинен қурдаслары да қуўаныш ҳәм шадлық пенен Патша сарайына апарылады» (Забур 44:11, 12, 14-16). Кейин Ол былай деп қосып қойды: «Енди сен буннан былай усы жерде, Бийик шыңларда жасап, ҳәмме жерде сейилететуғын болғаның себепли ҳәм төмендеги ойпатлықта Мениң менен бирге ислейтуғын болғаның себепли, сениң қурдасларың ҳәм хызметшилериң болыўы тийис. Мен ҳәзир-ақ оларды усы жерге, саған алып келемен».

Қыз Оған қарап, бул сөзлерди көзлерине жас алып тыңлап турды. Себеби Оның өзине берген садық жол-

даслары Азап пенен Қайғыны есине түсирген еди. Олардың жәрдеми, жумсақлығы ҳәм сабырлығы себепли ғана, қыз Бийик шыңлардағы таўларға шыға алған еди. Қыз өз Патшасы менен болып, өзине жаңа ат қабыл еткенде, қуўаныш ҳәм даңқ тажын алғанда, улыўма пүткил усы ўақыт ишинде олар ҳаққында ойлаған еди. Олардың өзи менен бирге болғанын қатты қәлеген еди. Не ушын ҳәммеси тек оның өзине ғана буйырыўы керек екен? Олар да сол жолды басып өткен, оны қоллап қуўатлаған, жәрдем берген, душпанның сынақлары менен ҳүжимлерин оның менен бирдей басларынан кеширген еди-ғо.

Енди ол бул жерде, ал олар оның жанында жоқ. Қыз биринши өтинишин айтыў ушын, енди аўзын ашпақшы болып тур еди. Ол Ийесинен Өзи бастан-ақ берген сол жолдаслары менен бирге қалыўға рухсат етиўди өтинип сорамақшы еди. Ақыры, олар өзин Бийик шыңларға алып келди-ғо. Деген менен, Ол еле сөйлемей турып, Ийеси еле сол мүләйимлилик пенен күлип: «Мен саған жолдас болыў ушын таңлаған хызметшилер, мине, мыналар болады. Бурыннан сондай еди, ендиги жағында да сондай болып қала береди», — деди.

Сонда алдыға нур шашып жарқыраған еки адам шықты. Олардың аппақ кийимлери таңғы қуяштың нурында жарқырап турған болғанлықтан, көриниси көзди қамастыратуғын еди. Олар Мийрим-Салтанаттан күшлирек ҳәм бийигирек болса да, олардың жүзиндеги сулыўлық ҳәм көзлериндеги жайнап турған сүйиспеншилик қыздың жүрегин бийлеп алды. Қыз қуўаныштан ҳәм таң қалғанынан қалтырап тур еди. Олар қызға жайнаған, қуўанышлы түр менен жақынлап келди, бирақ ҳеш сөйлемеди.

Сонда Мийрим-Салтанат олардан:

— Сизлер кимсизлер? Маған атларыңыздың ким екенин айтасызлар ма? — деди.

Олар жуўап бериўдиң орнына бир-бирине қарасып, күлип қойды да, кейин оның қолынан услағысы келгендей ҳәрекет иследи. Бул таныс ҳәрекет бойынша Мийрим-Салтанат оларды таныды ҳәм қуўанғанынан бақырып жиберип:

— Ҳаў, Азап ҳәм Қайғы, бул сизлермисиз? Сәлем, сәлем сизлерге! Мен сизлерди табыўды қатты әрман еткен едим, — деди.

Олар күлип, басларын шайқаўы менен:

— Яқ. Бурын сен қалай Қорқақгүл болған болсаң, бизлер де солай Азап ҳәм Қайғы едик. Бийик шыңларға келгенлердиң ҳәммеси өзгерип кететуғынын билмейсең бе? Сен бизлерди өзиң менен бирге усы жерге әкелгениң ушын, бизлер Қуўаныш ҳәм Тынышлыққа айландық, — деди.

Мийрим ҳәм Салтанат оларға:

— Сизлерди мен алып келдим бе? Сизлер қызық гәпти айтып турсызлар-ғо. Биринши күннен баслап соңғы күнге дейин, мени усы жерге жетелеп алып келген сизлер емессиз бе? — деди.

Олар және басларын шайқап, күлип қойды да:

— Яқ, Мийрим-Салтанат, бизлер ҳеш қашан өзлеримиз бул жерге келе алмаған болар едик. Азап ҳәм Қайғы Сүйиспеншилик Патшалығына кире алмайды. Бирақ сен бизлерди қабыл алып, қолыңнан услаўымызға рухсат еткениңде, бизлер өзгере басладық. Егер сен изиңе қайтып, бизлерден ўаз кешкениңде, бизлер ҳеш қашан бул жерге келе алмаған болар едик, — деди.

Олар бир-бирине қарасып, және күлип қойды да:

— Бизлер сени таўдың етегинде биринши мәртебе көргенимизде, аз-маз қапа болған едик. Себеби сен биз-

лерден қатты қорқып турғандай един. Сен бизлерден өзиңди алып қашып, жәрдемимизди қабыл етпейтуғын един. Бизлердиң арамыздан биримиздиң Бийик шыңларға барыўы ҳеш адам исенбестей нәрсе еди. Сонда бизлер мәңгиге Азап ҳәм Қайғы болып қала беретуғын шығармыз деген един. Бирақ көрип турғаныңдай, Ийемиз ҳәм Патшамыз Өз мийрим-шәпәәти менен бизлерди усы жерге алып келди. Енди бизлер мәңгиге сениң жолдасларың ҳәм досларың боламыз, — деди.

Усыларды айтып, олар қызға жақынлап келди де, оны қушақлады, олар үшеўи бир-бирин қушақлап, сөз бенен айтып жеткизе алмайтуғын дәрежеде сүйиспеншилик, миннетдаршылық ҳәм қуўаныш сезимлери менен бир-бирин сүйди. Солай етип, Мийрим-Салтанат жаңа ат алып, Патшасы менен биригип, даңққа ерисип, өзиниң еки жолдасы ҳәм қурдасы менен бирликте Бийик шыңларға келди ҳәм ол Сүйиспеншилик Патшалығына киргизилди.

Он тоғызыншы бап

# Бийик шыңлар



Мийрим-Салтанат өзиниң еки жолдасы Қуўаныш ҳәм Тынышлық пенен бирге жоқарыдағы Бийик шыңларда бир неше ҳәпте қалды. Олар үшеўи де бул бийикликлерди изертледи, өзлерине Патша үйреткен көп жаңа сабақларды өзлестирди. Оның Өзи оларды ҳәр түрли жерлер бойлап алып жүрди ҳәм олар сол ўақытта түсине алатуғын ҳәмме нәрсени түсиндирди. Және де, Ол бул жерлерди олардың өзлери изертлеўи ушын жигерлендирди. Өйткени адамды Бийик шыңларда ҳәмме ўақытта жаңа ҳәм әжайып ашылыўлар күтип турады.

Бул Бийик шыңлар ең бийиги емес еди. Басқалары олар үстинен жоқары көтерилип, адам баласының көзи илмейтуғын дәрежеде төбелери аспанға ушласып тур еди. Ол жерлерге тек жер бетинде өз зияратын бәржай қылған адамлар ғана жетип бара алатуғын еди. Мий-

рим-Салтанат өз дослары менен бирге Сүйиспеншилик Патшалығының төменги жанбаўырларында, жаңа келгенлерге арналған жерде еди. Бул рет оларға тек усы жерлерден рәҳәт алып, усы жерлерди изертлеў ғана несип етти. Және де, олар усы жердеги жанбаўырлардан төмендеги ойпатлықларға қарай алатуғын еди. Бурын оларға түсиниксиз ҳәм сырлы болған көп нәрселер енди жаңа бийикликтен қарағанда өз мәнисине ийе бола баслады. Төменде көп нөрселер түсиниксиз болып, анық көринбейтуғын ҳәм олар өзлери көриўге болатуғын нәрселердиң тек кишкене ғана бөлеги еди.

Деген менен, олар сол жерде, Сүйиспеншилик Патшалығының жанбаўырында түсинген биринши нәрсе — бул Патша мүмкиншилик туўылыўдан оларды еле де жоқарыраққа алып барғанда, олардың көп нәрселерди көриўи, билиўи ҳәм түсиниўинен ибарат еди. Олар ҳәзир тамашалап атырған салтанатлы көринис арман қарай созылған болып, бийигирек жерден көриўге болатуғын нәрселер менен салыстырғанда ҳеш нәрсе емес еди.

Оларды алдында дизбек-дизбек болған таўлар күтип турғаны анық еди. Олар бурын төменде, тар ойпатлықларда өзлериниң шекленген көз караслары менен жасағанда, буны түслеринде де көрмеген еди. Айырым ўақытлары Мийрим-Салтанат Сүйиспеншилик Патшалығының ең төменги жанбаўырларынан ашылған әжайып панарамаға қарағанда, уялғанынан қызарып кететуғын еди. Сонда ол өзи ҳәм ойпатлықтағы басқа адамлар Бийик шыңлар ҳәм Ҳақыйқатлықтың таўлы дизбеги ҳаққында айтқан базы тийкарсыз сөзлерди есине түсирди. Олар қаншелли аз нәрселерди көре алатуғын еди! Олар өзлериниң кишкене дүньясының аржағында не бар екенин көз алдына келтире де алмайтуғын еди. Енди ол, ҳәтте, бул әжайып жанбаўырларда да пүткиллей үлкен

көринистиң тек кишкене ғана бөлегин көрип турғанын еле де анығырақ түсине баслады.

Ол Сүйиспеншилик Патшалығының биринши жанбаўырларына жаңа көз қарас пенен қараўдан ҳәм ҳәммесин жаңа көринисте көриўден шаршамады. Ол қуўаныш ҳәм миннетдаршылық сезиминен, базы ўақытлары өзи көрип, түсине алған ҳәмме нәрседен жеңилленип, мәс болғандай болды. Оған қараңғы ҳәм қорқынышлы болып түйилген, өзи буған төменнен, ойпатлықтан қарағанда Сүйисиспеншилик Патшалығындағы ерси болып көринген ҳәр бир нәрсени ол уллы ҳәм әжайып болған нәрсениң бир бөлеги сыяқлы көре баслады. Ҳәммеси соншелли өзгерип, басқаша болып кеткенликтен, олардың ҳәммесиниң неге айланып, не болғанын көргенде, өзиниң соншелли соқыр ҳәм ақылсыз болғанын түсинип, ҳайран қалды. Онда ҳәммеси туўралы соншелли жалған түсиниклер бар еди!

Сонда ол ҳақыйқатлықты тек китаплар арқалы ямаса жазылған қандай да бир сөзлер арқалы емес, ал тек жеке өзиниң ҳәм ақылының раўажланыўы арқалы ғана билип алыўға болатуғынын анық түсине баслады. Ҳәтте, адам еле руўхый тәжирийбениң төменги дәрежесинде болғанда, яғный таўлардағы қәбирдиң арғы жағында болғанда, Китаплар китабында жазылғанлар да надурыс түсинилиўи мүмкин.

Ҳеш ким Сүйиспеншилик Патшалығының жанбаўырларына барып болып та, сол жердегилерди сын көз қарас пенен пикирлей алмайтуғынын да ол түсинип алды. Себеби ол тек ҳәзир ғана усы даңқлы бир тутаслықтың қандай да бир бөлегин түсине баслаған еди. Ҳайран қалып, ҳүрмет ҳәм миннетдаршылық сезими себепли зорға дем алып, пүткил жүрегиң менен еле де жоқарыға көтерилиўди ҳәм еле де көбирек билиўди қәлеўден басқа ҳеш нәрсе қалмайды.



Усы басты айландыратуғын ҳәм әжайып болған көринислерди көзден өткизе отырып, оларға узақ қараў да, олардың уллы кеңлигин түсинип жетиў де қыйын еди. Ол өз жүрегиндеги қәлеўди сол соқыр адамның дуўасы арқалы жеткизиўге болатуғынын тез-тез ойлай баслады. Сол адам: «Ийем, көзлеримди аша гөр! Мен көбирек нурға қарай умтылыўды қәлеймен, жәрдем ете гөр! Маған еле де минсизирек даналық бере гөр!» — деп дуўа еткен еди. Және бир нәрсе оған үлкен қуўаныш бағышлайтуғын еди. Бул — оның Патша менен қарым-қатнасы еди. Ол қай жаққа барса да, Мийрим-Салтанат Тынышлық ҳәм Қуўаныш пенен бирге Оған ерип жүрди. Ол Патшаның изинде кеўилли түрде қуўанып, секирип жүрди, өйткени Патша оларды шынықтырып, өзлериниң кийик аяқларын пайдаланыўға үйретип жүр еди. Деген менен, Мийрим-Салтанат Оның бәрқулла жолды муқыятлы түрде таңлап, Өзиниң таң қаларлық күшин тыйғанын байқап қалды. Ол тек олар қайталай алатуғын секириў ҳәм ырғыўларды ғана әмелге асыратуғын еди.

Олардың жаңа ғана арттырған қәбилетлери жүдә шекленген екенине Ол кең пейиллик пенен көне берди. Жолаўшылар қуўанышлы түрде секирип, таўлар арқалы суўын сыяқлы асып баратырып, Ол бар күшин иске салса, оларды birталай изде қалдыратуғынын зорға байқай алды.

Өзиниң пүткил өмиринде ақсаңлап, сүрнигип келген Мийрим-Салтанатқа таў қуралайындай жеңил секирип, жартастан-жартасқа ырғыў үлкен қуўаныш бағышлады. Ол өзин тоқтата алмады ҳәм дем алыўды ҳеш қәлемеди. Патша оның умтылысын үлкен қанаатланыўшылық пенен қоллап қуўатлағандай болды. Ол қызды еле де алға қарай алып жүрди, ақыры қыз әбден ҳалдан таймағанша, Оның секириўи еле де узынырақ болып бара берди. Кей-

ин Ол қызды қандай да бир жаңа қыя тасқа алып келди ҳәм олар бирге қатара сол жерде отырды. Қыз сол жерде дем алып отырғанда, Ол қызға жаңа көз қарас пенен қараў керек болған көринислерди нусқап көрсетти.

Күнлердиң биринде олар Бийик шыңларда бир неше күн болғанда, Ол Мийрим-Салтанатты көк шөп ҳәм лишайник қаплаған жартасқа алып келди. Мийрим-Салтанат дус төменине қулады да, күлкиден бууўлығып:

— Ҳәтте, кийик аяқларға да ара-тура дем берип турыў керек! — деди.

Ол жуўап берип:

— Мийрим-Салтанат, сениңше, Мен қалай аяқларыңды кийиктиң аяқларындай қылып, сени усы Бийик шыңларда турғыза алдым? — деди.

Қыз Оған жақынлап келди де, Оның жүзине салдамлы түр менен қарап:

— Сен буны қалай ислеген едиң, Ийем ҳәм Патшам мениң? — деп сорады.

Ол қызға:

— Өз ойларың менен өзиң басып өткен саяхатыңа қайт та, жолда қандай сабақларды өзлестиргениңди Маған айтып бер, — деди.

Бир қанша ўақыт қыз үндемей турып, басып өткен пүткил жолын ядына түсире баслады. Жол оған сондай узақ, бир ўақытлары жүдә аўыр, ҳәтте, шыдап болмастай болып көринди. Қыз жолда өзи қурған қурбанлық орынлары ҳаққында, Ол өзин Бийик шыңларға барыўға шақырғанда, Оның менен ойпатлықтағы қудықтың қасында бирге турғаны ҳаққында ойлады. Өзлериниң таўдың етегине қарай жүргени, биринши мәртебе Азап ҳәм Қайғы менен ушырасқаны, олардың жәрдемин қабыл етиўди қалай үйренгени еле оның есинде еди. Және де, айланба жол менен жүрип, шөлге қарай түсиўге туўры

келгенде қандай аўҳалға түскенин ҳәм бул жүрегине қалай тәсир еткенин есине түсирди. Қыз сол жерде көрген ҳәмме нәрсесин есине түсирди.

Соңынан қыз Жалғызлық теңизиниң бойындағы олардың саяхатына да ойлары менен қайта оралды. Шетине дейин суў басқан бос қолтықты, кейин шөлде соқпақ және Бийик шыңлардан шетке бурылып кеткенде, өкиништен ҳәм үмитлери пуш болғанынан азап шеккенин де есине түсирди. Ески толқын кесиўши бойлап ойпатлықлар ҳәм тоғайлар арқалы соқпақ және таўларға қарай бурылғанша жүргенин де ол умытқан жоқ. Қыз өз ойлары менен «Дәрт» жартасына, Қәўип ҳәм Аза тоғайларына, өзлери тыныўын пана жерде турып күткен күшли даўылға да қайта оралды. Ал соңынан оның есине шексиз думан, өзлерин соқпақ төменге, Жоғалтыўлар ойпатлығына баслағаны түсти. Өзиниң изге қайтыўды ойлап, қорқыныш туңғыйына қарағанын да еследи.

Және де, қыз Жоғалтыўлар ойпатлығына түсер жерди ҳәм Бийик шыңларға канат жолы бойынша қайтадан көтерилиўден алдын сол жерде тынышлыққа ерискенин еследи. Өзин жерлеўге таярлаған жерде өткизген күнлерин, кейин өзлерин суў тасқынынан сақлаған үңгирге соңғы мәртебе қыйыншылық пенен көтерилгенин ҳәм барлық ўәделерди умытыў бойынша азғырылыў болғанын да есине түсирди. Соңынан Мерра атлы булақты, таў төбелери арасында думан қаплаған қәбирди, өзин сол жерде байлап қойғанын, бул ерси саяхатқа шығып баратырып, алдында не күтип турғанын ҳәм нелерден өтиўге туўры келетуғынын анық билмегенин де есине түсирди. Мийрим-Салтанат усыларды есине түсирип, ҳайран қалған жағдайда ҳәм минннетдар болып узақ ўақыт отырды.

Ақыры, қыз Оның қолынан услады да, мүләйимлилик пенен:

— Ийем, мен Саған нелерди үйренгенимди айтып берейин, — деди.

Ол жумсақ ғана:

— Айтып бере ғой, — деди.

Қыз сөз баслап:

— Биринשиден, мениң жолымда Өзиң жиберген ҳәмме нәрсени қуўаныш пенен қабыл етиўим кереклигин түсиндим. Яғный, мени соқпақ қай жерге әкелсе де, буны қуўаныш пенен қабыл етип, ҳеш қашан ҳеш бир нәрседен қашып қутылыўға урынбаўым тийис еди. Жақсысы, ҳәммесин қабыл етиўим ҳәм өз еркимди қурбанлық орнына бағышлап: «Мине, қара, мен — Сениң Қуўаныш пенен қабыл етиўши кишкене хызметшиңмен», — деўим тийис еди, — деди.

Патша ҳеш нәрсе айтпай, тек басын ийзеп қойды. Сонда қыз даўам етип:

— Және де, мен басқалардың өзиме беретуғын пүткил жәбирине шыдаўға үйрендим ҳәм ҳеш қандай өкпегийнесиз кеширип, Саған: «Мине, қара, мен — Сениң сүйиспеншилик пенен шыдай алыўшы хызметшиңмен», — деп айтыўым керек еди. Мен жаманлықтан жақсылық алып үйрендим, — деди.

Патша және басын ийзеди, ал қыз еле де бахытлырақ ҳәм қуўанышлырақ түр менен күлип былай деди:

— Мен түсинген үшинши нәрсе — бул мениң Ийем болған Сен маған ақсақ, ҳәлсиз ҳәм қорқақ қыз сыпатында қарамадың. Бирақ мен анық сондай болған едим-ғо. Өзиң ўәделериңди орынлап, Бийик шыңларға апарғаныңда, мениң қандай болыўым керек болған болса, Сен мени анық сондай қылып көрдиң. Сонда маған: «Сен сыяқлы усындай патшалық салтанат ҳәм даңқ пенен жүретуғын ҳеш ким жоқ», — деп ҳақыйқаттан айта алыўға болар еди. Маған соншелли сүйиспеншилик ҳәм

кең пейиллик пенен қатнас жасадың, маған бийшара кишкене Қорқақгүлге қарағандай емес, ал ханшаға қарағандай қарадың.

Кейин қыз Патшаға узақ ўақыт тигилип турды да, ҳеш нәрсе айта алмады. Бирақ ақыры:

— Ийем мениң, мен де басқаларға сондай қылып қараўды қаншелли қәлейтуғынымды сөз бенен айтып жеткизе алмайман, — деди.

Бул сөзлерди еситкенде, Патшаның жүзи күлкиден жайнап кетти. Деген менен, Ол және ҳеш нәрсе демеди, үшинши мәрте де басын ийзеди де, қыздың сөзин жуўмақлаўын күтти.

Қыз қуўанышлы түрде сөзин даўам етип былай деди:

— Төртиншиси — мениң усы жерде, жоқарыда үйренген биринши нәрсем болды. Өмирдеги ҳәр қандай жағдай қаншелли бузылған, бурмаланған ҳәм әбеший болып көриниўине қарамастан, оған сүйиспеншилик, кеширим ҳәм Сениң еркиңе бойсыныў менен қатнас жасасаң, ол өзгереди.

Сонлықтан мен, О Ийем, жаманлық пенен ҳәм Өзиң өзгерткиң келген жаман адамлар менен ушырасыўға бизлерге арнаўлы түрде жол ашып берип атырсаң деп ойладым. Мүмкин, бизлердиң соншелли гүна, қайғы, азап ҳәм жаманлыққа толған бул дүньяда болғанымыздың себеби де сол шығар. Олардан мәңги жасайтуғын әжайып қәсийетлер жаратыў ушын, Сен оларға қандай қатнаста болыўымыз кереклигин бизлерге үйретесең. Бул жаманлық пенен гүресиўде бирден бир мүмкин болған ҳәм ҳақыйқаттан ылайықлы болған усыл болып табылады. Жаманлықты жеңиў аңсат емес, бирақ ол зыян келтирмеўи ушын, илажи болғанынша, оны ҳәмме жерде жақсылық пенен жеңиў керек.

Ақыры Патша тил қатып былай деди:

— Мийрим-Салтанат, сен жақсы үйренгенсең. Ҳәзир Мен және бир нәрсе қосып қояйын. Сен өзлестирген усы сабақлар Маған сени ақсақ Қорқақгүлди кийик аяларға ийе Мийрим-Салтанат қылып өзгерте алыўға жәрдемши болды. Енди сен таўлар бойлап жуўырып, секире аласаң ҳәм Маған ерип, Мен баратуғын ҳәмме жаққа бара аласаң. Енди бизлер ҳеш қашан айырылмаўымыз тийис.

Сонлықтан төмендегилер есиңде болсын. Сен Қуўаныш пенен қабыл етиўши ҳәм Сүйиспеншилик пенен шыдай алыўшы болып жүрсең, ҳеш қашан майып болмайсаң. Сен Мен апарған ҳәмме жаққа бара аласаң. Бул дүньядағы ойпатлыққа барып, ол жерде Мениң менен мийнет ете аласаң. Өйткени анық сол жерде жаман, ҳәсиретли ҳәм әбеший нәрселер болып, олар менен гүресип, оларды өзгерте алыў керек болады.

Сен Сүйиспеншилик Нызамын қабыл етип, оған бойсын, сонда ҳеш нәрсе сениң кийик аяқларыңды майып қылып, сени Меннен айыра алмайды. Мийрим-Салтанат, бул — Бийик шыңлардың сыры, пүткил жер жүзиниң әжайып ҳәм минсиз нызамы болып табылады. Анық соннан ғана аспандағы Бийик шыңлардың күшли қуўанышы келип шыққан.

Соңынан Патша орнынан турды да, қызды турғызып, Өзиниң қасына түргелтип қойды да:

— Ал енди сен және өзиңнниң кийик аяқларыңнан пайдалан! Мен сени таўдың аржағына апараман, — деди.

Патша таўлар аса секирип, төбешиклер аса ырғып, алыслап кете баслады. Оның изине Мийрим-Салтанат ерип отырды, ал әжайып кәдди-қәўметли Тынышлық пенен Қуўаныш та оның менен бирге жуўырып баратыр еди. Мийрим-Салтанат кетип баратырып мынадай қосық айтты:

*Жүрегиме бас мөрдей қылып,*
*Өлимнен күшли болған сүйиспеншилигиңди.*
*Ҳәр бир клеткам менен сезе алайын,*
*Сениң лаўлаған отлы лебиңди.*
*Мен от алдында мум сыяқлыман,*
*Жүрегимде Сен мөрленгенсең.*

*Мениң қолыма да бас мөриңди,*
*Сениң сүйиспеншилигиң өмир бериўши.*
*Жалын ушар аспанға қарай,*
*Қызғаныш Сенде лаўлап жанып,*
*Менде ерси болған ҳәммесин жағар.*

*Суў сүйиспеншиликти өшире алмас,*
*Әрманым мениң, лаўлап жана гөр.*
*Жаўынлар жерге және келеди қайтып,*
*Бирақ олар да сүйиспеншиликти өшире алмас.*
*Сүйиспеншилик оты жүрегимди өртер,*
*Сениң атыңды мөр қылып қабыллаў ушын.*



Жигирмаланшы бап

# Ойпатлыққа қайтыў

Сүйиспеншилик Патшасы оларды ҳәзир әкелген жер Бийик шыңлардың төбелери арасындағы әжайып ойпатлық болып шықты. Бул оңаша жер толығы менен бағлар, атызлар ҳәм жүзимзарлықларға бүркенген болып, ол жерде сийрек гезлесетуғын сулыўлыққа ийе лалалар ҳәм басқа гөззал гүллер өсип тур еди. Және де, бул жерде нәзик ийис таратыўшы puталы өсимликлер ҳәм ҳәр қыйлы көплеген мийўе ағашлары бар еди. Грек ғозасы, бадам ҳәм олардың Мийрим-Салтанат бурын ҳеш қашан көрмеген басқа түрлери де өсип тур еди. Патша бағманлары удайына ис пенен бәнт еди. Олар тереклердиң шақаларын кесип, гүллерди ҳәм жүзим солқымларын күтетуғын, жаңа нәллер ҳәм нәзик жас нәўшелер ушын қарық таярлайтуғын еди.

Бул нәўшелердиң төменги ойпатлықлардағы өнимсиз топырақта тамыр жайып, гүллеп кетпеўи ушын, оларды

Патшаның Өзи көширип әкелген еди. Кейин олардың Патша ылайықлы есаплаған жерлерди безеўи ҳәм гөззал қылып турыўы ушын, олар Сүйиспеншилик Патшалығының басқа бөлимлерине көширип отырғызылды. Бизиң саяхатшыларымыз мийримли Патшаның басшылығы астында мийнет еткен бағманларды бақлап, бир неше әжайып күнди өткизди. Патша жүзимзарлықта солқымларға күтип қарайтуғынларға үйретиўге ҳәм кеңес бериўге барғанда, олар Оған ерип баратуғын еди.

Бир күни Мийрим-Салтанат еки достысы менен бирге ойпатлықтың түпкирине дейин барып, өзлериниң Бийик шыңлардың ең шетинде турғанын билди. Сол жерден төмендеги жерлерди тамашалаўға болатуғын еди. Олар сол жерде турып, еки таў дизбеги арасындағы жасыл ойпатлықты көрди. Ойпатлық арқалы ийреңлеген дәрья ағып тур еди. Ана жер, мына жерде қоңыр ҳәм қызыл атаўлар болып, олар көринисине қарағанда бағлар менен қоршалған аўыл-елатлар еди.

Күтилмегенде, Мийрим-Салтанат аң-болып, «ўаҳ» деп бақырып жиберди. Ол бул жерди таныған еди, бул — өзи көп жыллар даўамында еплеп күн кеширген Хорлық ойпатлығы болып, Шопан оны усы жерден Бийик шыңларға шақырған еди.

Ҳеш нәрсе деместен, қыз шөп өскен жанбаўырда отыра кетти. Ол тигилип қарап отырғанда, басына ҳәр түрли қыяллар келди. Сол жерде, төменде өзи жасаған кишкене ақ үй ҳәм шопанлар Патшаның падаларын бағатуғын жайлаўлар бар еди. Әнекей, анаў қойларды қамайтуғын қора ҳәм олар суў ишиўге баратуғын сай, сол жерде ол биринши мәртебе Шопан менен ушырасқан еди. Бул ойпатлықта оның барлық жолдаслары ҳәм дослары болып, ол солар менен қуўанышлы түрде қарым-қатнас қылып, рәҳәтленип жасаған еди.

Ол жерде қыздың басқа таныслары да бар еди. Аўылдың ең шетинде оның Жаманлықты алдын ала сезиўши деп аталатуғын апасы туратуғын еди. Сол жерде өзиниң Қабағы үйилген ҳәм Ашыўшақ деген еки аталас апасы ҳәм Қоянжүрек деген әжағасы менен Мийрим-Салтанат өзиниң бахытсыз балалығын бирге өткерген еди. Олар ҳәм олардың бийшара турмысы ҳаққында ойлағанда, Мийрим-Салтанаттың жүреги шаншып кетти.

Бийшара Жаманлықты алдын ала сезиўши апасы еки қызының некеде бахытсыз екенин уўайымлайтуғынын ҳәм әширепи баласының уятсыз қылықларынан насыры жети бүгилетуғынын жасырмақшы болатуғын еди. Мийрим-Салтанат өзиниң басқа ағайинлериниң де үйлерин көрди. Минекей, мынаў — қартайып қалған ғарры бийдиң үйи. Ол жақынлап қалған өлимин ҳәм өзиниң бийликти қолдан беретуғынын ойлап қорқатуғын еди. Мынаў болса, Менменлик жасаған үй, оның қасында Өкиниш ҳәм Өкпе-гийнелердиң үйлери жайласқан. Ал ана шақалары жайылған тереклердиң астында бахытсыз Өз-Өзин аяў күн кеширмекте. Мийрим-Салтанат өзиниң Бийик шыңларға жасаған саяхаты ўақтында жанына тийгенлердиң үйлерин таныды. Жақын жерде Ойпатлықтың басқа турғынларының да үйлери жайласқан еди. Олар Шопанды жек көрип, Оны қабыл етпейтуғын еди.

Мийрим-Салтанат отырып, төмендеги ойпатлыққа қарады. Оның көзлери жасқа толып, жүреги езилип кетти (бул әдетти усы Бийик шыңларда ол пүткиллей умытқан еди).

Күтилмегенде Мийрим-Салтанат төмендеги ойпатлықта жасайтуғын ағайинлерине деген қатнасының өзгергенин байқады. Ол енди ҳәммесин жаңа көринисте көре баслады. Алдын оларды қәўипли душпанлар деп санай-

туғын болса, енди олардың бахытсыз адамлар екенин түсинди. Бир ўақытлары оның өзи де усындай еди. Бурын Мийрим-Салтанатты өз қорқынышлары азапқа салғандай, олардың да ҳәр қыйлы гүналары менен минез-қулқындағы жағымсыз қәсийетлери оларды азапқа салатуғын еди. Олар өз тәбиятының бийшара қуллары еди ҳәм сол себептен олар тәбиятына сай аталған еди. Қәсийетлери қаншелли жағымсыз болыўына қарай, олар соншелли көбирек қыйналатуғын ҳәм соншелли реҳимге де минәсип еди.

Мийрим-Салтанат қанша жыллар даўамында олардан қорқып ғана қоймай, өзиниң оларды ҳүким еткенин де ойлап, қыйналып кетти. Ол олардың қайғыларын жек көретуғын ҳәм бул ушын олардың өзлери айыплы деп, өзин исендирмекши болатуғын еди. Аўа, қорқыныш себепли жек көринишли болып, қулға айланған Қорқақгүл оларды сондай бийшара ҳәм жағымсыз қылатуғын нәрселерге жоқарыдан қарай алыўға батылы жетти. Сол ўақытта оның өзи де олар сыяқлы бийшара ҳәм қул болған еди. Ол ағайини сыпатында оларға жаны ашып, олардың менменликтен, өкпе-гийнеден ҳәм ҳәсиреттен қутылып, өзгериўин қәлеўдиң орнына, оларды жек көретуғын ҳәм олардан жеркенетуғын еди.

Усыларды ойлап, Мийрим-Салтанат қасында отырған Қуўаныш ҳәм Тынышлыққа қарады да, қатты бақырып жиберип:

— Ойпатлықта болғанлар ушын бир нәрсе ислеўдиң илажи жоқ па? Апам Жаманлықты алдын ала сезиўши жәрдемсиз қала бере ме? Бийшара Қабағы үйилген менен Ашыўшақ не? Ал бизлерди Бийик шыңларға баратырған жолымыздан қайтармақшы болған ҳәм бизлер менен көп жолды басып өткен аталас ағаларыма не болады? Егер Шопан Қорқақгүл болған мени барлық қорқынышларым ме-

нен гүналарымнан қутқара алған болса, Ол оларды қыйнап атырған нәрселеринен қутқара алмай ма? — деди.

Бир ўақытлары Қайғы болған Қуўаныш:

— Аўа, егер Ол Қайғыны Қуўанышқа, Азапты Тынышлыққа, ал Қорқақгүлди Мийрим-Салтанатқа айландыра алған болса, бизлер Оның Менменликти, Өкиништи, Өкпе-гийнени ҳәм Өз-өзин аяўды өзгерте алыўына қалайынша гүман туўдыра аламыз? Бирақ бул егер олар Оған өзлерин тапсырып, Оған ерсе ғана иске асады. Сениң апаң Жаманлықты алдын ала сезиўши Алғыс-Миннетдаршылық болыўы мүмкин ҳәм бийшара Қабағы үйилген менен Ашыўшақ та өзгере алады. Бизлер усындай болатуғынына ҳәм олардың өзлерин қыйнаған нәрселердиң ҳәммесинен қутқарылатуғынына гүманланбаўымыз тийис, — деди.

Сонда Мийрим-Салтанат оған:

— Бирақ, оларды Шопанға ериў кереклигине қалай иснедириўге болады. Себеби олар ҳәзир Оны жақсы көрмейди, ҳәтте, Оған жақын келиўди де қәлемейди-ғо, — деди.

Бурын Азап болған Тынышлық әсте:

— Адамлар қайғы ҳәм азапты басынан кеширсе, я хорлық көрсе, я үлкен бахытсызлыққа ушыраса, айырым ўақытлары Шопан менен танысыўды ҳәм Оннан жәрдем алыўды қәлейтуғынын байқап қалдым. Мысалы: сениң апаң Жаманлықты алдын ала сезиўши бахытсыз екенин билемиз. Ол бийшара Қоянжүректиң қылықлары себепли не қыларын билмейди. Мүмкин, ол енди Шопанға келиўге таяр шығар. Ал бийшара Қабағы үйилген ҳәм Ашыўшақ соншелли бийшара болып, бәлким ҳәзир оларды Шопанға ериўге көндириўге болатуғын шығар. Бурын олар бундай қылыўға мүтәжбиз деп ойламайтуғын еди, — деди.

Мийрим-Салтанат:

— Аўа, сизлердиң ҳақ екениңизге исенимим кәмил. Оҳ, бизлер оларға бара алсақ еди! Оларға өзлеримиз тапқан нәрсени табыўда қандай да бир жәрдем бере алғанымызда еди! — деди.

Сол ўақытта оларға жүдә жақын жерде Патшаның даўысы еситилди. Ол жақынлап келди де, олар менен бирге отырды. Кейин Ол төменде, алыста болған ойпатлыққа қарап, Мийрим-Салтанатқа мүләйимлилик пенен былай деди:

— «Бағларда жасаўшы қыз! Жолдасларың даўысыңа қулақ салады, мен де оны еситейин» (Қосықлар қосығы 8:13).

Сонда Мийрим-Салтанат Оған бурылып, қолынан усłады да:

— Ийем, бизлер Хорлық ойпатлығында жасаўшы адамлар ҳаққында сөйлескен едик. Сен билесең, олардың барлығы — мениң ағайинлерим-ғо. Олар сондай аянышлы ҳәм бахытсыз! Ийем, олар ушын бизлер не ислей аламыз? Олар Бийик шыңларда ҳүким сүрген қуўаныш ҳаққында ҳеш нәрсе билмейди. Әнекей, анаў — апам Жаманлықты алдын ала сезиўши болады. Мен көп ўақытлар даўамында оның менен бирге жасадым ҳәм оның үмитсиз жағдайда екенин билемен, — деди.

Патша оған әсте:

— Мен оны билемен. Ол жүдә бахытсыз адам, — деди.

Мийрим-Салтанат Оған жәрдем сораған түр менен қарады да, сөзин даўам етип:

— Ал оның қызы Қабағы үйилген ғарры бийдиң баласы Оңбағанға турмысқа шықты. Ол жүдә бай, бирақ ҳаялынан бирталай үлкен ҳәм улыўма алғанда, оғада жарамас ҳәм менмен адам. Мениңше, Қабағы үйилген оған

турмысқа шыққалы бери, бир сәт те тынышлық көрген жоқ. Ойпатлықта оны күйеўи таслап кетеди деген сөзлер жүр, — деди.

Патша оған және әсте:

— Ол солай иследи де. Қыз төркинине бахытсыз болып, түңилген, жүреги жаралы ҳалда қайтып барды, — деди.

Сонда Мийрим-Салтанат:

— Ал оның апасы Ашыўшақ ше? Ол тилиниң ашшылығы себепли өзине көп душпан арттырған еди. Ол Натық-Үндемеске турмысқа шыққан ҳәм олар сондай жоқшылықта жасайтуғын еди. Олар мениң аталас ағам Өкиништиң ҳәм оның ҳаялының кишкене бөлмесинде ижарада туратуғын еди. Мен усы жерде, Сүйиспеншилик Патшалығында жасаған ўақтымның ҳәммесинде олардың аянышлы жағдайын ойлап, қыйналаман, — деди.

Патша бурынғыдан да бетер реҳимлилик пенен:

— Олар растан-ақ аянышлы жағдайда, өйткени жақында кишкене қызынан айырылды. Бийшара Ашыўшақ қызын қуўанышсыз өмиринде жубаныш болады деп қатты үмит еткен еди, — деди.

Мийрим-Салтанат сөзин даўам етип:

— Және де, олардың Қоянжүрек деген әжағасы да бар, — деди.

Қорқақгүл усы сөзлерди айтқанда, даўысында қандай да бир екилениў бар еди ҳәм ол сөйлеп турып, Патшаға тик қарамады. Соң үндемей қалды да, тез-тез сөйлеп:

— Қоянжүрек олардың хожалығындағы ең жеркенишлиси. Ол өз анасының жүрегин қан қылды ҳәм қарындасларының ҳеш бири оның менен сөйлеспейди. Өзин ҳәмме жек көретуғын болғанлықтан, ол ойпатлықта жасырынып, сол жерде гезип жүреди, — деди.

Патша оған салдамлы түрде, бирақ аз-маз мыйық тартып:

— Мен оны билемен. Аўа, Мен оны жақсы билемен. Сен оны жеркенишли деп, қәте сөйлемедиң. Мен оны өзгертпекши болып, неше рет жазаға тартып көрдим. «Оны жазаға тартсам да, өлимге тапсырмадым», — деди.

Мийрим-Салтанат жалынышлы түрде бақырып:

— Яқ, яқ! Ийем, ҳеш қашан бундай қыла гөрме. Сеннен өтинемен, мени қутқарғаныңдай, оны да қутқарып, азат етиўдиң жолын ойлап таба гөр! — деди.

Патша бирден жуўап бермей, қызға дыққат пенен қарады. Оның көз қарасында терең қанаатланыўшылық ҳәм бахыт жайнап тур еди. Ақыры Ол сөзин баслап:

— Әлбетте, Мен сениң усыныс еткениңди орынлаўға разыман. Бирақ, Мийрим-Салтанат, сен айтып атырған бул бахытсыз жанлар Мени өз үйлерине киргизбейди, ҳәтте, Мениң өзлери менен сөйлесиўиме жол да бермейди. Оларға Мениң жәрдемим кереклигин айтып исендиретуғын Маған биреў керек болады, — деди.

Мийрим-Салтанат қуўанышлы түрде:

— Сениң нени нәзерде тутып турғаныңды түсинемен. Бизлер биргеликте сол жерге түсемиз ҳәм олар менен сөйлесип, Сениң бизлер ушын не ислегениңди оларға айтып беремиз. Және де, Сениң олар ушын не ислеўди қәлейтуғыныңды да айтамыз, — деди.

Патша Мийрим-Салтанатқа қарап, мүләйимлилик пенен күлди де, оннан:

— Олар сени тыңлайды деп ойлайсаң ба? — деп сорады.

Мийрим-Салтанат жуўап берип былай деди:

— Яқ, олай ойламайман. Дәслеп олар исенбеўи де мүмкин. Мен олар тыңлағысы келген адам болған жоқ едим. Мен оларды жақсы көрмейтуғын едим. Бирақ Сен маған оларға не айтыўым кереклигин үйретсең, мен

оларға айтар едим. О Ийем, тезирек сол жерге, төменге түсейик. Олар Сениң мен ушын не ислегениңди билип, Тынышлық пенен Қуўанышты көргенде, мениңше, Сениң өзлерине жәрдем бергениңди қәлеп қалады. Өйткени ҳәммеси де олардың өз-өзин алдағаны себепли-ғо. Олар өзлерин Сениң ҳеш жақсы нәрсе бере алмайтуғыныңа исендирген. Сонлықтан олар Саған қарсы шығып, жәрдемиңнен бас тартады. Бирақ бизлер оларға жалынамыз. Ийем, әсиресе ҳәзир олар соншелли бахытсыз ҳәм оларды ҳәмме жек көреди-ғо. Олардың ҳәзирги жағдайы, жалғызлығы ҳәм қайғылары Сениң мийримиң ҳаққында ҳәм оларға жәрдем бериўге деген қәлеўиң ҳаққында айтылған хабарды жақсырақ тыңлаўға мәжбүр етер.

Патша келисим берип:

— Дурыс, Мен де солай ойлайман. Ҳақыйқаттан да, ҳәзир оларға қарай түсип, жәрдем бериўге ҳәрекет ететуғын қолайлы ўақыт келди, — деди.

Сонда Патша усы сөзлерди айтып, орнынан турды. Мийрим-Салтанат та орнынан ушып турды. Олар төртеўи қуўаныштан жайнап, Бийик шыңлар шетинде және төменге, Бийик шыңларға барыўға таяр болып тур еди. Сонда Мийрим-Салтанат өзине жүдә жақын жерде жайласқан уллы сарқыраманы көрди. Ол да ойпатлыққа қарай асығар, оның бурқасынлы суўлары кеўилли қосық айтып, жартастан төменге қарай шаўқымлы түрде ағып тур еди. Олар былай деп қосық айтты:

*Бийиклерден секиремиз биз,*
*Шаўқымласып, төменге, ойпатлыққа асығамыз.*
*Бәрқулла төменге жуўырып,*
*Төменде болыўды қәлеймиз биз.*

Бирден Мийрим-Салтанат бир нәрсени түсинди. Оған мынадай таң қаларлық ҳәм уллы ҳақыйқатлық

ашылды: бул суўлар оның өзи сыяқлы қуўанышлы түрде өз өмирлерин бағышлаў ушын ҳәм төмендеги таслап кетилген қайғылы орынларға барып, сол жердегилер менен өзлери алған өмирди бөлисиў ушын, Патша тәрепинен Сүйиспеншилик Патшалығына ҳәм Бийик шыңларға әкелинген еди. Мийрим-Салтанат өзлерин қуўанышлы ҳәм шадлы түрде бағышлаўшы көплердиң ишинде теңиздеги бир тамшы суўдай ғана еди. Олар Сүйиспеншилик Патшасының избасарлары болып, Оның менен ҳәм бир-бири менен өз ара бирликте жасаўшылар еди. Және де, олардың ҳәр бири Мийрим-Салтанат сыяқлы жарылқанған ҳәм сүйикли еди.

Мийрим-Салтанат өз-өзине: «Себеби Ол бизлердиң ҳәр биримизди сүйеди. Ҳәр бир адамға Ол тек өзин сүйетуғындай болып көринеди», — деди.

Усы уллы суўлар менен өзиниң бир тутас бирликке биригетуғынын ойлап, Мийрим-Салтанаттың жүреги сөз бенен айтып жеткизиў қыйын болған шадлыққа ҳәм күшли қуўанышқа бөленди. Ақыры ол да өзин қурбан етиўши сүйиспеншилик пенен, оларға қосылып, төменге баратуғын болды. Ол өз-өзине: «Ол мени Бийик шыңларға усы ушын алып келген», — деп сыбырлады да, Оған қарап, басын ийзеп қойды.

Сонда Патша төменге секирип жиберип, таўдың жанбаўыры бойлап жөнелди. Ол олардың тәжирийбесиз аяқлары ушын исенимли орынларды таңлап, олардың изине жетип жүре алыўы ушын, жартастан-жартасқа жағдайлы қылып секире баслады. Оның изинен Мийрим-Салтанат жүрип баратырған болып, оның қасында Қуўаныш ҳәм Тынышлық бар еди. Ал олардың қасында суўлар ағып, қосық айтар еди. Бизиң қаҳарманларымыз суўлардың қуўанышлы шаўқымына қосылып, өзлериниң айрықша қосығын айтты:

*Сүйиклим, жоқарыға күшли кийик болып асық,*
*Болып жеңил самал яңлы.*
*Жанбаўырларда мен де кийиктей болып,*
*Секирип, ырғып, Сеннен қалмаўым керек,*
*Сенсиз жасаўым қыйын, бараман изиңе ерип.*

Егер сизлер хабарыңыз болса, бул — Қосықлар қосығындағы соңғы аят еди. Оны Сулайман жазған еди. Бирақ бул Мийрим-Салтанат ушын пүткиллей жаңа қосықтың басланыўы еди.

# МАЗМУНЫ

Аллегорияға сөз басы ........ 3

**БИРИНШИ БӨЛИМ**
**«Кеште көз жаслар төгип...»** ........ 7

Биринши бап. Бийик шыңларға мирәт ........ 8
Екинши бап. Қорқынышовлардың бастырып келиўи ........ 25
Үшинши бап. Түнде қашып кетиў ........ 36
Төртинши бап. Жол басында ........ 42
Бесинши бап. Менменлик пенен ушырасыў ........ 57
Алтыншы бап. Шөлистанлық арқалы айланып өтиў ........ 66
Жетинши бап. Жалғызлық жағалаўларында ........ 78
Сегизинши бап. Ески толқын кесиўшиде ........ 91
Тоғызыншы бап. «Дәрт» атлы уллы жартас ........ 100
Оныншы бап. «Дәрт» жартасына шығыў ........ 115
Он биринши бап. Қәўип ҳәм Ҳәсирет тоғайларында ........ 125
Он екинши бап. Қараңғылықта ........ 137
Он үшинши бап. Жоғалтыўлар ойпатлығында ........ 150
Он төртинши бап. Майланыў орны ........ 160
Он бесинши бап. Ағыслар ........ 174
Он алтыншы бап. Таўлардағы қәбир ........ 185

**ЕКИНШИ БӨЛИМ**
**«...Азанда қуўаныш келеди»** ........ 193

Он жетинши бап. Шыпа бериўши булақлар ........ 194
Он сегизинши бап. Кийик аяқлар ........ 199
Он тоғызыншы бап. Бийик шыңлар ........ 210
Жигирмаланшы бап. Ойпатлыққа қайтыў ........ 221